**Шун олаллехь болчаьрга йолчу тергоно шун хиндерг муха билгалдоккху**

НИСДИНА А, ТІЕТОЬХНА А

# ВЕЗА ВОККХАЧУН КУЬЙГА КІЕЛАХЬ

**ДЖОН БИВЕР**

*«Криптонит хІаллакьян»* бестселлеран автор

Хьоме доттагI,

Адамаш массанхьа а бала хьоьгуш ду, шаьш олаллин хьокъехь йолчу, Делан планах а, Iалашонах а ца кхетарна. Вай ца кхетадо, Дала, вайца долу гIолехь дерг гучудаккхархьама а, вайн амал кхиорхьама а, кхоллархьама а, тIаккха вай доьналла долуш а, Цунна гIуллакх дан хьуьнар долуш а хилла дIахIиттархьама, дикачарех санна, иштта вончарех а болчу баьччанех пайда оьцу. Ваьшна Дала олаллехь болчаьрца дIахIиттийначу юкъаметтигех лаьцна хиъча, вай, машар а, лардар а, тоам латтор а долчу хьолехь нисло, вешан баьччанаша хIун до а, я хIун ца до а доьзна а доцуш.

Шун Делаца дахар шух доьзна ду. Шайна тIехь олалла деш болчарна муьтIахьхила сацам тIеэцарца, аша, Дала шайна билгалдаьккхина дIалелар кхетор а ду, кхочуш а дийр ду.

ХIара книга – совгIат ду шуна. ХIара дахьийтар, изза къобалдар хьашт долчу, кхечу тешачаьрца майрра декъа. Иштта, дахар хуьйцуш болу, дуккха шайн маттахь болу гIирсаш чу баккхархьама а, таллархьама а, **MessengerX.com** кхача.

Со доIанаш деш ву, вай цхьаьна вешан исбаьхьа Веза Эла гIараваккха тIедиллар кхочушдеш болчарна юкъахь хилархьама.

Дала леррина Къобалвинчуьнца волу, шун ваша,





MessengerX

Джон
JohnBevere@ymail.com

Messenger INTERNATIONAL

# ВЕЗА ВОККХАЧУН КУЬЙГА КІЕЛАХЬ

Шун олаллехь болчаьрга йолчу тергоно шун хиндерг муха билгалдоккху

ДЖОН БИВЕР

**Under Cover** by John Bevere, Chechen
© 2023 Messenger International
MessengerInternational.org
Originally published in English as Under Cover

Additional resources in Chechen by John and Lisa Bevere are available for free download and video streaming at **MessengerX.com** and on the **MessengerX** App
To contact the Author: JohnBevere@ymail.com

This book is a gift from Messenger International and is NOT FOR SALE

**«Веза Воккхачун куьйга кIелахь»,** Джон Бивер, нохчийн маттахь
© 2023 Messenger International
MessengerInternational.org
Юьхьенца арахецна ингалсан маттахь, «Under Cover» цIеран кIел

Джон а, Лиза а БивергIаьргара кхин тIе йолу тIаьхьалонаш нохчийн маттахь маьхза чуяккхарна а, къамел дарна а тIекхочийла ду **MessengerX.com**-ехь а, **MessengerX** юххедилларехь а
авторан контактни электронни адрес: JohnBevere@ymail.com

ХIара книга – «Мессенджер Интернэшнл»-ра совгIат ду тIаккха ЙОХКА МАГОШ ДАЦ

Чуяккха кхузахь App Store

Схьаэца кхузахь Google Play

App Store Apple Inc-ан товарни билгало ю, США-хь а, кхечу пачхьалкхашкахь а регистраци йина ю.
Google Play а, логотип Google Play а Google LLC-ан товарни билгалонаш ю.

Ас хIара книга сайн дуьххьарчу кIантана Эдиссонна Дэвидна лору.

*«Хьекъалечу кIанта шен дог даккхийдедо».*

– Кицанаш 10:1

Хьан цIеран маьIна «Везавелларг а, шех теша хьакъ дерг а» бохург ду.

Хьан дахар хьан цIарца а, кху книгин тIехь яздинчунца а догIуш ду. Дала деллачу уггар дезачу декъалаллийн а, ваIданийн а тIаьхьало тIеэца, Цуьнан юьхьан серлонан Iиндагlехь лелийла хьо. Деха а, беркате а дахар хуьлийла хьан.

Суна а, хьан нанна а хьо дукха а веза, хьо санна волу кIант тхан хиларца тхо декъалдина а ду.

# ЧУЛАЦАМ


ДАКЪА 1. КУЬЙГА КІЕЛ ЛАРВАРЕХЬ

1. Куьйга кІел ларварехь . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1
2. Хала ду дуьхьалваьлла лела . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 11

ДАКЪА 2. ДЕЛАН КУЬЙГА КІЕЛ

3. Къинан билгалдаккхар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 31
4. Зуламаш лелочийн къайлаха долу олалла . . . . . . . . . . . . . 45
5. МуьтІахь цахиларан тІаьхьалонаш (Дакъа 1) . . . . . . . . . . . 65
6. МуьтІахь цахиларан тІаьхьалонаш (Дакъа 2) . . . . . . . . . . . 79
7. Бозбунчалла хилларш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 99

ДАКЪА 3. ДАЛА ДІАХІИТТИЙНА ОЛАЛЛАШ

8. Рулехь мила ву хаьий те Далла . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 119
9. Паччахь лара . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 137
10. Шалха сий . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 155
11. Аьлларг дар а, муьтІахьхилар а . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 179

12. Ткъа хIун ду, нагахь баьччано соьга бохуш хилча . . . . . 195

13. Бакъахьара йоцу терго . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 219

14. Кхелъяр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 243

15. Цхьаалла . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 265

16. Тайп-тайпаначух лаьцна . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 283

17. Сийлахь тешар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 305

18. Дерзоран корта . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 325

*Даре дарна хаттарш* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 329

ДАКЪА 1

# КУЬЙГА КІЕЛ ЛАРВАРЕХЬ

КОРТА 1

# КУЬЙГА КIЕЛ ЛАРВАРЕХЬ

*Дукхахьолахь, дагна там бархьама аьллачу дашо а доцуш, чIагIонца аьллачу дашо йохьу паргIато а, лардар а.*

Лардаран куьйга кIел хилар боху дешнаш дахаран дуккха а йолчу агIонашна догIуш хуьлу. Берийн дешнашца аьлча, иза дуста мегар ду, бер шена кхераме хилар хааделча, юргIанна кIел я шен дена-нанна тIехьа дIалачкъарца. Граждански агIо схьалаьцча, иза хила тарло цхьа йоккха гIала, полицис я эскаро ларъеш йолу. Иштта иза дуста мегар ду хьуьнахь коьллаш юкъахь, хьеха чохь я лаьттан бухахь дIалачкъарца кхерамах кIелхьардала гIертачу дийнатца. Я дага тосийла ду, даьллачу доккхачу дарцах шайн цIийнан тхов кIелахь дIалечкъинчу доьзалца.

Сан бераллера суна дагахь лаьтта, тхо даьхначу меттигехь кест-кеста дарц далар. Коре а ховший, геннахь даьллачу ткъесана тIаьхьа еза, Iаьржа мархаш тIегIертаран тидам бора оха. Оццу миноташкахь бакъдолу дарц долура. Ткъесан гIовгIа а йолий, стелахаьштиган серло етталучу хенахь, ээзарнийн кегий нуьйжанаш етталуш санна, тхан тхов тIе кхевссина догIа

догIура. Иштта долу дарц довзарехула тхуна кхетам беара, хаадалар хилира, ден цIа – иза тоьлла йолу къайлаваларан меттиг хиларх. Корал арахула мел долу хIума тIуьна а, шийла а, ницкъ боцуш а дара оцу тухучу ткъесаца дуьстича. Ткъа цIа чохь дерриг декъа а дара, йовха а яра, цундела тхо оцу даьллачу дарцан кхерамна генахь ду аьлла хеталора тхуна. Тхо лардаран куьйга кIел дара.

Оцу агIонах лаьцна кхидIа а ойла ян воьлча, «*лардаран куьйга кIел*», «*тхов кIелахь хьулдар*» «*къайладовлар*» бохучу дешнийн керла маьIнаш гучудаха йиш ю вайн. Цхьа адам гучу ца даккхархьама лелош долчух лаьцна ала там бу оцу дешнашца. Иштта дIахьулвина волчу агентан йиш ю паргIат шен мостагIашна юкъахь шен гIуллакх деш лела, цхьанна а гучу а ца волуш. Iедало цунна шен йоцу кхин цIе туьллу, я цхьа юкъахь йоккхуш яьржина йолу цIе туьллу, тIаккха цунах мостагIчун меттаматтахь лелаш волу резидент хуьлу. Бен дац, муьлхачу агIор схьаоьцу вай и дешнаш бохург, билггал аьлча, мухха а иза делахь а, церан маьIна чу догIу къайлаваккхар, паргIато бохург.

Ткъа муьлхачу агIор догIу и дешнаш Дала леррина Къобалвинчунна тIаьхьахIиттинчийн тобанехь болчарна? Дауда яздо: «Веза Воккхачун тхов кIелахь вехаш верг Нуьцкъалчун IиндагIехь Iаш ву. Цо олу Везачу Эле: «Хьо сан гIап а, ха а ду, сан дегайовхо Хьайца йолу Дела а ву!» (Заб. 90:1,2). Шен куьйга кIел долу адамаш, Ша лардийр ду аьлла Дала. Амма оцу аятан хьалхарчу «Вехаш верг…..» бохучу дашна тIера дуьйна дIа, вайна хьалха хIутту: мила ву Цуьнан куьйга кIел вехарг? - боху хаттар. Шун карахь йолчу оцу книгано лоьху цу хаттарна догIу жоп. Кхечу дешнашца аьлча, Делан ларварехь верг, Делан олаллин а, Цуьнан авторитетан а долахь вехарг ву.

Эдом-бешахь Адам, Хьава Дала шайна еллачу паргIатонах а, шаьш лардеш хиларх а зовкххьегар а долуш дехара, амма Дала аьллачунна тIера довларехула, шайна тIехь долчу Делан

лардаран куьйга кlел хиларх делира и шиъ. Тlаккха кхечу цхьана хlуманехула леха буьйлира уьш шаьш лардаран агlо (Дол. 3:7). Дала тlедиллинчух юхадовлар хилар бахьанехь, адамийн цкъа мацаха хилла йолу паргlато, иза лардар дlаделира.

Хlинца тидаме хиларца хьовсий вай оцу дерригене. *Олалла* боху дош – башха юкъахь дукха лелачех дац. Амма иза дlататтарехула, я цунах кхерар бахьанехь, оцу олалла даро вайн хуьлуьйтучу лардарх а, вайна гlолехь долчух а довлу вай. Вай иза дlатотту, вай оцу агlоне Делан хьажарца ца хьовсу дела. Вайна тlехь олалла хиларца вайн дукххахьолахь хlуттучу юкъаметтиго сан кхозлагlачу кlентан дахарехь хlоьттина цхьа меттиг дагайоуьйту суна.

Александр хьалхарчу классе ваханчу хенахь, цуьнан дагна дукха тамехь йоцу юкъаметтиг кхоллаеллера шен хьехархочуьнца. Иза шен классерачу берашца къовсаме йолура кест-кеста, оьгlазъоьхура, чуьра йолура, кест-кеста мохь хьоккхура берашна тlе. Хьуьнаре а, кхоллараллин агlонаш йолу а бер хиларе терра, цхьа дош юкъа ца далош lа ца луш хиларна, кест-кеста и хьехархо оьгlазъйоьдучу эпицентре нислора иза. Александран школехь лела везаре хьажар, оцу хьехархочунна луучу хьажарца цхьаьна ца догlура, цундела гуттара а цуьнан собар зер нислора сан кlантехула.

Урокаш чекхъевлча со, сан зуда кест-кеста цуьнан кабинетехь нислора консультаци ярхьама. Оха хlоьттинчу хьолах лаьцна къамел дора хьехархочуьнца, оццу хенахь Алекана а хьоьхура оха хlоттийначу низамана муьтlахь хила везарх лаьцна а, хьехархочо бохучуьнга ладогlа дезарх лаьцна а, амма оцу тlех шога долчу низамо дешаре болу безам лагlбар бен, хlумма а ца дохьура.

Цул тlаьхьа тхо кхечу штате кхелхира, ткъа Алек шолгlачу классе ваьллера. Керла хьехархо кхоччуш кхинтайпа яра, хьалхалерачу хьехарахо чул къаьсташ. Иза тlех кlеда-мерза

яра берашца, царна луъург дан а гIерташ. Цунна Алек дукха безаме бер ду аьлла хетара, ткъа цуьнан, ша тIех тIекере йолу бер долу дела, кхоччуш безам баханера оцу хьехархочуьнга, оццу хенахь кхидолу шадерг дицделла, шен дика дешар лагIдира цо. Хеталора, тхан кIантана юкъараллин образованехь болу берриг кхачамбацарш шена тIехь зийна ваьлла, цундела иза привилегированни йолчу школе ваьккхира оха, цигахь къаьсттина тидам тIебохуьйтура академически образованина.

Эццахь кхоччуш цецвалар, вохар деанера цунна. Дешаран хьалхарчу шина шарахь баккхийн кхиамаш баьхначу берашна юкъа нисвеллера иза. ХIинца Алекан дола дийриг дика а, къинхетаме а йолу хьехархо яра, амма оццу хенахь иза къовламе а яра. Кестта хааделира Алек дешаран программехь шен нийсархойл тIаьхьависина хилар. ТIаккха юха а кест-кеста хьехархочуьнца цхьаьнакхетар хуьлура тхан, амма оцу цхьаьнакхетарша шен стом лора. Аса, Лизас хIинца совдаьккхира Алекан дешарца йоьзна йолу хан яйар.

Дийнахь сарралц школехь хан а йоккхуш, ткъа суьйренашкахь дас-нанас дешарна тIехь контроль яр, хьанна а кIордор долу хIума ду. Алек схьаийна ца хуьлура, воьлхура, наггахь-м ша цхьана Iинан бухахь ву аьлла хеталора цунна, билггал аьлча дешарна тIехь цуьнан дика кхиамаш хилар гушшехь.

Цкъа эмоциональни вохар хилира цуьнан. Цуьнан вежарий школехь хила дезачу цхьанакхетаре баха кечлуш бара, шайн роликаш тIехь йолу салазаш а юьйхина. Ткъа Алек цIахь виса везаш вара, цо школехь урокехь бан беза болх чекхбаккха иза ца ларийна дела. ХIинца оццул цунна лараме хеташ йолчу метте ваха йиш яцара цуьнан! Охьа а хиъна велхар бен, кхин хIума ца дисинера цуьнан. Дас шен кIантаца къамел дан деза хан тIееара. Масех дош алар тоьаш дара суна, цуьнан проблемех со кхетархьама. Алекана дерриг доьхна дIадаьлла хIинца аьлла хетара, дог дохаран бIаьрхиш Iовращца

охьаоьхура цуьнан бІаьргаш чуьра, цунна ладогІа а ца лаьара шен дас бохучуьнга. Берриш а дІасевцира, цхьаннан а ала дош ца дисинера кхин, ткъа иза, шен велхар а ца сацош, хиъна Іара.

Суна цкъа а дицлур дац, цул тІаьхьа хилларг. Алек, нисваларца дІа а хІоьттина, шен ма-хуьллу, боллу ницкъ а гулбина, бІаьрхиш дІа а даьхна, шен шоколадни-боьмаша басарчу, ша бохучух тешна хиларан чІагІо гойтучу бІаьргашца соьга хьаьжира: цуьнан ерриг проблемаш дІа а йохуш, гуттаренна а цуьнан бІаьрхиш дІадохун болчу сацаман ойла теснера цуьнан даг чу. Суна хьалха нисваларца дІа а хІоьттина, шен куьйгаш даг тІе а диллина, кхоччуш болчу хадамца цо элира: «Дада, суна цхьа хІума ала лаьа хьоьга. Джессика дагайогІий хьуна сан классера … иза лоьрех ца теша!» Жимма ойла карчар деана, цо тІетуьйхира: «Гой хьуна, дада, со а ца теша хьехархойх».

Велавала дог деара суна, амма шен хеннахь сецира со. Цуьнан дешнаш цхьа сюрприз санна дара суна. Ткъа цо кхидІа а элира: «Нагахь Джессика лоьрех ца тешаш хилча, со а тешар вац хьехархойх». Амма хІинца со саца ца велира. Нагахь цо иза цхьа кхечу тайпана аьллехьара, суна беламе а хир дацара иза, амма дахарах кІадвелла, догдаьлла волчу стеган озаца элира цо и дешнаш. Цунна билггал моьттура, шен ерриг проблемаш дІаяхар хир долу, цхьа керла хІума дІадиллина ша. Цуьнан къовламе хиларо кхел ечохь хуьлу теш дагавоуьйтура суна.

Бакъ ду, цо буьйцу и хьехархой бацахьара, мичахь хир вара иза хІинца бохучух кхето гІиртира со. Стохка Анголехь аса меца долу бераш юучух дузош сайна хеттарг дийцира аса цунна. Оцу бераша дуьнен чуьра дерриг дІалур дара, Александр меттахь шаьш хилийта! Цара хІуъа а дийр дара образовани шайн хуьлу агІо схьалацархьама, тІаккха шайн доьзалш кхаба таро шайн хирг хиларх кхетарца. Аса шега дехха кхетош аьллачуьнга ладоьгІна чул тІаьхьа, башха лаам боццушехь, шен керлачу философих юха а ваьлла, шен урокаш ярна тІевирзира иза.

Цул тІаьхьа масех кІиранах, тхайн хиллачу къамелах лаьцна ойла а еш, аса дустар дира сан кІантана дагатеснарг, адамийн шайн урхаллехь болчаьрца хуьлучу юкъаметтигца. Вайх хІораннан а нисло вешан куьйгалхошца вайн вас хуьлу меттигаш. Цхьаболчийн куьйгалхо тІех шога хилла хилар тарло; Александр санна болчу, кхечу адамийн а догдохар деана хила тарло, тІаккха сацам бар а догІуш, шайн дагна тамехь дерг я шайна гІолехь дара аьлла хетарг дарна тІехь куьйгалхоша новкъарло йо аьлла, билггал аьлча церан куьйгаллехь берш дика лидерш а, хьехамчаш а боллушехь. Иштта хІоьттинчу хьолехь кхоччуш билггал йолу юкъаметтиг кхоллало: «*Со ца теша куьйгалхойх*» я «*со реза хиллалц тІеоьцур дац аса сайна тІехь цхьана а тайпана олалла дар*», боху.

Ткъа Дела муха хьожу те оцу дерригене? Хила дезий те вай муьтІахь куьйгаллехь болчарна, цара нийсо лелош ца хилча а? И куьйгалхой коррупцих буьзна хилча, хІун дан деза те? Вайна нийса дац аьлла хетарг вайга дойтуш хилча, хІун дан деза вай? Къилахь дерг вайга де бохуш хилча, хІун дан деза? Мичахь ду те оцу дерригенан доза? Ткъа муьтІахь хила хІунда деза те вай? Пайда болий те цунах? Хила дезий те вай деккъа Дезачу Сино лелош?

Делан Дашо жоп ло оцу дерриг хаттаршна. Со тешна ву, Везачу Эло сайга язъе аьлла тІедиллинчарна юкъахь, хІара книга лараме йолчех хиларх, Делах тешар долчийн тобанехь болчарна хьалха хІуьттучу проблемийн коьртачу бахьаненна иза лерина йолу дела. Люцифер вожаран бахьана хІун дара? Бунт кхоллаялар. ХІунда хилира Адаман вожар? Бунт бахьанехь. Дуккха а долу адамаш стено доху Делан нийсачу некъара? Бунто. Ткъа уггар доьхнарг ду оцу юкъахь – дукхахьолахь и бунт хилар гучу ца далар, кІеззиг хаадалар бен.

ХІокху книгин тІехь аса сайх девллачу гІалатийн масаллаш даладо. Со – баьчча хила хьаьгна волу стаг вац, сан даг чохь цхьа лаам бен бац: шен тобанна чубогІурш, гІоьнчаш

я доьзал шена муьтIахь бар. Сан дукха дика гIоьнчаш бу, доьзал бу. Со динан тобанан Iуналхо вац. Цу тайпана, шех дуккха а гIалаташ девллачу стага санна яздо аса, я билггал аьлча, къинош летийна волчо санна. 80-чу шерашкахь динан тобанийн дуьненан юкъарчу гуламашкахь дакъалецира аса, цундела оццу шерашкахь сайн дахарехь хиллачу дукхахьолахь сингаттамечу масаллех лаьцна дуьйцур ду аса шуна. Оцу хIора меттигашкахь со бIе процентана тешна вара со бакъ хиларх, амма билггал долчуьнга хьаьжча, со гIалатаваьлла хиллера. Со чIогIа баркалле ву вайн Везачу Элана, Цуьнан Дашо сан Iалашонехь хилларг ма-дарра суна гучудаккхарна.

Сан даггара лаам бу, соьца хиллачу берриг цатамех Iамар а хилла, кхидIа ишттачу гIалатех шу лардар. Аса доьху Деле, сан яьллачу сонталлех аша пайда а, Делан хьекъалалла а схьаэцна, иза шуна диканна дерзадар. ХIунда аьлча цул тIаьхьа, суна дIаделладелла долу билггал бакъдерг а, зедалар а эххар а суна пайденна а дирзира, иза чIогIа дика а дара. Со дохковаларехула кхерамехь со ца хилар, сан хьашташ кхочушхилар а деара суна.

Со тешна ву, изза шун дахарехь а хила йиш хиларх, аша хIара книга ешаре терра. Делан Йозанаш тIерачу масаллех а, сан дахарехь хиллачух, шун чекхдовлар хилча, шун даг чу серло тосур ю. Царах цхьацца долчара, шуна хIинццалц девзина хиллачунна тIехь чIагIдийр ду шу, кхечу хIуманаша – паргIатдовлар дохьур ду шуна. Иза мухха а делахь а, ас доIа до муьтIахь хиларца Цуьнан Дош аша тIеэцарна тIера, иза сан даггара болу лаам бу.

Билггал бакъдолчун Iорадаккхарна тIеIоттадаларца, вайн шина некъах цхьаъ хоржийла ду: къизалла кхоллаялийтар, дуьхьалвалар а догIуш, Адаман кIанта Къаима ма-дарра, вайна оццул оьшуш долу дIаделладалар дIа а таттар (Дол. 4); я муьтIахь а хилла, Дауд санна дохковалар, ЯхIуната ша

Iораваьккхича, цу тайпана лазаме а, дохковаларе а Везачу Элах тешар долчийн хуьлучу амалехь ша лакхаваккхийтар (Дауд 12). Даудах масалла эца гIортийша, шун хийцадалар а, шу лардар а дохьучу Делан шух лаьцна йолчу Iалашонна шу гена даха гIерта куралла дIа а тоттуш.

Шаьш цу некъа довлучу хенахь, шун дагна там беш олучу дашо а доцуш, наггахь чIагIонца аьллачу шогачу дашо эххар а йоккха паргIато а, кIелхьардахар а лург хилар шуна, дагахь латтаделаш. Сан бераллехь, цкъа суна прививка ян езачу хенахь, сан накъостех цхьаммо, иза чIогIа лазаме хIума ду хьуна, элира соьга. Цул тIаьхьа, сайн ма-хуьллу, сайна и маха ца тохийта гIоьртира со. Йоккха йолчу шина медсестрана со саца ца велира, тIаккха со Iадвитира цара. Цул тIаьхьа сан дас-нанас со кхетийра, нагахь туберкулёзана дуьхьал еш йолу и прививка аса ца яйтахь, соьца хIун хила тарло бохучух. Суна хаьара рак цамгарх сан йиша елла хилар, цундела суна хаьара, царна суна диканна дерг бен хила ца лаьийла. Со кхийтира, и маха тоьхча со жимма лазор ву, амма со цул а чIогIачу, кхерамечу а, валар тIедаийта а там болчу, цамгаран лазамах ларвийр ву со бохучух. И кхетарца тIе а эцна, со сайн лаамца медпункте юхавирзира, цара суна маха а туьйхира.

Дагадайталаш и масалла, Делан Дашан билггал бакъдолчо еш йолчу «прививкано» шун дагна тамехь доцу хIуъа а тIедаийтахь, я лазам кхоллахь. Наггахь, бохаме я лазам бохьун долу хIума ду аьлла шуна хетарг, билггал аьлча, Дала шу лардар, декъалдар я цхьаъ кIелхьарваккха деш хуьлу. Цкъа а диц ма делаш, Цуьнан вайга болу безам цIена а, кхачаме а, йист йоцуш а хилар!

Гездар дан дахарал хьалха, доIа дер вай:

*«Стиглашкара Дада, билггал бакъдерг довзаре болу хьагам, сайна бIегIийла дерг лахарал, сан дагна хуьлу там берг лахарал, чIогIа бу сан, цундела сайн дог а, сайн са а*

*Хьан кара дІало аса, Хьан некъаш кхачаме хилар а хууш. Гуттаренна а хин долу дахар сан хилийтархьама, Хьайна уггар а коьрта хеташ волу, жІара тІе тохарца Іожалла тІеэцна волу Хьайн КІант Іийса сан дуьхьа валийттал, оццул чІогІа веза Хьуна со. Хьан соьга болу безам оццул чІогІа хилча, шеко а яц, Айхьа сан дахарехь бан болийна болх чекхбаккха Хьан лаам хиларан. Ас доьху Хьоьга, ас хІара книга йоьшучу хенахь, Хьайн Дезачу Синехула дийцахь соьга, сан дахарна Ахьа хІоттийна Іалашо а гойтуш. Сан бІаьргаш а, лергаш а дІаделлахьа, Хьан Дош суна гархьама а, хазархьама а. Хьалхачул а сов гучуваккхахьа суна хьалха Іийса ма-варра. Аса хьалххехь баркалла боху Хьуна, хІокху книгин тІехь долчу Хьан Дашехула Ахьа суна чохь бийр болчу балхана. Іийсан цІарах доьху аса иза. Амин».*

Корта 2

# Хала ду дуьхьалваьлла лела

*Делан Олаллийн принципех лаьцна кхета хала ду, нагахь демократически категорица ойла еш хилча.*

ХIинца суна хьалха цхьа чолхе Iалашо хIуттуш ю, схьахетарехь, Делан диканехула бен кхочушъялур йоцу. Сайгахьара йолчу агIор олаллехь берш лара безар хьеха гIоьртар ву со, хIунда аьлча де дийне мел долу дуьнен чохь Iедална муьтIахь ца хилар совдуьйлуш льатта. Сан книгин тIехь ас дуьйцун долчух дуккха а дерг, кху дуьненна хетачуьнца цхьаьна догIур дац. Мел дукха агIонаш юкъаяьхна бух болчу Делан Йозанийн билггал бакъдолчух догдаккха дагахь! Ткъа иза билггал догIуш ду, вайн синойн мостагI долчу иблисан тактикица, эххар а вай лолле дохуьйтун дерг, чIогIа тамехь а пайденна а ду вайна бохург дагатасар хазахеташ долчу, ткъа мелхо а вайна паргIато луш долу дерриг хIума а, цо лолла дохуьйтург санна гойту.

Эдам-беш дагаяийтийша – иблисан хIилла дуьхьало а йоцуш, кхочушхилира, хIетахь дуьйна иза хIумма а хийца а ца делла. Цундела олу вайга юх-юха а: «Шаьш Iеха ма дайта, хьомсара сан

вежарий» (Якъ. 1:16) «хIокху дуьненан ойланашца ма лелалаш, амма шайн хьекъал метта а даладайтина, Деле карладаккхийта. ТIаккха бевзар бу шуна шайх лаьцна болу Делан лаам. Шуна хуур ду Далла хьалха диканиг а, Далла тамехь дерг а хIун ду а, Делан кхачаме болу лаам муха бу а» (Рим. 12:2).

Сайна зеделлачуьнга хьаьжжина, аса эр ду, Малхбузехьара мехкашкахь деха адамаш (уьш демократически низам долчу Америкера а, Малхбузехьара Европера а бахархой бу) – уьш Делан Дашан билггал бакъдолчунна кхечарал а чIогIа дуьхьалдевлла адамаш ду. Нагахь демократийн категорийшца ойла йича, Делан Олаллехь йолчу принципех кхета хала хуьлу. Демократи хиларехь хIумма а вониг дац, иза-м дика а дара, Іедал цуьнан принципаш ларъеш дехаш хилар, амма иза хIокху дуьненна кхоьллина ю, ткъа Делан Олалла (иза вайна дагахь а латта деза), шен коьртехь Паччахь волу пачхьалкх ю, шена чохь иерархи, регламент, олалла бохург а долуш. Цуьнан Пачхьалкхан законаш хийца йиш йолуш дац, уьш цхьана а юкъараллин цхьаьнакехтарна хетачуьнца, кхаж тасарца я социалогически хаттарш дарца доьзна дац. Оцу яздинчу законашна юкъа кхин хIумма а юкъадало йиш яц, вайна пайденна хир дара иза аьлла хетачу Іалашонца, Хьава и дан магIортар. Цундела Шамъала «нахе йийцира паччахьан бакъонаш. Цу бакъонах лаьцна тептар а яздина» (Шам. 10:25), иштта вай а Іама деза тахана йолчу пачхьалкхан принципаш йовза, вайн юкъараллехь болчара вайна уьш ца хьоьху дела.

Нагахь, вайн Делах тешар доллушехь, вайн культурехь ма-доггIу, олалла дечарца ваьшна ма-хетта даха вай гIортахь, вайн я эвсара хилар хир дац, я боккхачу кхерамехь хир ду вай. Вайн билггал бакъдолчу дахаран Хьостанах вай довлахь, вайн декъалаллийн агIонах а, вай лардар хиларх а девр ду вай. Иза дуста мегар ду шен дахар бейсболах ловзарна тIе хьажийна, ткъа Дала иза футболах ловзучу чемпионатана кечвина

хиллачу стагаца, я розетки чу йиллина йоцу электроприбор лело гIертачу стагаца.

Вайн заманахь, нагахь вешан олаллехь волчунна вай реза ца хилахь, вайн йиш ю цунна арз дан я дуьхьалдовла. Эххар, ойла йича, Iедалехь берш «халкъана юкъара, халкъана муьтIахь, халкъан дуьхьа а» хила ма беза, бакъ дуй иза? Иза а, кхинйолу а демократица йоьзна йолу ойланийн принципаш юкъаевлла хIинца Iийсана тIаьхьахIиттинчарна юкъа а, дуккха а берш урхалла шаьш дан деза бохучу харц некъа а бовлуьйтуш. КхиндIа мел даха, вайн олаллехь болчарна вай дуьхьалдовлар совдолу, вешан урхаллехь болчарна вай реза ца хиларал. И бахьанехь олаллехь болчаьрга ларам хилар данне а доцу а, иза кхоччуш юхатоттуш болу а нах гучубуьйлу. Оцу хьоло гойту церан Делах кхерар данне а ца хилар.

Амма оцу вай йиийцинчу цхьана а агIоно, вай лоьхуш йолу деган паргIато йохьур яц вайна. Дезачу Йозанаша иштта боху дела:

> Цуьнга ла а дугIуш, Цунна гIуллакх а деш уьш лелахь, цара шайн дахаран шераш самукъане дохур ду. Нагахь цара ла ца догIахь, уьш Iожаллин хих чекхбевр а бу, кхетам боцурш санна лийр а бу (Аюб 36:11, 12).

«Цунна» – бохург, Далла бохург ду, кхинволчунна а доцуш. Шайн тидам хIокху ваIданна тIебахийталаш: Цунна муьтIахь хиларна дуьхьал оьшург кхочушдар, ларвар хир ду. Иштта тидаме эцалаш, шайна тIехIиттийначу олахошна муьтIахь боцучарна кхерам тIебогIург хилар. Урхаллехь болчарна дуьхьал бовларехула паргIато вай лехар, оцу паргIатонах довлар дохьу, муьтIахь ца хиларца доьзна долу. Сан зудчун иштта кица ду: «ПаргIато – муьтIахь хиларца доьзна ду, ткъа лоллахь хилар – дуьхьалваларца». Оцу дешнаша, вай хIинцца дешначу Аюбан Тептар тIехь мел дерг гойту.

Цхьаболчара ала тарло: «Со адамана а доцуш, цхьана

Далла муьтІахь ву, цу тІе со цу стага бохучунна реза а вац». Оццу меттехь диканиг дохьур дац нийса лела ца Іаморо а, динан тобанашкахь хІоьттинчу хьоло а. Вайн дІакъасто йиш яц Дала дІахІоттийначунна вай муьтІахь хилар, Цо де аьлла дІахІоттийначух. Муьлхха а олалла дар Делера схьа ду! Хьовсал хІун Іама до вайна Дезачу Йозанаша:

> ХІора адам пачхьалкхана урхалла дечарна муьтІахь хила деза. Урхалла дан бакъо, Дала елча бен, ма ца хуьлу, ткъа болуш болу урхалчаш Дала дІахІиттийна бу. Цундела Іедална дуьхьалваьлларг Дала динчунна дуьхьалваьлларг хуьлу. Ткъа иштта дерг долуьйтучара шайна тІе кхел йоуьйту (Рим. 13:1, 2).

Оцу декъо шена тІе къаьсттина болу тидам тІебохуьйту, цуьнан чулацамехь шех лаьцна дуккха а ду, ойла яр доуьйтуш долу. ТІаьхьо шуьйро дуьйцур ду вай цунах лаьцна, ткъа хІинца хІокху агІонех лаьцна эр ду ас: цкъа делахь – берриг урхалчаш Дала хІиттабо. Дала иза дІа ца хІоттийча, цхьаннан а йиш яц и олалла дечун меттиг дІалаца. Иза хаа деза вайна массо а хенахь. ШолгІа – оцу урхалла дечарна дуьхьалвалар, Везачу Эло, кхечу тайпана аьлча, Дала дІахІоттийначунна дуьхьалвалар ду, цу тайпана лелачара шайна тІе Делан кхел йоуьйту. Вайна дагахь латта деза, цхьана дарже кхача гІертачу лидеро а доцуш, уьш Дала аьлла дешнаш хилар, «Дерриг а Деза Йозанаш Делан Іаь тоьхна ду» боху дела (2 Ти. 3:16). Тахана Делах тешаш болчарна иштта хета: «Со, куьйгаллехь болчарна а доцуш, веккъа цхьана Далла муьтІахь ву». Иштта бохурш, шаьш Веза Эла ву бохучунна дуьхьалбовлу. Дагадаийтийша шайна, Іийсас Шауле (тІаьхьа ПахІал хир волчу) аьлла дешнаш: «Хала ду хьуна дуьхьалваьлла лела» (Бек. 9:5). Цу заманахь латталелорхоша цхьа гІаж лелайора. Иза ши метар хиллал беха а болуш, онддачу ножа-диттан хьокху

бара, шена тӀера кевстиг дӀаяьккхина болу. Цуьнан цхьана агӀор ира хьостам тухура, ахархочо иза Ӏоттарца сту лоллуш болу, ша латта охуш. Цу тайпана шена чӀогӀа лазам, я хадор дохьун долчу оцу хьокханна дуьхьало йойла дацара стеран. Цундела ПахӀалан заманахь и кица даладора, куьйгаллехь болчарна дуьхьалвалар эрна хӀума хилар а гойтуш.

Ӏийса шена дуьхьал хӀоттале ПахӀал ма-валлара, Дала дӀахӀоттийначарна, дуьххьал дӀа я кхечу тайпана, дуьхьало ечарна эххар а Делан карахь йолу цу тайпанара дуьхьало хӀуттур ю. Амма дукхахьолахь цо вай совца ца до, тӀаккха вай цуьнан цхьа а ларам ца беш, кхидӀа а вай бохучунна тӀехь льтта, цкъа аса а изза ма-дарра.

## Ваставолуьйтуш долу зедалар

Оцу лазамах лаьцна дуьйцуш, суна дагадогӀу, мел хала дара суна Дала хӀоттийна болчарна дуьхьалвалар, Далла дуьхьалвалар санна хилар тӀеэцар, бохург. Иза чӀогӀа коьрта чохь дисина сан, дуьхьало ечу адаман сонталлина дӀахӀоттийна памятник санна.

80-чу шерийн юккъехь цхьана йоккхачу дуьненъюкъарчу динан тобанехь болчу кегийрхойн пастор хилар тӀедиллира суна. Суна тӀера доӀа а деш, куьг тӀедиллар дича, иза Делан лаамехь долу гӀуллакх дар хилар тӀеийцира аса.

Со эмоцех вуьзнера, хӀунда аьлча аса цкъа а ца бинера кегийрачу чкъораца и болх, делахь а, ерриг а Америкерачу сихха шорлуш йолчу а, лараме йолчу а динан тобанех цхьана тобанан команде нисвелира со. Кегийрахошца бечу балхах лаьцна цхьацца книгаш, учебникаш ешарх дӀадолийра аса сайн гӀуллакх. Царах цхьаъ Луизианерачу цхьана лакхарчу пасторо язъйина яра, цо дика чулацаме йолу кегийрхойн программа хӀоттийнера. Ас сайн секретаре оцу динан тобане хаттар дар дийхира, со масех денна цига дӀаван мегар дарий, аьлла.

Цигарчу лидераша сан дехар магорца жоп делира, со дIaborIy аьлла барт бира оха.

Со дIа ма кхеччи, кхаара дийнахь суьйранна болчу кегийрахойн гуламе кхайкхира со. Цигахь суна гинчо инзарваьккхира со. Кегийрхойн шайн къаьсттина 1500 меттиг йолу зал яра, иза юьззина яра! Уьш ловзо хIуманаш ловзош бацара, я дуьхьало яр гойту къамелашка ладоьгIуш бацара; церан хьехамаш бакъхьараллех а, ницкъах а буьзна бара. Кегийрхой лаамах бузарца оьхура оцу гуламашка. Со сайна гинчух цецваьллера, оцу нахехула билггал Iама мегарг хиларх тийшира со.

ШолгIачу дийнахь динан гуламан куьйгалхошца цхьана кхийтира со. Юха а сайна гинчух теша хала дара суна. Церан шайн долахь долу административни цIа дара, шиъ секретарь вара кегийрхойн динан тобанехь, кхин а виъ стаг вара кегийрхойн тобанийн гуламашкахь пасторан болх беш. ТIедогIучу шина дийнахь оцу веа пасторан гуламашка ихира со. Статистика инзаре яра. Цу хенахь церан 1250 кегийрхо вара школашкахь гIуллакх деш, ткъа и терахь сихха лакхадолура.

Оцу веа пасторех хIораммо а цхьатерра дерг олура соьга. Оцу гIуллакхан кхиам балар, царна хетарехь, хIора пIераскан дийнахь дIахьочу синкъераме суьйренашца боьзна бара, ерриг гIаларчу бIе хиллал йолчу меттигашкахь беш болчу. И суьйренаш тера яра цIахь дIахьочу динан гуламех, церан Iалашо яра кегий нах кIелхьарбовларе балор.

И Iалашо цхьалха яра, делахь а, цуьнца цхьаьна кIорггера а яра. КIелхьарбовлар доцу кегийрхой динан тобанийн гуламашка бало хала хуьлура, ткъа ишттачу синкъерамашка уьш балор аттахо дара. Цхьана кIиранах оцу кегийрхойн тобанийн хIора декъашхо, школашкара цхьацца стаг а лохуш, иза пIерасканан суьйранна хьошалгIа кхайкха гIертара. Оцу синкъераман суьйренашкахь цара чай молура, къамелаш дора, цхьацца динан чулацам болчу эшаршка ла а дугIура. Цул

тӀаьхьа школерачу я колледжерачу студенташа Делан Йозанаш тӀера меттигаш а ялош, кӀелхьарвааларх лаьцна долчунна тӀе валавора. ТӀаккха баьхкинарш, шайн къиношна дохко а бевлла, шайн синош Дала леррина къобалвинчу Ӏийсана дӀадаларна тӀебалабора. Цу тайпана дуьххьара баьхкинчех дуккха а болчара шаьш кӀелхьардахар тӀеоьцура. Цаьрга динан тобанехь болчаьрца церан уьйр хила езарх а, уьш динан гуламе лела безарх а лаьцна дуьйцура, вовшийн адресаш а, телефонийн номерш а луш вовшашка, кегийрхойн динан гуламашка кхойкхура цара уьш.

Со ишттачу цхьана суьйрене вахара, синца иркарахӀоттар а догӀуш, масех студенто шайн дахар Ӏийсана дӀадалар къобалдича. Цигара цӀа вирзича, сайна а, сан гӀоьнчина а цигахь гинчух лаьцна дийцира аса. Оха доӀа дича, оха а изза дан деза тхайн тобанехь а аьлла хийтира тхуна. Цхьа динан гулам чекхбаьлча, автостоянкехь со лаьтташ, аса дог иркарахӀоттарца сайна хетачух лаьцна коьртачу пасторе дийцира. Иза суна тӀетайра: «Дукха дика хир ду, хьайн гӀуллакх де ахьа иштта», – аьлла.

## План хӀотторан, болх баран бархӀ бутт

Аса доӀа дечу хенахь, Дала план гайтира суна. Аса сихонца и гӀуллакх кхочушдарна школа дӀаелла езара, лидераш Ӏаморхьама. Шинаран дийнахь суьйранна аса оцу кегийрхойн тобанах лаьцна кхайкхам бира, тӀаккха, суна хазахетар дохьуш, цхьана мукъачу дийнахь Ӏуьйранна кхузткъе итт стаг веара лидерски занятишка. Цул тӀаьхьа ялх баттахь кӀиранах цкъа ас и занятиш йора, кегийрхошна лидерийн хила еза принципаш хьоьхуш: тешаме хилар, бакъахьаралла, ша къобалвар, адамашна гӀуллакх дар, хиндерг ган Ӏамар.

Пхи бутт баьлча, Дала доӀанна тӀехь юха а элира сан даг чу: «*Хьайн классера ткъе виъ стаг а харжий, ученичество хила*

*дезарх лаьцна занятиш дIайолае. Царах дуьххьарлера лидерш къастор бу ахьа хьайн и суьйренаш дIайоло*». ТIаккха цу сохьтта дуьххьарлера лидерш кечбан волавелира со оцу цIахь дIахьош болчу гуламашна лерина.

КхидIа болчу шина баттахь аса и лидераш кечбира цIахь хуьлучу динан гуламийн суьйренашна, иштта долу цхьанакхетарш хIора шинаран дийнахь а кегийрхойн динан гуламашкахь дан дезарах лаьцна сайна хетачух лаьцна дага а волуш. Сайн гIоьнчица цхьаьна лидерша бан безачу балхана учебни план хIоттайора оха, цул сов, кхиболу дукха белхаш бора, масала, и суьйренаш дIахIотто меттигаш лоьхура, гIалара школашкахула а почтийн индексашкахула а дIасадекъар кхочушдора, иштта и тобанаш дIатаръйо агIо лоьхура, керла тIебаьхкинчарна хIун хьеха деза бохург Iамадора. Оха тхайн ницкъ кхоччург дора еккъа цхьана Iалашонца – тхайна гонаха дехачу, кIелхьардовлар доцучу адамийн синойн кIелхьардовлар хилийтар .

Тхох хIоранна а дог тохадалар, хазахетар хаалора. И гIуллакх тхуна ма-хетта гар, лидершкара кегийрхойн динан гуламийн декъахошна а хааделира. Кегийрхоша шаьш уггар хьалха мила кхойкхур ву оцу суьйренийн гуламашка бохучух лаьцна къамелаш дора. Оха доIанаш дора, Дала оцу нехан дегнаш шордар доьхуш, шайна Iийса а, кIелхьардовлар а эшарх уьш кхетийтар доьхуш. Суна, сан гIоьнчина дуьхьал сурт хIуттура ши эзар пхи бIе жима стаг вогIуш шинарийн деношкахь дIабоьдучу кегийрхойн гуламашка. Оцу гаро а, и гар кхочушдан болчу боккхачу лаамо а дIалаьцнера тхан дегнаш.

## Суна цкъа а бицлур боцу динан гулам

Тхан Iалашонехь долу и суьйренаш дIаяхьар дIадоло кхо кIира диснера. Со, гуттара а санна, хIора кIиранах хуьлучу пасторски динан гуламашка оьхура, суна дага а ца теснера, сайна цигахь иза хезар ду аьлла, и тIеэца-м кийча со ванне

а вацара. Иштточу цхьана гуламехь коьртачу пастора шен цхьайтта гІоьнчина хьалха инзаре хаам бира: «Сан хьоменаш, Дезачу Сино суна дІадиллина, вай цІахь гуллуш йолчу тобанаша бо гуламаш хила ца беза бохург. Цундела суна луур дара, динан тобанан декъахоша беш болу цІера гуламаш берриш а аша юкъара дІабахар».

Сайн лергашна хезначух ца тешара со. Иза цхьа гІалат дерг, я ца кхетта аьлла хІума хила мега. Со а, сан гІоьнча а цецваларца вовшашка хьаьжира, иза а вара воьхна хьийзаш. Со синтеме хила гІоьртира, цо *буьйцурш кегийрхойн гуламаш хир бац, аьлла, дага тасарца. Цо кхечу пасторех лаьцна боху хир ду.* Зударий балонза я маре баханза болчу нехан пастораш, баккхийчу нехан пастораш, я доьзалаш кхоьллинчу нехан пастораш, кхиболу пастораш – церан массеран а цІахь дІабоьду динан гуламаш бара. Амма церан гІуллакхаш башха дика дІа ца доьдура, цу тІе цара, оха санна, оццул тергам а ца бора шайн тобанашкахь болчийн. Цул сов, масех бутт хьалха машинийн стоянкехь долуш, аса оцу гІуллакхах лаьцна къамел динера коьртачу пасторца, ткъа цо соьга: «Хьайн гІуллакх де ахьа!» - аьлла. Со тешна вара, оха кегийрхойн гуламаш бар цу юкъа догІуш хир дац, бохучух.

КхиндІа Іан а ца велла, аса хаьттира: «Пастор, бехк ма биллалахь. Ахьа аьлларг, кегийрхойн гуламаш боцург, бохург дара, бакъ дуй иза?» Цо, соьга а хьаьжна, элира: «Джон, Дезачу Сино аьлла соьга, хІокху динан тобано дІалаьцначу некъахь цІахь беш болу динан гуламаш хила ца беза».

Аса юха а элира: «Пастор, дагадогІий хьуна, масех бутт хьалха со Луизианерачу кегийрхойн тобанан гуламе ваханера? Церан тобанехь хІинца 1250 студент ву, ткъа оцу веа а пасторо соьга элира, иза шаьш цІахь бечу кегийрхойн гуламашца доьзна ду». Коьртачу пасторо, соьга а хьаьжна, жоп делира: «Джон, Дезачу Сино аьлла соьга, хІокху динан тобано дІалаьцначу некъахь цІахь беш болу динан гуламаш хила ца беза».

Ткъа со юха ца волура, сан чIогIамалла совдуьйлуш лаьттара, коьрте цхьаъ догIура: *иза сох ца кхета*. Аса кхин агIо а ялийра: «Пастор, кIелхьарбовлар доцу кегийрхой вайн динан гуламе бало хала хуьлу, ткъа вайн йиш ю колледжера муьлхха а студент суьйранна хуьлучу кегийрхойн гуламашка кхайкха, масех бутт хьалха ас аьлла ма-хиллара, цIахь бечу гуламашкара тоба хила йиш хир ю царах, шен Iалашонехь адамаш кIелхьардахар йолу». Цо юха а элира соьга: «Джон, Дезачу Сино аьлла соьга, хIокху динан тобано дIалаьцначу некъахь цIахь беш болу динан гуламаш хила ца беза».

Собар кхачорца, со къийса волавелира: «Пастор, вай 2500 студент валор ма ву динан тобане. Флорида штатера Орландера дерриг а кегий чкъор кIелхьардаккхалур ма дара!» Цо, хьалха ша аьлларг, юха а элира. Со юха а цхьана пхийттех минотехь айса бохучунна тIехь лаьттара. Оцу чохь мел волчунна гIоьртина хилар хаалора. Сан ирсана, пасторо аьллачех сох кхеташ дерг, деккъа, и ша бохург Делера хиларх цуьнан тешар дара.

Со эххар дIасецира, даг чохь хIинца а дерриг кхиндIа а кхехкаш доллушехь. И гулам чекхбаллалц суна кхин хIумма а ца хезара. «*Оха цу гIуллакх тIехь бархI баттахь болх бинера. Цунна хаьара оха и гIуллакх деш дуйла; аса цунах лаьцна дийцина масех бутт баьллера. БIеннаш я эзарнаш барамехь адамаш Делан Олалле далоре деш долу гIуллакх, сацо хIунда воллу те иза? Цо Делан Олалле адам далош болу некъ хада ма бо! Ас хIун эр ду кегийрхошка? Сан командера лидераша хIун эр ду? Со Луизиане ваханера. Оцу гIуллакхна ахча а, хан а ма яйанера аса! Иза билггал долуш хиларх теша хала дара суна!*» Суна чохь чакхе йоцу ойланаш яра, ткъа со массо агIор бакъ ву аьлла хетара суна, со Делан агIонехь а вара, ткъа пастор ша хила везачохь вацара!»

Гулам чекхбаьлча со, тоьпара ваьлча санна, араиккхира конференц-зал чуьра. Шеращца сол воккха волу а, диккачу

хенахь болх бина волу а коьртачу пасторан гӀоьнча со теван гӀертара, амма аса, цуьнга а хьаьжна, элира: «Фред, суна цхьа а хӀума дийца ца лаьа!» Шайн къамело цхьа а хийцам бийр боцийла а хиъна, иза юхавелира.

Аса, цӀа а кхаьчна, неӀ дӀайиллира, сан зуда дуьхьал еара суна. Цо динчу маршаллина дуьхьал аса сайн доцучу озаца жоп делира: «Хьо тешар яц-кх цо динчух!» Аса и дерриг муьлхачу озаца аьлла а хезна, цо йохарца хаьттира: «Мила ву иза, цо хӀун дина?»

«Пастор ву! Цо берриг а цӀахь беш хилла болу гуламаш дӀабаьхна! БархӀ баттахь бина болх, цо берриг а дӀабаьккхи! Хьо теший цунах?» Цо, соьга а хьаьжна, саццамечу а, къовламечу а озаца элира: «Схьахетарехь, Дела хьуна цхьа хӀума хьеха гӀерта». Цул тӀаьхьа чуволлучу цӀа чуьра дӀавуьйжучу цӀа чу яхара иза.

ХӀинца со цунна а оьгӀазваханера. Со, кухни чу а вахана, гӀанта тӀе ког а биллина, цхьа а Ӏалашо а йоцуш, сайна хьалха дӀахьоьжура. Сан коьртехь еккъа цхьа ойла хьийзара: пастор нийса вац, цу юкъа яха кхиниг а гӀоьрти – цхьа а хаадалар а доцу, хин долчун ойла яр а доцу, сан зуда.

## Везачу Элаца хилла цхьаьнакхетар

Со корехь лаьттачу хенахь, Дезачу Сино сан даг чу хаам бира. Цо элира: «*Джон, ахьа деш долу гӀуллакх хьанна лерина ду? Суна я хьайна?*» Аса, ойла яр а доцуш, сихха элира: «Хьуна лерина ду, Веза Эла!»

Цо цу сохьтта жоп делира: «*Данне а дац! Ахьа дийриг хьайн дуьха деш ду*». Ас элира: Веза Эла, кӀелхьардовлар доцучу студентех дукхахберш вайна бахкалур бац динан тобанехь хуьлучу гуламе, амма оха хӀитточу суьйренашка богӀур бара уьш…» ТӀаккха сайн чакхе а йоцу Ӏалашонаш, бахьанаш дало волавелира со Цунна – уьш Цунна ца девзаш санна. Мел атта хуьлу вайн Ӏехадалар!

Везачу Эло соьга къамел дайтира, ткъа цул тӀаьхьа

элира: «*Джон, Аса, хьо хIокху динан тобанна юкъа валош, хьо оцу стагана муьтIахь хилийта валийнера. Цуьнан кара делла и динан гIуллакх, хьоьга шордайта йолчу Iалашонца хIоттийнера Ас хьо. Хьох цуьнан куьйгаш, когаш хилийтархьама тIекхайкхинера Аса. Динан тобано дIахьочу гуламашна тIехь жоьпалла дан, цхьа стаг бен ца хIоттийнера Аса*».

Суна масаллина Муса валийра Цо. Делан Йозанаша боху: «Делан дерриге а цIийнехь тешаме ялхо санна вара Муса» (Iеб. 3:5). Иза, Дала халкъана тIехь куьйгалла дан хIоттийна волу, лидер вара. ТIаккха сан ойланашка Якъуб веара Керлачу Весет тIера. Иза Ярушалаймерачу динан тобанехь лидер вара. Iийсах тешначарна юкъахь сунт ван везарх лаьцна хилла болу къовсам дагабеара суна (Век. 15). Оцу агIонца доьзначух лаьцна къамел дарна Ярушалаймерачу динан тобанера къаной, берриг векалш гулбеллера, царна юкъахь бара ПахIал, Барнаба, Кипа, Яхьъя.

Иштта, лидераш хIиттийна болчу, Iийсах тешначу парушхойх цхьаберш, дуьххьара бистхилира. Цул тIаьхьа Кипа вистхилира. ТIаккха ПахIала, Барнабас цIу деланашна Iамал еш хиллачу нахана юкъахь Дала деш долчух лаьцна дийцира. Церан къамел чекх ма-делли, Якъуб хьалагIаьттира, цо, цигахь мел аьллачун жамIа а дина, шен дагахь дерг элира: «Цу тайпана, суна хетарехь …» коьртехь волчо санна, цо сацам бира дийца юкъа даьккхинчух лаьцна, тIаккха массо а, цу юкъа Кипа, ПахIал, Яхьъя вогIуш, цо аьллачунна муьтIахь хилира.

Цу тайппана долу сурт Йозанаш тIехь гира суна, малико набахти чуьра Кипа араваьккхича. Мареман цIахь гулбелла болчу тешначаьрга Кипас элира: «Кхунах лаций Якъубана а, кхечу вежаршна а дийцалаш (Век. 12:17). Изза го вайна Лакин а, ПахIалан а дахарехь а. Уьш Ярушалайме баьхкинчу хенахь, Лакас дIаяздинера: «Ярушалайме дIакхаьчча, динан вежарша

дика тӀеийцира тхо. ШолгӀачу дийнахь ПахӀал тхоьца Якъуб волчу веара. Иза волчохь берриге а тхьамданаш гулбеллера» (Век. 21:17). Оцу шинна а меттехь Якъубах лаьцна хӀунда олу Кипас, ПахӀала? Цуьнан цӀе къаьсттина яккхаре хьажча, Якъуб церан лидер хилла хир ву.

Дезачу Сино и агӀо дӀа ма йиллинехь, Цо кхидӀа а элира соьга: «*Джон, хьо Суна хьалха хӀоьттина волуш, оцу пасторца болх бинчу хенах лаьцна ахьа Суна хаам беш, ахьа цу сохьтта дийца дезар дац Соьга, Орландехь маса кегийрхо кӀелхьарвaларе валийна айхьа бохург. Уггар хьалха, Аса хьайна тӀедиллинчу динан гӀуллакххехь хьуна тӀехь куьйгалла деш хиллачу пасторна хьо тешаме хиллерий бохучух лаьцна жоп луш, дийца дезар ду ахьа*».

Цуьнан тӀаьхьадогӀучу дешнаша со дуьххьалдӀа Ӏадийнера: «*Билггал аьлча, Орландехь мел болу кегийрхой кӀелхьарбовларе а балийна, Суна хьалха дӀахӀотта йиш яра хьан, тӀаккха хьайна тӀехь куьйгалла дан хӀоттийначу пасторна хьо муьтӀахь а, тешаме а ца хилар бахьанехь хьо кхел йина хир вара*». Оцу дешнашкахула цхьа керлачу тайпана Делах кхерар хааделира суна! Сан ерриг а чӀагӀонаш дӀаевлира, суна, со цхьа поппар болуш санна хийтира Цуьнан карахь.

Цо юха а элира: «*Джон, нагахь хьо кхидӀа а цу некъахь дӀаводахь, кегийрхой шайн некъа тӀе а бевлла дӀагӀур бу, ткъа динан тоба – кхечу некъахула гӀур ю. Ахьа декъадалар дохьур ду динан тобанна юкъа*». Кхечу дешнашца аьлча, аса ши агӀо яккхаран кхерам бара. ХӀунда ду те вайн деношкахь оццул дукха декъадаларш динан тобанашкахь, доьзалшкахь. Шина тайпана долу хьажар юкъахь хиларо билгалдоккху, царах цхьаннан хьажар Дала хӀиттийначу урхаллехь болчеран хьажарца цхьаьна догӀуш ца хилар. Лидершна юкъахь а, муьлххачу а адамийн тобанашкахь а цхьатерра хьажар хила деза, хӀунда аьлча «ши корта» болу организаци екъаяларе йогӀур ю!

# ЖОП ДАЛАР, НЕКЪ БАР ДОХКОВАЛАРЕХУЛА ХУЬЛУ

Со цу сохьтта дохковелира сайн дуьхьалваларна. ДоIа динчул тIаьхьа, суна хаьара айса хIун дан деза. Аса, телефонна тIе а вахана, коьртачу пасторе зIе туьйхира. Цо трубка схьаэцча, со къамел дан волавелира: «Пастор, со Джон Бивер ву. Хьо суна къинтIера валар доьхуш тоьхна ас хIара зIе. Со хьуна дуьхьалваьлла хилар гайтира суна Дала, аса доккха къа латийна. Доьху хьоьга, суна къинтIера валар. Аса цу сохьтта дIабохур бу и цIахь беш болу гуламаш».

Цо, соьца къинхетаме а хилла, дерриг гечдира суна. Ас трубка охьа ма-йиллина, Дезачу Сино хаьттира соьга: «*Ткъа хIинца тIедогIучу мукъачу деношкахь муха ала воллу хьо цунах лаьцна хьайн ткъе веа лидере?*»

Суна хьалха сурт хIоьттира, со лидераш гулбеллачу зал чу волуш, тIаккха кхоьлинчу а, цхьана мукъаме долчу озаца аса хаам бо: «Бераш, шу тешар дац хиллачух». Массара холчу хIоттарца деккъа цхьа хаттар до: «ХIун хилла?» Ткъа аса кхидIа а сайн цхьана мукъамечу озаца олу: «Шуна массарна а хаьа, вай дуккха а беттанашкахь болх бира, амма коьртачу пасторо и цIахь тобанаш гулъялар дIадоккху. Вайн гуламан суьйренаш кхин хир яц».

Цара узарш деш, гIам-гIим до, оцу сацамна реза ца хиларца. Уьш коьртачу пасторна реза ца хиларан сурт ган хала хир дацара. Бакъ ду, тхо дерриш а бохам тIебеанарш хир дара, ткъа со турпалхо санна хир вара оцу хьолехь.

Сайн коьртехула и сурт чекхдаьккхича, Дезачу Сино сайга иштта олуш хезира суна: «*Хьо иза дан воллу*?» Аса жоп делира: «ХIан-хIа!»

Юха хиллачу динан гуламехь берриш а кегийрхойн лидераш гулбеллачу аудитори чу велира со, сан юхь тIехь шеквалар ца хаалора, со велакъежара, сан аз жимма дегош

делахь а. Догъайдаларца ас хаам бира: «Бераш, сан инзаре хаам бу шуьга бан».

Берриш а собар дайна соьгахьа бирзира: «ХӀун хаам?» Ас кхидӀа элира: «Дала Шегара схьа доцу гӀуллакх хӀотторах, кхолларх паргӀат доху вай. ХӀокху кӀиранахь лидерийн динан гуламехь коьртачу пасторо, вайн ерриг динан тобанан дӀадахарехь Дезачу Сино тӀедуьллург, вай цӀахь дӀахьош болу динан гуламаш дабаха безар ду, аьлла хаам бира. Цундела вай а дӀакъовлу вайн кегийрхойн суьйренашкахь гулдаларан программа!»

Сан жимма воьхна хилар церан дегнашна а хааделира, аьлла хийтира суна, цара цхьана кхеттачу озаца санна элира соьга: «ХӀаъ… дика ду!» Со цхьалха вацара оцу сайн сингаттамах со чекхволуш, тхо берриш а чекхдевлира цунах. Дуккха а хан яьллачул тӀаьхьа бен дӀа ца диллира аса, со стенах чекхвелира цу хенахь бохург. Оцу ткъе веа лидерех дукхахберш тахана шайн буьззина болу болх беш бу, церан гӀуллакхаш дукха дика дӀадоьдуш ду.

## ДОХКОВАЛАР А, МУЬТӀАХЬ ХИЛАР А ДОЛУ ДОГ

Тахана юхахьаьжча, со юха а теша, аса дийцина долчу оцу хьоло сацаме йолу меттиг дӀалаьцнера сан дахарехь а, аса дечу динан гӀуллакх тӀехь а бохучух. Нагахь со хӀетахь муьтӀахь а хилла юха ца ваьллехьара, дуьхьалваларца, айса бохучунна тӀехь а лаьтташ, тӀаккха хьанна хаьа, со мичахь хир вара хӀинца. Бакъ ду, кхин цхьа а агӀо йоцу дела йиш хир яра сан, и кегийрхойн динан гуламаш дӀабахьар сацо, амма сан дог куралллех а, дуьхьалваларх а дуьзна, шога долуш дуьсур дара. Дагахь латтаделаш гуттара а, Дела вайн тӀехула долу аьлларг дар лехна ца Ӏа, амма вайн дегнашца дохкодовлар, муьтӀахь хилар – иза ю Цуьнан Ӏалашо. Делан лаам кхочушбарна хьагаме берш бу Цо лоьхурш. Цунах лаьцна Даудa элира:

> Ас сагӀа доккхур дара Хьуна, амма Хьуна ца деза иза. Хьайна лерина дийнаташ дагорна а Хьо реза вац. Доьхна дог – иза ду Далла луш долу сагӀа. Дохкодаьлла а, муьтӀахь долу а дог Ахь дӀатоттур дац, Дела (Заб. 50:18,19).

Вай даккхий сагӀанаш даха там бу вешан дахарехь, дуккха сахьташ дайа там бу динан гӀуллакх дарна тӀехь, алапа хилар а ца лоьхуш, болх бан а там бу, наб яйа а там бу, керла адамаш тешаре далоран некъаш леха а там бу я кхочушдан хала долу кхин гӀуллакхаш дан а там бу, ткъа оцу могӀаран чакхе ца хила а тарло. Ваьшна эшам беш, вай дечу гӀуллакхах Ӏехадаларца, вай ваьш тешо тарло, вай мел дийриг а Делан лаамехь ду бохучух. Делахь а, оцу дерриг гӀуллакхийн Ӏалашо вешан лаам кхочуш бар хила тарло.

Ойла ейша хӀокху дешнийн: Делан лаам бу вай аьлларг дар, билггал бакъдолчу муьтӀахь хиларе далош долу. ХӀокху книгин Ӏалашо ю – Делан олаллина муьтӀахь хилар лараме ду бохург дӀадиллина а ца Ӏаш, амма иштта вайна чохь оцу муьтӀахь хиларе безам а, боккха лаам а кхоллабалийтар.

Со кхета, ас далийначу тоьшалло дуккха а, шайна жоп далар хир доцу хаттарш шун даг чу тесна хила там бу бохучух. Царах цхьаъ иштта хила там бу: «Дала ца аьллера ткъа хьоьга хьан доӀанна тӀехь и цӀахь гуллуш йолу динан тобанаш кхолла?» Я иштта: «Ткъа, хьанна хаьа, и пастор бакъ ца хиллехь, динан тобанан некъ билгалбаккхарехь? Ткъа аша хӀетте а кхолла езарий те и цӀахь гуллуш йолу динан тобанаш, и пастор нийса а воцуш, хьо нийса хиларца? Я иза, шега нийса ца аьллачарна тӀаьхьахӀоьттинехь, хьанна хаьа? Вай кхидӀа а таллам беш дӀадоьлхучу новкъахь, жоп лур ду оцу хаттаршна а, иштта дуккха а кхиндолчу хаттаршна а.

Делахь а, кхиндӀа урхаллехь болчарах лаьцна дерг дийцале хьалха, вайна хаа деза билггал Делера долчу олаллина муьтӀахь хилар лараме хилар. Вочман Нис иштта яздина:

> Дала олалла дан тӀедиллиначарна муьтӀахь хиларал хьалха, стага Делера схьадолу олалла тӀеэца деза. Вайн Делаца йолу ерриг юкъаметтигаш дӀайолало, ваьшна тӀехь олалла хилар вай тӀеоьцу я ца оьцу бохучунна тӀера. Нагахь вай иза тӀеэцахь, вай мел боккху ког а цуьнца доьзна хир ду, тӀаккха Делера схьа долчу оцу дозанашкахула, Цуьнан вайгахула болх бан йиш хир ю (*Spiritual Authority* («Синан лакхалле олалла») New York: Christian Fellowship Publishers, 1972).

Цкъа хьалха Йозанаша бохучу Далла Шена муьтӀахь хила дезаран ондда бух дӀахӀотто беза. Цул тӀаьхьа бен довла мегар дац дӀахӀиттийначу урхаллехь болчарна муьтӀахь хила дезарх лаьцна долчунна тӀе.

ДАКЪА 2

# ДЕЛАН КУЬЙГА КІЕЛ

КОРТА 3

# Къинан билгалдакkхар

*Динан тоба дукхахьолахь агlор йолу къилахь дерг билгалдоккхучу коьртачух, тlаккха цуьнан билггал долчу маьlнах кхетар дlадолу вайн.*

Цхьа жима ловза агlо йийр ю вай, цунна кхин гlолехь йолу цle тилла агlо ца карорна, психолагах а, пациентах а ловзар эр ду вай цунах. Хьо маьнги тlехь lуьллу пациент ву, ткъа со психолог ву, со гlанта тle хиъна ву. Аса цхьа дош эр ду, ткъа ахьа хьайн коьрте цунах лаьцна дуьххьара дагатеснарг схьаэр ду. Кийча дуй шу? Делахь и хьалхара дош къа, бохург ду. Дуьххьара хlун догlу шун коьрте?

Дуккха а шерашкахь дуьне мел ду болчу дуккхачу тешар долчаьрца а, лидершца а сан юкъаметтиг кхоллаяларна, шун коьрте деанарг хlун ду алалур ду суна. Шуна дагатесна хила тарло, нахаца леларх, тешаме ца хиларх, боьха ойланаш хиларх я кхечу тайпана зудчун, стеган нийса йоцучу юкъаметтигех лаьцна дерг. Дуккхазза а хаза тарло иштта олуш: «Иза къилахь дерг лелош ву». Дукхахьолахь и саннарг хуьлу лидерийн позицехь болчу майрачун я зудчун вовшашна ямартло

ялийтарца доьзна. Деккъа и аларехула вайн кхета йиш ю, вай дуьйцург хІун ду бохучух. Динан тобанашна юкъахь и агІо чІогІа яьржина, иза *къа* бохучу дашца дусттал.

Я шуна хьалха вахош долу маларш муьйлучийн я наркоманийн сурт хІоьттина а хила тарло. Шеко а йоцуш, Делах тешар долчарна и ледара йолу агІонаш доккха къа латорца доьзна ду аьлла хета а мега. Иштта шуна дагадаьхкина хила мега, шовкъ йоуьйту ловзарш, адам дер, хІума лачкъор я бозбунчаллаш лелор бохург. Иза хила тарло, кІеззигочу барамехь делахь а, къилахь долчунна юкъа цабезам хилар, къовсаме хилар, хьагІ йолуш хилар я къинтІера ца валар аша далор. Суна хетарехь, вай тешна хуьлийла ду, вай далочу масаллийн могІа бехха хуьлийла ду.

## Коьртачу билгалдаккхарца цхьаьна ца дар

ТІаккха, ойла йирий аша цунах лаьцна? Ткъа хІинца ладогІалаш: цигахь, Эдом-бешахь Адам шен йоцучу зудчуьнца дІа ца вижинера, цо марихуана а ца оьзнера! ХІетте а цо латийна къа, дуьнен чохь кхоьллина мел дерг а, и бахьанехь къинан лолле даххал, оццул доккха дара. Ваьш къинах лаьцна олучу хенахь, вай тидаме эца деза и Адамца хилларг, хІунда аьлча цо латийначу къинан тІаьхьало ерриг а адамийн тукхаман пхенашкахула дІасаяьржира. Ткъа хІун дара те и цо динарг, адамашна оццул бохам берг тІедаийтина долу? Иза дукха цхьалха дерг ду – цо шега Дала де аьлларг ца динера.

Цхьана минотана ойла ейша цуьнан. Ас ца боху, хІинцца аса далийна долчу масаллийн юкъадогІург къилахь дерг дац, аса билгалдоккхург ду, динан тобанаша коьрта долу бахьана тидаме ца оьцу бохург, ткъа и агІо вай дІатеттича, атта Іехадалар догІур ду вайна. Цунах лаьцна дуьйцур ду вай книгин хІокху коьртехь.

Кхин цхьа масала а далор ду аса. Цамгарех лаьцна шуна девзарг, дерриг хІара ду эр вай: цомгуш волчун 37 градусал

сов дагар ду, цуьнца цхьаьна дерриг дегI дохар хаало цунна, цо йовхарш етта я догкарчар хуьлу цуьнан. Сан ворхI шо долчу хенахь, цамгарх лаьцна долу сан хаарш, билггал иштта бен дацара, ткъа хIеттахь, суна оццул хьоме йолчу сан йишин дейтта шо кхаьчначу хенахь, рак-цамгар ю цуьнан аьлла диагноз хIоттийнера. Иза кест-кеста лоьрашна тIе йоьдура, масех кIиранна больнице а йижайора иза. Нанас иштта кхетавора со: «Джонни, хьан йиша чIогIа цомгуш ю». Ткъа цуьнан дагар дацара, цо йовхарш ца еттара, хоршамаш ца деттара. Со ца кхетара сан да-нана а, йоккхаха йолу йиша а оццул холчохь хIунда бу те бохучух. Аса жамIа дира: иза кIадъелла хир ю, аьлла. Суна ца хаьара цуьнан цамгар кхераме хилар, со сайн долчу хааршкахула а, сайна зеделлачуьнгахула а хьоьжура гуш долчуьнга.

Со цхьана а хIуманах кхетар вацара, нагахь со цкъа школера схьа а эцна, цIа валийна ца хиллехьара, цигахь суна сан деца а, ненаца а охьахиъна Iаш волу мозгIар гира. Соьга йиша елла элира. ТIаккха бен, иза баккъал а *чIогIа* цомгуш хилла хиларх, ца кхийтира со. Берриге а цу беттанашкахь со, хIун хуьлуш ду ца кхетара, сан цамгарх лаьцна сурт цхьана агIонца бен доза тоьхна дацара. Ас хеттарш дора, тIаккха тIаьхь-тIаьхьа суна алсам довзара. Ас кхетийра, цомгуш стаг — иза, цхьа цамгар кхеттарг я гIорасизалла дерг ву. ХIетахь дуьйна аса хIинца цамгар ширачу суртхIоттарца ца юстура; суна, цамгаран билггал бакъдолчу билгалдаккхаро шена юкъа хIун лоцу, хиира.

## КЪИНАХ ЛАЬЦНА БИЛГГАЛ БАКЪДОЛУ БИЛГАЛДАККХАР

Изза ала мегар ду динан тобанехь болчу дукхаха болчарах лаьцна а. Дукхахьолахь вайн кхоччуш кхетар ца хуьлу, къа бохург билггал хIун ду бохучух. КхидIа дахархьама, Делан Йозанаш тIехь муха билгалдоккху къилахь долчух лаьцна, хьовсур ду вай. Делан Йозанаша чIагIдо «къинош летор Iесалла

ду» бохург (1 Я. 3:4). Грекахойн маттахь «Iесалла» *аномия* бохучу дашца билгалдаькккхина ду. Тайеран грекахойн дошамо и дош кху кепара билгалдоккху: «Iедало тIедиллинчунна муьтIахь воцуш вахар, и тIедуьллург юхататтарца я кхоччуш ца дарца доьзна ду». Цхьалха аьлча, иза законо бохург кхочуш ца дар, Iедало тIедуьллучунна а, Делан олаллина а муьтIахь ца хилар бохург ду. Вайно язбинчу Дошамо, оцу аято «къилахь дерг» бохучу дешан билггал долу маьIна гойту, боху. КхидIа Вайно боху: «Оцу къинах лаьцна долчу билгадаккхаро кхетаво, законехь дерг юхататтар, я Делан лаамана муьтIахь ца хилар бохург ду цуьнан маьIна бохучух, цуьнан метта ша-шен болу лаам хьалха а боккхуш».

И билгалдаккхар чIагIдархьама, Iийсас далийначу Кицане хьовсур ду вай. Цкъа Иза кхечу адамашца цхьаьна яа хIума юуш вара, тIаккха царех цхьаммо элира: «Декъала ву Делан Олалла тIелаьцначарна юкъахь кхачанах кхеттарг!» (Лак. 14:15).

Iахаран тойнехь мила хир ву хиъна Iаш бохучух лаьцна дийца меттиг яларна, Цо кху дешнашца долийра: «Цхьана стага, доккха той а хIоттийна, дуккха а хьеший кхайкхина. Той дIадоло хан тIекхаьчча, шен ялхо вахийтина цо шуьне кхайкхинчаьрга дIаала: «Схьадуьйла, дерриг а кийча ду», – аьлла (Лак. 14:16, 17).

И пхьор хIоттийнарг Да ву, ткъа ялхо – Ша Iийса ву. «Ялхо» боху дош цхьааллин терахьехь далоро кхин а чIогIа чIагIдо и сурт хIоттор нийса хилар. Делан Йозанаша къаьсттина кIел сиз хьокху: «Хьалха Дала дукккхазза а, тайп-тайпана а дийцина вайн дайшка пайхамаршкахула, ткъа кху тIаьхьарчу деношкахь Шен КIантехула дийцина Цо вайна. Дерриге а кхочун долу Цуьнан кIант ву дIахIоттийна. Цуьнгахула массо хIума а кхоьллина» (Iеб. 1:1, 2). Iийса вайн Куьйгалхо ву. Керла весет юкъадаьллачул тIаьхьа динан хьехамаш бечарна, дин Iамош болчарна я цунах лаьцна яздеш болчарна тIедиллина – Делера болу хаам

баржораш хилар. Вайна хаза деза, Цо вайга бохург, тӀаккха иза билггал ма-дарра кхечарна дӀа а кхачош.

Оцу кицанехь стиглашкарчу Ден лаам го вайна: «Схьадуьйла, дерриг а кийчча ду», бохуш болу. И дешнаш тӀекхайкхинчаьрга аьлла ду, кхечу тайпана аьлча Динан Тобанерачу тешар долчаьрга, цӀу-деланашна Ӏамалъеш болчаьрга а доцуш, шайна и Хаза Кхаъ цкъа а хезна боцучу. ХӀетте а, и нах цхьацца бехказлонаш яло гӀерта, бехк ца биллар а доьхуш, оцу «схьадуьйла» бохучу тӀекхайкхархкӀелхьарбовла гӀерташ. Хьалхарчо боху: «Сан хӀара кхин а цхьа шиша дисина, ткъа кеста хир болуш синкъерам бу, суна чӀогӀа цигахь хила лаьа; ахь бехк ма биллалахь суна».

ШолгӀачо боху: «Сан Лас-Вегасе ваха кхаж баьлла, цу тӀе пхи эзар доллар делла суна, ас иза казинохь дайа мегар ду. ЧӀогӀа цига ваха лаьа суна, бехк ма биллалахь».

КхозлагӀчо дӀахьедо: «Суна сайн секретарь езаелла, ткъа кху мукъачу деношкахь Гавайи даха дохку тхо, безаман кӀира хӀоттор ду оха. Амма сан дехар ду, сан зудчуьнга цунах лаьцна цхьа а дош ца алар; цунна со командировке воьду моьтту. Доцца аьлча, вогӀийла хир дац сан».

И дуй те цара бохург? Нагахь аша Делан Йозанаш дӀаделлахь, шуна церан жоьпаш аьттехьа а иштта цахилар гур ду. Хьовсур вай царех хӀорранга а.

«Хьалхарчо цуьнга аьлла: ас латта эцна». ХӀинца вай кхидӀа дахале хьалха, хаттар дан пурба лолаш суна: латта эцар – иза къилахь дуй? Нагахь иштта делахьара, дуккха а болчарна хьалха халонаш хӀуьттур яра. Дера дац иза къилахь, ткъа вайна массарна а цунах лаьцна хаа а хаьа. Кхин цкъа а хьовсур вай, цо хӀун аьллера: «Хьалхарчо цуьнга аьлла: ас латта эцна, тӀаккха со цуьнга хьажа ваха веза; доьху хьоьга, бехк ма билла суна» (байт 18). Ас аьлла ма-хиллара, латта эцар къилахь дац, амма и эца воллург, цу сохьтта Делан Дашо бохург кхочушдарал лараме хилахь, иза къилахь долчо билгалдоккхург дар хир ду. Иза законо бохург ца

дар хуьлу, Делан Олаллина муьтІахь ца хилар а догІуш.

Кхинволу кхайкхинарг шовкъ йоуьйтучу ловзарх ловза ца воллура. Цо аьлла: «Ас пхи шуьста эцна, и стерчий дІа а доьжна, мега ца мега хьажа воллура со, суна къинтІера валахь», – аьлла (байт 19). Стерчий я кхинйолу дахаран хьашташкахь оьшуш йолу хІума эцар къилахь ду ткъа? Дера дац, амма производство я кхинйолу бизнес, Делан Дашо бохург я Цуьнан лаамехь дерг цу сохьтта кхочушдарал коьрта ларахь, иза къилахь хуьлу! ДагадогІий шуна, Іедан-бешахь Адам ца ловзура шовкъечу ловзарех, иза Дала аьллачунна муьтІахь ца хилира.

ТІаьхьарчо аьлла: «Ас зуда ялийна, цундела вогІийла дац сан» (байт 20). ТІаккха зуда ялор къилахь дуй ткъа? Дера дац! Иза иштта хилча, вайх дуккханнийн а цатемаш хир бара. Делахь а, уллорачунна тамехь дерг дар, Дала бохучунна муьтІахь хиларал, лараме хетар, иза къилахь ду. Кхин цкъа Іедан дагайоуьйтур вай. Хьава Іехийнера (2 Ко. 11:3), амма Адамах лаьцна аьлча, иза кхин агІо яра: «Адам вацара Іехавелларг (1 Ти. 2:14). Адаман амалехь кхолладеллачу кьинах лаьцна, Делан Йозанаша иштта боху: «ХІунда аьлча цхьа адам Далла муьтІахь ца хилла дела, массо а адамех къинош летийнарш хилира» (Рим. 5:19), курсивца къастадар авторо тІетоьхна). Адам Далла муьтІахь ца хилира, цуьнан зудчо стом кхаьллинера, хІинца шен майрчо а изза дар лиира цунна. Делан олаллина муьтІахь хуьлчу меттана, цо Хьавас бохучуьнга ладуьйгІира. Иза къа латор дара. Адаман муьтІахь ца хилар бахьанехь «дуккха а адамаш къилахь хилира», я кхечу дешнашца аьлча, «дуккха а берш законехь ца леларш я Делан олаллина муьтІахь боцурш хилира». Иза хуьлу коьрта долчу къинан маьІнан чулацам. Кица далорца Іийсас дІадиллира, адамо шен зуда Делан Дашал лакха яккхар.

ХІинца ладогІалаш, ларамечу дешнашца бехк ца биллар а дехна, Дала шаьш тІекхайкхар дІа а теттина, Цуьнан олаллина

муьтӀахь ца хиллачех лаьцна Ӏийсас аьллачуьнга: «Амма ас боху шуьга, хьалха кхайкхина хиллачех цхьаъа а хир вац сан тойнехь» (Лак. 14:24)». Самавалар доуьйтуш аьлла ду иза! Оцу нахана бакъо лур яц, хьалха цаьрга ларам барца кхайкхинчу тойнехь дакъа лаца. Уьш Ӏахаран тойнехь хир болчу декъахошна юкъара дӀабахар, цара цхьа боьха дерг леладар гайтарна я наркотикаш лелорна, вахош долу маларш мийлар бахьанехь хир дац, деккъа уьш Делан Дашна муьтӀахь ца хилар бахьанехь хир ду. ХӀунда ду цо вай цецдохийла? Ойла йича, Адама дуьхьало яро ца далийна дерриг а уггар ирчачу тӀаьхьалоне – дерриг а адамийн тайпа бехкедаре!

Башха дац ткъа оцу кицанехь далочунна юкъахь наркоманех, нахаца лелачарех, сутенёрех, алкоголикех, адам дийначарех я къола деш болчарех лаьцна хьахийна а ца хилар? Нагахь кхидӀа дешча, хьуна гур ду, ялхочо шен олахочуьнга оцу наха шайна бехк ца биллар дехна хиларх а, цара шайн догӀийла дац аьллачух а лаьцна дийцар. Цул тӀаьхьа олахочо тӀедуьллу ялхочунна: «Ваха а гӀой, гӀалара аравалий, новкъахь а, керташкахь а хьайна гинарг схьавалаве, сан цӀа хьешех дуьззина хилийта (Лак. 14:23). Делан Йозанаша буьйцу новкъахь, некъан йисташкахь дуьхьалкхеттарш хуьлу нахаца леларш, сутенёраш, къоланаш дийраш, талор дечийн декъашхой, адам дийнарш, алкоголикаш иштта кхиболу а нах! Вай! Оцу кицанехь царах лаьцна диканиг ма олу!

Везачу Элана хаьа, тӀаьхьарчу хенахь иштта болчу нахах дуккха а берш кхетарг хилар, шайн дахар даьсса хиларх а, балане дерг бен, цхьа а пайден дерг шаьш деш ца хиларх а. Везачу Элан кхайкхар хезча, цара цу сохьтта жоп лур ду, муьтӀахь а хир бу уьш цунна, дуьхьалбевлла леларх кӀадлур бу уьш. Царах тера хир бац – даима а динан тобанийн гуламашка а лелаш, шаьш бакъахьара а лоруш, амма шайна бIегIийла доллучу хенахь бен Далла муьтӀахь хилар доцуш, шайн

Iалашонехь дерг, шайн лаамехь дерг, декъалаллаш дIа а оьцуш, шайна тамехь дерг деш леларш, Адамаца цхьана могIара нислур бу, Делан сийлаллина уллохь хиларх а бовлуш.

## «Со вогIу, Олахо»

Тойнах лаьцна долчу оцу кицанехь дIадоьллу къинан билггал бакъдолу билгалдаккхар Делан олаллина муьтIахь ца хиларца доьзна ду бохург. Кхечу кицанехь а дуьйцу оццу агIонах лаьцна, и кица долало «Ткъа шуна хIун аьлла хета?» – бохучу дешнашца. Оцу дешнашца Цунна лаьара, Шега тIехула ладогIар долу, бакъахьара нах, шайн дегнийн кIоргене а хьаьжна, шаьш деллачу жоьпашкахь билггал бакъдерг карон дагадаийта.

Ши кIант волчу цхьана стагах лаьцна дуьйцура Iийсас цхьана кицанехь. Дас, шен хьалхарчу кIантана тIе а вахана, олу цуьнга: «Сан кIант, ваха а гIой, сан кемсийн бешахь болх бехьа тахана».

КIанта жоп делира: «Ца лаьа суна». Делахь а, ойла а йина, тIаьхьо, шен гIуллакхаш юха а теттина, кемсийн бешахь болх бан вахара иза.

Цул тIаьхьа, шен шолгIачу кIантана тIевахара да, цуьнга а изза дехар деш. КIанта жоп делира шен дега: «Со воьду, сан эла». ДIахьаьжча, мел хаза сурт хIутту, деши санна ву-кх и кIант, цу тIе боккхачу ларамца къамел дора цо шен деца. Амма кхидIа Iийсас олу: «Амма ца вахара иза и болх бан».

ТIаккха Iийсас дукха лараме а, цуьнца цхьаьна дукха цхьалха а долу хаттар до: «Цу шиннах муьлхачо кхочушбира ден лаам?» И хаттар шайга деллачу наха нийса жоп ло: «Хьалхарниг», олий. Цул тIаьхьа Iийса оцу гIуллакхан коьртачу маьIнина тIевоьрзу, иштта а олуш: «билггал боху Ас шуьга, ял гулйийрашший, нахаца лелаш болу зударий Делан Олалла шул хьалха тIелоцуш бу (Мат. 21:28-31). Бакъдерг аьлча, муьлххачу а дена-нанна луун дерг, шен кIанта: «Дика ду, со воьду» алар хир дара, билггал, и гIуллакх ша таIийна хиларна а доцуш, иза

хазахетарца а, дан кийча хиларца а вахча. Делахь а, кицано гойту оцу динан гӀуллакх лелочу куьйгалхошна, къинан коьрта билгалдаккхар – Делан олаллина муьтӀахь ца хилар дуйла. Кхузахь дуьйцург дац нахаца леларх, адам дерах, къола дарх иштта кхиндолчу а хӀуманех лаьцна.

И куьйгалхой куралллех а, шаьш шайх тешна хиларх а буьзна бара, уьш бехке узийла дацара, цара «даккхий къинош» муьлханаш лору бохучуьнга хьаьжжина. ХӀетте а, къинан билгалдаккхар кхачаме боллуш царна ца довзарна, уьш дукха атта Ӏехабелира, цу тайпана шаьш ма-хуьллу кӀелхьардовла гӀертачу къилахь долчух бузура уьш – иза стиглашкарчу олаллина уьш муьтӀахь ца хилар дара.

## Ткъа «даккхийчу къинойх» лаьцна хӀун эр дара?

Делан Йозанаш тӀехь яздинчу дерригенах чекхдевлча, вайна гур ду оцу агӀонашца доьзна яздина дерг. Шуна дагатаса там бу: «*Ткъа пуьташ боттар, вахош долу маларш мийлар, нахаца лелар, къола дар, адам дер? Уьш къилахь дац ткъа?*» – аьлла. Дера ду уьш къилахь долу хӀуманаш! Уьш Делан лаамехь доцу хӀуманаш ду. Дала пуьташ ца боттар, «хӀораммо а шен уллорачуьнга билггал бакъдерг дийцар» тӀедиллина (Эпа. 4:24,25). Иштта маларх лаьцна а Дала тӀедиллина: «Сийсаза лелар долуьйту чагӀар малар тӀех ма даккхалаш» (Эпа. 5:18). Нахаца леларх ларвалар тӀедуьллу Цо вайна: «Ларлолаш сийсаздовларх» (1 Ко. 6:18. Ткъа къола дарх лаьцна хӀун ду? Цо боху вайга: «ХӀума лечкъош хиллачо, кхин ма лечкъае» (Эпа. 4:28). Адам дерах лаьцна вай доьшу: «Шен динан ваша ца везарг адам дуьйш верг санна ву. Ткъа шуна-м хаьа, адам дуьйш долчу цхьана а адаман Делаца долу дахар хир доцийла» (1 Яхь. 3:15). Керлачу Весето чӀагӀдо, цу тайпана гӀуллакхаш деш болчийн Делан Олалла хир дац, бохург (1 Ко. 6:9-11; Гал. 5:19-21; Довз. 21:8). Делахь а, дагахь латтадойла вай, муьлххачу а

къино бохам бохьуш хилар, вай «даккхий къинош» ду аьлла билгалдаьхна доцучара а.

ХIинца юха а вайн психолагах, пациентах ловза долийначунна тIе доьрзур ду вай. Къилахь долчух лаьцна билггал хаар долчу пациенто цу сохьтта жоп лур ду: «Стиглашкара долчу олаллина муьтIахь ца хилар». Цунна къилахь долчунна а, законехь доцучунна а юкъахь йолу уьйр го.

## Законехь ца леларан денош

Цкъа тIаьхьарчу денойх лаьцна хаттар дира Iийсага мурдаша. Цо тIейогIун йолчу хенахь хиндолчух лаьцна дийцира царна, Ша шолгIа вогIун волчу хенахь дуьнен чохь хин долу хьал дIа а доьллуш. ХIара царах цхьаъ ду: «Зен-зулам совдалар бахьана долуш, дукхахболчеран безам лахлур бу. Амма и дерриг а чекхдаллалц лайнарг, кIелхьарвоккхур ву» (Мат. 24:12, 13).

ХIорраза а, динан тобанерачу нахе ас хаттар дича, вай дехачу заманах лаьцна ала мегар дуй, хIара ю-кх и зама, цара куьйгаш ойу, иза иштта хилар чIагIдарца кортош а теIош. Дукккханна а хетало таханалерачу юкъарлонера адамаш къинойх дуьзна ду, аьлла. Дукха кIезиг болчара хотту, нагахь иштаниш юкъахь нислахь а, нийса дуй те и мах хадор, олий. Делахь а, Iийсас Ша олучу дешнашкахь юьйцург юкъарло яцара. Цо юьйцург динан тоба яра! Шу цецдовла там бу аса иштта бинчу сацамах. Цунах лаьцна гойту шина аятехь долчу дешнаша.

Хьалхарнаш коьрта дешнаш ду: «Дукхахболчеран безам лахлур бу». Грекахойн маттахь «безам» боху дош *агапе* аьлла далийна ду. Грекахойн маттан эксперт волчу В. Е. Вайно яздо, *агапе* боху дош «дIаделлар дечу Синца … хIетталц евзина йоцу идеяш йийцархьама схьаоьцу». Iийсас аьлла: «Керла Весет до Ас шуна, вовшийн дезалаш («*агапао*», иза *агапе* бохучу цIердашах кхоллаелла хандешан форма ю), Суна шу дезаре терра (Яхьъя 13:34). Цу тайпана болу безам хIетале бевзина бацара адамашна,

иза Дала леррина Къобалвинчо беанера дуьнен чу. Цо иза ишттачу дешнашца билгалдаьккхира: «Суна шу дезаре терра». КхидIа Вайно боху: «Оцу безамо Кхачаме Волчун кIорггера, хаддаза болу «безам», шайга ларам хуьлийла а доцучарна а кховдабо». Билггал аьлча, кхузахь буьйцург юхавалар доцу безам бу, вайн дегнаш чу Дезачу Синехула биллина болу, Iийсас ма-аллара, «кху дуьнене тIеэцалур боцу» (Рим. 5:5; Яхьъя 14:17). И безам, Дала леррина къобалвина Iийса Шен КIелхьарвоккхур ву аьлла къобалвинчунна чохь бен, карбойла а дац.

Керлачу Весет тIехь кхин дешнаш а ду, «безам» бохург билгалдоккхуш долу. Амма царах хIорра а Делах тешар долчарна а, доцучарна а догIуш хуьлу. Оцу дешнех цхьаъ *филео* ду. Вайно билгалдаккхаре хьаьжча, *филео* бохург *агапао* бохучу безамах къаьсташ хуьлу, цо кIеда-мерза йолу юкъаметтигаш гайтарца … *Филео* боху дош, цкъа а ца оьцу адамашна Дела «веза везарх» лаьцна динчу весеташ тIехь. *Агапе* боху дош санна а доцуш, *филео* боху дош Делах тешар доцучарна а догIуш ду.

«Зен-зулам совдалар бахьана долуш, дукхахаболчеран безам лахлур бу» бохучу Iийсас далийначу дешнаша, *филео* боху безам а доцуш, *агапе* боху безам бохург гойту! Iийсас юьйцург адамийн юкъарло яцара, Цо Динан Тобанах лаьцна бохура. Цо Делера болу хаам бора, тIаьхьарчу деношкахь Динан Тоба зуламе долчух юзур ю, аьлла.

Цунах терра долу, Iийсас дина кхидолу чIагIдарш тидаме ца оьцуш дуьтийла дац вай. Царах цхьаъ ду Инжил тIера Маттайс дIаяздинчу тептар тIехь: «Соьга, ва Веза Эла! Бохучех хIораммо а тIеоьцур дац Стигланийн Олалла. Цига кхочун верг стигалахь волчу Сан Ден лаам кхочуш а беш, Цунна муьтIахь хила веза» (Мат. 7:21).

Оцу чIагIдаро дIадоккху, муьлхачу кепара хуьлу кIелхьарвалар бохург адамашна хетарехь билгалдаккхар. Вай хьехарш до, вай теша а теша, дан дезарг деккъа «къиношна дохковаларан доIа дар ду», тIаккха хьуна стиглашкахь

кийчча меттиг ю, бохучух. Вай юхатотту, я башха тидаме ца оьцуш дуьту, Делан весеташ кхочушдан дезар. Цу тайпанчу Делан диканах нийса ца кхетачу агІоно дуккха а долу адам тиладолуьйту, уьш ма-бохху муьтІахь хила дезарх юха а дохуш. Іийсас аьлла, Стиглашка кхочур ву, Делан лаам *даре а беш*, иза *кхочушбийриг*, цу тайпана Цуьнан весеташ кхочушдар а хуьлуш.

Дала билггал бакъдолу дика делла вайна, Цо тІедуьллург кхочушдан ницкъ а луш. Іебархошка яздинчу Кехатан авторо массара чул а дика аьлла цунах лаьцна: «Баркалле а долуш, Далла тамехь долччу кепара ян еза вай Цунна еш йолу Іамал» (Іеб. 12:28). Оцу дикано Делан лаам кхочушъяр а долуш, Іамал яр хуьлуьйту вайн.

Іийсас кхидІа боху: «Дуккха болчара эр ду Соьга цу дийнахь: «Ва Веза Эла! Хьан цІарах ца бора оха Делера болу хаамаш? Хьан цІарах дІа ца лелхадора оха жинаш? Хьан цІарах ца бора оха дуккха а тамашийна белхаш?» (Мат. 7:22).

Кхузахь дуьйцурш къаьсттина долу адамаш дац, амма дуккха а болчу нахах аьлла ду. ДагадогІий шуна, Цо лакхахь аьллачу дешнашкахь долу «дуккха а берш»? «Дукхаха болчеран безам лахлур бу». Оцу тобанаша Іийсага эр ду: «Ва, Веза Эла Хьан цІарах ца бора оха Делера болу хаам, жинаш лелхадора, тамашийна белхаш бора?» Делах тешар доцучуьнга цхьа а жин эккхалур дац Іийсан цІарах (Век. 19:13-17). Юха а Цо динан Тобане кхайкхам бора.

ТІаккха шаьш Іийсах тешаш ду бохучаьрга Цо эр ду: «ДІадовла Суна уллора, зен-зуламаш лелош дерш» (Мат. 7:23). Тидаме эцалаш, цара зен-зуламаш до бохург. Кхечу дешнашца аьлча, церан дахар тера ду, Іахаран тойне кхайкхинчу нехан дахарах. Оцу наха шайн дахаран хІоттамехь шайна луург дар, шайна тамехь дерг кхочушдар схьалаьцна, иза, Везачу Эло тІедуьллуш долчул, лараме а хеташ. Тахана иштта лелар, хила дезарг санна ду олий, тІеоьцу. Доцца аьлча, цара багахь шаьш муьтІахь ду олу Делан олаллина, ткъа билггал аьлча иза иштта

дац. Уьш шайн планашкахь долчунна муьтӀахь хуьлу. Царна дага а ца догӀу шаьш дийриг зуламе хилар. Суна и ала хала делахь а, ишттачу хьолехь беха таханалера Делах тешар ду шайн боху динан тобанера нах!

Ӏийсас бохург динан Тобанах лаьцна хилар дӀаделларан шолгӀа бахьана ду, Цо хӀара дешнаш алар: «Амма и дерриг а чекхдаллалц лайнарг, кӀелхьарвоккхур ву». Марафон чекхъяккхархьама, иза йоло еза. Делах тешар доцучара цкъа хьалха йоло еза и «марафон».

## ӀЕХАВАЛАРО ЙОУЬЙТУ ШОВКЪ, АГОНИ

Ӏийсас, векалша тӀаьхьарчу денойх лаьцна олуш, цара юх-юха а дӀахьедо нахе, кху заманахь хӀоьттинчу, *Ӏехаваларан* агӀонах лардалар хила дезар. И адам Ӏехадалар даржаран цхьа бахьана ду, къилахь долчух церан хаарш ца хилар. Цу тайппана дара сан йишин йолчу цамгарх со ца кхетар. Со цецваьллера цӀа веанчу хенахь, иза елла аьлла сайна хезча, хӀунда аьлча суна ца хаьара и цамгар оццул кхераме хилар. Цу тайпана долу хьал хӀоьттинера соьца 1980-гӀа шераш чекхдовлуш.

Цхьана дийнахь, ас доӀа дечу хенахь, суна хьалха синера долу сурт хӀоьттира, цо синца сема хилар даийтира суна, сан кхин дӀа долчу дахаре а, сан динан гӀуллакхе а хийцадалар догӀуш. Суна гулъелла цхьа йоккха тоба гира, цу тайпана цхьанаметта гулдела адам суна цкъа а ца гинера. Стиглашкарчу Пачхьалкхе чу воллучохь долчу кевнехь лаьттара уьш, шайна неӀ дӀа а йиллина, Везачу Эло иштта аларе ладоьгӀуш: «Сан Дас декъалдинарш, шу тӀедуьйла! Дуьне кхоьллинчу хенахь дуьйна схьа шайна кечдина долу, Сан Олаллера дахар дӀаэца» (Мат. 25:34). Амма цуьнан метта царна хезира: «ДӀадовла Суна уллора, зуламаш дийраш». Суна гира церан хийцаелла яххьаш, уьш чӀогӀа кхерабаларна царна шовкъ яр, агони хилар, уьш Ӏадор. Уьш даггара тешна бара, шаьш стиглашка кхочург хиларх, цара Ӏийса шайн Веза Эла хилар

а къобалдора, шаьш динан тобанан декъашхой хилар а тIеоьцура. Амма оццу хенахь къа латор бохург билгал хIун ду ца хаьара царна. Церан стиглашка кхача лаам хиллехь а, Ден лаам муьтIахь хиларца кхочушбарехь тIедирззина хилар кхоччуш дацара церан.

Дала, Шена муьтIахь долуш леларна, деган хьагам болу бераш лоьху. Бен дац, вайн дахаран муьлхачу агIонгахь хила тарло иза, вай, Делах тешар дерш хиларе терра, даккхийден деза Цуьнан лаам ваьш кхочуш барх. Шен дахар чекхдала герга долуш, ша муьтIахь хиллачух шен кхиамаш хилла а, муьтIахь ца хиллачу хенахь баланаш тIебаьхкина а хиларан жамIа деш, Сулим-паччахьо боккха чулацам болу иштта хьекъале дешнаш элира: «Хьуна дIахезначу дерригенан а жамI иштта ду: Делах а кхера, Цуьнан весеташ кхочуш а де, хIунда аьлча хIора адамна тIедиллина декхар ду иза» (Устаз 12:13).

Маттайс дIаяздинчу Инжило (7:23) боху: «Генадовлал Суна уллора харц белхаш лелош дерш! Суна шу цкъа а девзаш ца хилла!» Цхьаболчеран хаа лаам кхоллабала там бу, и дешнаш тешар долчарна хьажийна хIунда ду те, Iийсас иштта ма аьллера: «Суна шу цкъа а девзаш ца хилла»? Дагадаийталаш, тешар доцучаьрга Iийсан цIарах жинаш лелхалур дац бохург. Iийсас «Суна шу цкъа а девзаш дацара…» бохучух нийса кхетар хила деза. «Девзаш» боху дош, грекахойн маттахь *гиноско* боху дош ду. Оцу дашца Керлачу Весетехь боьрша стеган, зудчун йолу юкъаметтиг билгалйоккхура (Мат. 1:25).

Цо юйцург уллора юкъаметтиг ю. Билггал аьлча, Iийсас аьллера: «Суна шу цкъа а уллора девзина дац». Коринтхошка яздинчу Хьалхарчу Кехат тIехь (8:3) (грекахойн маттара керла гочдар тIехь) яздина ду: «Ткъа цхьанна Дела везаш велахь, иза Далла вевзина». Кхузахь а эцна ду и *гиноско* боху дош. Далла уллора вевза, Иза везачарна. Иза везарш Цуьнан олаллина муьтIахь хуьлу, Цуьнан дашо бохург а до цара. Iийсас аьлла: «Со ца везачо Сан дешнаш а тIе ца оьцу» (Яхьъя 14:24).

Корта 4

# Зуламаш лелочийн къайлаха долу олалла

*Цхьаммо аьлла а доцуш, амма Дала дӀаделларо делла хаар уггар тоьлла йолу гӀап ю Ӏехаваларна дуьхьал.*

Йозанаш тӀехь дуккхазза а даладо «тӀаьхьара денош» боху дешнаш. Цхьана агӀор и денош уггар дог тохадалар доуьйтучу заманца доьзна хила тарло, ткъа вукху агӀор хьаьжча, дуьненан исторехь адамаш уггар а холчу хӀоттийна зама хила а мега иза. Иза дог тохадалар доуьйтуш хила тарло, хӀетталц цхьана а тукхамана гина доцучу тайпана Делан сийлалла вайна гаран тешаш вай хир долу дела, синош инзаречу тайпана Далла тӀедерзар гуш. Иза сийлаллин, даккхийдеран, кхел яран, кхерам тасаран зама хир ю.

ТӀаьхьара денош дукха ирча хир ду. ПахӀал-векало кхеттош аьлла вайга: «Хаалахь, тӀаьхьарчу деношкахь хала хенаш хир ю» (2 Тимапи 3:1). Оцу дешнел хьалха цо иштта элира: «*Хаалахь*». Кхечу дешнашца аьлча: «Дикка дагахь латтаделахь, ас хӀинца язден дерг; тидаме а эций, хьайн кхетам чу диллалахь иза!»

Цул тIаьхьа, кхозлагIчу коьртехь, цо кхоччуш шуьйра дIадоьллу оцу заманахь хиндерг. Царах ирча денош эр дац, тешар долчарна Iедалехь болчара я атеисташа таIзар дар бахьанехь. Оцу заманахь холчу хIоттар доьзна хир ду Динан Тобанашкахь адамаш Iехадалар шуьйрра даьржар долу дела. и дIахьедар дукхазза а хеза Керлачу Весетан агIонаш тIехь.

Iехавалар – ирча хIума ду. ХIунда ду? Цуьнан чулацамехь харцдерг долу дела! Iехаделла адам даггара теша ша бакъ хиларх, оццу хенахь, билггал аьлча, иза иштта доццушехь. Инжил тIехь Iийсас дукхазза а дIахьедо адам Iехадаларх лаьцна. Маттайс дIаязбинчу Хазачу кхоан (24-чу коьртехь) Цо доьазза олу цу агIонах лардала дезарх лаьцна. Билггал аьлча, Iийсан мурдаша, хIун билгалонаш хир ю Цуьнан юхаваран аьлла Цуьнга хаьттича, Цо тIаьхьарчу денойх лаьцна аьлла хьалхарниг дара: «Ларлолаш цхьаммо шаьш ледарх» (Мат. 24:4). Цуьнан дIахьедарехь тIетеIор го: аз тIетаьIIина а, айаделла а ду. Шен дешнаш мурдийн дегнаш чохь гуттаренна а диса лаьара Цунна. Iийсан дешнаш дийна долу ши эзар шо ду. Вайн хьекъалалла хила деза, Цо тIедиллинарг дIататтар а доцуш.

## Коьрта ши хаттар

Ваьшна хьалха ши коьрта хаттар хIотто деза вай. Хьалхарниг: хIун ду Iехаваларан коьрта бахьана? ШолгIа: и Iехавалар цхьа а дуьхьало а йоцуш дIаса хIунда даьржа? Хьалхарчу хаттарна жоп луш, ас эр ду, цунах лаьцна вай дIабаханчу коьртехь дийцира. Иза стиглашкара схьа долчу олаллина муьтIахь ца хилар я законехь ма-бохху ца лелар ду. Вайга вай лардала дезар дIахьедина:

> Делан дош кхочушдеш болчарах хилалаш, цуьнга ладугIуш дерш бен доцуш, шаьш Iехочарах дIа а ца тарлуш (Якъ. 1:22).

Иза забар яц! Йозанаша вайга боху, нагахь адам, шена Делан Дош *хеззашехь*, цу тIехь долчунна *муьтIахь* ца хилахь, тIаккха цуьнан кхетаме, даг чу Iехавалар догIу. Иштта долу адам тешна хуьлу, ша нийсачу некъахь хиларх, ша нисса дуьхьал болчу некъахь воьдуш воллушехь. Делан олаллина билггал муьтIахь ца хиларо, ткъа цу юкъа догIу Делан Дош ларар а, гуш боцучу, амма онда болчу Iехавалаpан ницкъана неI дIайоьллу.

ТIаьхьарчу заманахь Iехавалар хуьлуьйту агIонаш оццул чIогIа хIунда яьржина те? ПахIала яздо: «Шаьш кIелхьардохур долу билггал долу бакъдерг безамца тIе ца эцарна а, иза ца дезарна а» дуккха а берш Iехабелла хир бу (2 Тас. 2:10). Билггал бакъдерг дезар бохург, деккъа иза хезна Iар бохург дац, амма цунна муьтIахь хила деза бохург ду. Цхьана пайхамаре Дала аьлла:

> Ткъа хьох лаьцна, адамийн кIант, хьан халкъах болчу наха пенаршна тIехьа а, цIенойн неIаршкахь а, цхьаммо вукхуьнга а, вашас шен веше а дуьйцу, иштта а олуш: «ГIой, ладогIийша, Везачу Элере хIун дош деана». Уьш, тобанан гуламе санна, тIебогIу хьуна, тIаккха хьуна хьалха охьахуу Сан халкъ, цара хьан даше ладугIу, *амма «иза кхочуш ца до»* цара, хIунда аьлча цара иза ловзаме доккху, церан дегнаш шайн лаамехь долчух дуьзна ду (Яхь. 33:30,31, курсив тIетоьхна авторо).

Тхан динан тобанера дукхахболчарна хазахета дика динан хьехамаш, хьехар, амма и хьоьхург дахарехь лело дезар тIедеача, цара хIетте а, шайн лаамехь дерг хьалхадоккху, Делан лаамехь долчул (2 Ти. 3:1,4). Хьаннал а, дуьненахь мел долчу хIуманал а сов, билггал бакъдерг дезар совдала деза вайн. Ваьшна там беш долчул а, ур-атталла вешан дахарал а, Цуьнан лаамехь дерг дезар хила деза вайн. ТIаккха, вешан лаамаш юха а бохуш, вай Делан лаам кхочушбар хьалхадаккхарх дагна там

хир бу вайна. Вешан дахаран дукъ тIе а лаьцна, Цуьнан лаам кхочушбархьама, вайн йолчу бакъонех, привилегех къаьстар ду вай. ХIунда? Иза Дела волу дела а, вайн Кхоллархо, вай КIелхьардохург волу дела а, Цуьнан вайга болу безам кхачаме а болу дела а. Оцу агIоно бен, лардийр дац вай Iехадаларх.

Ткъа буй теша динан тобанашкара тешар долчарна юкъахь цу тайпана шаьш Делан дуьхьа къобалбинарш? Билггал долуш долчо кхиниг гойту. Инзаре дерг ду, Йозанаш яздинчарна таханлерачу деношкахь хиндерг оццул девзина хилар цу хенахь а, вайна тахана тоам боллуш доцург.

## ЗУЛАМАШ ЛЕЛОРАН КЪАЙЛАХА БОЛУ НИЦКЪ

Кхин а цхьа агIо ю, таханлерачу дийнахь харцонаш лелор даржаран бахьанан таллам бечу хенахь, дагахь хила езаш йолу. Вайга дIахьедо: «Къайлаха долу зулам хIинцале а къахьоьгуш ду» (2 Та. 2:7) (Вайн заманан гочдарехь долу Керла Весет. – Билгалд. гочдарх.). Грекахойн маттара «зуламаш дар» бохург, оригиналехь *аномия* ду, цунах лаьцна баханчу коьртехь дийцира вай. Тидаме эцалаш, иза цхьана къайлаха болчу ницкъаца я олаллица доьзна хилар. Делан Йозанийн кхечу гочдарехь (оьрсийн маттахь – Синодальни гочдар. – *Билгалд. гочдарх.*) цунах лаьцна «зуламаш даран къайле» олу. Къайле цуьнан къайлаха болчу ницкъана тIехьа лечкъиина ю. Тешар долчийн дахарехь оцу зуламийн ницкъ хир бац, и даьлла зулам гучудаккхахь. Цуьнан ницкъ хуьлу, нагахь иза йоккхачу мекарлонца лачкъийна делахь. И ду къайле бохург. Дала дIахьедо вайга иза, оцу къайленах а, къайлаха болчу цуьнан ницкъах а лаьцна хаар доцуш вай ца дисийтархьама (хь. 2 Ко. 2:11).

Иблис – Iехоран говзанча ду. Ойла елаш цуьнан: иза Далла дуьхьал иркарахIоьттира, маликийн кхоалгIа дакъа а цунна тIаьхьахIоьттира (Довз. 12:3,4). Ткъа иза хилира кхачаме долчу дахарна юккъехь, сийлаллех вуьзна волу Веза Эла уллохь а воллушехь! Iийсас хьалххехь хаам бора, иблис харцдерг

дуьйцург хилла а ца Iаш, харцдолчун да а ву бохучух лаьцна (Яхьъя 8:44). Дала леррина Къобалвинчо чIагIдора, тIаьххьарчу деношкахь харцдолчун а, Iехаваларан а шатайпана болу ницкъ хир бу, ур-атталла дIакъастийна болчех а цхьаберш Iехалур бу, бохуш (хь. Мат. 24:24).

Цунах цецдовлар хила ца деза вайн. Нагахь иблисе стиглашкара миллионашкахь долу маликаш а шена тIаьхьа дахаделла хилча, хIунда хир дара цунна хала дуьненара адамийн тобанаш леян, «кху дуьненан вочу некъашна тIедевлла а, хIаваан ницкъийн элана тIаьхьахIиттина а лелаш йолу» (Эпа. 2:2). Вай хIинца дехаш ерг ю и Iийсас йиийцина зама, цундела тидаме хиларца толлур вай ПахIала Коринтхойн тобане дина дIахьедар:

> Амма со кхоьру, шен хIилланца лаьхьано Iехийна йолу Хьава санна, Дала леррина Къобалвинчунна догцIена а, даггара а шу тешаме хиларх, мухха а шун хьекъалш ледийр дуй теша бохучух (2 Ко. 11:3).

ПахIала дустар до Iаткъамалла хуьлчу тешар долчарна а, Хьавин Iехаяларна а юкъахь. Шеко а йоцуш, иблисана дагайогIун йолчу мекарлонашна юкъахь, уггар а хIилланах дуьзнарг, Хьава леяр дара. Иза дукха хазачу меттигехь ехаш яра, иблисехьара цхьа а Iаткъам бар, тIетаIадар а доцуш. Дела уллохь хиларх зовкъхьегар а хуьлуш, дуьненахь болчу кхетамах паргIат а йолуш. Иза иркарахIотторхьама, уггар а мекарлонах юьзна йолу агIонаш лаха дийзира иблисан. Цуьнан цIена ойланаш йохорхьама, шен мекарлонан къайлаха дерг схьаийцира цо. Иблисо Хьавина дуьхьал схьаэцначу тактикех вай кхетахь, вай цуьнан тоьлла долу герз гучудоккхур ду; вай кхетар ду, вай муха Iехо гIерта иза бохучух а, тахана дуккха а берш хIунда дIалоцу Далла дуьхьалбовларо бохучух а.

Дагадайиталаш, Хьава Далла муьтIахь хиларх мекарлонца

юхаяьккхинера, ткъа Адамна дика хаьара, ша хIун деш ду. Динан тобанашкахь а дукхазза а го суна, адамаша шуьйрра дIабиллинчу бIаьргашца Дала тIедуьллург кхочушдеш ца хилар, шаьш дийриг хIун ду шайна шерра хуъушехь. Уьш Iехабеллачохь ца лаьтта. Уьш кхерамечу агIонна тIе бовлу, цу тайпана синошца далар а догIуш (Рим. 8:13). Церан къиза дегнаш ду, уьш кхето хала ду. Амма кхинтайпана долу адамаш а ду, – динан тобанехь иркарахIиттар хуьлуш долу, – уьш *Iехабелларш* бу. Хьаваца ма-хиллара, хаарш ца хиларо Iехабаларан некъа боху уьш, харцдолчун къайлаха болчу ницкъо дIа а лоцуш.

Хаарш ца хилар – иза Iехаваларна долу дика бахьана ду. Дала аьлла: «Иштта Сан халкъ йийсаре гIур ду, Везачу Эло дечух уьш ца кхетарна» (Еш. 5:13) я «хаар ца хиларна» – Делан Йозанийн ингалсан гочдарехь (NKJV). – Билгалд. гочдарх.). Делан некъех а, Цуьнан синошца доьзна долчу законех а долу хаарш вайна дIаделларо мостагIчо вай ледарх лардо. Делан билггал бакъдолчун серлоно харц мел дерг гучудоккху вайна, вай Iехадаларх а лардо.

## Делла долчу хаарна дуьхьал долу дIаделладалар

Дала адам Iедан беша даха а хаийна, элира: «Ткъа цу стагана Дала тIедиллира: «Массо а дитт тIера стом баа мегар ду ахьа, амма дика а, вон а довзуьйтучу дитта тIера ма баалахь, хIунда аьлча ахьа оцу тIера стом биинчу дийнахь валарца дIавер ву хьо», - аьлла» (Дол. 2:16,17).

Цул тIаьхьа везачу Дала зуда кхоьллира стеган пIендарх. Иза жимма хан яьлча хилла хила тарло, хIунда аьлча зуда кхоллале, Адамна дерриг а дийнаташ, стиглашкара олхазарш гар хиллера, царна цIераш а техкинера цо.

Дала дуьххьалдIа Адаме аьлла ма-хиллара, и тIедилларш, шега олуш ца хезнера Хьавана. Тешна, шаьш цу Делан бешахь

лелачу хенахь дийцина хир дара Адама царах лаьцна Хьавага. Цунах вайн кхета таро ю, Хьавас лаьхьане деллачу жоьпийн ойла йича. Тидаме хиларца хIара дешнаш дIадешалаш:

> Везачу Дала кхоьллинчу акхарошна юкъахь уггаре а хIилла долуш лаьхьа бара. Цо оцу зудчуьнга элира: «Бакъ дуй и, хIокху бешара цхьанна а дитта тIера Дала шуьга стом ма баа аьлла бохург?» Зудчо жоп делира лаьхьане: «Дитташ тIера стоьмаш даа мега тхуна, амма ялсамане юккъехь цхьа дитт ду, цу тIера стом а ма баа, хьакха а ма ло цу диттах аьлла тхоьга Дала, тхо дала ца далийтархьама (Дол. 3:1-3).

Цкъа-делахь, тидам белаш, лаьхьанна Дала тIедиллинчух шеко еача, Хьавас цкъа хьалха «мега тхуна» олу, цу сохьтта «Дала аьлла…» олучу меттана. Иштта хуьлу, низамах, хила дезачух лаьцна дерг, цхьана юкъарлочуьнгахула хезначу адамо луш долу жоп. И тIедиллар Деллачуьнгара схьа долуш санна долчу даг чуьра а, Iалашонца а делла жоп дац иза .

ШолгIа-делахь, тидам белаш, цо делла жоп Дала динчу тIедиллларехь долчух къаьсташ хиларан. Цо шегара тIетуху: «… цу тIера стом а ма баа, хьакха а ма ло цу диттах аьлла тхоьга Дала, тхо дала ца далийтархьама». Дала цхьа дош а ца аьллера цу диттах хьакхаваларх лаьцна. Иза кхин а цхьа масалла ду, хIун хуьлу цхьанна дIаделладелларг, Везачу Делера а доцуш, кхечу адамехула хилча.

Дала олу Дош Шен Синехула дIадоьллуш хилча, иза вайн дахаран дакъа хуьлий дIахIутту. Иза иштта хила тарло, вай цхьа тептар доьшуш, хьехаме ладугIуш я ваьш долчохь вай Делан Йозанаш доьшуш, я Дезачу Синца вайн юкъаметтиг хIотталуш. Дала делла весеташ билггал дара, цунна гонаха мел дерг санна: иза цуьнан дахаран дакъа дара. Ткъа кхечу агIор, вайна Дала тIедуьллург хазахь, амма Дезачу Синехула иза вайна дIа ца делладеллехь, уьш вайн дахаран декъан юкъа ца догIу. И

тIедилларш, вайна закон санна бен ца хуьлу, ткъа «къилахь долчун ницкъ (муьтIахь ца хиларан) – иза закон ду» (1 Ко. 15:56).

Аса хьалха аьлла ма-хиллара, Адама дийцина хир ду Хьавага оцу тIедилларх лаьцна. Тешна Хьава ша гIоьртина а хир яц, цунах лаьцна Деле хатта. Адама шега аьлларг, цо «ма-бохху» ду аьлла тIеэцна хир ду Хьавас. Иза, цунна шена дIадиллина долу хаар дацара, иза кхечуьнгахула аьлларг дара, и бахьанехь ша Iехо гIоьртинчунна дуьхьалъяла ницкъ ца кхочура цуьнан. Цундела шен тIегIортарна Хьава къастийнера цо, Адам а оьцуш.

ДIаделладаларехула вайна хиллачу хааро бен, лар ца до вай Iехадаларх. Дуккхаберш законийн лоллехь хуьлу, Йозанаш тIера хаарш, хьехамаш я магош доцург, кхечуьнгахула хезна схьаэцча. Бен дац, иза хьаьнгара схьа хуьлу бохург: дегара, ненера, динан хьехархошкара, видеошкахула, книгашкахула – уггар хьалха хIора хIуманна тIехь а Делан лаамехь дерг лаха деза. Цо кхетар лур ду вайна, Iехадаларх лардалархьама. Кхечу тайпана хилча, деккъа закон лелор хир ду иза, дахар а доцуш.

Адамашка тептаран коьртехь дерг я цу тIера аят ма-дарра юха алалур ду, амма Делан Йозанан чулацамо луш долу дахаран Iаь тохар, хир дац церан. Шайн дог-ойла айеллачохь цара шайн керлачу, оццу хенахь цхьана семинарехь я конференцехь шайна хезначу хьехамех лаьцна дуьйцур ду, амма шаьш дуьйцуш долчуьнца ма-доггIу даха ницкъ кхочур бац церан. Иза церан дахаран дакъа хилла дIа ца хIутту. Даьсса дуьсуш долу дешнаш олу цара, Дала ма-бохху дахар дохьуш доцу. Иштттаниг хуьлчу хенахь, дукха атта Дала бохучунна тIе шайгара цхьаъ тIетоха, я тIера дIадаккха болчу лаамо дIалоцу уьш. Уьш дукха атта Iехало, церан Делан некъех долу хаар тоам боллуш ца хуьлу дела.

Суна дукхазза а хезна иштта дешнаш: «Гой хьуна, сан ваша, ахча – вон долчу дерригенан орам бу!» Амма Дала бохург кхин ду. ХIара ду Цо аьлларг: «Ахча *дезар* – иза ду вон мел долчун орам» (1 Ти. 6:10, курсив авторан).

Нагахь ахча вон мел долчун орам белхьара, вайна Іийсан кхачамбацарш а карор бара, хІунда аьлча Цуьнан Шен стаг вара ахча лелош волу, шеца ахча чу дуьллу тІоьрмиг а лелош! Цкъа цхьана зудчо, шена чохь деза даьтта долу, кхаба йохийра, цунна цхьана шарна догІучу алапца дусталун долу, цо Іийсан когашна тІе хьаьккхира и даьтта. Ткъа ахча тІех дезар долуш волчу ЯхІудан дог дуьйхира и хилларг шена гича. Везачу Эло Ша тІехтуьйхира цунна иза, ткъа зудчо динарг къобалдира (Яхьъя І2:3-7).

ХІан-хІа, ахча а доцуш, и ахча тІехдезар – иза бу массо а вочун орам. Иза доьзна ду ахча дезар тІехдаккхарца а, и ахча дезаро дІалацарца а. Ахчане легалистски хьажаро, ахчанца йолу агІо нийса ца хилар доуьйту, амма Далла луург иза дац. Ахчане хьагам хиларх а, цунна дог дІадалар хиларх а лардалар хьоьху вайна Везачу Эло. БІаьрмециг долчу адамашна шайн ахча Дала ма-бохху лело ца хаьа. Оцу агІоно гойту, Делан Дош церан дегнаш чу дІаделладалар санна ца доьжна хилар. Цара Делан Дашах кхечу адамаша шайга аьлла долу хаар бен тІе ца эцна, цундела атта Іехабалар хин долчарна юкъабогІу уьш.

Иштта, хаар муха схьаоьцу вай дІаделладаларехула? Везачу Элана хьалха муьтІахь хиларца а лелаш, Делах кхерар а долуш, Делан безаман алу даг чохь а йолуш вай лелча. Дала аьлла:

> Ткъа хІорш бу Со хьожун берш: Ша кІезиг хетачуьнга а, дог доьхна волчуьнга а, Сан дашна вегавеш волчуьнга а Сан ларам бу (Еш. 66:2).

Цуьнан Дашна хьалха вегавар дерг, цу сохьтта муьтІахь хир ву Цунна, шена цунах сан ер яцахь а. Иштта волчу стеган билггал бакъдолу Делах кхерар хир ду. Ткъа Дезачу Йозанаша къаьстташ боху: «ПаргІат юкъаметтиг ю Везачу Элан Шега ларамах буьзначаьрца, Шен барт а Цо царна бовзуьйту» (Заб. 24:14).

Сулим-паччахьа шен дахаран чакхенгахь аьллачух кхета хІинца аттахо хир ду вайна: «Хьуна дІахезначу дерригенан

а жамI иштта ду: Делах а кхера, Цуьнан весеташ кхочуш а де, хIунда аьлча хIора адамна тIедиллина декхар ду иза» (Уст. 12:13). Дала Шех кхерар долчарна дIайоьллу Шен къайленаш я Шен некъаш. Яхьъяс аьлла:

> ХIара ас яздина шу *ледан* лууш болчарах лаьцна. Шу Делан КIанта къобалдина ду, ткъа иза шуьца дуьсу. Цундела шуна кхин хьехархо ца оьшу – цу къобалдаро шуна дерригенах лаьцна хьоьху. Ткъа иза харц дац – иза билггал бакъдерг ду, Цо шайна хьеххначунна тIехь латта (1 Я. 2:26, 27, курсив авторан).

Вайна го, дIаделларехула деллачу Делан Дашо, вай Iехадаларх лардеш хилар. Хьава леярца иркарахIоттийнера, Дала дIадиллинчуьнгахула долу хаар шен ца тоарна. Цунна къаста ца делира лаьхьанан дешнашкахь долу харцдерг а, цуьнан мекарло а.

## Муха дира иза лаьхьано?

ХIинца кхиндIа а гIур ду вай, мухачу кепара лейира лаьхьано и зуда, бохучу хаттарна жоп а луш. Цуьнан мекарлонца тIегIортаран хIун Iалашо яра те? Оцу хаттаршна долу жоьпаш довзар, дахарехь оьшург ду. Ойла елаш, мухачу мекарлонца тилайолуьйту цо иза бохучун? Хьава дукха дикачу меттигехь ехаш ма ярий. Олаллехь волчу цхьаммо а ницкъ ца бора цунна. Цуьнан синIаткъам хуьлийла дацара дера волу да хиларехула, шена тIехь хьаькам хиларехула, я цхьаьна болх беш волчуьнгахула. Иза дукха хазачу заза даьккхинчу бешахь Iаш яра, жинаша хьийзаярх паргIат яра иза. Цунна деккъа Делан дика а, Цо шен гIайгIа бар бен ца довзара. Иза Дела шайна уллохь хиларх зовкх а хьоьгуш лелара. ТIаккха муха Iехаелира те иза лаьхьанна?

Дагадаийтийша Делан весет: «Массо а дитт тIера стом [*парггIат*] баа мегар ду ахьа, амма дика а, вон а довзуьйтучу

дитта тӀера ма баалахь, хӀунда аьлча ахьа цу тӀера стом биинчу дийнахь валарца дӀавер ву хьо» (Дол. 2:16-17).

Делан ниӀмато лора: «стом [*парггӀат*] баа магар..», – ткъа оццу хенахь Цуьнан олалло доза хӀоттадора: «амма дика а, вон а довзуьйтучу дитта тӀера ма баалахь», олий. Дала чӀагӀдора, Адама, Хьавас и цхьаъ доцучу, муьлххачу а дитта тӀера стом парггӀат баа мегар ду бохург.

Делан амалехь ду безам хилар, дика далар. Цуьнан лаам бара, Ша везар волу а, Шена муьтӀахь хир болу а доттагӀий Шен хилар. Цунна роботаш ца оьшура, шайн лаамехь боцу. Шен долччу аматехь а, амалехь а долуш, шайн паргӀат болу лаам болу бераш хила лаьара Цунна Шен. Оцу диттана доза хӀотторца, церан синойн далар хиларх ларбора Дала уьш. Цу юкъа церан лааман дакъа а дан дезара. Ткъа тешарий те уьш, барий те уьш Далла муьтӀахь? ТӀедиллар ца хилча, харжа хӀума а хир дацара.

Лаьхьанан дешнийн тидам белаш: «Везачу Дала кхоьллинчу акхарошна юкъахь уггаре а хӀилла долуш лаьхьа бара. Цо оцу зудчуьнга элира: «Бакъ дуй и, хӀокху бешара цхьанна а дитта тӀера Дала шуьга стом ма баа аьлла бохург» (Дол. 3:1). Вайн заманан маттахь иза иштта хезар дара: «Суна, Дала шуьга цхьана а дитта тӀера стом ма баа, аьлла, бохуш, хезнера. Бакъ дуй иза?»

Шен тӀегӀортар Дала тӀедиллинарг гамдарх доладо лаьхьано. Оцу весетан маьӀна кхечу агӀор дерзорца, Делан йолчу Ӏалашоне шеко йоуьйту цо Адаман, Хьавин даг чу. Лаьхьанна лаьара Хьавин кхетам хийцабан, цу тайпана эххар а цуьнан даг чу шеко яр доуьйтуш, Дела къинхетаме, нийса хиларх. Шега и дан ма делли, лаьхьано дукха атта Везачу Делан олаллина дуьхьалйоккху Хьава.

Дела комаьрша хилар юха а тоттий, Цо магийна доцучу деккъа цхьана хӀуманна тӀе бохуьйту цо Хьаван тидам. Дала царах цхьа дика дерг къайладаькхина бохург къадийра лаьхьано. Деккъа цхьа хаттар дарца, Дала Адамна, Хьавина

диканна хин долу тӀедиллина деккъа цхьа хӀума гамдира лаьхьано, иза царна дика хилийтарна дуьхьало еш йолу нийсо ца хиларна тӀе а доккхуш. Цуьнан озехь ца башар хаало: «ТӀаккха хӀун, цхьана а дитта тӀера стом ма баа аьлла шуьга Дала?» Оцу бешахь мел долчунна тӀе кховда церан бакъо хилла йоллушехь, Хьавин тидам оцу деккъа магийна доцучу цхьана дитта тӀе бохуьйту лаьхьано. Дела «цхьа хӀума схьайоккхург волуш санна» хетуьйту лаьхьано Хьавана, Иза Шен аматехь – «луш верг» воллушехь.

Веза Дела нийсо йоцург волуш санна а гайтина, Цуьнан олаллина тӀегӀорта лаам бара лаьхьанан. Иблис сонта дац; шен тӀегӀортарехь Делан олаллин бухехь дерг дӀалоцу цо: «Нийсо а, бакъдерг а Цуьнан Ӏаршан бух бу» (Заб. 96:2). Цуьнан Ӏарш – иза Цуьнан олаллин билгало ю. Нагахь санна иблисана адам Ӏехадарца Делан бакъахьара йолу амал галъяккхалахь, Цуьнан олаллин бухехь дерг а шеконе дер ду Цо кхоьллинчеран бӀаьргашкахь.

Лаьхьано деллачу хаттарна жоп луш, зудчо иза нисдо:

> «Дитташ тӀера стоьмаш даа мега тхуна, амма ялсамане юккъехь цхьа дитт ду, цу тӀера стом ма баа, хьакха а ма ло цу диттах аьлла Дала тхоьга, тхо дала ца далийтархьама» (Дол. 3:2,3).

Хьавана цу тӀедилларо бохург хӀун ду те хаа лиъна хила а тарло. Делан диканах лаьцна ойла йина хила а мега цо. Шуна ешалур ярий цуьнан ойланаш? «*Иза-м вон хӀума ма дац... Суна-м ца хаьа, хӀунда ца мега тхуна оцу дитта тӀера стом баа. Цунах хӀун зулам дер ду? ХӀун воний ду цуьнца тхуна хир долу?*» Делан Ӏалашонех лаьцна шен даг чу шеко еача, Хьава кийча хилла хир ю, Делан олалла хиларехь а шеко даг чу тасийта.

Везачу Делан авторитетан, Иза билггал бакъ хиларан, Цуьнан кхачаме йолчу амалан сий дайархьама, лаьхьа Делан

Дашо бохучунна дуьхьало ярца тӀегӀоьрта: «ХӀан-хӀа, лийр дац шу, амма Далла хаьа, аша оцу дитта тӀера стом биинчу дийнахь дуьйна шун бӀаьргаш дӀабеллалур буй, дика-вон а девзаш, шу Цуьнга дӀатарлур дуй» (Дол. 3:4, 5).

ХӀилла лело говза болу иза, Хьаван Далла тешаме хиларан бух бохо гӀоьртира. Иза гуш лаьтташ Далла дуьхьалболу, Хьава лийр яц бохучунна тӀехь чӀагӀъеш. Иблисо шен агӀор дерг гойту: «Даларан метта, шу Дела санна хилла дӀахӀуьттур ду. Шун йиш хир ю дика я вон харжа, шу хьекъале хир долу дела. ТӀаккха шуна юкъарло лелориг оьшур вац хазархьама, я нийса доцучу тӀедилларшна муьтӀахь хила а дезар дац шун».

## КЪА ЛАТОР ДЕАЧА – ЦУЬНЦА ЛОЛЛЕ ДАХАР А ДОГӀУ

Хьавана инзаръялар, йоьхна хьовзар тӀедеара. Иза цецъелира: «*Дала хӀунда ца магадо те суна и стоьмаш даа?*» Иза хӀинца керлачу хьажарца хьаьжира дитте, цу тӀера стоьмаш, керлачу бӀаьргашца дикахо гархьама. Цо жамӀ дира, и стоьмаш вон дац, кхераме дац, мелхо а, уьш-м тамехь ду, аьлла. Цо сацам бира: «*Уьш тешна даа мегаш хир ду, цара цу тӀе, билггал кхин а хьекъале дийр ду тхо*», - аьлла.

Ишттачу хьажаро бӀаьрзе йира иза. Оцу цхьана диттана тӀе тидам а бахийтина, цунна комаьршаллех дуьзна долу дика дицделира. Цо ойла йора: «*ХӀокху дитто цхьа дика дохьур ду тхуна, ткъа Дала иза къайладаьккхина хилла тхох. Цу тӀера дерриг стоьмаш тхан хила йиш яра. И хӀунда дина те Дала тхоьца? Нагахь Цо тхо оцу диттана улло дохуьйтуш ца хилча, кхин а хӀун къайладаьккхина те Цо тхох?*» – бохуш.

Нагахь Делан амал, Цуьнан кхачаме хилар, Иза къинхетаме хилар шеконе даккхахь, шена цхьа а таӀзар дар хир дац бохучух тешар долуш, тӀаккха цхьа а бахьана а ца дуьсу Цуьнан олаллина муьтӀахь хиларна. Хьаван шен лааме яларо Делан лаам юхабоккху. Цо, стом а баьккхина, шен куьйгахь ловзийра – цунна

хIумма а ца хилира. Лаьхьа бакъ хила там бу. ТIаккха, цуьнан чам а баьккхина, шен майрачуьнга а кхаллийтира цо иза.

Цушиммо оцу дитта тIера стоьман чам баьккхича, церан бIаьргаш цIеххьана дIаделладелира, тIаккха шайна тIе эхь доссаран, кхерам тасаран тулгIе тIекарчар хааделира царна. Шаьш дерзина хилар гира цушинна, муьтIахь ца хиларца синошца далар тIедеара царна. Церан дилханах нуьцкъала куьйгалхо хилира, хIинцачул тIаьхьа царна тIехь олалла дийр долу. Делан Дош шеконе а даьккхина, Iехабаларан некъа тIе уьш бовларна, цара Далла дуьхьал инкарло еш болчийн куьйгалхочунна неI дIайиллира, тIаккха цунах церан бодане волу олахо хилира. Дезачу Йозанаша чIагIдо: «Шу кхеташ дац те, леш санна цхьанна муьтIахь хила шу карадахча, шу къар а лой, цуьнан леш хуьлий? Я къинан леш хуьлу шу, ткъа иза бахьана долуш шу хIаллакдийр ду, я Далла муьтIахь хиларан леш хуьлу, ткъа иза бахьана долуш шун Далла хьалха бакъдар ду» (Рим. 6:16). Боданан олахочун Адаман, Хьаван дахаре юкъагIорта бакъо хилла а ца Iаш, иштта кху дуьнен чу ван а бакъо елира. Векало ПахIала цунах лаьцна иштта яздина: «Цхьана адамехула – Адамехула – дуьнен чу къа деара, ткъа къинехула Iожалла а еана. Иштта Iожалла а хIора адамна тIееана, массара а къа латийна дела» (Рим. 5:12).

Уьш дуьхьалбовлале deralla яцара, цабезам бацара, вовшийн къинтIера ца довлар дацара, барт бохар, эладитанаш дацара, бохамаш, харцдерг дийцар, талор дар дацара. Иштта божарийн, зударийн нахаца лелар дацара, наркотикашна, маларшна тIаьхьабовлар дацара, адам дер дацара, къола дар дацара. Зударшца, берашца къиза хилар дацара. Цамгарш, валар, къоьлла боху агIонаш йовза а ца йовзара. Адамна цкъа а ца гинера Iаламера катаклизмаш, бохамаш, эпидемиш. Акхарой вовшашца машаре ехара. Лаьттахь тийналла а, машар а бара, дерригенна тIехь олалла дийриг Дела волу дела.

МуьтӀахь ца хиларо дуккха а бохамаш юкъабалийра, цара адамийн дуьнене хьажар хийцира, иза дерриг дуьнен чохь а даьржаш. Оцу дуьйцучун могӀа, тукхамера тукхаме даржар а хуьлуш, кхин а боьхачу доьрзу. Адам, Хьава Дала бохучунна тӀера хилар дӀаделира, ткъа цара динчо, адам харцдолчун къайлаха долчу олаллин доладалар деара. Оцу олалло Ӏехадарна, адам Стиглашкара шена хуьлчу гӀоьнах, ша лардарх делира. Иблисо Далла дуьхьалдаларца динчуьнга хьаьжжина, адамо динчо а, иза цуьнан олалле даларна а, бохамаш тӀебахкийтарна а шуьйрра неӀ дӀайиллира. Иблис, шен ницкъ мел бу, Делах тардала гӀоьртира, хӀуъа а дина а, Далла муьтӀахь ца хилархьама. Дала кхоьллинарг шен лолле даккхарца, иза ша хӀоттийначу трон тӀе охьахиира. (Еш. 14:12-14).

## И СЦЕНАРИЙ ТАХАНА А ЙОЛУШ Ю

Оцу хенахь дуьйна иблисан тактика кӀезиг хийцаелла. Цуьнан хӀинца а бу боккха лаам, Делан амал гамъеш, Делан олаллина вай дуьхьалдаха. Иза вайна къаьстташ го Якъубан Дахьийтарехь: «Шаьш Ӏеха ма дайта, сан хьомсара вежарий. Муьлхха а дика а, кхачаме а долу совгӀат лакхара, стигалан серлонаш кхоьллинчу Дегара догӀу. Иза, уьду мархаш санна, хийцалуш вац» (1:16, 17).

Оцу дешнийн авторан лаам бара, вай, Делах тешар дерш, иблисана дуьхьало ян ца елла йолу Хьава санна, харцонийн къайлаха долчу олаллин дола ца дахар. ПахӀал-векало санна, цо дӀахьедо вайга, вай лардархьама. Вай къаьсттина тидам тӀебахийта беза цуьнан дешнашна тӀе, уьш вешан дегнаш чохь чӀагӀ а деш; Делан лаамера дӀадаьллачу долуш долчо цхьа а дика ца дохьу. Иза дика а, тамехь долу а хӀума ду аьлла хета тарло, амма тила ма лолаш, цу юкъахь Делан лаам бацахь, вайна диканна дац иза.

Якъуба цкъа аьлла ца Ӏара: нагахь Дала дечу диканца доьзна

доцург а дика ду хьуна моттахь, хьо Iехор ву, Хьава Iехийна ма хиллара. Вай дийцинчух лаьцна дика ойла елаш. Бен дац, цхьа хIума дика ю, аьлла хетар, я ма тамехь ю иза бохург хаадалар, бен дац, мел вехаш, кхиаме, хьекъале дийр ду цо шу бохург, нагахь иза Делера дацахь, цо жамIехь боккхачу белхаме, догдохаре, эххар а, валаре далор ду шу. Делера гIо хилар, Цо вай лардар, Iехадаларо сацор ду. Муьлхха а дика дерг а, кхачаме дерг а, Делера схьа ду; Иза ву вайн дахаран Хьоста. И билггал бакъдерг дIа а эций, шайн даг чу диллалаш, тIаккха Iехалур дац шу, тамехь долу хIума ма ду иза-м, бохучух. Нагахь Хьавас иза динехьара, цуьнан цхьана секундина а шеко хир яцара Дала бохучун. Цо шен лаамехь дерг кхочушхилар лехира, Делан лаамера а яьлла.

Мел дукха долчу адаман хуьлу я зуда ялор, я маре яхар нийса йоцучу ойланашца кхочушдар! Дала цаьрга церан дайшкахула я наношкахула, я динан тобанан куьйгалхошкахула, я дуьххьал дIа церан дегнаш чу аьлла, хила тарло, амма цара шайна хеттарг дина хила мега, шайга дIахьедийриг юха а тоттуш. Царна шаьш цхьалха ду, аьлла, хетаделла хила тарло, я тIекере ян адам ца хилла хила а мега. Я цара къастийнарг, стаг я зуда иза елахь, тIехьаьжча тамехь хилла я цунах шена дика гIоьнча хир ву, аьлла, хетта хила а тарло. Дукхаха болчара шайн лаамехь дерг кхочушдина хила мега, иза Делан лаамехь доццушехь, тIаккха тIахьалонгахь, дукхахьолахь, доккха дог дохар а догIуш.

Бакъ ду, вай нийса ца динчун тIаьхьалонах вай кIелхьардаха ницкъ бу Делан. БатшабаI ялорца Дауда латийначу къинах Дела къинтIера велира цунна, тIаьхьо Сулим а хуьлуш церан. Делахь а, ша муьтIахь ца хиларна Даудан дуккха бохамаш хуьлура дахарехь: цуьнан цIентIехь тур латтар цкъа а дIа ца делира. Цуьнан кхо кIант дIакхелхира, къона а, ницкъах буьзна а уьш болчу хенахь. Мел дикаха хуьлу вай Далла муьтIахь хилар хаьржича.

Дуккха а меттигаш нисло, адамаш шаьш долчуьра меттах

дохуш – балха тӀера, динан тобанера, шаьш бехачу гӀалара – Дала церан орамаш хецна долчуьра, уьш шайна тӀехь хӀиттийна болчу куьйгалхошна реза ца хилар бахьанехь. Я шайн гӀуллакхаш дӀа ца доьду, шаьш хӀинцца долчохь, цундела тӀаьхьало яц шаьш дечун, аьлла хета а тарло цхьаццанна. ТӀаккха, шайна хетарехь, дика хир ю аьлла цхьа меттиг а йолий, шайна Дезачу Сино иза чӀагӀдеш доццушехь, цара шайн и меттиг хуьйцу. Наггахь церан цигара дӀабовлар, Дала тӀедуьллург кхочушдан дезарца цхьаьна ца догӀуш хила а тарло. Оцу адамаша иштта ойла йо: «*Дукха вахвелла со хӀокху Ӏуьргахь; цхьаъ дан деза аса*». Эххар а, шайна дика хир ду аьлла хеташ долу, шайн Ӏалашонехь дерг кхочушдархьама, Делан лаамехь долчунна дуьхьал бовлу уьш. Наггахь-м шайна цхьа рицкъа гулдар а хуьлу церан, амма оццу хенахь Везачу Делаца хиллачу уллорачу уьйрана а, Иза шайна хезаш хиларна а хера довлу церан дегнаш.

Мел дукха адам муьтӀахь ца хуьлу Делан лаамна! Уьш шайна тамехь а, пайден а ду аьлла хетачунна тӀаьхьабовлу. Делан Дашца догӀуш доцучу кепара кхиаме хуьлу агӀонаш карайо царна. Уьш оцу Ӏалашонашна тӀаьхьабовлу, царна кара а до там хилар, ирсе хилар, дог ойу агӀонаш яр – амма и дерриг а цхьана ханна бен ца хуьлу. Дала «дац» бохучохь карадо царна и шайн «дика». Уьш кхоьру, Дала цхьана исбаьхьа долчух шаьш дахарх! Царна моьтту, Далла шайн хьашташ ца евза, я Цуьнан бала а бац шайн лаамехь долчун. Царна Дела нийса вац аьлла хета, шаьш боххучу хенахь шаьш дечу доӀанашна жоп ца деача. Цара иштта ойла йо: «ЛадегӀна хӀун до цуьнан? Сайна тамехь дерг, пайден дерг цу сохьтта схьаоьцур ду ас!»

## ӀИЙСАН ОЙЛА ЕХЬА

Ӏийсан ойла ехьа. Шовзткъа дийнахь хи а, юург а, там берг а доцуш, хан йоккху Цо яьссачу аренгахь. Мацвалар лан хала хилар тӀехдаьлча, Цуьнан чуьйраш лазайовлу. Нагахь оцу хенахь

Цо хIума ца яахь, я беккъа хин цхьа къурд ца бахь, Иза лийр ву. Ткъа хьалха тIедеанарг хIун дара – Цуьнан гIайгIа бар я зер?

Оццу хенахь шен хаттарш дарца иблис тIегIоьрта Цунна: «Хьо Делан КIант велахь, хьуьлла Iохкуш долчу тIулгашна тIедожаде, бепиг хила алий» (Мат. 4:3). МостагIчо юха а шеконе доккхура, Дала дукха хан йоццуш къасттош аьлларг. Йордан-хин йистехь Дас массарна а хьалха дIахьедира, Iийса Шен КIант ву аьлла. Иблис юха а гIоьрта Делан амал гамъян: «Хьо Делан КIант хилча, мацалла хьега кхуза хIунда валийна Хьо Цо? Цо оьшург хIунда ца ло Хьуна? Ахьа Айхьа Хьайн гIайгIа бан беза хан тIекхаьчний теша? Нагахь хIокху йоццачу хенахь Ахьа хIума ца яахь, Хьо лийр ву, я тIаккха дукха тIаьхьа хир ду, Хьох хала цамгарш кхетар ю. Хьайн ницкъаца гIо де Хьайна. ХIокху тIулгех бепиг де».

Iийса Цунна дуьхьалвелира, Делан гIоьне ла а доьгIуш. Цуьнан йиш яцара мостагIчуьнга Делан амал гамъяйта Шен кхетамехь. Цунна хаьара, Дас Цунна мел оьшург лур дуйла. Оцу меттехь Шена мел хала хиллехь а, Иза Делан лаамера ца велира.

Дерриг а Шен кара эцаран зерах Iийса чекхваьлча, «иблис Iийсана тIаьхьара дIаделира, Иза волчу маликаш схьагулделира, Цунна гIуллакх а деш» (Мат. 4:11). Ткъа хIунда? Iебархошка долчу Дахьийтаран авторо Дала леррина Къобалвинчух лаьцна иштта элира: «Лаьтта тIехь долчу Шен дахарехь Iийсас чIогIачу белхарца а, бIаьрхишца а доIанаш а, дехарш а дора Ша Iожаллех кIелхьарваккха йиш йолчуьнга. Далла дIахезира *Цуьнан* доIанаш, хIунда аьлча Iийсан Деле болу ларам боккха бара. Ша Делан КIант хиллехь а, ерриге а лайначу халонашкахула Iемина Иза Далла муьтIахь хила» (Iеб. 5:7, 8). Далла дIахазара Иза, Цуьнан бакъахьара долу Делах кхерар дара. Iийса цкъа а шек ца волура Ден диканах. Ур-атталла доккхачу зеран а, баккхийчу баланийн хьалхахь а, цхьана а адамана тIебеана боцучех болчу, Цо муьтIахь хилар хоржу, цуьнгахула баккхий баланаш Шен лан дезнехь а.

Адама, Хьавас динарг санна а доцуш, Iийсас Дас бохучуьнга ладугIура, кхоччуш Цунна муьтIахь а хуьлуш. Оцу агIоно Iийсан дахарна мостагIа тIегIортаран дерриг а некъаш дихкинера. Цо тоьшалла дора:

«Кхин деха дийр дац Аса шуьца къамел, хIунда аьлча кху дуьненан эла схьавогIу, ткъа цуьнан Суна тIехь олалла дац. Амма дуьненна а Суна Сайн Да везий хаийта, Сайна тIедехкина гIуллакхаш, Цо ма-бохху, кхочуш до Ас» (Яхьъя 14:30, 31).

Адаме хьаьжна а воцуш, тIаьххьара Адам волу Iийса, кхоччуш муьтIахь вара Шен Дена, цундела Цуьнан кхоччуш йолу бакъо яра, иблисан Шеца цхьа а дакъа дац аьлла тоьшалла дан. Цундела боху вайга: «Шен Делаца уьйр ю бохург, Iийса санна лела веза» (1 Я. 2:6). Иза вайна масаллина а ву, вайна Хьалхарниг а ву. Иза ву вайх мах белла, вайна некъ гайтинарг. ХIинца вайн ца деза хьалхарчу Адаман некъахула даха а, цуьнан харцонашна тIаьхьахIитта а, амма вай тIекхайкхина ду тIаьхьарчу Адаман некъахула а доьлхуш, Цунна муьтIахь хила.

Дезачу Йозанаша даггара кхайкхадо:

Хьалха дуккхазза а, тайп-тайпана а дийцина вайн дайшка пайхамаршкахула, ткъа тIаьхьарчу деношкахь Шен КIантехула дийцина Цо вайна. Дерриге а кхочун долу Цуьнан КIант ву дIахIоттийна. Цуьнгахула массо хIума а кхоьллина. КIант Делан сийлаллин нур а, Делан билггал долу васт а ду. Шен нуьцкъалчу Дашца дерриг а латтадо Цо. Шегахула адамаш къинойх а цIандина, стигалшкахь Веза Воккхачунна аьтту агIор охьахиина Иза (Iеб. 12:1-3).

Цо дерригенан жамIа до. Хьалхарчу Адаман вожарх Iамар а хилий, доггаха гIорта тIаьхьарчу Адаман ма-хиллара долу муьтIахь хилар шайн а хиларе.

КхиндІа хир болчу коьртехь вай хьовсур ду муьтІахь ца хиларо дохьучуьнга. Уьш ма-аьлла гар ца хила а тарло, амма церан тІаьхьало ца хуьлуш дуьсур дац адам. Шайн муьтІахь ца хилар шайна гучу ма-делли, цкъа а цуьнца тан ма гІорталаш шайн дахарехь.

Корта 5

# МуьтIахь цахиларан тIаьхьалонаш (Дакъа 1)

*Тешар а, муьтIахь хилар а вовшех дIакъасто йиш яц, муьтIахь хилар – иза билггал долчу тешаран тоьшалла долу дела.*

МуьтIахь ца хиларан шен тIаьхье хуьлу, иза гуттара а ма-аьлли гучу ца ялахь а, цуьнан билггал гучуялар хир ду, лаьтта дIадийначу хIун зIийдигаш гучу ма-яллара. Вайн синойн мостагIа и хаар вайх къайладаккха гIерта, цо сатуьйсу вай оцу муьтIахь хила дезаран башха кIорге ойла йийр яц бохучун, цу тайпана, цуьнан йолчу Iехоран тактико вай дIалацаре ла а доьгIуш.

Цхьадолчу адамашна моьтту, шаьш муьтIахь ца хиларо деанарг, кхоччуш меттахIоттор ду, шаьш бинчу шайн харжамо шайна деанчо. Со цецвуьйлу, цу тайпана кхераме а, валаре далош йолу а ойланаш оццул яржарх. Иза ю харцдолчун къайлаха йолчу олаллин къайле. Аса, даггара са а туьйсу, доIанаш а до, кхидIа болчу книгин кхаа коьрто шун дегнаш, муьтIахь ца хилар шун цкъа а ца хилийтарна тIехь чIагIдар доьхуш.

## Адаман кІентий

ДІадолор вай Адаман дуьххьарачу кІантан, Кхаиман тІера. Кхаим латталелорхо вара. Цуьнан ваша, Хьабул, жаІу вара. Йозанаша боху, цхьа хан яьлча Кхаима Везачу Далла сагІина лаьтто деллачу стоьмех дерг деара, ткъа Хьабула шен жена юкъара хьалхара долчех дерг деара сагІина. Кхин дІа вайна го: «Ткъа Хьабула шен жена юкъара уггар тоьлла долу дуьххьарлера Іахарий дар. Веза Эла реза хиларца хьаьжира Хьабуле а, цо деанчуьнга а. Ткъа Кхаиме а, цо деанчуьнга а реза воцуш хьаьжира Веза Эла. ЧІогІа оьгІазвахана, хьаьжа юккъе шад хІоттийра Кхаима» (Дол. 4:4, 5).

Хьаххийначуьра, оцу байто харцдо динан тобанех болчу наха кест-кестта иштта олуш хезаш дерг: «Дала хьо волуш ма-варра тІеоьцу хьо». Иза бакъ дац. Дера, Дала вай тІеоьцу, *нагахь вай дохкодовлахь*! Амма масаллина Хьанас а, Шаппира а яло гІортал оцу чІагІдарца. Кхузахь цхьа хІума цхьаьна ца догІу, уьш дІа ма кхелхира (Век. 5:1-11).

Дала Кхаима деана сагІа тІе ца ийцира; цу тІе Цо Кхаим ша а тІе ца ийцира! Дала Кхаим тІе ца эцар дац, иза кхидІа долчу цуьнан дахарехь гуттаренна а юхатеттина хир ву бохург, амма тахана Делах лаьцна беш болу, вай, мукха а делахь а, тІеоьцу вай Дала боху хьехамаш, билггал ца хуьлу. Билггал аьлча, и хьехамаш кхераме а бу, вайн дегнаш чуьра Делах кхерар цара дІадоккху дела. Делах кхерароо вай лар а до, къилахь долчунна генна довла гІо а до (Ара. 20:20). Хьанас, Шаппира деллачул тІаьхьа, Делан Йозанаша ма-бохху, «боккхачу кхерамо дІалаьцнера динан тобанехь берш» (Век. 5:11). МуьтІахь ца хилар, цул тІаьхьа, цхьа юкъадаьлла долу хІума санна ца лорура!

Адаман шина кІантах долу дийцар жимма тахана йолчу замане даккха луур дара суна, цунах кхета атто хилийтархьама. Цуьнан бераш Везачу Элах тешна хиларца дехаш дара. Цара шиммо а сагІа а доккхура, иза царна чохь дахар хилар билгал

доккхура. Делан Йозанаша, шайн догІмаш Далла лерина дийна долу сагІа санна дІало боху вайга (хь. Рим. 12:1). Вайн сагІа – иза Далла лерина гІуллакх дар ду. Цундела вай ца боху Хьабулас Далла лерина гІуллакх дора, ткъа цуьнан вашас Кхаима ца дора. Кхаим вацара цхьацца спортивни матчашкахь эрна хан йоккхуш, стриптиз-клубашкахула я барашкахула лелаш, динан тоба гуллучу воьдучул, бохуш. Иза Делах лаьцна шена хІумма а хаа а ца лаьа бохучех вара, аьлла, ма хеталаш. Цу шиннах а ала мегар ду, Делах тешар долуш вара и шиъ, уллора уьйр а йолуш Цуьнца.

И шиъ ма-хуьллу къахьоьгуш вара, цу шиммо а Далла лерина сагІа а доккхура. Кхаима Хьабулас чул сов болх беш хилла бохург дагадан а там бу. Со башха говзанча вац латталелорехь я жаІу хиларехь, амма суна билггал хаьа, жа лелор – хала болх буйла, делахь а, латта лелорна а боккха ницкъ беза. Жа дебочу хенахь, Іуьйранна а, делкъал тІаьхьа а кхочушбан беза ахьа хьайн болх, ткъа дийнахь уггар йохъеллачу хенахь, ІиндагІехь са а доІуш, цхьа шийла хІума а молуш, Іан йиш ю хьан.

Латталелор – сихбина къинхьегам бу. Кхаима деана сагІа, Дала неІалт кхайкхийначу лаьтта тІехь хьацарлахь даьккхинчух дара (хь. Дол. 3:17-19). Кхаима тІулгех, диттийн орамех, нехех цІандора латта. ТІаккха и латта аха дезара, самсадаккха дезара цо. Цул тІаьхьа цо ораматаш дІадуьйра, хи тухура, кхелли юьллура, зІийдигаш Іалашйора. И сагІа даккхарна, цо боккха ницкъ тІебахийта безара.

## Дала Кхаим тІе хІунда ца ийцира?

ТІаккха вай хаттар дан деза: «Дала Кхаима сагІина деанарг тІе хІунда ца ийцира те, цо дуккха а къахьоьгийла хуъушшехь?» Цунна догІу жоп цуьнан дегара, ненера хуур ду вайна. Дала цу Бешахь мел кхоьллинчунна тІехь Цуьнан куьг дара. Дийнатийн чкъор дара, чІерийн пелагаш дара, олхазарийн месаш яра.

Полярни ча джинсаш юьйхина гур яц вайна цхьана а меттехь, цунна кхин а тIехула юьйхина йолу хIума ца оьшу.

Адам, Хьава дацара цу юкъара дIадоккхуш. Царна тIехь гуш йолу бедар яцара, амма царна гонаха, тIехула «сийлаллин таж дара» (Заб. 8:6). Иза «гобаьккхина» бохург ду. Царна тIехь дара и сийлалла. Дала царна тIе диллина сийлалла, дерриг дIалоцуш а, царна шаьш дерзина хилар ца хаалуш а дара. Йозанаша боху: И шиъ дерзина доллушехь, Адам, цуьнан зуда вовшех ийза а ца лора» (Дол. 2:25). Церан дахарехь цхьана а тайпана эхь хетар дацара, цул сов, церан дахар дуьззина Везачу Элана хьалха дара. Цхьа а бедар хила езаран ойла ца йора цара, царна иза оьшуш а яцара.

Дерриг а хийцаделира, Адам а, Хьава а Дала бохучунна тIера ма-делли. ХIетале церан дахарехь коьрта меттиг дIалоцург са дара, ткъа хIинца коьрта меттиг дилхано дIалецира. Цушимма магош доцучу дитта тIера стом ма биънехь боху, Делан Йозанаш тIехь яздина долу уггар хьалхара дешнаш хIорш ду: «ТIаккха дIаделладелира церан шинне а бIаьргаш. Шаьшшиъ дерзина дуй а хиъна, …» (Дол. 3:7). Кхузахь коьрта долу дешнаш *«дерзина дуй а хиъна»,* бохурш ду. Шайн хьалха хилла доцу хаарш хилира церан.

Дика а, вон а довзаран агIо, хьуна нийса дерг, доцург къасто хаарца йоьзна ю. Цара къа латадале, дика, вон хIун ду, я нийса дерг, доцург хIун ду хаарца ца лелара уьш, амма Дела шайна вовзарца бехара. Уьш муьтIахь хиларх буьзна бара, шайна чохь долчу тешаро, безамо хуьлуьйтуш долчу. Нийса дерг, доцург церан кхетамехь а доцуш, Делан карахь дара.

> Иза тарх ю, Цуьнан гIуллакхаш кхачаме а ду. Цуьнан дерриге
> а некъаш нийса ду. Иза тешаме Дела ву, Цо харцо а ца йо.
> Иза нийса а ву, билггал бакъ а ву (Кар. 32:4).

Адам, Хьава Далла хьалха а лелаш, Цунах лаьцна кхоччуш долу хаар а долуш, бехаш бара. Дика а, вон а довзуьйтучу

дитта тIера стом баарца, царна, Делаца доцучу, диканах, вонах лаьцна долчу, хаарийн хьоста карийра. Цунах ойланашка валаран принцип ю иза ала мегар ду. Царна хIинца Везачу Дала шаьш лелор ца оьшура; хIинца церан чохь дика а, вон а хаадаларан агIо яра. Цундела Дала дуьххьара цаьрга дина хаттар: «Хьан аьлла хьоьга?» – дара (Дол. 3:11).

Дала цхьа хаттар дечу хенахь, Иза ца гIерта цхьа информаци йовза. Цо шуьца уьйр хиларе кхойкху. Везачу Элана хIинца хууш дара, Адама, Хьавас и стом биъна хилар, цара шайгара долчу хьекъалца дуьйцуш хилар. МуьтIахь хуьлчу меттана, уьш ойлане бевллера. Билггал аьлча, Цо бохура: «ХIинца, Со юкъахь а воцуш, дика а, вон а довзуьйту хьоста карийна шуна. Гуш ду, аша дика, вон довзуьйтучу дитта тIера стом биъна хилар». Далла муьтIахь доцург ма-диннехь, цу сохьтта шайн эхье меттигаш комарийн дитта тIерачу гIашца, я кхечу тайпана аьлча, латто деллачух долчуьнца, дIахьулйира. Шаьш и меттиг къайллаяьккхича а, царна шаьш дерзина хилар хаалора. Цул тIаьхьа Дала хотту: «Хьан аьлла хьоьга, хьо верзина ву?» (Дол. 3:11). ХIинца шайна хааделлачу керлачу нийса долчух, доцучух шайна нийса хетарг дан гIоьртира уьш, делахь а, шаьш дерзина хилар хааро синтеме ца бора уьш. Керла дIахьулдар тера дацара Дала дечух. Дала церан дерзина хилар дIахьулдар Шена хетачу агIор гайтира царна, бехке доцу дийнат а дийна, Адам, Хьава, лаьтто деллачуьнца а доцуш, дийнатан цIоканца дIа а хьулдеш. Иза Везачу Дала тIедиллинарг дара.

ХIетталц Адамна, Хьавина ца хаьара Дала лоьхург хIун ду, амма Кхаиман, Хьабулин и хаар дара. Дас-нанас Далла нийса сагIа даккха Iамийнера уьш. Цундела Кхаима сагIина лаьтто делларг деача, и санна долу сагIа юха а нийса ца хилира. Цо шена хеттачу тайпана йора Далла Iамал! Иза неIалт кхайкхийна долчунна тIе гIертара, нийса долчух, доцучух лаьцна адамийн хьекъалца ойла а еш, шен ваша санна, бер ма-хиллара, муьтIахь а ца хуьлуш.

## Ахьа олалла де цунна тIехь

Дезачу Йозанаша боху: «Тешар хиларна, Хьабула Кхаима чул, тоьлла долу сагIа даькkхира Далла. Цуьнан тешар бахьана долуш, Дала, Хьабула деана сагIа схьа а эцна, иза Шен лаамехь хиларан тоьшалла дира. Хьабул дIаккхелхинехь а, шен тешар хиларна, къамел деш ву иза хIинца а» (Iеб. 11:4). Керлачу весетера кехатан авторо Хьабули тешар, цуьнан муьтIахь хилар цхьатерра лерира. ТIебогIучу коьртехь вайна гур ду, билггал бакъдолу тешар а, муьтIахь хилар а цхьатерра ларар, цул сов аьлча, и муьтIахь хилар тешаран бух бу. Билггал бакъдолу тешар муьтIахь хиларх схьадолу, нийса долчух я доцучух а доцуш.

Шен гIертар, шен сагIанаш Далла тамехь ца хиларх ша ма кхеттнехь, Кхаим хийцало. «Ткъа Кхаиме а, цо деанчуьнга а реза воцуш хьаьжира Веза Эла. ЧIогIа оьгIавахана[1], хьаьжа юккъе шад хIоттийра Кхаима» (Дол. 4:5). Иштта долу хьажар хуьлу дин тIехула йолчу агIор лелочун, билггал бакъдерг шена хьалха дIахIоьттича. Иза дарло. Цунах лаьцна дерг вайна карадо Делан Йозанийн агIонаш тIехь. И дарвалар кураллица доьзна а хуьлу, ткъа кураллo Делан лаамехь дерг я Цуьнан некъаш юхатотту, шена хетарг а хоржуш.

Дела, Ша къинхетаме хиларе хьаьжжина, Кхаиман бIаьргаш дIаделла гIерта, иштта хаттар а деш: «Хьо ма оллавелла ву! Хьо ма оьгIазе ву! Ахь диканиг деш хилча, ларамца тIеоьцу хьо. ахь диканиг деш ца хилча, хьан неIарехь къа лаьтта. И хьо Iехо гIерташ ду, хьо цул тола веза» (Дол. 4:6,7). Далла дика дар – иза Цунна муьтIахь хилар ду. Цунна сагIанал а сов, Шена муьтIахь хилар деза. Дуккхазза а тIедуьллура Дала Шен халкъана шайн иллеш дита, сагIанаш ма даха Суна, олий. Ткъа хIунда? «Уьш кхоьруш дерг доуьйтур ду Ас царна тIе, хIунда аьлча Со кхайкхира, амма жоп луш стаг вацара, Ас къамел дира, амма

[1] Ингалсан Делан Йозанашкахь (NIV) кхузахь оьгIазвахар бохучу дашах пайда оьцу. – Билгалдаккхар гочдархочун.

цхьаммо а ла ца дуьйгIира» (Еш.66:4). Цара сагIанаш дохура, амма цара ла а ца дугIура Цуьнга, Цо тIедуьллучунна муьтIахь а ца хуьлура уьш. Iамалъяран коьрта агIо – муьтIахь хилар ю.

Иза хаарца, (Доладаларехь 4:5) яздина долу «*дика дар*» боху дешнаш «*Суна муьтIахь хилар*» бохучех хийца йиш ю вайн, оцу аятан маьIна ма-дарра а дуьсуш. ТIаккха хIара байт иштта хезаш хир ю: «Кхаим, хьо халахетта стенна ву? Ца оьшу иштта хила. Кхетахь, нагахь хьо, хьан ваша санна, Соьга ладугIуш хилахь, Ас хьо а, хьан сагIа а, хьан вешигара Хьабулера санна, тIеоьцур ду».

Везачу Эло дIахьедира: «Ткъа дика деш дацахь (Суна муьтIахь ца хилахь), хьан неIарехь къа Iуьллуш ду; цо хьо шена тIе ийзаво, амма ахьа цунна тIехь олалла де» (Дол. 4:7). Тидам бейша хIокху шина меттиган. Хьалхара: къинан (муьтIахь цахиларан) лаам бу. Харцдолчун да долчу иблисан ницкъ бу, ла ца догIаран орамехь дерг. Цкъа Адамехула цу ницкъан бакъо яьлла вайн дахарехь. Цу ницкъан цхьа Iалашо яра – массарна тIехь а, массо хIуманна тIехь а олалла дар. Иза дуста мегар ду, боккхачу барамехь хIаваэ радиоактивни газаш чухецначу мекарчу Iилманчица. Ткъа тIаккха и газаш массанхьа а дIасаяьржа, и Iилманча оцу меттигна дуккха а чаккхармаш геннахь велахь а. Цо адам дойу боккха ницкъ юкъабаьккхина. Адам цунах лардарна билгалдаьккхина духар шайна тIехь дерш бен, кхерамехь доцуш ца хуьлу. Йозанаша къасттош боху вайга: «Вайна хаьа, вай Делера хилар, ткъа вайна гонаха долу дерриге дуьне зуламаша дIалаьцна» (1 Я. 5:19).

Лаьтто дерриг хIума шена тIеозарца доьзначу законаца дуста мегар ду къа лато болу лаам. Иза массанхьа а баьржина а, гуттара а болуш болу а шена тIеозош болу ницкъ бу. Нагахь аша тхов йистера цхьа гIулч лаха чу яккхахь, шайна тIехь хаалур ду шуна и закон, лаьтта кхаччалц охьа а дужуш. Иза дика хаалуш долу лаьтта чу эгар хир ду. Шун охьаэгга лаам ца хила а, я иза ца хаадала а, я гравитаци бохучух шу ца теша а тарло, хIетте а лаьтта шаьш дожарх девр дац шу.

Iилманчаша кхин закон а дIадиллина – аэродинамика боху. Царна хааделла, оцу гравитацих цхьацца билгалдаьхна бахьанаш, принципаш ларйича ларлойла ду бохург. Оцу принципашца доьгIна хIаваан кеманаш дина. Шу кеманна тIехь доьлхучу хенахь, шуна ца хаало дерриг хIума латто тIеузуш ду боху закон лелар, хIунда аьлча лаьтто кема тIеузуш болу ницкъ, кеманан тIемаша и хьаладаккхаран ницкъаца дIанисло. Дезачу Йозанаша боху вайга: «Дала леррина къобалвинчу Iийсаца долу дахар тIедалочу Делан Синан Iедало къиношна а, Iожаллина а тIевалочу Iедалех хьо а паргIатваьккхина дела» (Рим. 8:2). Иза хаза кхаъ бу!

Сан кест-кеста кеманца дIасавахар нисло. Деккъа дIадаханчу шарахь дуьне мел ду Инжил дIакхайкхорхьама, ши бIе эзар чаккхарма хиллал некъ бан дезнера аса цу тIехь. Суо кеман чу хууш, со воккхавоь аэродинамикин законо гравитацин законо дечух паргIатдахарна. Делахь а, нагахь кемалелорхочунна двигателяш сацо лаам кхоллалахь я цIеххьана кеманан тIемаш тIера довлахь, кеманна лаьтто тIеозоран боккха ницкъ хаалур бу, тIаккха бохамах кIелхьарвалалур вац. Цул тIаьхьа лаьтто тIеозоран законна тIехь толам баккхарх зовкх хьегар дIадер ду, боккхачу кхиамца вайн кIелхьардовлар хуьлучу агIонан олалле а дохуш.

КхиндIа а Йозанаша оццунах лаьцна боху: «Иштта, динан вежарий, Делан Синан лаамца даха декхарийлахь ду вай, амма вайн синан лаамца даха ца деза вай. ХIунда аьлча шайн синан лаамашца дахахь – шу лийр ду, ткъа Делан Синан гIоьнца шайн дегIо летош долу къинош аша хIаллакдахь – шу Дела волчохь дехар ду» (Рим. 8:12,13). Синца долчу законо къинойн законах вай паргIатдахахь а, и къинан закон ша долччохь лаьтташ ду. Вай цунах лардар, я цунна тIехь вай олалла дар, вайн билггал бакъдолчу тешарехула а, муьтIахь хиларехула а догIу.

Синан законан кхечу тайпана цIе а ю – «тешаран закон»

(Рим. 3:27). Вайна хаьа, тешаран закон къинан законал лакхара хилар. Билггал бакъдолу тешарх лаьцна яздина ду – иза муьтІахь хиларца дина долчу гІуллакхашца доьзна ду (Якъ. 2:19-23). Тешар а, муьтІахь хилар а вовшахдоккхийла дац, муьтІахь хилар – иза билггал бакъдолу тешар хиларан тоьшалла ду.

Хьабулас къинан а, Іожаллин а закона тІехь толам баьккхира, цуьнан Везачу Элах тешар хилар а, иза Цунна муьтІахь хилар а бахьаненна. Кхаиме Дала дІахьедар до: «Хьо къилахь болчу лаамо дІалаьцна (массо а хІуманна тІехь гравитацин закон ма-хиллара); хьо Суна муьтІахь хилахь, ахьа цунна тІехь толам боккхур бу (хьалаойучу ницкъан законо гравитацина тІехь ма-баккхара)». Къинна тІехь Далла муьтІахь хиларехула толам боккху.

## ТІЕГІОРТАРНА НЕІ ДІАЙИЛЛИНА ХИЛАР

Дала Кхаиме шолгІа аьлларг хІара дара: «Ахьа диканиг деш хилча, ларамца тІеоьцу хьо. Ахьа диканиг деш ца хилча, хьан неІарехь къа лаьтта» (Дол. 4:7). Тидам белаш, Цо «неІ» боху дош даладо. ХІора адаман дахарехь цхьа гуш йоцу неІ хуьлу; шуна цунах лаьцна хаахь я ца хаахь а, иза йолуш ю. Цу неІаро шун дахаре цхьахІума чу гІортар гойту. Кхузахь бохург, къинна а, жинийн ницкъашна а некъ балор ду. Юьххьенца дуьйна а Дала хаам бо вайга, «стено» дІайоьллу къинна а, жинойн олаллина а неІ, иштта «стено» дІа а къовлу иза, бохучух лаьцна. МуьтІахь ца хиларо дІайоьллу иза, ткъа муьтІахь хиларо чІоггІа дІакъовлу иза.

ХІун хиллера те Кхаимца? Иза шен хьекъалца а, шена хетачуьнца а дуьхьалваьллера. Цуьнан даг чу хьагІа яр хилира, цунна тІаьххьий – дегабаам бар деара. ТІаккха цабезам кхоллабелира. Хьабул вен план кхоллало цуьнан, ткъа цхьа хан яьча, ша дарвеллачохь, Кхаима шен ваша вийра. Иза мостагІаллин некъа тІе велира, цу тайпана, Делах кхерар дІа а долуш. Цуьнан дагахь дерг, Дала цуьнга цуьнан вешех лаьцна

хаттар дича, цо дераллица деллачу жоьпо дIадоьллу: «Суна хIун хаьа? Со гIарол-м вац сан вешина?» (Дол. 4:9). Иза харцлоьра, хIунда аьлча цунна шерра хаьара, шен ваша мичахь ву?

Кхетамехь а, хьекъалехь а долчу муьлххачу адамана хаьа, Далла хаьара Хьабул мичахь ву бохург. Амма, шена хетарг хьалха а доккхуш, шен дахарехь муьтIахь ца хилар дечу хIорранца а хуьлуш дерг хIара ду: синошца доьзна билггал долуш долчуьнца уьйр хилар дIадолу цуьнан. Шен хьекъал ца кхачаре терра, Делах лаьцна йолу ойла лаха йоккху цо, ша Дела санна хьекъале ву а моьттуш, ур-атталла наггахь-м ша Цул а хьекъале ву моьттург а догIуш. Цу тайпанчу стагах, иза кхетамехь ву олийла дац. Люцифер ву – цуьнан дуьххьарлера масалла; харцдолчо кхолладалийтинчо, шена Дела меттахваккхалур ву бохучунна тIе валийнера иза. Мел сонта хIума ду иза! ХIетте а, дуккха а берш шена тIаьхьахIиттабелира цунна (Еш. 14:12-17).

Нагахь шу Кхаиман а, Хьабулин а накъостий делхьара, ткъа шуна царах лаьцна хIумма а ца хаахьара, шу доьхна хьаьвзира дара. Оццул даггара Далла гIуллакх деш хилла волу стаг, сел къиза адам дийнарг муха хуьлу те? Муха хуьлийла дара и саннарг? МуьтIахь ца хиларна дуьхьало а ца йина, цо шен синан неI дIайиллира къилахь долчунна. Хаьий те шуна хIара кица: «Хьайн пIелг кховдабе цунна, цо хьан куьг а кхоллур ду»? Цо ма-дарра дIадоьллу муьтIахь ца хиларан законах дерг. Аша цунна кIеззиг хилла а шайн дахар дIаделлахь, иза хина йинчу чIинган хиллачу херонах тарло. Эххар а цу херо хиллачу меттигехула хин йоккха Iовраш охьахьодур ю.

Дахаран берхIитта шарахь дуьззина Далла гIуллакх дар хиларан ларame дерг хилира сан. Оцу шерашкахь и закон леларан теш хилира сох. Далла Iамалъярна шайн дегнаш дIалуш болу нах бевзира суна. Цара жигара хиларан агIо дIалоцура динан тобанашкахь, массо а хенахь Iийсах лаьцна

тоьшаллаш деш. Уьш Кхаимах тера бу, гІортарца шен гІуллакх долийна волчу. Амма, хан мел ели, цхьацца меттигаш нислора, царна чохь къайлаха долу шайн лаамехь дерг цара лахар гучудоккхуш йолу. Иза, Кхаиман ма-хиллара, Делан дуьххьал дІа долчу олаллехула, я кхечуьнгахьара долчу олаллехула хуьлура. Мухха а делахь а, иза гуттара а олаллехь болчаьрца йолчу уьйраца доьзна хуьлура.

Суна гора и адамаш олаллехь болчарна муьтІахь ца хилар, кхидІа а дуьхьало а еш. Оцу харцдолчо кхоччуш церан дахар дІалацаре ладегІар бен, кхин хІумма а ца дуьсура. Иза адам дерехула гучу ца дала а там бу, амма цхьаъ билггал ду: иза муьлхачу агІор хир ду бохург бен дац, амма билггал гучудер ду. Иза гучудала тарло сутура хиларехула, цабезам хиларехула, дераллехула, къинтІера ца валарехула, девнаш дахарехула, эладитанаш дийцарехула, нахаца леларехула доьзначу къиношкахула я кхечу тайпана дуккха а йолчу агІор, адаман дегІ дІалоцуш долчу, лолла дахарехула. Шаьш цхьанна дегабаамах дуьзна а долуш я тиладелла леллашехь, оцу нахана шайн Делаца йолу уьйр нийса ю аьлла хета, оццу хенахь кхин берш а, цхьацца кхин а галадаьлларг лелош, я законехь тІехула долчунна тІаьхьа бевлла, я церан Делаца хила еза юкъаметтиг хиллане а ца хуьлу.

Кхаимца хилларг санна дерг схьалаьцча, нагахь адамаш Везачу Делан дуьххьал дІа долчу олаллина дуьхьалдовлахь, цара Делан вастан, авторитетан, ницкъан мах лахбо, цу тайпана лараме хилар лахдеш. Цара Веза Эла шайн Эла хилар къобалдо, амма цара «шайн» Іийсана Іамалъйо, шайна хетачу вастехь а, амалехь а веш Иза. Шаьш хІун леладо а ца хууш, цара шайн дегнашкахь шайна хетарг, шайн Іалашонаш Делан тронал, Цуьнан олаллел лакхаяьккхина. Кхечу дешнашца аьлча, церан дегнаш чу деанчу Іехадаларо уьш бІаьрзе бина, шаьш билггал муьлхачу хьолехь ду а ца го царна.

Кхаим къона волчу а, цуьнан хIуманна сема дог долчу а, Цо Далла Іамалъечу а хенахь, аша цуьнга иштта аьллехьара: «Цкъа цхьа де догIур ду, ахьа хьайн ваша вуьйр волуш», иза Іадор вара, цо сихха жоп лур дара шуна: «Иза хуьлийла а дац. Аса цкъа а дийр дац и саннарг!» Амма тІаьхьо цо харцдолчунна шен деган неI дІайоьллу, шена иштта хуьлийла а дац аьлла хеттарг, кхочуш а деш.

Динан тобанашна юкъабогIуш хилларш я ца хилларш, цхьана дийнахь Везачу Элана хьалха дІахIуьттур бу, цара лелийначу харцонашна кхел йийр ю царна. Амма церан дахаран тидам бича, шуна цкъа а дага а догIур дацара, церан чакхе иштта хир ю бохург. Ур-атталла хIинца а цара ойла ца йо шаьш харцонаш лелош хиларан, амма Кхел ечу Дийнахь, билггал бакъдерг дІаделладелча, уьш инзарбевр бу: «*Оццул гена валар муха хилла те сан Далла муьтІахь хиларна?*» – бохуш. Жоп дукха сингаттаме ду: царна деза а ца дезара, царна тІеэца а ца лаьара Делан куьйга кІел хила дезарх долу билггал бакъдерг.

Іехабаларо дІалаьцначу адамийн цхьа сатийсар ду: Делан къинхетамо церан бІаьргаш дІадоьллийла ду, Цуьнан билггал бакъдолчун серлоно Іехабаларан Іаьржа пардо дІасаяржо йиш ю. Сан даг чуьра схьаболучу мохьан а, хІокху книгин а Іалашо ю – харцдолчун Іехочу ницкъах адамаш лардар, цу ницкъан гаьннаш юкъа баханчарна билггал бакъдолчун серло гайтар, цу тайпана уьш паргІат а бохуш. ХІара дахьийтар дерриг дуьнен чохь хьоьху аса, ткъа аса, маса стаг ву кхузахь гулбеллачех цхьана бахьаненна муьтІахь ца хилар деана, аьлла хаттар дича, церан жоьпо инзар воккху со – эхал а сов берш хуьлу цу юкъахь. Дукхаха долчу адамаша олу: «Суна-м хаьа а ца хаьара со бунтехь вуйла, билггал бакъдолчо сан дог серла даккхалц».

Аса дІахьедо, ас хІара книга ца язъйо, цкъа а Іехавалар ца хилла а, харцонан къайлаха болчу ницкъо левина воцу а стаг со волуш санна. ХІан-хІа, со а хуьлура харцонан буьрсачу

къовларо дӀалоцуш, амма Дала, Шен боккхачу къинхетаме хьаьжжина, сан деган а, некъийн а гӀалаташ дӀадоьллура. Аса шуьца доькъу, сайн дахарехь хиллачу халонех лаьцна а, царах паргӀатвалар сайн хиларх лаьцна а дерг. Со чӀога баркалле ву вайн Везачу Элана Цуьнан къинхетам а, гӀайгӀа бар а хиларна!

Дела Шен къинхетамаллица вайн муьтӀахь ца хилар хиллачу агӀонна тӀе вайн бӀаьргаш дӀаделла гӀерта, амма Кхаимца а ма хиллара, вай муьтӀахь хиллалц, вайна билггал бакъдерг гур дац. КхидӀа болчу коьртехь вайна гур ду, муьтӀахь хиларо вай паргӀатдовларехь йоккха меттиг дӀалацар, оццу хенахь мел бохаме дерг дохьу куралло бохург а.

## Корта 6

# МуьтIахь цахиларан тIаьхьалонаш (дакъа 2)

*Цхьана декъана муьтIахь хилар*
*Везачу Элан бIаьргашкахь данне а дац*
*муьтIахь хилар*

МуьтIахь хиларца ловза валаран тIаьхьало муха хуьлу бохучуьнца доьзна дикачу масаллина вало мегар ву Исраил-махкара дуьххьарлера паччахь хилла волу Шаул. Цуьнан дахар бохамах дуьзна дара, ткъа вайна, тешар долчарна, дуккха а Iама агIонаш ю цуьнгахула. Везачу Эло даре деш цуьнга аьллачу дешнашкахь, вай кхетарна долу догIа карор ду вайна. Цуьнан дахаре хьажаро кхин а къаьстташ долу сурт гар лур ду вайна Делан олаллина кхоччуш муьтIахь ца хиларна синца йолчу агIор хин йолчу тIаьхьалонан. Вайна лиъча, и хааро чIагIдийр ду вай, ткъа Шаулана тIехIоьттинчу бохамех дIахьедар хир ду вайна. Делан Йозанашкахь вайна го хIара дешнаш: «Ткъа хьалха яздина мел долу хIума вайна хьехамна яздина ду» (Рим. 15:4), тIаккха иштта: «Царна хилларг дерриг а вукхарна масал дало хиллера. Заманийн чаккхе

тІекхаьчначу хенахь Іен долчу вайга, дІахьедар а деш, ишттаниг ца дайтархьама яздина ду иза» (1 Ко. 10:11).

## Кхоччуш доцу муьтІахь хилар

ХІара къамел вай долор ду, Исраил-махкахь коьрта пайхамар волу Шамъал, Везачу Элан багара схьадаьлла долу тІедиллар Шауле дІахаийта вахарх. Цо Шауле дІахьедира, цо шега маьллара хІара хьехамаш кхочушбан безар: «ХІинца, ваха а гІой, Іамалекхана тІелата, цуьнан мел долу хІума, къинхетам ца беш, хІаллакде. Массо а ве: зударий, божарий, бераш, декхаш долу бераш. Дерриг: етт, сту, уьстагІ, эмкал, вир – ша мел долу хІума, дей, дІадаккха» (Шам. 15:3). ТІедиллар къаьстташ а, чІогІа билггал а дара. Іамалекхан долахь мел дерг – хуьлийла иза адамаш я дийнаташ – дийна диса ца дезара. СадеІар мел долу хІума хІаллакдан дезара.

Хьовсалаш, муха жоп ло Шаула. Цо ца элира: Ас дийр дац иза. Иза дукха къиза хІума ду!» Вай дукхахьолахь, бунт бохург деккъа гуш йолчу агІонна тІедоккху – билггал гуш долчу муьтІахь ца хиларе. Амма вайна кестта гур ду, иза дукха генахь хилар билггал бакъдолчунна. ХІан-хІа, Шаула хьалха ца гойту шен реза вацар, цул тІаьхьа а шен сацам ца хуьйцу цо. Вайх дуккха а болчарна девза цу тайпана долу муьтІахь ца хилар. ХІан-хІа, Шаула юха ца тотту и тІедиллар, цунна иза диц а ца ло. Дуккха а болчара а эр ду, иштта лелар муьтІахь хилар ду ала хала ду, делахь а, иза дикачу ойланца гІиртира, аьлла, бакъвийр ву и. Дукхахьолахь, вайх дукхахаболчара тІеоьцур ду, и хІуьтту хьелаш тайп-тайпана долу муьтІахь ца хилар ду бохург, амма юха а Шаулана тІе юхадерзий вай.

Цо, цу сохьтта эскар а гулдина, Іамалекхана тІелата кечам бира. Дерриг а дукха дика ду аьлла хетара. Цо, тІе а летта, берриг божарий, зударий, бераш, декхаш долу бераш хІаллакдира. Иттех эзарнашкахь берш хІаллакьхилира Шаулан туьрах а, цуьнан доккхачу эскаран а карах.

Делахь а, Шаула Іамалекх-паччахь дийна вуьту. ХІунда? Иза цу хенахь лелачу Іадаташца доьзна хила а тарло. Нагахь ахьа кхечу халкъана тІехь толам а баьккхина, церан куьйгаллехь верг дийна воллуш йиийсаре вигахь, цунах хьан лай хуьлура, тІамехь яьккхина хІонс санна.

Шаула эзарнашкахь дийнаташ хІаллакдира, амма жена, стерчашна, дустийначу уьстагІашна а юкъара тоьлларш дийна дитира, иштта мехала мел йолу хІума а хІаллак а ца еш, шен халкъе дІаелира, цаьрга Везачу Далла дийнаташ дагоран сагІа даккхийтархьама, цу тайпана «Йозанаша» тІедуьллург кхочушдархьама. ХІинца ойла елаш, Шаула динчух лаьцна хІун аьлла хета халкъана. Цара Далла лерина къизаллица схьадаьхна долу дийнаташ сагІина дохьуш, цара ойла йора: «*Ма бакъахьара ву вайн паччахь, цо гуттара а Веза Эла хьалхарчу метте хІоттаво*».

Амма оцу дерригене Дела кхечутайпана хьожу. Догдохарца Цо олу Шамъале: «Со чІогІа дохковаьлла Айса Шаул паччахь вина дІахІотторах. Сох дІа а вирзина, Сан дош кхочуш ца дина цо». Иза шена хиъча Шамъал чІогІа оьгІазвахара. Буьйса, Везачу Эле кхойкхуш, яьккхира цо» (Шам. 15:11). Шаула итт эзарнаш хІаллакбира, амма цхьаъ дийна витира. Шена хьалха хІоттийна Іалашо цо 99,9 процентана кхочушйира. Вайх дуккха а болчарна Шаула бинчу тІаме хьаьжча, цо дуьззина муьтІахь хилар гайтира эр дара, амма Далла цуьнан муьтІахь ца хилар гира. Шен пайхамаран багахула Шаула динарг бунт ю элира Дала. Иштта, вайна го, кхоччуш доцу муьтІахь хилар, Делан бІаьргашкахь муьтІахь хилар ца лору. Ур-атталла 99,9 процентана долу муьтІахь хилар а лараме дац, цул сов, иза бунт санна лору.

Мел сих-сиха хеза вайна иштта олуш: «Аса кхочуш ца динчуьнга хІунда хьоьжу хьо? Ас ца динчу оцу кІеззиг долчунна тІе бохуьйту-кх ахьа хьайн тидам!» Изза ала там болуш дара Шаула а.

Адамашна иза хIумма а доцург ду аьлла хетахь а, Далла и аьлла ца хета! Шамъал Шаулана дуьхьал воьду, ткъа цо догайдаларца маршалла хотту пайхамаре: «Везачу Эло декъалвойла хьо. аса Везачу Элан дош кхочушдина» (Шам. 15:13). Цуьнан озехь воккхавер а, тешна хилар а хаало. Со тешна ву, Шаула иза даггара аьлла хиларх. Иза билггал тешара, шена тIедиллинарг ша кхочушдина хиларх, хIетте а Дала иза бунтехь ву олу.

Муха кхетавойла ду Дала суьйранна аьлла долчунна а, Шаул шен даггара тешна хиллачунна а юкъахь йолчу башхаллех? Цунна догIу жоп хIокху дешнашкахь каро йиш ю: «Делан дош кхочушдеш болчарах хилалаш, цуьнга ладугIурш бен ца хуьлуш, шаьш Iехочарах тар а ца луш» (Якъ. 1:22). Шена хьалха ма-дарра дIадиллина долчу Делан Дашна адам муьтIахь ца хуьлчу хенахь, цуьнан дог пардоно дIакъовлу, цунна ган новкъарло еш долчу. Иза Iехавалар ду. Шаул тилвеллера шена хетачунна тIехь. Иза тешна вара, ша дийриг нийса хиларх, билггал аьлча иза нийса воццушехь. Цунна хетарг адамийн хьажарца нийса ду аьлла делахь а, цуьнан тешар Далла хетачуьнца догIуш дацара.

И саннарг дуьххьара ца даьллера цу паччахьан дахарехь. Цул хьалха а Шамъала даре динера цунна, иза муьтIахь ца хиларна (Шам. 13:1-13). Иштта долу кхиндерг а даьлла хилла там бу Шаулах, Делан Йозанаш тIехь царах лаьцна яздина дацахь а. Шаулан шена хеташ долчу тайпана долу муьтIахь ца хилар кхолладеллера, ткъа иштланиг хилча, билггал бакъдерг гIалата долчух къасто хала хуьлу.

## IЕХАВАЛАРАН ДУЬХЬАЛАРА ПАРДО

Шуна дагадогIий те, шайн Iийсах тешар хиллачул тIаьхьа шайх даьлла къилахь дерг? Суна-м дагадогIу. Сайн даг чу урс Iоьттинчу санна хетаделира суна. Делан бераш хиллачу вайна, и хетадалар довза деза. Иза вайн дегнаш чохь долу харцдерг

Дезачу Сино Iорадаккхар ду. Ткъа хIун хуьлу, нагахь вай билггал бакъдолу дохкодовлар юха а теттина, вайх даьлларг бакъ дича? ТIаккха хIара ши хIума хуьлу. Хьалхарниг: вайх яьлла йолу муьтIахь ца хиларан акт, юх-юха а ялийтаран агIо схьалоцу вай. ШолгIаниг: Iехоран пардоно вайн дегнаш дIахьулдо, цу тайпана ваьш къа латийна хиларан хаадалар артло вайн, ткъа цуьнан метта ваьшна хетарг схьалоцу вай.

ТIаккха юха а и саннарг вайх даьлча, вайна Iорадаккхар хаадалар кхин а артло, хIунда аьлча пардоно дуьхьало йо цуьнан ирала хааяларна, вайх цхьа маха Iоттабелча санна хетало вайна, жимма новкъарло еш йолу. Вай юха а ваьш бакъдо, тIаккха кхин а керлачу пардоно дIахьулдо вайн дог, ткъа цо кхин а сов новкъарло йо, вайх даьллачо билггал вайга кхайкхам беш хилар хаадаларна. Ткъа вайх юха а цхьа къилахь дерг даьлча, эхь доссаро гIеххьа «къийзош» санна хаало вайна. ТIаккха вай юха а ваьш бакъдахь, кхин а керла пардо дуьхьал тасар догIур ду вайн дагна. Вай къилахь дерг моссазза до а, и пардо оццул стам а ло, онда а хуьлу, цхьа а Iорадаккхар вайна хаа ца даллал, ваьш бакъдар бен. Iехадаларо билггал бакъдерг дIахьулдо вайх, тIаккха эхь хетар вайна хаа а ца ло.

Ишттачу хенахь адам муьлххачу а бакъараллех кхоччуш юхадолу, я, дукхахьолахь ма-хиллара, цо тIехула долу бакъахьаралла гойту, амма дика а, вон а довзаран неIалт тIехь долчу суьпачу дахарца деха иза. Цунна нийса дерг, нийса доцург хаадалар, дийна долчу Делан Дашо Дезачу Синехула шен даг чу дуьллург а ца оьцуш, хIинца кхечу хьостан чуьра схьаоьцура цо. Шен даго Iехаварца хьоьхучуьнца веха иза. И хила мега Йозанийн элпаш, цара адам доь (2 Ко. 3:6), я, юкъаралло нийса ду я нийса дац бохург. Мухха а хилча а, цуьнан дийна волчу Делаца хила еза уьйр ца хуьлу. ХIинца цхьа агIо бен яцара, и стаг метта воуьйтур йолу, – иза Везачу Эло цунна тIе ваийтина волчу пайхамарехула хир дара.

# Кхаа мурехь йолу процесс

Адаман муьтӀахь ца хилар сацорхьама, Везачу Эло цхьана билггал йолчу процессехула чекхдоккху иза. Цкъа хьалха цуьнан эхь-бехк Iорадаккхарехула дан гIоьрта Иза. Амма и стаг кхиндIа а ша бохучунна тIехь латтахь, муьтIахь хилар а доцуш, иза ду Iехаваларан пардоно цунна новкъарло еш ю бохург, цуьнан деган Делан тIедилларшца уьйр ца хилар а гойту. Иштташу меттехь Везачу Эло кхечу стагехула пайхамаралла до, Шаулаца а, Шамъалца а иза ма-хиллара. Пайхамарша деш долчу гIуллакхан билггал бакъдолу маьIна ду, адамашна Делан некъаш довзийтар. Пайхамаралла дарца Везачу Элан муьлхха а стаг хьажо йиш ю. Цуьнан пайхамаралла хилар тIедожийна дац цунна; пайхамараллин хаам динан тобанан куьйгалхочуьнгахула хила а тарло, я дега-ненехула, я балхара хьаькамехула, я берехула, я накъостехула. Якъуба яздора: «Сан хьомсара вежарий, муьлхха а стаг ладогIарна сихвала веза, ткъа шен хабарна а, оьгIазаллина а собаре хила веза, хIунда аьлча адаман оьгIазалло стаг Далла хьалха бакъ ца хуьлуьйту» (Якъ. 5:19). Тидам белаш и дахьийтар, къилахь дерг деш хиллачу тешар долчаьрга дара. Иштта тидаме эцалаш: «дуккха долу къинош» боху дешнаш. Билггал бакъдолчунна тIера уьш бовлар я церан тиладалар, массийттоза муьтIахь ца хилар далийтинчух схьадаьлла дара.

Нагахь вайна тIехьажийначу пайхамаршка вай ла ца догIахь, Дела иза кхел ярехула нисдан гIоьртар ву. ПахIала яздора: «Нагахь вай ваьшна *кхел* еш елхьара, Везачу Эло йийр яцара вайна *кхел*» (1 Ко. 11:31, курсив тIетоьхна авторо). Коьрта долу «кхелъяр» боху дош кхузахь шозза даладо. Цкъа хьалха – «нагахь вай ваьшна *кхел* еш елхьара» - бохучохь *диакрино* боху дош даладо, иза ду «лаккхарчу барамехь дIакъастор» бохург. (Иза хуьлу, вай ваьш кIорггера зийча, телхина долу дерриг хIума мехала долчух дIа а къастош). Иза хуьлу шен къинош дIаделларехула а, ша муьтIахь ца хиларна дохковаларехула а.

ШолгIа меттиг ю – «тIаккха йийр яцара вайна *кхел*», кхузахь *крино* боху дош даладо, «таIзар дар я кхел яр» боху маьIна долу. ПахIала кхиндIа а боху: «Кхел йича [*крино*, таIзар дина] Везачу Эло таIзар до, вайна хIокху дуьненаца цхьаьна кхел ца яйтархьама» (байт 32). Дела вай муьтIахь ца хиларх лардан гIерта, вайна кху дуьненара болчаьрца цхьана таIзар дина ца хилийтархьама (Мат. 7:20-23; Лак. 12:45-48).

Ткъа кхузахь иштта хаттар хIутту: мухачу тайпана кхел йо я таIзар до Дала Шен халкъана, цо шега деш долу пайхамаралле ла ца доьгIча я иза юхатеттича? Жоп дукхахьолахь иштта хуьлу: цхьацца халонаш хIоттарехула, цамгарш я кхинболу бохамаш тIебахкарехула. Назманчас дIахьедо:

> Къиза бала айса хьегале, дикка хьалха, со тилавелла вара, ткъа хIинца Хьан дош лардо аса… Леррина ахьа йина йолу кхелаш бакъ юйла хаьа суна, Веза Эла, Хьо суна тешаме хиларна, таIзар а дина Ахьа суна (Заб. 118: 67,75).

Нагахь вай ПахIалан кхечу меттехь долчу дешнашка хьажахь, вай дерригенах кхетар ду: «Цундела шух дукхахдерш гIоразза а, цомгуш а хуьлу, цхьадерш лан а ле» (1 Ко. 11:30,31[2]).

## Дийна долу масалла

Со теш хиллера адамийн дахаран дуккха а йолчу меттигийн, уьш Делан кхело тIеозийначу, цара Дала шаьш нисдаран хьалхара ши агIо тIе ца эцарна. Царах къеггина долу цхьа масалла 1990-гIа шераш долалочу хенахь хиллера, аса Техасехь кегийрхойн лагерехь динан хьехамаш бечу хенахь. Гуламаш хуьлу хьалхара кIира синца болчу тIемах доладелира – дуккха а болчу кегийрийн Веза Эла хаавалар дIадаьллера, цара шайн дахарехь къилахь дерг дина дела. ХIора гуламехь масех жима стаг, зудабераш хьалха бовлура, шаьш летийначу къиношна

2 Ингалс маттара ма-дарра долу гочдар, NLT Bible. Билгалдаккхар гочдархочун.

дохкобовлар дIа а доьллуш, оцу къинойх дукхаха дерш царна юкъахь хила ца езачу хьарам йолчу юкъаметтигашца доьзна дара, ткъа церан башхачу тайпана, Iийсас Iанийначу ЦIийн ницкъаца цIанбалар хиллера. И кIира чекхдаллалц йолчу хенахь дохкобовларан тулгIе тIекарчар сайна гуш, аса са озарца ладоьгIура тIаьхьарчу динан гуламехь Делан ницкъ эккхаре.

И гулам дIаболабелча, со кхийтира, иза суна ма-хеттара хирг ца хиларх. Сан дагна юха а хааделира, Iора а даькккхина, къиношна дохкобовларе кегийрашка дIахьедан дезар. Айса хьехамаш бан беза хан тIекхаьчча, ас микрофон схьа а эцна, доIа дан долийра. Дезачу Сино гайтира суна: «*Кху зал чохь кхин а цхьа стаг ву, хIинца а Далла дуьхьал бунтехь волу. Цунна кхин а цкъа хьалха вала меттиг ло* (Бунтах лаьцна кхул хьалхарчу хьехамехь дийцинера ас.) Аса кхайкхам бира, масех стаг хьалха велира, амма суна билггал хаьара, царна юкъахь и стаг воцийла. Хьалха бевлларш Дезачу Сино бохучунна сема болу кегийраш бара, шайн кхинйолчу агIонашца Дала болх бар лууш болу.

Дезачу Сино юха а элира сан даг чу: «*Оцу стаге ала, иза кIант велахь, йоI елахь, цо Суна тахана жоп ца лахь, цуьнан дахаре кхел яр догIур ду*». Сайн даг чу аьлла ма-хиллара, аса дIаэлира чохь гулбеллачаьрга, юха а масех стаг хьалха велира, амма сан дагна хааделира, иза царна юкъахь ца хилар.

Дезачу Сино юха а элира сан даг чу: «*Ала оцу стаге, иза милла а велахь, цо Суна жоп ца лахь, муьлха кхел хир ю цунна*». Цо билггал таIIош элира сан даг чу и дешнаш: «*Ала оцу стаге, кхо кIира даьлча автокатастрофа хир ю цунна, машинаш вовшахкхеташ, нагахь цо тахханнехь Суна жоп ца лахь*».

Дог дегорца, кхерамца аса чIагIонца юха элира сайга Дезачу Сино аьлла дешнаш. Кхин а масех стаг хьалха велира, амма со юха а кхоччуш тешна вара, иза царна юкъахь ца хиларх. Везачу Эло пурба делира суна, оцу хьалха бевллачарна тIера доIа а деш, царна гIуллакх дан. Цул тIаьхьа нуьцкъала

дӀабахара и гулам, суна ма-хеттара. Дуккха а болчу кегийрашна Везачу Элера дӀаделладаларш хилира, цхьаболчарна – Далла лерина гӀуллакх дарна кхайкхам хилира. Цхьаберш тобелира, шайн дахаран некъах лаьцна хаарш а хуьлуш. И гулам тхуна массарна а еххачу ханна дагахь лаьттира, ур-атталла гуттаренна а хила а тарлуш.

Масех бутт белира, со кегийрхойн тобанан куьйгалхочуьнца телефонехула къамел деш вара. Иза кегийрхойн лагерехь долу хьал дуьйцуш вара соьга. Цо иштта элира: «Джон тхан кегийрхойн динан тобанехь цхьа йоӀ ю, колледжера студентка, цхьаннах ца баьллачул балане елира и тхуна. Цунна муьтӀахь хила ца лаьара, дукха сингаттамаш беара цо тхуна. Сайн деган кӀоргенехь со тешна вара, вайн тӀаьхьарчу динан гуламехь Дезачу Сино йийцинарг иза хиларх. Сан чӀогӀа догдоьхнера, цо Везачу Элана жоп ца даларна». (Суна хӀумма ца хаьара цу йоӀах лаьцна.)

Цо кхиндӀа а бохура: «И гулам чекхбаьлла кхо кӀира даьлча цунна ахьа йийцина йолу авари хиллера. Машин чӀогӀа йоьхнера». Со вегош вара; цунна хӀун хиллера хаа лаьара суна. Со тешна вара ас аьлларг Дезачу Синера хиларх, амма аса сатеснера оцу стагана и бохам хилале хезар ду цунна Дезачу Сино аьлларг бохучуьнга. Цо кхидӀа а бохура: «Дала дийна йитина иза! Цуьнгахь чӀогӀа вон хьал дара, амма иза тоелла. ХӀинца иза кхоччуш кхин адам ду. Цуьнан дахар а кхоччуш хийцаделла!» Сан белшаш тӀера лам охьабуьйжира, со воккхавоьра иза иштта дӀадерзарх. ЛадогӀалаш кхин а цкъа Дауда аьллачу дешнашка: «…дикка хьалха со тилавелла вара, ткъа хӀинца Хьан дош лардо аса».

ХӀинца цхьа хӀума алийталаш соьга: Дала ца дохкуьйту вайна тӀе и санна долу хӀуманаш. Цо цхьана ханна вай лардеш долу Шен куьг дӀадоккху, мостагӀчунна вайна таӀзар дан бакъо йолу, вай муьтӀахь хиллехьара лардина хир дара. Назманчо дӀахьедира:

> Ахь тхан кортош тIехула мостагIа ластавайтира. ЦIерах а, хих а тхо чекхдевлира, Ахь тхо маьршачу метте арадехира (Заб. 65:12).

Кхечу гочдаро боху: «Ахь тхо шорто кхочушхиларе дехира»[3]. Хиллачу аварино ойлане яьккхира и йоI. Больницехь цуьнан шех даьллачу къиношна дохкоялар хилира, тIаккха Делан шорто йолчу некъа елира иза. ХIара дацара Дала дуьххьара иза нисъяр, амма и духхьарлераниг кхочуш ца хилча, шолгIачо шен болх бира.

Халахета, ерриг аварийн чакхе иштта дика ца ерзар. Кхин а цхьа хIума а дагадогIу суна. Иштта бунте вахана волчу жимачу стаге а хиллера хаам, суна вевзаш волчу цхьана динан гIуллакх деш волчуьнгахула. Цо ла ца дуьйгIира шега аьллачуьнга, тIаккха, жимма хан яьлча авари а хилла, иза велира. Аса дуккха а масалш далор дара – шайн къиношна дохкодовлар а хилла, уьш декъалбина, иштта Шаулаца хилларг хилларш а бара дуккха а.

## СагIина дуьхьала доккху муьтIахь хилар

ХIинца Шаулана тIе юхадоьрзур ду вай. Шамъалнна гира, и паччахь Iехавелла хилар, тIаккха, ша билггал Делера волу пайхамар хиларе терра, иза хIоьттинчу хьолана тIевирзира. Цо хаьттира: «Суна хезаш долу уьстагIийн а, стерчийн а аьзнаш мичара ду?» Шаула цу сохьтта жоп делира:

> «Уьш Iамалекх волчуьра схьадалийна ду. Оха тоьлла долу уьстагIий а, стерчий а хьан Везачу Далла сагIа даккха дитира, кхиндерш хIаллакдира» (Шам. 15:14,15).

Шаула билггал бакъдолчунна хьалха ша дIахIоьттича, берриг бехк халкъана тIе хьажабо. Цуьнан дешнашкахь хIара дара: «Со тIедиллинчунна муьтIахь хила воллура, амма халкъо ца витира со». Шен къиношна даггара дохковалар ца хиллачу стага, цо динчу муьтIахь доцучунна тIехь иза лаьцча, шен бехк

---
3 New King James Version. – Билгалдаккхар гочдархочун.

кхечунна тІе бохуьйту, цу тайпана шех даьллачунна догІучух кІелхьарвалархьама.

Адама Дела а, Хьава а бехкедира. Хьавас лаьхьа бехке бо. Адам бакъ вара: Дала еллера цунна зуда, ткъа цу зудчо и стом цунна а белира. Амма цхьаммо а тІе ца дуьллура цунна иза баар. Цо шен лаамца биира иза. ХІаъ, Хьава лейинера, делахь а, Дала бохучунна тІера ялар цуьнгара схьа дара.

Халкъ Шаула дуьгуш дара, халкъо вуьгуш вацара иза. Цо, ша муьтІахь ца хиларх делла а ца Іаш, халкъ муьтІахь ца хиларх а жоп дала дезара. Иза вара халкъана тІехь хІоттийна, цунна деллера олалла и халкъ дига а, цунна хьеха а. Лидераш, леррина ладогІалаш: аша дала дезар ду жоп, шун кара деллачу адамаша аша магийтарехула муьтІахь доцург далийтарх.

Исраил-мехкан куьйгалхо а, Шамъалан хьехархо а волчу Іелина хаьара, цуьнан кІенташа Дала шайна тІедиллинчун тергам ца бар, амма цо хІумма а ца дора уьш сацорна. Цо юкъахь лелаш долу «куьйгех тохар» бен ца дора, шена делла долчу олаллица уьш саца а ца бора цо. Цундела Дала элира: «Аса цуьнга аьлла ду, цуьнан цІенна тІехь массо а тІейогІучу ханна таІзар дийр ду аьлла, цо шен кІенташа лелош долчу къинойх лаьцна а, цара лелош долчу дастамечу хІуманех лаьцна а шена хуъушехь, уьш саца ца бина дела» (Шам. 3:13). Кхел яр кІенташна хилла а ца Іаш, Іелина шена а хилира.

Шаула шен муьтІахь ца хилар бакъдора, уьстагІий, стерчий Далла сагІа даккхарна дийна дитира бохучуьнца. Амма цо ша-шен левора, нагахь муьтІахь воцушшехь Далла лерина сагІа даккха а, Цунна Іамалъян а мегар ду шена моттарехула. Иза цхьа хІиллане а, Іехоран а агІо йолу бунт яра.

Іийсас иштта аьллера: «Суна тІаьхьахІотта лууш болчара шайн «со» бохург дІататта деза, шайн баланийн мохь схьа а эцна, Суна тІаьхьахІитта беза» (Мат. 16:24). Цхьаболчара и мохь ге а буьллий, шайн баланашна тІе тидам бохуьйту, кхечу тайпана

аьлча, шаьш цу баланийн кара дIалуш санна беха уьш. Делахь а, Iийсас дуьйцург – и деккъа цхьа хIума хилла ца Iа, шена тIе тидам бахийта дезаш долу. Ша-шен кхоччуш юха а тоьттуш ваха а тарло, хIетте а Делан Iалашо, Цуьнан лаам кхочушбар а ца хуьлуш! Билггал аьлча и ша-шен кхоа ца вар боху некъ схьалаца йиш ю, амма оццу хенахь Далла дуьхьал бунтехь а вуьсуш!

Iийсас дуьйцу коьртаниг, «муьтIахь хила» везар ду. МуьтIахь хиларе вуьгург беккъа цхьа некъ бу – иза шен мохь схьаэцар ду. ХIунда аьлча нагахь вай вешан лаам, Iалашо дIа ца таттахь, вай эххар а Делан лаамехь долчунна а, вешан адамийн болчу лаамна а юккъе нислур ду. Нагахь вай вешан дахар Далла муьтIахь хиларна дIа ца лахь, вайна цхьа кхин некъ карор бу вешан лаамехь дерг кхочушдарна, Цуьнан Iалашонехь хир боцу, тIаккха вай, Шаула ма-дарра, Йозанаш тIехь дерг ваьш бакъдарехьа дерзор ду. Вай ваьшга хатта деза: «Далла лерина гIуллакхдарна юкъадогIий те муьтIахь ца хилар?» Иза иштта делхьара, вай динца доьзна дечу гIуллакхийн, «Делан Йозанашца догIу» бохуш деш долу, я доккху сагIанийн сийлалла иблисана кхочур дара, хIунда аьлча иза ду бунтан да а, олахо а.

Пайхамара Шаула ша бакъвар харцдира:

> Собар де, аса дIадуьйцур ду хьоьга Везачу Эло буьйсанна хьо бахьанехь аьлларг». Шаула цуьнга элира: «Схьадийца». ТIаккха Шамъала элира: «Хьуна-хьайна а хьо жима а, хьал доцуш ву аьлла хетташехь, ца хIоттийнера хьо Исраилан халкъан тайпанашна коьрте? Хьо иштта воллушехь, Везачу Эло къобал ца винера хьо Исраилан халкъана тIехь паччахь вина дIахIотта? Везачу Эло хьо хIокху дешнашца новкъа ваьккхинера: «Ваха а гIой, и къинош летийна болу Iамалекхахой хIаллакбе. Уьш байина дIабаххалц, тIом бе цаьрца», – аьлла. Везачу Эло хьайга аьлларг хIунда ца дира ахьа? Стенна кхийтира хьо ижунна тIе, Везачу Элан бIаьргашна хьалха вон деш? (Шам. 15:16-19).

Шамъала элира: «Хьо-хьайна кIезиг хеташ вацара ткъа хьо, хьох Исраила тайпанийн баьчча вича, «Везачу Эло хьо Исраилмехкан паччахь хила къобал а веш?» Кхечу дешнашца аьлча: «Шаул, паччахь вина дIахIоттийначу хенахь, хьо эсала а, муьтIахь а, кIеда а ма вара». ХIара къамел хилале масех шо хьалха, Шамъала дуьххьара иза паччахь хир ву аьлча, Шаула цатешарца жоп деллера: «Бен-Яманан тайпанах ма ву со. Исраилхойн тайпанашна юкъахь жимачарах ду иза. Цу тайпанна юкъара тхан гара уггар а жимаха ма ду. Ахьа соьга иза хIунда боху?» (Шам. 9:21). Шаулна шех паччахь хир ву аьлла ца хетара. Иза воьхнера, оццул кIезиг волу ша хIунда хаьржина те Дала бохуш.

ТIаьхьо, Везачу Эло Шаул дерриг а Исраилан халкъана хьалха хIотто везачу хенахь, хIора тайпано кхаж таса безара. Кхаж Бен-Яманан тайпанна белира, цунах – Шаулан доьзална, тIаккха Шаулана тIе а. «ТIаккха цу тайпанах болчу нахе шайн гаранашца тIедуьйла элира цо. Царна юкъара МатIарин гара хаьржира. ТIаьххьара Къушин кIентан Шаулан цIе яьккхира. Амма Шаул лаха хIиттича, иза кара ца вора. ТIаккха цара Везачу Эле юха а хаьттира: «ВогIур вуй кхин цхьа а кхуза?» ТIаккха Везачу Эло жоп делира: «ВогIур вац. Шаул хьуьлла аша шайца схьаеана йолчу хIуманаш юккъехь лечкъина Iаш ву» (Шам. 10:21, 22).

Еккъа, Делан халкъана тIехь куьйгалла дийр ду ша бохучу, цхьана ойлано а догдохор доуьйтура Шаулана. Шен бIаьргашкахь ша кIезиг ву аьлла хетара цунна. Шамъала дагадаийтира цунна иза, тIаккха элира: «ХIинца, Везачу Эло новкъа воккху хьо, иштта а олуш: «Ваха а гIой, дерриг а хIаллакде». Ткъа хIинца хьуо Везачу Элал лакхара ву хIунда моьтту хьуна? Хьан хьекъалалла маца совдаьлла, Везачу Элан долчу хьекъалал? Ахьа, хIун, Цуьнан меттиг дIалаьцна? Дела юкъахь воцучохь хIунда лоьху ахьа нийса дерг, доцург? ХIун хилла оцу эсалчу а, муьтIахь хиллачу а стагаца?»

Вайх цхьанна а, Далла хууш долчул сов хаьа ткъа?» Дера ца

хаьа! Амма вай муьтIахь ца хилча, изза ду вай Деле а, гонаха болчаьрга а ала гIертарг. Сонталла ю сийлаллин Iаьршахь хиъна Iаш Волчул, ша хьекъале ву аьлла хетар. ХIара дуьне кхоьллина а ца Iаш, иза Шена чохь дерг – Кхоллархо волчул, Шен куьйга седарчий стигалашка дIатардина волчул. Делахь а, Цуьнан хьехам тергал ца барехула, вай адамийн хьекъалалла, Цуьнан хьекъалаллел лакхадоккху!

## Бунт а, бозбунчалла а

Шамъал леррина Шауле хьаьжира, шен Делера хаам хуьлчу похIманца майрра дIахьедар деш:

> Ахьа доккхуш долу сагIа а, дагош долу бежанаш а деза хета те Везачу Элана, хьо Ша бохург а деш дIахIоттарал? Цуьнга ладугIуш хилар сагIа даккхарал а деза ду, ткъа Цунна муьтIахь хилар уьстагIан махьаран даьттанал а дезах ду, хIунда аьлча муьтIахь ца хилар, бозбунчалла лелор санна къилахь ду, ткъа шен лааме а ваьлла, дуьхьалвалар цIу-динах тешар санна ду (Шам. 15:22,23).

Шамъала бунт а, бозбунчалла а цхьанатуху: «ХIунда аьлча муьтIахь цахилар, бозбунчалла лелор *санна* къилахь ду». Тидам белаш «*и санна*» а, «*изза ду*» бохучу дешнийн. Уьш курсивца къастийна ду оцу аяташкахь. Ма-хиллара, Делан Йозанаш тIехь иштта къастадо оригиналехь доцу дешнаш. Уьш гочдархоша тIаьхьо тIетоьхнера, кхоччуш кхетар хилийтархьама. Билггал долчу гочдарехь *иза ду* аьлла дитар а тарлуш дара.

Иза иштта ала тарлора: «ХIунда аьлча муьтIахь цахилар бозбунчалла ду». Оцу дешнаша кхетаво Йозанаш тIехь долчух. Бунт а, бозбунчалла а вовшашца дустар цхьаъ ду, ткъа иза билггал бозбунчалла ду алар – кхиниг ду. Вайна хаьа, билггал бакъдолу тешар долчо бозбунчалла лелор доцийла. Амма мел дукха бу Делах тешар доллушехь, шаьш хIун до а ца хууш, оцу агIоно

дІалаьцна, даг чу бунт йоссаро уьш Іехийна хилар бахьанехь.

*Бозбунчалла* аьлча дукхахьолахь Іаьржа духар дуьйхина йолу зуда дагайогІу. Иза, цхьацца луьйица йоллар деш, нуй тІе а хуий тІемайолу, я цунна хрустальни шар тІехь хаам хуьлу, ткъа цуьнан цІа чохь даима а цхьа хІума кхехкаш хуьлу цІера тІехь бохург дагадогІу дукхахьолахь. Я, хила тарло, таханарчу заманахь – иза нахана луьйица йоллар я неІалташ кхайкхош йолчу зудчух тера ю бохучун сурт хІоттар. И ши агІо а йитина, бозбунчаллин ораме хьовсий вай, иза мухха а делахь а.

Ивритан маттахь бозбунчалла боху дош *кесем* аьлла ду. Цунна чу догІу *хин долчух лаьцна хаам бар, бозбунчалла дар, левар* бохург. Делахь а, эксперташа чІагІдо, оцу дешнийн бозбунчаллица доьзна йолчу агІор билггал долу маьІна ца хаьа бохург, оцу дешан гочдаран масех агІо хила тарло.[4] Коьртаниг, бозбунчаллин хІун форма ю я муха до цара шаьш лелориг бохург дац, амма цара лелочух хІун хуьлу я цуьнан хІун маьІна ду бохург ду.

Бозбунчалло жинашца тайна йолу агІо дІайоьллу. Цуьнан Іалашо ю – хІоьттинчу хьолана тІехь, цхьанна хиллачунна тІехь, я адамашна тІехь цхьацца агІонашкахула *контроль* яр, оццу хенахь синошца доьзначу агІонах цхьа а кхетар а доцуш. Цуьнан дуккха а агІонаш хила тарло: хІоьттинчу хьолах кхоччуш хаар ца хилар я муьлхачу боданечу ницкъаца деш ду иза бохучух кхоччуш кхетар а долуш лелор. Билггал аьлча, бозбунчалла дар, ша лелориг хІун ду бохучух кхетар доцуш я кхоччуш кхетар долуш лело йиш ю. Цуьнан Іалашо – контроль яр ду, амма цу юкъа жинийн ницкъаш гІортарна, и санна волу стаг контроль еш волчуьра, шена тІехь контроль яйтаре волу.

## МуьтІахь ца хиларехула лолле вахар

Хьалха кегийрхойн динан тобанан пастор хиларе терра, сан йиш яра и бозбунчалла боху агІо йовза. Школашкахь спиритизм боху бозбунчалла лелорна юкъабахана дуккха

4 Theological Wordbook of the Old Testament, том 3, с. 805.

кегийраш бара. Сан кегийрхойн лидерша сих-сиха дуьйцура соьга шайн классехь болчу бозбунчалла лелочаьрца я жинашца тайначаьрца шайн Іоттаелла юкъ-меттиг хиларх лаьцна.

Бозбунчаллина юкъахь суна евзинчех цхьа башха принцип ерг иштта яра: адам шайн тобанна юкъаозош (бозбунчалла лело адамийн тобанаш), церан лидераша наркотикаш лелоре, маларш мийларе, стеган, шен йоцучу зудчуьнца ямартло хила магош йоцу юкъаметтигаш хиларе, къола даре иштта Далла гергахь мегаш доцург даре а марзбо уьш. Дала сайна билггал бакъдерг дІаделлалц, со ма-бохху ца кхетара цуьнан бахьанах: «Бунт хилар – бозбунчалла ду».

Царна хьоьху: хьо бунте мел вели, хьан ницкъ совболу бохург, тІаккха цара ницкъ хилар лоьху. Иза бакъ ду, хІунда аьлча бунт – иза бозбунчалла ду. Церан бунт сов мел йолу, жинашка шайна тІехь олалла дойту цара, шайн дахар церан контроле а луш. Дала хІоттийна низамна, законашна, Цо дІахІиттийначу олахошна дуьхьалбовларехула, цара, шайн лаамца, жинашна меттиг ло шайна тІехь олалла дан.

И ойланаш гучуйовлу, бозбунчаллаша шайн иблисан библи ю бохучунна тІехь. Масех шо хьалха, цхьана дийнахь динан гулам чекхбаьллачул тІаьхьа, со а, сан зуда а гостинични номер чохь телевизор чуьра каналашка хьожуш дохкуш, сатанизмаца а, бозбунчаллица а йоьзначу каналана тІе Іоттаделира. Со цу тІера кхечу канал тІе вала воллура, иза-м нийса дерг а хир дара, хІунда аьлча вайна синойн тІамехь оьшуш мел дерг, Дезачу Синера схьа хила дезаш ду. Делахь а, цхьана минотана саца веза со, бохург хааделира суна. Цу чохь цхьа шоу яра, сатанистийн библих лаьцна дуьйцуш йолу, ткъа журналисто цу тІера хьалхарчу весето тІедуьллург гойтура: «Хьайна луъург де», бохуш долу.

Сан тидам цу тІе бахара. Суна цу сохьта Йозанаш тІера ерриг меттигаш дагаяьхкира. Назманчо бохура:

> Хьажахьа, со кийча ву, товрат-хьехамийн тептар тӀехь суна
> лерина яздина ду. Хьан лаам кхочушбан лууш ву со, сан Дела!
> Хьан товрат-хьехамаш сан даг чохь лаьтта (Заб. 39:8, 9).

Ӏийсас Шех лаьцна аьллера: «Айса Сайгара хӀумма а дан йиш яц Сан. Аса, Сайна ма-хаззара, кхел йо, и Сан кхел бакъ а ю. ХӀунда аьлча Аса Сайн лаамехь дерг ца лоьху, амма Со Ваийтинчу Ден лаам кхочушбо» (Яхьъя 5:30). Талламаш бинчу дуккхачу шерашкахь со кхийтира, Дала Шена муьтӀахь болуш леларш декъалбеш хиларх. Суна дагатесира, цунна дуьхьал дерг а ду билггал бакъ, бохург: боданан жинаша бунтехь болуш бехарш декъалбо. «Хьайна луъург де» боху весет – Делан Дашо бохучунна нийсса дуьхьал дерг ду, цо дика гойту Дала бунтах лаьцна бохург.

Шайн лаам а болуш, шайн дахар иблисан кара делларш кхета цу принципах, ткъа кхинберш Ӏехало. Цунах ца кхетачара гӀалатлонца тӀеоьцу, законехь ца лелар паргӀато ю бохург. Амма бунтехь паргӀато яц. Керлачу Весет тӀехь чӀагӀонца яздина ду, билггал аьлча хӀун хуьлу цунах бохург: бунтехь болчех харцдолчун леш хуьлу. Кипас иштта яздо церан Ӏехабаларх лаьцна: «Цу нахана [муьтӀахь цахиларна тӀетевжаш болу баьччанаш] паргӀато яла ваӀда до харцхьехамчаша, талхаран леш шаьш доллушехь – стаг ша мел эшийначун лай ма ву» (Кип. 2:19).

Иза билггал бакъ хилар гуш ду. Цигахь паргӀато яц, жинаша таӀоре а, цара олалла даре а синош дуьгуш болу, буржалш, контроль йолчу боьду некъ бу иза. ПахӀала дуккхазза а вайн тидам бохуьйту оцу агӀонна тӀе: «Шу кхеташ дац те, леш санна цхьанна муьтӀахь хила шу карадахча, шу къар а лой, цуьнан леш хуьлий? Я къинан леш хуьлу шу, ткъа иза бахьана долуш шу хӀаллакдийр ду я Далла муьтӀахь хиларан леш хуьлу, ткъа иза бахьана долуш шун Далла хьалха бакъдар ду» (Рим. 6:16).

Ӏийсас а чӀагӀдо и принцип лараме хилар: «Баккъалла а боху Аса шуьга: хӀора къа латош верг цу къинан лай ву» (Яхьъя 8:34). ДагадогӀий шуна Кхаиман муьтӀахь ца хилар, Везачу Элана

сагIина дохьург цо харжарехула гучудаьлла долу? ТIаьхьа Дала кхеттош олу цуьнга, цо хаьржинчо, цуьнан тIаьхьало а билгалйоккхур ю. Кхаиман йиш яра Делан лаамехь дерг а хаьржина, къилахь долчо (бозбунчалло) контроль ярна неI дIакъовла. Я иштта цуьнан йиш яра бунтехь виса а, тIаккха Дала ша ларварх а, Цуьнгара болчу ницкъах а ваьлла, иза лолле вахийта лаам болчу къинан дукъан кIел ваха.

Шамъала хьалххехь дIахьединера цуьнга, Дала а Ша Кхаиме дIахьедаре терра. Бунте валаро Шаулан синна чу контроль яран агIо дIалацарна некъ дIабиллира, нагахь иза бакъхьарачу синехь хиллехьара, цо цкъа а дийр доцург а дойтуш цуьнга. Шаулан дохковалар ца хилира, Делан Йозанаш тIера Шамъал цIе йолчу тептаран (16:14) дуьйцу, цо йинчу харцонал тIаьхьа жимма хан яьлча цуьнан дахаре харц жин деара, иза хьийза а веш. Цу хенахь дуьйна харц жинан бакъо хилира цуьнан дахарехь хила. ТIаккха син паргIато яцара Шаулан, хIунда аьлча цуьнан дохковалар ца хилира. Цунах кхоччуш кхин стаг хилира, хьалха хиллачух тера а воцуш.

ХIинца вацара и хьалхалера эсала амал йолу жима стаг, ден долчу олаллина муьтIахь а волу, иштта Везачу Делан лаамехь долчуьнга ларам болчу Шамъал-пайхамарна а муьтIахь вацара иза. Цуьнан метта, цхьана хенахь шена лараме хилла мел дерг юхатеттина волу стаг вара хIинца. Нагахь иза къона волчу хенахь, аша цуьнга: «Шаул, догIур ду и де, ахьа хьо оьгIазвахханчохь бехк боцу дезткъе пхиъ динан гIуллакхдийриг, церан зударий, бераш дойур долу», – аьлча, цо шу хьерадевлларш санна лелхор дара. «Иза иштта хуьлийла а дац! Ас билггал дийр дацара и саннарг!», – аьлла, жоп лур дара цо. Амма сингаттаме долу билггал бакъдерг ду, цо иза дар (Шам. 22)!

Харц-жино Шаулан дахарехь хьагIа хиларна, дарваларна, цабезам хиларна, бохамаш бахкийтарна, адамаш дайарна, Iехаваларна меттиг белира. Иза дохко ца велира шен муьтIахь

ца хиларна, и бахьанехь оцу дерригенан контроль ян аьтто белира цунна тІехь. Далла а, цунна шена а уггар тешамечех цхьаъ волчу Даудана а тІаьхьавелира иза, и вен дагахь. Шаула Дауд ямартхо ву аьлла лорура, билггал аьлча Дауда шен доллучу даггара Везачу Элан лаам лоьхура. Жинийн контроле валарна Шаулана билггал бакъдолчун къайладуьйлу нур бен ца гора, Іехаваларан юькъачу мархаша дІакъевлина долу. Билггал бакъдолчух харцдерг хилира, ткъа харцдолчух билггал бакъдерг дира.

Мел дукхазза а хуьлура со и санна долчун теш! Кхечу адамийн дахарехь хилла а ца Іаш, сайн дахарехь а хиллачун. Сайн дахаран дІаяханчу хене юхахьоьжу со, муьтІахь ца хиларна воьхна лела дезна хиллачу, хІинца велха дог догІу сан, оцу харцдолчуьнца со ваьхна хиларна. Оцу хенахь сайн динан лидераш легализмах а, гІалатех а дуьзна адамаш ду, аьлла хетара суна, ткъа сайн динан накъостий сан мостагІий бу моьттура. Кхечу бунтехь болчех дІакхетара со, деккъа муьтІахь ца хиларан алу хилла йогучу цІерга даьтта доттархьама. Тхуна тхаьш Везачу Элана уллохьа долу адамаш ду аьлла хетара, тхо тешна дара, тхо Далла лерина гІуллакх деш долу «керла тукхам» ду бохучух. Далла бу хастам, Иза оццул къинхетаме хилар соьца! Шун бІаьргаш гуттара а дІадиллина хуьлийла, оццу речІане дІа а лацийтина, Іеха ца далархьама, иза соьца ма-хиллара.

## Корта 7

# Бозбунчалла хилларш

*Делан Дешан серлоно харцдерг дӀадоьллу,*
*адамийн дегнийн ойланаш а, Ӏалашонаш а*
*дӀа а къастош.*

Бунт – иза бозбунчалла ду. Оцу къайлаха йолчу харцонан принципо дечун тӀаьхьалонаш дика го вайна тахана вайн долчу дахарехь, динан тобанашкахь, уьш тӀехула хьаьжча гуш яц аьлла хетахь а. ХӀокху коьртехь аса ма-дарра дуьйцур ду, хӀун Ӏаткъам бо тешар долчу, амма бунте баханчарна тӀехь бозбунчалло. Вай Ширачу Весет тӀера а, Керлачу Весет тӀера а масалш далор ду, иштта таханлерачу дахарера меттигаш схьаоьцур ю, муьтӀахь ца хилар бахьанехь шена тӀехь контроль яр муха хуьлуьйту бохург а Ӏамош.

### НеӀалт кхайкхор магош дац

Цкъа хьалха Исраил-махке хьовсур ду вай. Шаьш яьссачу аренгахула лелачу хенахь, ИбрахӀиман тӀаьхьено Моабан аренгахь шайн меттамотт (лагерь) дӀахӀоттийра. ХӀетале, дукха хан йоццуш, цара, тӀе а гӀоьртина, Башанан паччахьан тӀехь толам баьккхинера, иштта шайн лаьттахула ца довлийта церан некъ хадо гӀоьртина болу Ӏамархой а хӀаллакбинера.

Исраилхоша шайн меттамотт Моабан аренгахь дІахІоттийча, Балакх, цуьнца долу халкъ, Моабхой а, Мадиамера къаной, синтем байна хьаьвзира. Халкъ кхерам боссарна дегош дара. Везачу Эло Исраилхошка аьллера: «Сайх болу кхерам хьол хьалха дІабохуьйтур бу Ас, ткъа муьлхха а хьо тІедахана халкъ дохийна хьовзор ду. Хьан мостагІий, дІа а берзийтина, хьуна хьалхара бовдуьйтур бу Ас» (Ара. 23:27). Цу хенахь масарна а хаьара, исраилхоша, шайна дуьхьалдовлу халкъаш шайн карадерзош хилар а, уггар нуьцкъала долу Мисаран халкъ а, дерриг бохург санна, дохийнера.

Балакх-паччахьо шена гІо дайта БалиІам-пайхамарна тІе геланчаш бахийтира. И пайхамар вевзаш вара, цо аьлларг билггал кхочушхиларна а, цунна хиндерг хаарна а. Паччахьна хаьара, БалиІама до пайхамаралла кхочушхилар. Цо декъалдича, адамаш декъала хуьлура, ткъа цо неІалт кхайкхийча, и неІалт кхочушхуьлура. Геланчийн ши тоба тІе а эцна, иза реза хилира, оцу эланашца паччахьна тІе а вахана, Исраил-халкъана неІалт кхайкхо. Паччахьа деллачу совгІаташа а, шен ларам баро а реза вира иза и гІулч яккхарна.

ШолгІачу дийнахь уьш БаІалан лаьмнаш тІе хьалабевлира, тІаккха БалиІам исрал-халкъе дІахьаьжира. Цо паччахьна тІедиллира сагІа даккхарна ворхІ кхерч дІахІоттор, хІоранна а хьалха сагІанаш а кечдеш. ТІаккха цо шен бага дІайиллира исрал-халкъана неІалт кхайкхорхьама, амма цуьнан метта цо декъалаллаш элира.

Дийца а ца оьшу, паччахь чІогІа реза ца хиларх лаьцна! «Балакха БалиІаме элира:

> «Ахь суна дийриг хІун ду те? Аса сайн мостагІашна неІалт кхайкхадайтархьама схьавалийна хьо, ткъа хьо уьш декъалбеш ву?» (Лел. 23:11).

ТІаккха БалиІама кхин а лекхо йолчу метте хьалдовла деза элира цаьрга, Балакхан дехар кхочушхиларе сатийсарца.

Цигахь жимма сов хила тарло энерги, лекхо йолчу меттера кхайкхорхьама и неIалташ, аьлла. Юха а ворхI кхерч кечбира, сагIа даккхарна тIеоьшург а йохьуш. Амма БалиIам бозбунчаллин неIалт кхайкхо воллучу хенахь, цо юха а Исраилан халкъ декъалдира.

Иза иштта юх-юха а хуьлура. ХIоразза а, БалиIам неIалт кхайкхо гIоьртича, цуьнан декъалаллаш хьажо дийзира. БалиIама шолгIа динчу пайхамараллехь вайна нуьцкъала долу хIара дIахьедар карадо: «Якъубан тIаьхьенна дуьхьал лелийна бозбунчаллаш а кхочуш хир дац, Исраилан халкъана дуьхьал тесна пал кхочушхир бац»[5] (Лел. 23:23).

БалиIама хаам бира царна, Делан халкъана дуьхьал цхьана бозбунчалло я пал тасаро хIумма а ца до, аьлла! Ма инзаре а, нуьцкъала а дешнаш ду уьш! Кху замане даькkхича цу аято иштта эр дара: «Кхочушхир дац цхьа а тайпана бозбунчалла, Делан халкъана духьал дина долу, иштта цхьа а пал тасар хир дац кхочуш, Цуьнан динан Тобанна дуьхьал деш долу!» (Лел. 23:23, авторан дешнаш).

Оцу агIоно иркарахIитто деза вайн дегнаш. Бозбунчаллаш лелочара, пал туьйсучара шайна ма-луъу, маьхьарий деттар ду, хьера а бевр бу, шайн къуьданаш летор ю. Шайн бIаьрг ца хилийта боху дешнаш эр ду, неIалташ кхайкхор ду, амма цо цхьа а зене дерг хуьлуьйтур дац Делан берана. Киканаш тIерачу (26:2) аято чIагIдо и билггал бакъдерг: «Хьоза дIаэккхар санна а, чIегIардиг тIемадалар санна а, иштта бахьана а доцуш боьллина сардам, тIех а баьлла, кхочушхир бац».

## КХАЙКХИЙНА НЕIАЛТ ШЕНА ТIЕ ЮХАДОЬРЗУ

Со кхин а цкъа суо кегийрхойн пастор хиллачу ханна тIе воьрзур ву. Школехь доьшуш бозбунчалла лелош ю иза бохуш

5 Ингалсан гочдарехь (NIV Bible) и байт иштта ю: «Якъубана дуьхьал бозбунчалла дац, пал тасар дац Исраилан дуьхьал». – Билгалдаккхар гочдархочун.

евзаш йолу цхьа йоI яра, цо Iийса къобалварца шен даг чу эцнера. Иза ненан кийрахь яра, цуьнан нанас иза иблисана дIаяла къобалйинчу хенахь. ХIинца ша Iийсах тешаш йолуш, цо сан гIоьнчина шен хьалха хиллачу дахарх лаьцна дийцинера. Къаьсттина сан тидам тIебахана долу дешнаш аьллера цо. Цо элира: «Тхоьга неIалт кхайкха ца далора Iийсах тешар долчарна». Сан гIоьнчас хаьттира: «ХIунда?» Цо жоп делира: «Нагахь оха иза кхайкхадахь, и дерриг а тхуна тIе юхадоьрзур ду». ГIоьнча инзарваьллера.

Гой шуна, цо аьлларг, БалиIама аьллачуьнца догIуш ду. Шен хьалхарчу пайхамараллехь цо иштта хаттар ло: «Амма Дала неIалт ца кхайкхийначунна аса муха кхайкхор ду неIалт? Ткъа Везачу Эло сардам ца боьллинчунна аса муха буллур бу сардам?» (Лел. 28:8). Нагахь БалиIама Исраилан халкъана неIалт кхайкхийнехьара, иза цуьнан шен коьрта тIе доьрзур дара. Дауда цунах лаьцна иштта аьлла:

> Воӏиг лелош болчеран ойланех а, *зулам дечеран* тобанех а со дIахьулвехьа. Цара шайн меттанаш, тарраш санна, ирдо, ткъа шайн дешнаш, дIаьвше пхерчий санна тIекхуьссу. ХIуманнах а ца кхоьруш, цара цIеххьана цунна тIе уьш кхуьссу (Заб. 63:3-5, курсив автора н).

НеIалташ дуьхьалбовлар долчара кхайкхор ду (бозбунчаллаш лелочара), амма бакъахьара болчарах уьш кхетар дац. Хьовсалаш, хIун хуьлу неIалташ кхайкхош болчарна:

> Амма Дала царна тIе пхерчий кхуьссу. Уьш цIеххьана дIа а лоцур бу. Цара шайн меттанашца шаьш хIаллакбийр бу. Уьш гуш мел волчо кхардамца кортош лестор ду (Заб. 63:8,9).

Уьш церан шайн дешнаша дIалоцур бу. Цара кхечарна зен дан хьажош долу дешнаш, царна шайна тIе юхадоьрзур ду. И

агIо гайтархьама, Дауда иштта олу: «Со лаца кечбина гур бара, гIайгIанехь вара со. Суна хьалха ор даьккхира цара, амма шаьш цу чу ийгира уьш» (Заб. 56:7).

## МутIахь цахиларна юкъаозийнарш

БалиIамна хаьара, Исраилхошна кхайкхийна неIалт кхочуш хир доцийла. Шена, чIогIа иза лиънехьара а, хIумма а далур дацара цунна. Мусас ма-дарра яздо цунах лаьцна: «ХIунда аьлча шу Мисар-махкара схьадогIучу хенахь уьш баьпкаца а, хица а дуьхьал ца баьхкинера шуна. Цара Арам-НахIараймерачу Патур-гIалара БеIаран кIант волу БалиIам лаьцна дуьхьал а валийнера, шуна неIалт кхайкхадайтархьама. Амма шун Везачу Далла ца лиира БалиIаме ладогIа. Шун Везачу Дала цуьнан неIалтех шуна декъалдар хилийтира, Везачу Далла шу деза дела» (Карл. 23:4,5). Иза вайна а догIу хIинца.

Дарвеллачу Балакха мохь хьаьккхира:

> «ТIаккха Балакх чIогIа дарвелира БалиIамна. Шен куьйгаш вовшах а тухуш, цо БалиIаме элира: «Аса сайн мостагIашна неIалт хьажо схьавалийнера хьо, ткъа ахьа хIинца кхозлагIа а уьш декъалбеш бу. Хьайн цIа дIагIо! Со хьоьга болчу ларамна, хьуна совгIаташ дала воллура, амма Везачу Эло ваьккхи хьо цу совгIатех» (Лел. 24:10, 11).

Паччахь, БалиIамна доккха совгIат а деш, халкъо цуьнан ларам бар совдаккха воллура, шен луьрачу мостагIчунна цо неIалташ хьажор кхиам болуш дIадерзахь. Амма билггал аьлча, цо элира: «Хьайна хиндолу совгIат дицдан мегар ду ахьа. Схьахетарехь, Далла ца лаьа ахьа и схьаэца. ДIавала суна гучура а!».

БалиIам воьхнера – цунна билггал лаьара и совгIат схьаэца. И бахьана долуш схьа а веанера иза, ткъа хIинца цу совгIатех вала там бара иза. Шена хиндолчух ца валархьама, и гIуллакх

кхочушдан шен кхин а цхьа агIо хилар дIадиллира цо Балакхна. Исраилхошна неIалташ шена хьажалур дац бохучух иза кхеттехь а, цунна хаьара, оцу исраилхоша шаьш-шайна неIалташ тIеозор муха хуьлийла ду.

Бунтана а, бозбунчаллина а юкъахь уьйр хиларх лаьцна шен хаар хиларе терра, БалиIама паччахьна хьехам бира, исраилхойн меттамотт болчу шайн муабхойн йоIарий бахийта, аьлла. Цара шайца шайн бина болу цIу-деланаш схьаэца беза, исраилхойн божарий Iеха а бина, шайца леларехула цаьрга къа а латадайтина, царна юкъахь Дала тIедиллинчунна дуьхьал бунт эккхийтархьама. Цунна хаьара, бунте бовларехула цара шайна тIе бозбунчаллин неIалт тIедоуьйтур дуйла.

Вайна хаьа, иза кхочушхилар, хIунда аьлча Мусас а, Iийсас а балабора паччахьна бина и хьехам масаллина. Мусас чIагIдира иза: «*БалиIаман хьехамца* ПаIор цIе йолчу меттехь исраилхой Везачу Элах дIаберзийна болу зударий уьш ма бу! И бахьана долуш Везачу Элан халкъана юкъахь адам хIаллакдеш ун ма даьржинера» (Лел. 31:16). Дуккха а бIешераш девлча, Iийсас элира: «БалиIама *Балакхана хьехам бира* исраилхойн божарий Iехо беза, цаьрга цIу-деланашна сагIина деанарг яийтархьама а, къилахь долу хьарам гIуллакхаш леладайтархьама а» (Довз. 2:14, курсив авторан).

Цунах лаьцна Делан Йозанаш тIехь ду. БалиIама пайхамаралла динчул тIаьхьа вай доьшу: «Шитим олучу меттехь шаьш меттамотт хIоттийна Iаш болчу хенахь, исраилхой муабахойн зударшца лела буьйлабелира. Муабахойн зударша шайн цIушна лерина хIитточу сагIанийн тойнашка исраилхой кхойкхура. Исраилхоша цаьрца цхьаьна сагIина деанарг а доура, церан цIушна Iибадат а дора. Иштта, цигахь БаIал-ПаIор цIе йолчу цIунна Iамал ян буьйлабелира исраилхой. ТIаккха Веза Эла чIогIа дарвелира Исраилан халкъана» (Лел. 25: 1-3). И бахьанехь Исраил-махкахь къиза ун даьржира.

МуьтIахь ца хиларо, хьажийна неIалт кхочушхуьлийла доцу и халкъ, къизачу уьнан неIалтан дола дахара: «Цу даьржинчу уьнах велларг ткъе виъ эзар стаг вара» (Лел. 25:9). Ткъе виъ эзар! Гой шуна оцу бохаман боккхалла? Вайн деношкахь, нагахь кема чу дожарехула я дорцан мох баларехула масех бIе адам делча, дерриг дуьненан керланашкахь дуьйцу. Ткъа кхузахь вай бохург, бIеннах а доцуш, ткъе виъ эзар стагах лаьцна ду! Иза исраилхой яьссачу аренгахь бевлла леллачу хенахь хиллачел, уггар боккха бохам бара, ткъа цуьнан бахьана – адамийн бунт яра.

КIорггера муьтIахь ца хиларо кIорггера долу ун тIедарна неI дIайиллира. Церан бунт инзаре йоккха яра. Цхьа эхь доцу исраилхо-м дукха тIехваларца, Мусана а, дерриг гулделлачу Исраилан халкъана а хьалха самукъадаларца цхьана мадиамхойн зудчуьнца ловзуш вара, оццу хенахь дерриг халкъ Деле доIанаш деш, тийжаш долуш (Лел. 25:6).

Ткъа стено сацийра и ун? Шу кхетта хир ду – кIорггера муьтIахь хиларо!

> Шена и дерриг а гича, динан ден АхIаронан кIентан ЭлиIазаран кIанта Пайнехьаса, гулам а битина, шен гоьмукъ схьаийцира. Оцу исраилхочунна тIаьххье четар чу а ваьлла, цунах а, цуьнца йолчу зудчух а шен гоьмукъ чекх а баьккхина, и шиъ дийра Пайнехьаса. Цо и дешшехь, исраилхой хIаллак а беш, царна юкъахь даьржина долу ун сецира» (Лел. 25:7,8).

Пурба лолаш суна кхин цкъа цунах лаьцна долчух сайна хетарг ала: Дела вац ун а, цамгарш а кхоьллинарг. Исраилхоша, Делан олаллина дуьхьал а бевлла, эхь хетар доцуш емалдинера иза, цундела Дала луш долу лардаран чкъор дIадаьллера царна тIера, тIаккха мостагIчунна бакъо яьллера царна тIегIорта. Цо кхин а цкъа гойту, бунт, бозбунчалла – иза цхаь ду, жинаша ечу контрольна бакъболу меттиг а луш. Исраилхой боьллина

сардамаш кхочушхиларх бевлира, амма боккха бохамаш тIебаьхкира царна муьтIахь ца хилар бахьана долуш.

## ХЬАН БОЬЛЛИРА ХЬУНА САРДАМАШ?

Ширачу Весет тIехь вайна гира бунт бозбунчалла дарца йоьзна хилар. Кхин а дуккха а царах тера долу масаллаш дало йиш яра вайн. ХIинца Керлачу Весет тIехь долчуьнга хьовсур ду вай. ПахIал-векало гIеххьа кIоршаме долу кехат яздира Галатехь йолчу динан тобанашка. Иза Галатера дерриг а халкъе яздина дацара, ткъа билггал динан тобанашка дара. Леррина дешалаш ПахIалан дешнаш: «Ва сонта галатхой! Хьан Iехийна те шу? (*Iехийна* – грекахойн маттахь)» (Гал. 3:1).

Эццахь совцалаш! ПахIала динан тобанашка царна тIехь неIалт ду бохура! Аша ала там бу: «Суна-м Делан халкъана дуьхьал цхьа а сардам боллар, бозбунчалла дар хир дац моттура». Иза бакъ ду. Цхьа а неIалт хьажадойла дац муьтIахь долчу адамашна. Амма хаалаш, бунт хиларо, муьтIахь ца хиларо адам бозбунчаллин олалле доккху.

Дагадоуьйтур вай сан гIоьнчин а, хьалха бозбунчалла лелош хиллачу, ткъа хIинца цунах паргIат яьллачу зудчун а хилла долу къамел. Ша, Iийсах тешар долчарна кхайкхийна неIалт кхочушхир дац аьллачу дешнаша воккхавер хилийтича оцу къонахчун, цо сихха тIетуьйхира: «Амма, пастор, динан тобанера гIеххьа тешар долчарна тIехь (муьтIахь хилар доцучарна) олалла дойла дара тхан». Иза чIагIдархьама ПахIала аьллачуьнга ладогIалаш: «Хьан тилийна те шу билггал бакъдолчунна муьтIахь ца хилийта?» (Гал. 3:1).

Бозбунчалло бохург уггар хьалха Делан Дашо бохучунна муьтIахь ца хилар дара, цхьацца цара дохку сардамаш а боцуш. ХIунда? Бунт, бозбунчалла – цхьаъ долу дела! Билггал аьлча Галатира динан тоба бозбунчаллийн неIалтийн дола яхнера шен муьтIахь ца хилар бахьаненна.

Вай кхидIа дахале, аса цхьана фактах кхето деза шу. Вай бозбунчаллин дола довлу, Дала вайна дIадиллинчунна вай муьтIахь ца хилча, вайна дIадиллина ца хилча а доцуш. Иза дIаделлало, вай кхиндIа а ПахIал дешнаш дешча: «Ва сонта галатахой! Хьан тилийна те шу? Аса хаза кхаъ хьоьхучу хенахь Дала леррина Къобалвинарг жIарах дIатохаран *сурт хIуттучуха шун* бIаьргашна дуьхьал!» (Гал. 3:1).

Оцу масалло тайп-тайпана агIонаш дIалоцу бакъо дIайоьллу. ПахIалан хьехамашкахула динан тобанашна Дала Шен диканехула луш долу кIелхьардовлар дIадиллира. Амма цхьа хан яьлча галатахоша шайгара йолу цхьацца ойланаш, шайна хийра долу Iадаташ юкъадехира, ткъа цо уьш муьтIахь ца хиларе балийра, Дезачу Сино царна цкъа къасттош дIадиллина долчу. КIелхьардовлар бакъонаша дуьйцу дика гIуллакхашкахула догIу бохучух теша буьйлабелира уьш. Делахь а, вай хIинца шена тIехь совцур долу агIо йоьзна ю хIокхуьнца: *хIоразза а, вайна Дала ма-дарра дIадиллинчунна вай муьтIахь ца хилча, вай ваьш бозбунчаллин дола дIало*. Ткъа хIунда? Бунт хилар, бозбунчалла хилар долу дела.

Суна иза динан тобанашкахь, доьзалшкахь, къаьстина долчу цхьацца адамашках гучудолура. Динан тобанера цхьацца долу адамаш цхьацца бахьаненна даим а муьтIахь доцуш деха. Царах дукхаха болчарна хаьа а ца хаьа мел вон тIаьхьало хуьлу цунах бохург, хIунда аьлча муьтIахь хила дезар лараме ца оьцучу, цхьана агIор бен боцучу Делан диканах лаьцна болчу хьехамех Iехабелла уьш. Церан дахарехь цхьаъ вукхунна тIаьххье бохамаш хIуьтту. Церан гуттара а цхьацца баланаш я къа латор хуьлу, шена тIехь цаьрга толам ца баккхалуш долу. Уьш, цхьана гуро лацарх а бовлале, кхечо дIалоцу, хIоразза а кхин а бохаме дерг а хуьлуш. Оцу баланаша церан хан а, ницкъ а, сурсаташ а дойу. Ишттачу хенахь жинаша хьийзорна а, церан олалле дахарна а меттиг ло адамо. И меттиг уьш муьтIахь ца хиларо ло.

Суна гора церан доьзалш бохамийн баланехь хилар, ткъа цхьацца меттехь ур-атталла церан доьзалш бохар а. Цхьаберш шайн балха тIехь хьалабовлар доцуш хуьлу я наггахь балхах бовлар а догIу цхьацщанна. Вукхарна къола дарехула, ахчанах бовлар нисдаларехула я цхьацца кхечу агIор бохамаш тIебогIу. СинпаргIато яйна болчу цара бехке верг лоьху. Дукхахьолахь цара да-нана бехке до, шаьш цара нийса Iамийна ца хилла, олий, я пастор, я хьаькам, я майра, я зуда, я бераш, я Iедал, кхин милла а хилла а, шайна хетачунна реза воцург, бехке во.

Билггал бехке дерг ши хIума ду, вовшех дезар оьцуш долу. Хьалхарниг – Iехавалар. Делан Дашо бохучунна муьтIахь боцурш бодано дIалаьцна. ШолгIаниг – контроль еш долчу жинийн мекарло ю, адам муьтIахь ца хиларехула, шайна луъучу хенахь цунна тIегIоьрташ долчу. ПахIала бунтехь болчаьрца уьйр хиллачу тешар долчу нахана хьехамаш бора: «Везачу Элан лай товш вац къийсалуш. Массаьрца а кIеда-мерза, хьехамаш бан дика хууш, собар долуш хила веза иза. Шен мостагIашна а эсала хьехамаш бан беза цо. Дала царна а дохкодовлар а, билггал бакъдерг довзар а дала тарло. ТIаккха и мостагIий а, дохко а бевлла, меттабогIур бу. Иблисо шен лааме берзийна болу уьш шаьш дIалаьцначу цуьнан речIанах паргIатбевр бу» (2 Тим. 2:24-26). Оцу дерригенан бахьана ду Iехабаларо дIалаьцначара, шайх даьллачух дIалачкъархьама, кхинаш бехке бар, ткъа оцу агIоно шаьш стенах паргIатдовла деза бохург дIахьулдо царах.

Далла бу хастам Цуьнан Дашна! Цуьнан серлоно харцдерг а гучудоккху, адаман ойланехь а, даг чохь а дерг а Iорадоккху. Халахетарг ду, муьтIахь ца хиларна бохамаш баьхкинчу адамаша, шайх даьллачу гIалаташна дохко а девлла, кхин иштганиг ца далийта, Iамар ца хилар. Уьш кхиндIа а муьтIахь ца хиларан яьссачу аренгахула дIаоьху, дезар оьцучу меттана, кхинберш бехке а беш.

## «ХЬАН ДОГЪЭЦАР ДАЦ»

Делахь а, суна цхьа меттиг дагайогӀу, цхьа стаг шех даьллачу гӀалато Ӏамийна волу. Соьца лараме а хилла, динан тобанца а, библейски школаца доьзначу цхьана дуьненъюккъерачу гӀуллакхехь дакъа лацийтинера соьга цхьана ханна. Суна и гӀуллакх деза а дезара, ас иза лара а лорура, цо боккха хийцам бинера сан дахарехь. Цхьана дийнахь цуьнан лидеро, зӀе а тоьхна, иштта элира: «Джон, ас сайн уллорачу берриг накъосташка зӀе а етташ, хаам беш бу, кеста хиндолчух лаьцна дерг царна кхечаьргахула ца хазийтархьама. Со сайн зудчуьнца дӀасакъаста воллуш хиларх болу хаам бан беза ас хьоьга. Тхо цхьаьна долу берхӀитта шо дара. Ткъа хӀинца, суна хетарехь, ойланашкахь, дахаре хьажарехь тхан некъаш галморзахдевлла аьлла хета суна. Оха до динан гӀуллакх цхьаьна ца догӀу, зудчун, майрачун санна, тхох хӀоранна а кхоччуш цхьатерра доцург хазахета. Масех шарахь и агӀо дӀанисъян гӀиртира тхошиъ, амма иза кхин а вочу агӀор доьрзу».

Со сайн лергех а ца тешара. Аса ойла йийриг деккъа цхьаъ дара: «*ХӀан-хӀа, доьху хьоьга, ма делахь иза*». Суна дезара и ши адам а, цара деш долу динан гӀуллакх а. Со чӀогӀа инзарваларна, вист а ца хилалуш виснера.

Со вист ца хуьлура, ткъа цо кхин дӀа а бохура: «ХӀинца, Джон, хьуна хаьа иза, суна Ӏийса чӀогӀа веза, тӀаккха со нийса вацахь, Цо иза гойтур ду суна». Цо кхин а масех минотехь шен хӀоьттинчу хьолах лаьцна дийцира, тӀаккха трубка охьайиллира цо. Аса цхьа дош а ца элира цуьнга, цо аьллачу дешнийн ойла ярна.

Дийнан сарралц сайна хезнарг диц ца лора суна. Ас юх-юха а ойла йора царах лаьцна. Коьрте догӀура: «И дерриг а вочу гӀенах тера ду». Сингаттамечу ойланашка ваьлла со воллуш, суна хааделира, Дезачу Сино сайга, цу стаге телефон а тохий, бакъдерг дӀаала цуьнга», – бохуш санна.

ШолгӀачу Ӏуьйранна ас зӀе туьйхира цуьнга. Аса и хаттар

Iуьйренга даьккхира, цундела сан жоп сихваларца дуьхьало еш аьллача санна дацара, амма Дезачу Синехула догIу жоп дара. Сан аз а девзина, цу стага хаьттира: «Маршалла ду хьоьга, Джон, муха ду хьан гIуллакхаш?»

Аса долийра: «Со юха а хьоьца шун дIасакъастарх лаьцна вист хила воллу. Алахь соьга, хьан зудчо ямартло ялийтинера хьуна?» Цо жоп делира: «Дера ца ялийтинера!» ТIаккха ас элира: «Ахь дийриг нийса дац. Iийсас къасттош аьлла, дIасакъастаран деккъа цхьа бахьана хила деза – ямарта хиларан къа латор (Мат. 5:32), ткъа Малкъи-ЯхIун тептар тIехь яздина ду, Далла бIаьрга дан а ца деза майра, зуда дIасакъастар, хIунда аьлча и даро ницкъ хилар тIедоуьйту вайна (2:16)[6]. Селхана хьайна Iийса веза элира ахьа соьга, тIаккха ахьа нийса доцург деш хиллехь, Цо гойтур дара хьуна иза, аьлла. Амма хIунда деза те Цо хьуна цхьа хIума гайта, Цо къасттош цунах дерг Шен Даша тIехь аьлла хилча? Хьайна хаа а хууш, муха волийла ду хьан Дала тIедиллинчунна дуьхьал? Ахьа иза дахь, хьо муха хIуттур ву динан тобанехь болчарна а, библейски школехь болчарна а хьалха, бакъахьараллица лела дезарх а, къилахь долчунна а, жинашна а дуьхьало ян езарх а лаьцна дуьйцуш? Ахьа хьайна а, хьайн дечу гIуллакхна а бохамаш бахкийтарна а, хьо Iехорна а неI дIайоьллу».

Цо кIоршамаллица со дIа а сацийна, элира: «Джон Бивер, хьо сан хьолехь ца хилла, хьан догъэцар дац!»

И аьлла, трубка охьакхоьссира цо. Цхьа ах сахьт даьлча, сан офисера хаам хилира суна, аса цуьнан динан тобанехь деш долу гIуллакх сацош ду, аьлла. (Со цуьнан динан тобанехь кхо бутт баьлча хьехамаш бан воллуш вара.) Ас сайн зудчуьнга элира: «Суна хаьара цара иза дийр дуйла, амма иза иштта кеста хир ду-м ца моьттура суна». Цаьрца йолу сан уьйр кхоччуш дIахадийнера, ткъа тIаьхьо церан динан тобанехь хиллачу кхечу динан гIуллакхдархочо, цигахь хьан цIе бехъйина цара

6 Синодальни гочдарехь Малкъи-ЯхIу тептар тIехь (2:16) доцу хIара дешнаш ингалсан маттара гочдарехь (NIV Bible) ду: Далла бIаьрга дан а ца деза майрачун, зудчун дIасакъастар. Оьрсийн матте гочдарехь и дешнаш дац. – Билгалд. гочдарх.

элира соьга. Аса кхидӀа а ойла йора: «*Суна дан луург дерриг а цхьаъ дара – со цунна билггал дика накъост хила лууш вара*».

## Кхел яро меттавалор

Со цец а воккхуш, ворхӀ бутт баьлча оццу стага зӀе туьйхира соьга: «Джон, со ма-дарра дагара дийца воллу хьоьга. Аса трубка охьатесначул тӀаьхьа соьца хӀун хиллера хаьий хьуна? Цхьа бутт баьлча сан жиммаша болх ца бора, со дийна вуьсур ву бохучух догдохийла 50 процент бен яцара. ШолгӀа диализ хиллачул тӀаьхьа, аса сама а ваьлла, сайга элира: «Ас лелориг хӀун ду и развод ян гӀерташ?» Со кхийтира айса цхьа доккха гӀалат долуьйтуш хиларх, ткъа жиммаш лазадаларо цунах лаьцна хаам бора соьга. Аса, сайн зудчуьнга телефон тоьхна, къинтӀера яьккхира иза. Цул тӀаьхьа, ерриг а динан тобанна а, библейски школана а хьалха дӀа а хӀоьттина, со даггара дохковалар дӀадиллира аса. Школерачу студенташка ас элира: «Джон Бивер схьавар дӀадаьккхинера ас, цо сайга ахьа доккха гӀалат долуьйту развод еш, аларна. Аса, телефон а тоьхна, доьхур ду цуьнга, иза кхуза юхаверзар». Джон, хьо юхавоьрзур варий те?»

«Дера вогӀур ву», – жоп делира ас. Со воккхавер и стаг бахьанехь, цул тӀаьхьа цуьнга болчу боккхачу ларамах вуьзнера со. Кхин а тӀетоха деза, цуьнан товалар хир ду моьттучул а сиха хилира: цхьа шо даьлча цунна кхин жим биллинера, и жим, цхьа дика балане ца долуш, меттахь хилира. Цу динан гӀуллакхдархочо цхьа а динан гулам ца буьтура ца воьдуш. Цунна сихха гӀоле хиларх лоьраш чӀогӀа инзарбевллера. Цул сов, ша дан воллучунна дохковаларца цо массо а шена къинтӀера баьхча цуьнан дахаре доккха олалла дар а, ницкъ а беара. Дикка шераш девлира, и стаг хӀинца хьалха хиллачул а дика кхиам болу лидер ву, гӀараваьлла динан хьехамча а ву, ткъа цуьнан доьзал ирсе бу. Суна и стаг, цуьнан зуда а мосазза

го а, цушиннан вовшашка болу безам, ца гуш дуьсийла а доцуш, боккха хилар го. Шуна цкъа а дага а догІур дацара, уьш цхьахІума доццуш, развод янза бисинера бохург.

## Кхоъ а ах бутт хиллал йолчу ханна яхъелла цамгар

Оцу стагана кхел йойла дацара сан, хІунда аьлча и хилале масех бутт хьалха соьца а хиллера и санна дерг. Иза дацара сан зудчуьнца йолчу юкъаметтигца доьзна, амма сайн динан гІуллакх кхочушдарехь со муьтІахь ца хиларца доьзна дара. Оха «Джон Биверан динан гІуллакх» боху организаци кхуллучу хенахь, Везачу Эло сацам боллуш долу тІедиллар динера: цхьана а динан гІуллакх дарна юкъа ма гІо, шайна иза дика хир ду аьлла хетарх, нагахь шуна Сан лаам ца бевзинехь.

Масех шо даьлча тхан йиш хилира тхайн гІуллакх шордан. Амма Дала къасттош «хІан-хІа» бохура соьга сайга а, иштта сан зудчуьнга а; оха и гІуллакх дар тІеэца ца дезара. Делахь а, и керла гІуллакх дІаделлар тхоьга кхийдош волу стаг юха ца волура, иза суна тамехь а дара. Со цо бохучуьнга ладогІа волавелира. Дукха хан ялале сайн ойла ярца, Дала сан даг чу диллинарг юхататта вуьйлира со. Со воьхна хьийзара, сан ойланаша кхетамо бохург дІахьулдора. Сан зуда и гІуллакх долорна тІера сан ойла карчо гІиртира, амма иза кестта кхийтира, айса бохучунна тІера со юхаваккхалур воцийла. Эххар а аса и гІуллакх дар тІеийцира.

Сан синца кІелхьарвалар хилчхьана дуьйна, Дала дика могушалла яларца декъалвинера со, со башха цомгуш а ца хуьлура (Далла бу хастам). Со дукха кІеззиг хуьлу цомгуш, ткъа, нагахь цамгар кхетахь а, гуттара а санна, цхьана-шина дийнахь толо со. Со теша, жІара тІехь Іийсас вайн къиношна гечдарца цхьаьна Делера йолу дика могушалла а елла вайна, бохучух (Еш. 53:4,5; Заб. 102:2,3). Амма аса и схьахьедар тІеэцначу дийнахь, со цомгуш а хилла, сайна тІеІенчу гІорасизаллех ца валалора.

Дерриг а грипп кхетарх доладелира, сан догкарчар хилира тӀаьхьарчу иттанний шерашкахь дуьххьара. Иттех дийнахь оцу цамгарна дуьхьало еш со воллучу хеннахь, цхьана вирусо дӀалецира со. Сайн зудчуьнца тхошиь цхьаьнакхетта хан декъалъян гӀалана юьстах йолчу метте даханера тхо. Оцу деношкахь сан дагар 38 градус хьаладаьллера, и хан яккхарна тхуна новкъарло а хуьлуш. КӀира чекхдолучу деношкахь, дагар хиларна а, хорша ярна а вегор догӀуш динан хьехамаш бора аса. ТӀедогӀучу кӀиранахь а дагар охьа ца деара, цомгуш а волуш, Канадехь болчу динан гуламехь дакъалецира аса. Лакхара дагар долуш бора аса и хьехамаш, хӀоразза а сайн номер чу веача, вегорца, маьнган тӀе охьавужура со, юха болчу динан гуламе со ваххалц а Ӏуьллуш. Со ницкъах ваьллера.

Дагар кхаа кӀиранах лаьттира. Тхо ца кхетара, хуьлуш дерг хӀун ду те бохучух, хӀетталц цкъа а ца хиллера со иштта цамгарна дуьхьал вала везаш. Аса доӀанаш дарца дуьхьало йора, Делан Дош а далош, амма цамгар юха ца йолура. Со лоьра тӀе вахара, цо цхьа чӀогӀа долу антибиотик молха яздира суна. ТӀаккха кеста суна гӀоле хилира.

Амма, сан дарбанаш лелор чекх а даьлла, цхьа кӀира даьлча, шелонца йьозна хуьлу чӀогӀа цамгар тӀееара суна, дегӀа чуьра берриг а ницкъ дӀабоккхуш йолчех цхьаъ йолу. Соьга хьажа а хала хир дара: лозу легаш, корта, шена чу бамба биллинча санна болу, кхинтайпа а цхьацца лазарш дара сан. Со и динан гӀуллакх шордан волавелчхьана дуьйна, и хьал масех кӀиранах дӀа ца долура.

Мара оьхучуьра ма сеццина, цхьана пенаран тӀера чу а воьжна, гола лазийнера аса, цкъа цхьана кхечу махка вахана волуш. Лазар чӀогӀа дара, ур-атталла масех кӀиранах кресло-каталкин тӀехь дӀасаваха дийзира сан, цул тӀаьхьа кога тӀе цхьа шина а йиллина лийлира со. Цул тӀаьхьа юха а вирусо вожийра со. Дагар 39 градусан хьаладелира, юха а цхьана а хӀуманца дӀа

а ца даккхалуш. Юха а лоьраш тIе ваха дийзира сан, молханаш а лелош. Хеталора, сан хIинца, кхин а цхьа цамгар ца кхеташ, цхьана кIиранах а вехийла а дац, аьлла. И дерриг а кха баттахь а эха баттахь лаьттира.

Со цхьаццачу цамгаршца ларо гIертачу ханна, сан зуда цхьана а дийнахь а цомгуш ца хилира. ДегIаца болу бала боцург, кхин а дуккха а халонаш тIехIиттира суна. Со сайна дуьхьал волчу цхьана стагаца къовсаме ваьллера, иза меттах ваккхалур вац аьлла хеталора, иза сол дика дош догIу стаг вара. Сайна хаа а хууш, со муьтIахь ца хиларо нeIалт даийтинера суна тIе!

## Билггал бакъдолчу дохковаларехула сихха паргIатвалар дар

Биъ бутт а белира, айса къилахь дерг дина хиларх къера хилира со. Делахь а, сайна тIедиллинарг кхочушдан дийзира аса. Дуккха а меттигаш хIуьттура сан, нагахь Iаламехь боцучу ницкъаша гIо ца динехь, со оцу хьолера волийла а доцуш вуьсур вара. Цхьана дийнахь аса, сайн зудчуьнца куьйгаш а лаьцна, Деле Цуьнан къинхетаме хьаьжжина гечдар дийхира сайна, тIаккха Цо тхуна речIа хиллачу оцу гIуллакхах паргIатдехира тхо.

Масех бутт дIабаьлча аса зудчуьнца сайца хиллачу дерригенах льцна даре дира, тIаккха оха сацам бира, дерриге а сан кIомарш муьтIахь цахиларна гучудевлла. Тхуна гира, со дохко ма-велли, соьга ондда могушалла юхаеара. Тхо охьатеIош йолу кхин халонаш а дIаяхара.

Оцу яханчу ханна юкъахь суна къаьстташ дIаделладелира Якъуба аьлла дешнаш: «Иблисана дуьхьалдовла, тIаккха иза шух додур ду» (4:7). Яханчу хенахь, суна сайна тIехь атака яр хааделча, со даггара боданна дуьхьалвуьйлура, Делан Дашах герзах а вузуш, тIаккха суна даим а жамIаш гора. Амма хIетахь

дерриг а кхечу тайпана дара. Цкъа и байт юхаешча, со, Якъуба бохучух айса ах бен цитировать деш цахилар, кхийтира: «Цундела Далла муьтӀахь хила, иблисана дуьхьалдовла, тӀаккха иза шух додур ду» (4:7).

Делан олаллина муьтахь хиларехула вай иблисана дуьхьалдовлу. Делан Йозанаш тӀера аяташ дало мегар ду хьо сенваллалц, амма, нагахь хьо муьтӀахь воцуш вахахь, цунах хӀумма а хир дац.

## Ларамe долу чӀагӀдар

Амма сан дехар ду цхьана хӀуманах кхетар: нагахь адамана халонаш тӀехӀиттахь, цамгарш хилахь, баланаш тӀебагӀахь, иза дац, цу дериггенна а бехке дерг – муьтӀахь ца хилар ду бохург. Билггал цу тайпана волу стаг вара, масала, Дауд. Цуьнца цхана а тайпана муьтӀахь ца хилар дацара. Цо хӀумма а ца дора, шен Олахочун дарвалар доуьйтур долу. ХӀетте а, цуьнан хьехаш чохь, яьссачу аренгахь, акхачу меттигашкахь а Ӏан дийзира. Иза цӀа доцу а, даймохк боцу а стаг вара. Дуккхачу шерашкахь иза, кхерстанча санна вехара, даима а халонаш а хьогура цо. Цхьаболчара кхел йора цунна, цо хьоьгучу берриг а баланийн бехке дерг, иза муьтахь ца хилар ду бохуш. Амма кхетар долчу нахана цунна тӀехь Делан куьг хилар гора, керлачу тайпана хир волчу паччахьан амал чӀагӀеш долу, царна Дала болх беш хилар гора Даудан дахарехь. Иза билггал гучудолура цо гойтуш долчу цуьнан хьекъалаллехула.

Кхин а дуккха а масаллаш дало мегар ду, муьтӀахь хилар доллушехь, халонаш хьегначу адамийн. Ӏийса, Юсуп, Хьанана, Даниал, Ярми-ЯхӀу, Аюб – уьш бу царах цхьаберш. МуьтӀахь воллушехь халонаш хьоьгучу а, шена тӀехь неӀалт долуш дехачу а адамашна юкъахь йолу башхалла гойту, хьалхарчийн – шайн синошца дикачу агӀор хийцабалар хиларо. Ишттачу адамаша шайн корта пенарх ца бетта; уьш лаьмнашна го бохуш ца лела, билггал кхин дӀа бахар а доцуш.

Кхаимца хилларг кхинтайпана дара. Цуьнан муьтIахь ца хиларо баккхий баланаш хьегийтира цуьнга. Дегабаам баро шех даьллачунна дохковалар ца хилийтира цуьнан, оцу тIехула цуьнан дахар неIалт хиларо дIалецира. Шен дисина дерриг а шерашкахь кхерстанча санна вехира иза, цIенах а ваьлла. Цуьнан Iалашо а, сатийсам а боцуш ваьлла лелар – иза цул тIахьа хин долчу тукхамашна масалла а, дIахьедар а ду.

ХIара дакъа ишттачу маьIна дарца чекхдоккхур ду аса: тIаьхьарчу кортошкахь дийцинчух билггал бакъдерг юкъара ма даккхалаш, кхечарна кхел ярна а ма даладелаш. Цара хьоьгу халонаш уьш зерна хила а тарло, цаьргахула уьш Делан сийлаллина тIе а богIуш. ХIокху коьртан Iалашо ю – Делан олаллина муьтIахь хилар ларамца тIеэца дезар дIаделлар. Нагахь шун даг чохь бунт елахь, хIара билггал бакъдерг тидаме эцалаш, кхечарна кхел ца ярхьама, дахаран некъа тIе юха а доьрзуш.

ДАКЪА 3

# ДАЛА ДІАХІИТТИЙНА ОЛАЛЛАШ

КОРТА 8

# РУЛЕХЬ МИЛА ВУ ХАЬИЙ ТЕ ДАЛЛА

*Нагахь вай Далла муьтӀахь хила Ӏамахь, вайна, кхечу стагана делла долу, Делан олалла тӀеэца хала хир дац.*

Вай хӀинца юкъаралла йоцчу Везачу Элан олаллина муьтӀахьхиларан лараме хиларх кхоччуш кхетта. ХӀинца, Дала дӀахӀиттийначу олаллашна муьтӀахь хилар мел лараме ду, даре дер вай. Юкъадахаран агӀонгахь, ваьш хӀинца шолгӀачу коьртехь даре йинчу, Дезачу Йозанийн метте хьовсур вай:

> ХӀора адам пачхьалкхана урхалла дечарна муьтӀахь хила деза. Урхалла дан бакъо, Дала елча бен, ма ца хуьлу, ткъа болуш болу урхалчаш Дала дӀахӀиттийна бу. Цундела Ӏедална дуьхьалваьлларг Дала динчунна дуьхьалваьлларг хуьлу. Ткъа иштта дерг долуьйтучара шайна тӀе кхел йоуьйту (Рим. 13:1, 2).

# ЛАККХАРА ОЛАЛЛАШ

Цкъа-делахь, лаккхара олаллаш муьлш ду? Кхузахь ПахӀала, пачхьалкхо урхалла дечу, граждански олаллах лаьцна боху. ХӀетте а и хьехам урхалла дечу лакхахь болчеран хилла а ца Ӏаш, амма векалдинчу олаллин кхечу агӀонийн а хьокъехь бу; тӀаккха вай кху байташкахь дешнарг, муьлххачу а барамерчу олаллийн хьокъехь ду.

Керлачу Весето векалдинчу олаллин еа агӀонах лаьцна боху: граждански а, динан тобанин а, доьзалан а, социальни а йолчу. Социальничун юкъа аса белхаш луш берш а, хьехархой а, предприятийн урхалчаш а бохуьйту. Керлачу Весето хӀора областана къаьсттина хьехамаш бо, хӀетте а и хьехамаш дукхах болчу хиламашкахь олаллин массо а агӀонашна дӀасабаьржаш бац.

Тидам белаш кху байтийн хьалхарчу дешнийн — «муьлхха а са». Цхьа а юкъахдалийтарш дац, цундела иза шайн хьекъалехь дита. Иза дӀахьедар дац, ткъа омра ду. Везачу Эло моттаргӀанаш а ца йо, рекомендациш а ца ло.

Кхин дӀа йоьшу вай: «Муьлхха а са лаккхарчу олаллехь болчарна *муьтӀахь хуьлийла*». Грекахойн маттахь «муьтӀахь» боху дош *hupotasso* терминца билгалдаьккхина ду, цунах тӀеман лексикехь пайда оьцу, иза «баьччанан командованин кӀелахь (эскарш) тӀеман низамехь дӀахӀиттор» боху, маьӀна долуш ду. Граждански областехь иза «шен лаамехь муьтӀахьхилар, жоьпалла тӀеэцар а, дукъ дӀакхехьар а» маьӀна долуш ду (Грекийн Тайеран дошам). ДуьххьалдӀа аьлча, цу дешо, кхузахь пайда эцаран маьӀнехь, шайн лаамехь олаллехь болчарна муьтӀахь хиларна а, дуьхьало йоцуш ладогӀарна а тӀекхойкху.

Муьлхха а са олаллехь болчарна муьтӀахь хила дезаш ду, дерриге лаккхара олаллаш Везачу Эло дӀахӀиттийна долу дела. Муьлхха а олалла Делера хуьлуш ду. Юкъарадалийтарш дац. Мадарра аьлча, кху байтехь пайда эцна долу дош, — иза грекахойн дош *tasso* ду, цуьнан «дӀахӀотто, хьалхадилла я ирахӀиттор» боху

маӀна ду. ТӀаккха цхьа а кепара цуьнан ларамаза подтекст яц, аьлча а къамел юкъаралла доцчу дӀахӀотторах лаьцна ду. Дерриге олаллаш Дала дӀахӀиттош долу дела, вай цаьрга цаларам бича я царна муьтӀахь хила ца лиъча, вай и дарца, царна тӀехьа лаьтташ Волчунна муьтӀахь ца хуьлу. Вайна иза хаахь а я ца хаахь а, вай Дала дӀахӀиттийначу низамна а, олаллина а дуьхьаллаьтта. Ткъа вай, Везачу Эло векалдинчу, олаллина дуьхьалдевлла лаьттачу хенахь, вай Ша Далла дуьхьалдевлла лаьтта!

Вай, керстанаш хиларе терра, олаллехь болчаьрца гӀуллакх долчу хенахь, ма-дарра волуш волчун а, цо дӀалаьцна йолчу агӀонал а гена хьовса деза. Вай олаллехь болчарна муьтӀахь хуьлу, царна делла долу олалла, Делера схьадолуш долу дела. Бен дац, тамехь ву вайна и стаг, я вац, хьакъ долуш ву те иза цу меттигна, ваьшна хетарехь, я хьакъ долуш вац, вай цуьнца лараме хуьлу. Тешачара Везачу Элана муьтӀахьхилар тӀехдукха даре до, амма векалдина долчу олаллина муьтӀахьхилар тергал ца до. И адамаш Ӏехадаларехь дехаш ду!

Нагахь вай Далла муьтӀахь хила Ӏамахь, вайна кхечу адамехь Делаллин олалла тӀеэца хала хир дац. Хьанна муьтӀахь хила деза харжа дезаш долу хьелаш гучудуьйлий те: юкъаралла йоцчу Делан олаллина я векалдинчу олаллина? Шеко яц! Амма, дуккхах болчу тешачара шайна суртхӀоттош санна, иштта сих-сиха ца хуьлу. Цхьа юкъахдалийтар бен дац, цунах лаьцна вай тӀаьхьабогӀучу коьртех цхьанна чохь къамел дийр ду. Хало стенца ю аьлча, дуккха а болчу керстанашна моьтту, муьтӀахьхилар — иза долччул сиха юкъарадалийтар ду, ткъа харжаман юьхьша маьршо — иза хӀоранна а долу низам ду. Иштточу ойланашна тӀаьхьахӀиттина лелар о вай хӀаллакдаре даладойла ду. ТӀаьхьалонаш, вайна хӀинца хьалхабогӀучу кортошкахь гина ма-хиллара, хала хуьлийла ю. Цу гӀуллакхо вай Везачу Элан емалдаран кӀел дехкина а ца Ӏаш, амма йилбазан ницкъашна тӀекхочийла ло. Нагахь вай Далла муьтӀахьхиларехь

диса а, декъалалла хила а лууш делахь, векалдинчу олаллина муьтІахьхилар доцург, вайн кхин харжам бац.

## ДЕЛЕРА БУЙ ТЕ КЪИЗА УРХАЛЧАШ?

Иштта, Делан Йозанаша, дерриге а олаллаш Дала дІахІиттош ду, тІаккха вай цаьрца ларам болуш а, муьтІахь а хила деза, боху. Сих-сиха адамийн хьекъалехь билггал кхузахь дІахІуьтту пенаш. Уггаре а дІасаяьржина агІо кхунна гергахь иштта хеза: «Амма ган а гуш зуламе а, къиза а урхалчаш а ма бу. Уьш Дала дІахІиттийна аьлла, чІагІдойла муха ду?» Цу хаттарна жоп далархьама, диктаторийн вон масалш дагадоккхуьйтур вай — Гитлер а, Сталин а санна, — дІадаханчу бІешеран уггаре адамалла доцу а, къиза а тІеэцна болчу. Суна схьахетарехь, берриш а соьца реза хир бу, цу категорин векалел алсам къиза а, вон а адамаш хІинца карориг ца хиларх. Нийса дуй?

ХІинца, Мисар-мехкан урхалча волчу, пирІунах лаьцна дуьйцур вай. Иза-х билггал бакъдолуш вогІу цу категорин юкъа. Цо урхалла дечу шерашкахь исраилхойн халкъ къизачу охьаталІоран кІелахь дара. ПирІуно адамаш даца а деш, хІаллакдора, уьш дегІаца а, моральни а гат а деш, тІаккха, нагахь иза ца тоахь, бен доцуш ээарнашкахь дайа а дойуш. Цо массеран а тІехула хьежарца а, дезадеттаре а терго йора — хуьлийла иза адам я Ша Дела. Мичара схьадолуш дара пирІунан олалла? Стенна тІедеанера Делан халкъ цуьнан олаллина кІелахь? Ларамаза дарий те иза?

Дезачу Йоанашца догІуш, Дала Мусагахула пирІуне бохура: «Ас Сайн ницкъ гайта витина хьо»[7] (Ара. 9:16). ПахІала Римхошка (9:17) дахьийтарехь тІечІагІдина иза. Кху шина тІетовжарера вайн, и ма-дарра дерг билггал бакъ хиларан а, цуьнан кхеторехь гІалат ца хиларан а сацам бойла ду: иза шина стеган тоьшаллица тІечІагІдина ду (хь. Яхьъя 8:17). Шеко

7 Делан Йозанийн ингалсан маттахь гочдарехь (NIV, King James) яздина ду: «Ас айина хьо». — Билгалдаккхар гочдархочун.

яц, иблисо а доцуш, ткъа Дала чӀагӀвина пирӀун олаллин агӀонгахь. Кхечу дешнашца, Дала делла пирӀунна ИбрахӀиман тӀаьхьенашна тӀехь олалла дар. Иза, «дерриге а олаллаш Дала дӀахӀиттош хиларца», кхоччуш догӀуш ду.

ХӀинца хьовсур вай, муьлхачу кепара нисбелла уьш цу къизачу урхалчан олаллин кӀел. Дала, ИбрахӀиман кхузткъе пхийтта шо кхаьчча, цунна гучу а ваьлла, цуьнга аьлла, цунах сийлахь халкъ дер ду, нагахь иза муьтӀахь хилахь. ИбрахӀим Везачу Элана муьтӀахь хилира, тӀаккха цуьнан ладугӀуш хилар Далла оццул тамехь хиларна, тӀаьхьенаша цунах «массо а тешачеран да» олура (Рим. 4:11, 12). ИбрахӀиман муьтӀахь хиларна жоп луш Дала цуьнца весет динера, иштта а олуш: «Хаалахь, хьан тӀаьхьенах берш хийрачу махкахь тӀебаьхкина нах а хилла Ӏийр бу. Цу махкарчу бахархоша, деа бӀе шарахь *леш а бина*, *Ӏазапехь латтор бу* уьш» (Дол. 15:13).

ХӀаъ, иштаниг тӀеэца дуьххьалдӀа долу хӀума дац! Веа кӀентан да хиларе терра, со воккхавийр вацара, сайн берашна а, берийн берашна а, церан берашна а, иштачу тӀаьхьалонах лаьцна хиъча. Ас эр дацара цу пайхамараллах хьехам баре хилар я тевеш хилар, аьлла. Ойла ейша: со керлачу ээзар шеран хьалхарчу бӀешарахь вехаш ву, тӀаккха сайн тӀаьхьене цу тайпана терго яр 2400-гӀа шо кхаччалц дахлур дара! Хала хир дацара марздаларна кӀел а дахана, ойла яр: «*ХӀара хӀун ду, иштта сатийсар а, декъалалла а суна Далла муьтӀахь хиларна луш ду*?» Кхин а тамашийна дерг хӀун ду — пайхамаралла Исхьакх хӀинца а берах хьарчале а хьалха аьлла дара.

## ХИЛА ТАРЛО, ГӀУЛЛАКХ ЦЕРАН ВОН ЛЕЛАРЕХЬ-М ДАЦ ТЕ?

Цхьаболчарна моттийла ду: «Везачу Эло иза ИбрахӀиме хьалхxе дуьйна аьлла, цуьнан тӀаьхьенаш муьтӀахь хир йоцийла а, тӀаккха вон леларна тӀаӀзар хиларна пирӀунан охьатаӀоран

кIел кхочур юйла а, хууш хилла дела, ма-дарра аьлча, Далла цкъа а царна иза хила лууш ца хиллехь а!» Талла а теллина, и бахьана меланна нийса ду къастор вай.

Жоп далархьама, вай цкъа хьалха, исраилхой пирIунан олаллин кIел муха нисбелла къасто деза. ИбрахIиман кIант, Исхьакх, Делах кхоьруш а, муьтIахьаллехь а, возаллехь а вехаш вара. Цуьнан а, цуьнан зудчун а ши кIант вара: воккхах верг, Iесав а, жимах верг, Якъуб а, уьш дуккха а долчунна тIехь башхалла йолуш а бара. Уьш хIинца а дуьнен чу а бовлале, Дала Шен ойланаш дIайиллинера, иштта а аьлла: «Якъуб Суна везавелира, ткъа Iесав ца вийзира» (Рим. 9:13).

Якъубан дахар дIогара нийса ца доладеллехь а, тIаьхьалонгахь Пенуэлехь иза Далла дуьхьал нисло, тIаккха цу цхьаьнакхетаро цуьнан дахар хийцира (хь. Дол. 32). Цхьаьнакхетаро Делан декъалаллин весет дIахIоттийра цуьнан дахарехь, тIаккха цуьнан цIе хийцаелира, — иза Исраил хилла дIахIоьттира, цуьнан «Делан Эла» маьIна ду. Цул тIаьхьа цуьнан дахарехь Далла лерина хилар гучуделира. Цо шен доьзална цIушна Iибадат дарх кIелхьарбала а, Везачу Элана хьалха цIена биса а омра дира. ЖамIехь, цуьнан доьзал гонахарчу гIаланашкахула дIасалелачу хенахь, Делан Iадор дуссура цIушна Iибадат дечарна тIе (хь. Дол. 35).

Исраил шийтта кIентан да вара. ЦхьайтталгIаниг, Юсуп, боккхаха болчарна ца везара, иза ден хьомениг волу дела. Дала Юсупна ши гIан гайтинера, цигахь цунах сийлахь урхалча хилла дIа а хIоьттина, ткъа цуьнан вежарий цунна гIуллакх деш хир бу, аьлла долу, пайхамаралла делла дара. ГIенаша вежарийн дегнаш дохийнера, тIаккха цара барт а бина, иза Мисар-махка лолле дIавоьхкира.

Амма ур-атталла цигахь а, кхоччуш цхьааллехь а, догдаьлла а волчу хенахь, Юсуп Везачу Элана тешаме вуьсура. ПирIунан кертахь гIарабевлла болчарех цхьанна итт шарахь гIуллакх

динчул тIаьхьа, иза, хьоладен зудчун сий сийсаздина аьлла, хьакъ доцуш, бехке винера. Цо набахте а нисвелла, ши шо сов хан яьккхинера цигахь, амма тешарехь чIоггIа висинера иза. ТIаккха Везачу Эло Юсупах, иза санна чувоьллина волчу, пирIунан шина ялхочун гIенаш дIадоьллуш волчух санна, пайда оьцу. Цхьанна вен таIзар дира, важа дIахийцира; амма хан дIайоьдура, ткъа маьршаваьккхинчу стагана, Юсупа шех лаьцна пирIунна хьалха дош ала дехар дар дага ца деанера. ХIетте а Юсуп Далла тешаме вуьсура. Цкъа, пирIун гиначу гIено сагатдойтуш волуш, маьршаваьккхинчу ялхочо Юсупах лаьцна дийцира цунна. Циггахь цунна тIаьхьа а бахийтина, набахтера ара а ваьккхина, пирIунан гIан кхето вигира иза. Кхеторехь цо, гергайогIучу, дуьззинчу ворхI шарахь яхлур йолчу, ирчачу мацаллах лаьцна, дIахьедира. Дала, шорто йолчу шерашкахь, пирIунна коьчалла ян хьехар дан, хьекъалалла делира Юсупна. Цу гIуллакхо оццул инзарваьккхинчу пирIуно, Юсуп цу сохьта пачхьалкхехь шолгIачу дарже хьалаваьккхира, аьлча а, цул лакхара иза ша бен вацара.

Ткъа цIахь, цуьнан кIантаца хиллачух лаьцна цхьа а хIума ца хуу, да, Исраил, вуьсуш вара: Дала цунна дIа ца диллинера иза. Берриге и хиламаш, ИбрахIиман ерриге тIаьхьенаш Мисар-махка ялон йолу, кестта тIай хилла дIахIитта безаш бара. Йоккха мацалла йолу кхоалгIачу шарахь Исраила кIентий ялта эца Мисар-махка дIахьовсабо. И ца хилча уьш хIаллак хир бара. Мисар-мохк, ялта эцийла долу, цхьаъ бен йоцу меттиг яра, хIунда аьлча Везачу Элан хьекъалаллица цигахь бен кечам ца бинера мацаллина. Юсупехула Дала Мисар-мехкан адамаш хьал долуш динера. Иза и пачхьалкх дерриге халкъашна юкъахь уггаре нуьцкъала а, лараме а ян кечлуш вара, тIаккха иза а иштта цхьа билггалчу Iалашонца деш дара.

Исраилан кIентий Мисар-махка схьакхаьчча, уьш Юсуп волчу балийра, амма царна иза ца вевзира. Иза цецволийла а дацара. Хьенан суртхIоттадойла дара васхалваьккхинчу

лен? Юсупна, мелхо а, уьш сихха бевзира. Хила тарло, цо уьш схьабахкаре сатуьйсура, амма цо иза къайлахa лардинера. Цо уьш мах боцуш ялта даларца декъалбира, уьш берриш а юхаберзорхьама, вежарех цхьаъ муха сацор вара, аьлла, Іалашо дагаяийтинера. Церан коьчаллаш чекхъевлча, уьш юхабаьхкира; ХІинца Исраилан берриге кІентий схьабаьхкинера. Уьш берриш а схьагулбелча, Юсуп дІавеллавелира царна.

Царна иза вевзича, Юсупан вежарий Іадийнера. Юсуп, церан ямартлонна тІера царна кхоччуш бекхам бойла хиллал, хьал долуш вара, амма цуьнан метта цо уьш тебира:

> ТІаккха Юсупа элира: «Суна тІедуьйлийша». Уьш тІебаьхкича, цо элира: «Со аша Мисар-махка воьхкина шун ваша Юсуп ву! Амма дохий а ма хьийза, шайна оьгІаз а ма эха шаьш со Мисар-махка вохкарна. Адамаш кІелхьардахархьама, шул хьалха со кхачийтира Дала кхуза. Ши шо ду кху махкахь мацалла йолу, кхин пхеа шарахь а хир дац ялта дуьйш а, дерзош а. Амма *Дала ваийтина со* шул хьалха, кху лаьтта тІехь шун тІаьхье хилийта а, шун дахар инзаре кІелхьардаккха а. *Аша ца ваийтина со кхуза, Дала ваийтина*. Цо сох пирІунан да вина, цуьнан цІийна тІехь эла а, берриг а Мисар-махка тІехь куьйгалхо а вина (Дол. 45:4-8, курсив автoран).

Ишттачу жоьпал тІаьхьа шун цецдовлийла ду: «*Мисар-махкахь цо, цуьнан хьежар иштта хийцадаллал, оццул хан яьккхина те*?» Лазаман а, ямартлонан а, цхьааллин а хьолехь латтаран шераш дицделла хила тарло цунна. ТІаккха, эххар а, безамечу Делан иза ишттачу баланаш хьегарх чекх муха воккхийла дара? Уггаре тешаме а, муьтІахь а волу Исраилан кІант, бехке а воцуш, шийтта шо а сов хенахь лоллин хало а, набахти чохь цхьаалла а лар, муха магадойла дара Цуьнан? Дала дуьххьалдІа магийна а ца Іаш, амма цу тІе и дерриг а Іалашо йолуш дина хиларх тешийла дарий те Юсупан?

ДагадогIий шуна, шина теш волчун багара дешнаш, долуш долчун бакъ хиларан тешалла хилар? Дуккха а шераш тIаьхьа назмаалархочо хIун яздинера, хьовсур вай:

> Дала мацалла хIоттийра лаьтта тIехь, церан дисна напха а хIаллакдира Цо. Цо царна хьалхаваьлла стаг вахийтира – лай вина воьхкина волу Юсуп. Цуьнан когашна буржалш тоьхнера, цуьнан вортана тIехь аьчка гIомат яра, ша аьлла долу хиндерг хилла а далале. Везачу Элан дашо иза зуьйш хиллера (Заб. 104:16-19).

Ма дан а ду! Юсуп шен хьокъехь тилавелла вацара! Леррина хьовсур вай кху декъе. Цкъа-делахь, я иблисо а, хьелаша а доцуш, ткъа билггал Дала Iалашо йолуш хIоттийнера мацалла. ШолгIа-делахь, Юсупа аьлла ма-хиллара, Дала хьажийнера иза цуьнан доьзалал хьалха. «Дала хьажийна» дешнаш бохучу хенахь, иза билггал Цо дина хилар ду, ткъа цхьаммо кхечо а доцуш. Юсуп дIатеттина вацара, Цо Делан Синера бохура. КхоалгIа-делахь, Юсупна и берриге баланаш хьегар иза талларан я цIанваларан агIо яра. ТIаккха, эххар а, иза буржалш а тоьхна, набахти чу кхоьссинера, ткъа цу заманан набахтиш, вайн хIинцалерчу нисдаран учрежденел дуккха а кхераме яра. Делахь а Юсуп уггаре а цIена кIант нисвеллера! Иза, дикачу адамийн олаллехь болчийн агIор къиза лелар ловш хилар хуьлийла ду, тIаккха иза ларамаза хилар я иблисан Iалашо хир яц, бохург дуй те? Иштта хьелаш ма-дарра Делан Iалашо йолуш хуьлийла ду, ала-м ца лаьа те шуна?

## СИЙЛАХЬ КIЕЛХЬАРДОВЛАРРИЙ?

Цу ларамечу хаттаршна жоп далархьама, вай вешан таллар кхин дIахьур ду. Кхин цкъа а тидам белаш Юсупан дешнийн. Дагахьлаттаделаш, цо Делан вигаран иракарахIотторан кIел бохура: «Амма Дала ваийтина со шул хьалха, кху лаьтта тIехь

шун тIаьхье хилийта а, шун дахар инзаре кIелхьардаккха а. Аша ца ваийтина со кхуза, Дала ваийтина. Цо сох пирIунан да вина, цуьнан цIийна тIехь эла а, берриг а Мисар-махка тIехь куьйгалхо а вина» (Дол. 45:7, 8).

Сийлахь кIелхьардовлар! Иштта, собар дел цкъа минотана, ИбрахIиман тIаьхьенаш пирIунан олаллин кIел муьтIахь ца хиларна а доцуш, амма Делан Iалашонца догIуш хиларна яхна. Дерриге а чекхдоккхуш, Далла хьалхха дуьйна, Юсуп веллачул тIаьхьа, кестта кхин пирIун вогIур вуйла хаьара, иза Исраилан хьокъехь къиза хир ву (хь. Ара. 1:8-14). Кхул дуккха а шераш хьалха Везачу Эло ИбрахIиме, цуьнан тIаьхьенаша деа бIе шарахь бала хьоьгур бу, аьллера. ТIаккха цунах Делан сийлахь кIелхьардовлар олу?! Цара иштта гатдар ловш хилча, муха бохийла ду сийлахь кIелхьардовлар?

Цхьаболчара хаттийла ду: «Мисар-мехкан метта цу ворхI шеран мацалла йолчу хенахь, Дала ИбрахIиман тIаьхьенашна юург лун долу хьекъалалла стенна ца делла. ТIаккха Юсуп цу берриге а баланех кIелхьарвер ма вара», аьлла. Бахьана гуш ду: Далла уьш пирIунан олаллина кIел кхачийта лаьара. Иза Цуьнан Iалашонехь дара. Шун алийла ду: «Амма пирIунах цуьнан къизаллина тIехула ширачу заманийн Гитлер цIе йоккхийла дара. Цо эзарнаш жуьгтий а байина, Делан халкъ боккхачу баланаш хьегаран кIел ма дахийтина». ХIаъ, и бакъ ду, амма вай дагахьлатто деза, Дела уггаре а хьалха вай бегIийлачу хьолехь а, кху дуьненан марзонашкахь а дехаш хиларан хьашт долуш вац, Цуьнан приоритет — цIандар ю!

Дала пирIуне аьллачу хьекъалаллечу дешнашка ладогIийша: «Ас Сайн ницкъ гайта витина хьо, дуьнен тIехь массо а адамна Сайн цIе йовзийта» (Ара. 9:16).

ХIетталц Везачу Элах лаьцна хаар, церан тIаьхьенийн а дара, ткъа дисинчу адамашна ИбрахIиман а, Исхьакхан а, Якъубан а Делах лаьцна цхьа а хIума ца хаьара. Цундела, Мусас пирIун

волчу а веана, Везачу Элан цӀеран дуьхьа исраилхой дӀахеца омра дича, вукхо жоп делира: «Мила ву И Веза Эла, ас, Цуьнга ла а доьгӀна, Исраилан халкъ дӀахеца? Суна Веза Эла а ца вевза, исраилхой ас дӀа а хоьцур бац» (Ара. 5:2). Цхьанна а, я пирӀунна а, я берриге Мисар-махкана а, Дела ца вевзара. Амма Везачу Эло Шен халкъ паргӀатдаккхархьама, билгалонаш гайтича, дерриг а хийцаделира.

Масех бохам хиллачул тӀаьхьа, цхьаболчу мисархоша ладуьйгӀира Делан даше. Ша тохаран таӀзар дале хьалха вай доьшу: «Везачу Элан дешнех кхерабеллачу пирӀунан цхьаболчу уллорачара сихонца шайн леш а, даьхни а цӀеношкахь дӀагулдира» (Ара. 9:20). Кестта уьш пирӀуне деха буьйлабелира: «ДӀахецахьа уьш шайн Везачу Далла Ӏибадат дан» (Ара. 10:7). Ур-атталла мисархойн бозбунчаша а шайн паччахье элира: «Иза Делан ницкъаца ду» (8:19).

ХӀинца гуш дара, царна ЯхӀувах лаьцна цхьацца хаарш хилла хилар: «Везачу Эло мисархой Шен халкъана реза бира. Ткъа Муса пирӀунан уллорачара а, мисархоша а шайн махкахь чӀогӀа лоруш вара» (Ара. 11:3). Цара кӀорггера лорура Делан стаг, Веза Эла мила ву хаьа дела. Кхин дӀа вай йоьшу, ИбрахӀиман тӀаьхьенаша мисархошкара схьаэцца тӀедиллинарг схьаэцна: дато а, дашо а хӀуманаш а, тӀе юхург а (Ара. 12:35, 36). Ур-атталла пирӀуно а эххар элира: «ХӀинца ас къа латийна. Веза Эла бакъ ву, ткъа со а, сан халкъ а бехке ду» (Ара. 9:27). Эххар а, берриге а Мисар-махкана хиира, дийна Дела мила ву.

## ДЕРРИГЕ А ДУЬНЕННА ХИИРА

Мисар-махкана хилла а ца Ӏаш, амма дерриге лаьттана а хиира ЯхӀувах лаьцна, билггал бакъволчу а, дийна волчу а Делах санна. И хаар, шен гӀоьнца Цо лаьттара уггаре а нуьцкъала пачхьалкх муьтӀахьъеш леларан, жамӀ дара. Дала къомана Юсупехула хьекъалалла делла, тӀаккха цу гӀуллакхо

иза нуьцкъала дина, тIаккха и дерриг а тIаьхьалонгахь леша-исраилхоша хIаллакдина хилийтархьама дина дара. Ишттачу хьоло, леша къен а, ледара а пачхьалкх я ур-атталла дуьххьалдIа йолу санна, пачхьалкх эшийна йолчуха долчул а алсам ладаме Iаткъам бора дуьненан тидамна. Делан леларо дерриг а дуьне оццул цецдаккхарна, шераш дIадевлча, исраилхой гIум-аренгахула лелачу хенахь, цIушна Iамалъен халкъаш хIинца а Цунах кхера а кхоьруш, исраилхошна хьалха дегош дара.

ТIаьхьалонаш тIаьхьайогIучу тIаьхьенгахь а гуш яра. Муса хийцина волчу Нунин ЮшаIа Ярихонера нуьцкъала халкъ долчу шиъ талламча вахийтинера. Царна дуьхьалкхеттачу нахаца лелачу РаIаба цаьрга элира:

> Суна хаьа Везачу Эло хIара мохк шуна дIабеллийла. Тхуна тIе кхерам боьссина, тхан дегнаш, шух кхоьруш, дегош ду. *Тхуна* хезна, шу Мисар-махкара арадевлла догIуш, Везачу Эло шуна хьалхара Эрзийн хIордан хи дIадаьккхина бохуш. Ткъа иштта Йорданал дехьа Iийначу эмархойн ши паччахь Сихьон а, IовгIа а аша хIаллакдинийла а хезна тхуна. Цунах лаьцна тхуна хезча, тхан дегнаш шелделира, тхоьгахь цхьаьнггахь а шуна дуьхьало ян доьналла ца дисира, хIунда аьлча *шун Веза Дела лакххахь стигалахь а, лахахь лаьттахь а Дела ву* (Юш. 2:9-11, курсив авторан).

Цо Веза Эла Дела ву, аьлла, кхайкхийра, тIаккха лаьттан «берриге бахархой» озабелла хилар а хаийтира. Везачу Элан цIе дерриге а лаьттахь евзаш яра!

И хаар Цуьнан сийлаллина хилла а ца Iаш, амма цIандаларна а оьшура. ЦIандаларан дуьххьарлера стоьмаш, хийрачу халкъера нахаца леларг а, дерриге цуьнан цIа а кIелхьардаьккхина хиларна тIехь гучубевлира. Кхин а ларамe дерг хIун ду, иза паччахьан Даудан ненан нана а хилла, Дала леррина къобалвинчу Iийсан силсилан гаьннах хилар. Иза

хилла хир дацара, нагахь Везачу Эло, пирIун муьтIахь винчу хенахь, дерриге лаьттахь Шен цIе кхайкхийна яцахьара.

Исраилхой Мисар-махкара арабевллачул тIаьхьа ур-атталла бIенаш шераш дIадевлча а халкъашна юкъахь Делах кхераран тоьшалла дуьсура. Исраил-мехкан динан коьрта да а, кхелахо а волчу, Iелин заманахь, Делан цIе юха а дагаеара, Цо пирIунна динарг бахьана долуш.

Исраилхоша пIелаштамхошца тIом бира, тIаккха цу тасадаларан дуьххьарлерчу дийнахь цара ладаме тIеман эшам дIабаьхьира. ШолгIачу дийнахь исраилхой, шайн тIеман лагере бертан тIорказ а деана, цунна гонаха гулбелира. ТIаккха «исраилхоша йоккха гIовгIа яьккхира, дерриг латта а дегош» (Шам. 4:5). ПIелаштамхой гIовгIа а хезна, вовшашка хетта буьйлабелира, иза хIун ду те, бохуш. ТIаккха уьш, исраилхойн лагере Везачу Элан бертан тIорказ деанийла, кхийтира. Хьовсийша церан тергоне:

> ПIелаштамхой кхерабелира. Цара элира: «Церан Дела [ивритан маттахь - *элохим*] веана уьш болчу. Вайгахь боккха бала бу! Иштта долу хIума хьалха цкъа а ца хилла! Бала бу вайгахь! Хьан дохур ду вай цу ницкъ болчу [*элохим*] деланийн карара? Цу деланаша [*элохим*], таIзарш деш, мисархой хIаллакбина яьссачу аренгахь (Шам. 4:7, 8).

Кхузахь Дела билгалваккхарна жуьгтийн *элохим* дешах пайда оьцу. Ширачу Весетехь, вай гIуллакхдеш Волу, Веза Эла билгалваккхарна, и дош ши эзарзза гергга Iотталуш ду. Деккъа Доладалар Книгин хьалхарчу коьртехь цунах ткъе шийттазза пайда эцна, тIаккха цуьнан маьIна вайн Дела а, Кхоллархо а дара. Ур-атталла пIелаштамхой а цу хиламел тIаьхьа бIенаш шераш дIадаьлча а бегабора. Цара Цунна гIуллакхдеш дацахь а, царна билггал бакъволу а, дийна волу а Дела Мила ву хаьара.

# ДЕЛАН ХЬЕКЪАЛАЛЛИН КІОРГЕ

Олалле къиза пирІун веанчу хенахь, цуьнан Дела воьхна хиларан маьІна дацара: «ХІора адам пачхьалкхана урхалла дечарна муьтІахь хила деза. Урхалла дан бакъо, Дала елча бен, ма ца хуьлу, ткъа болуш болу урхалчаш Дала дІахІиттийна бу» (Рим. 13:1). Ерриге а заманашкахь, законни олалла долу муьлхха а баьчча, иза дика я вон велахь а, Дала дІахІоттийна ву. Даим а цунна хьажийна ю къаьсттина а, ларамаза янне а йоцу роль.

ХІинца шун хаттийла ду: Сталин а, я Гитлер а санна волчу баьччано хІун дика дохьу? Цу хаттарна жоп далархьама, аса векалан ПахІалан дешнаш далор ду:

> Иштта Шена луъучух къинхетам а бо Цо, ткъа Шена луъург дуьхьал а волуьйту Цо… ЭхІ, ма барам боцуш хьал долуш ду-кх Делан хьекъалалла а, кхетам а! Вайн хьекъал ца кхочу Цуьнан сацамех кхета, вай тІаьхьа ца кхиало Цуьнан некъашна! Делан Йозанашкахь ма аьлла: «Делан хьекъал хьанна девзар ду, я мила хир ву Цуьнга хьехамаш бан йиш йолуш? (Рим. 9:18; 11:33, 34).

Дела вайн кхетамал арахьа довлу хІуманаш дан хьуьнар долуш ву. Цкъацкъа вайн Цо деш дерг тІеэца деза, кхетор а доцуш, Иза мелла а тІаьхьа хуьлуш долчун духехь дерг дІаделла воллу дела.

ТІаккха юха а ПахІала Цуьнан хьекъалалла гойту: «Ткъа мила ву хьо, стаг, Делаца къийсавала? Йинчу хІумано эр дуй ша йиначуьнга: «Со иштта хІунда йина ахьа?”» (Рим. 9:20). Ойла ейша цуьнан дешнийн: «Ткъа мила ву хьо?» Кхечу дешнашца, Иза дехьа-сехьа барт хеттаран дешнийн кІелвахийтархьама, долчу хьолехь дуй те вай?

ПирІун васхалаваккхарна тІехьа хІун лаьтташ дара гайтира вайна Дала, вайна масал далархьама а, Цуьнан хьекъалаллах а,

къинхетамаллах а тешна хила Iаморхьама а. ХIетте а Цо хIорра баьччанехь даим ца доьллу дIа вайна цунах лаций. Цунна вай Цуьнан хьекъалаллах а, къинхетамаллах а тешна хила лаьа.

Шен хьекъалаллехь Дала Iалашо йоцуш бала хьегар магор дац. Цуьнан цунах кIелхьардахаран Iалашонехь, пайда эцийла ду, ур-атталла вайна цхьана билггалчу хенахь иза гуш дацахь а. Амма абадено дерриг а шайн меттигашка дIахIиттадо. Шен къинхетамаллица Дала цкъа а абаденгахь вайн кхолламна зен деш болу баланаш магор бац. Хьан хоттийла ду: «Амма оцу харц урхалчаша адамашна оццул бохамаш ма беана». Иза бакъ ду, амма и дегIаца долчуьнца бен дац, ткъа Дала синан лакхалле дерг дегIаца долчул лакхара лору. Хьабулан Iожалла эрна ю аьлла, хеталора, амма иза иштта яцара, цуьнан цIий тахханалц а бохуш долу дела (хь. Iеб. 11:4). Зуламечу урхалчаша инквизицин а, хIетахьлера тIаьхьабевлла леларан а заманахь эзарнаш керстанаш байийтина, амма хIетте а церан цIий эрна Iанийна дацара. Церан цIий хIинццалц а бохуш ду.

Вайн муьтIахь хиларехула а, ладогIарехула а, доIанашкахула а баьччанашна Iаткъам бан аьтто бу. Делан халкъ муьтIахь а, доIанаш деш а, вончу некъех дIадоьрзуш а хилча, Далла иза хаза а хеза, Цо латта то а до. Цунна дика масал хуьлийла ду, Кхелахойн тептар тIехь гайтина долу, дика урхалчаш дIахIиттор. Керлачу Весето кхайкхадо: «Иштта, уггар хьалха ас доьху хьоьга Деле доIанаш дар а, дехарш дар а, кхайкхамаш бар а, Далла хастамаш бар а массо а адамашна а, паччахьашна а, массо а олалла дечарна а тIера. Иштта доIанаш де, вай ваьш мел хилало суьпа а, оьзда а хуьлуш, иштта тийна а, маьрша а дахар хилийтархьама. ХIунда аьлча вайн КIелхьардохург волчу Далла хьалха иза дика а, Цунна тамехь дерг а ду» (1 Ти. 2:1-3).

Вайн доIанаша долуш долчу баьччаллина Iаткъам бо, тIаккха и Iаткъам баьччанийн дIахIитторна а, харжарна а дIасабаржийла ду. ХIетте а, кхузахь а юкъара долуьйтурш

хуьлийла ду. Хьалхалерчу динан тобанан векалш а, эвлаяаш а сих-сиха Іитталора, царна тІаьхьабевлла лелачу, кІоршамечу а, къизачу а урхалчашна. ТІаккха цара къиношна тІехула я доІанаш ца дарна тІера ца хьоьгура баланаш; цул совнаха, цу урхалчаша Делан кІелхьардовларан Іалашонехь царна хьажийна йолу роль ловзайора.

## ХІАРОД АГРИППА I

Хьовсур вай ишттачу урхалчех цхьаьнга, ХІароде АгІриппе I-чуьнга. Палестинехь Іийса дуьнен чу валале а, Цуьнан гІуллакхдаран хенахь а, Иза денвеллачул тІаьхьа а масех римхойн урхалчех ХІарод цІе йоккхура. ХІарод Агриппа I вайн заманан 37-чу шарахь, Дала леррина Къобалвинарг денвеллачул тІаьхьа веана олалле. Ира хьекъал а, хІилла а бахьана долуш олалле чекхволура иза. Дика хІума гар а долуш, олаллин лакхарчу тІегІанашкахула хьалавахархьама, цо муьлххачу а гІирсех пайда оьцура. Дуьххьарлера доккха политический болар цо римхойн император Калигула вийначул тІаьхьа дина — цо Клавдина трон дІалаца гІо дина. Вукхо АгІриппин хьекъалечу политикин мах а хІоттийна, дІалаьцначу даржехь чІагІвира иза, цуьнан долахь долчу латтанашна ЯхІуд-мехкан а, Шамран-мехкан а латтанаш тІе а тухуш. Иза, цуьнан ден да, Сийлахь ХІарод, волчу хенахь санна, йоккхачу пачхьалкхан урхалча хилла дІахІоьттира.

Олаллехь волуш, ХІарод АгІриппа I иудаизмана а, керстанийн сектина а юкъарчу къийсамехь агІонех цхьаъ дІалаца езаш вара. Ластар доцуш, цо керстанаш къиза лаьхкина лелоран роль тІеийцира шена. Векалийн гІуллакхаш книги тІехь вай йоьшу: «Оццу хенахь ХІарод-паччахь Іийсах тешачийн тобанна таІзар дан волавелира, царах цхьаберш дІа а лецийтира цо. Омра а дина, Яхьъян ваша Якъуб тур тоьхна вейтира цо. Жуьгташна и гІуллакх хазахетийла хиъча, Кипа а дІалацийтира цо» (12:1-3).

Урхалча къиза лелара тешачаьрца, цу гӀуллакхо цуьнан политически Ӏалашонашна гӀуллакх до дела а, иза яхӀудхошна юкъахь гӀараваьлла во дела а. Цо, Ӏийсан юххерчу мурдех цхьаъ волу, Якъуб вийра, тӀаккха иза Кипа а вен воллура.

Вай хаттар дала деза: «АгӀриппин олалла хьаьнгара ду?» Цуьнан политикера дерриге хӀиллане мел хьаьжча а, иза олалле вогӀур вацара, нагахь иза Дала магийна дацахьара.

АгӀриппин карах бала хьоьгуш волчу, Кипас тешачаьрга, аьлла: «Массо а лара, вежарий а беза, Делах а кхера, паччахьан сий а де» (1 Ки. 2:17). ХӀун?! Якъуб вийна волу, паччахь ларий? Дала, оццул дукха Цуьнан бераш дехачу лаьттана тӀехь олалле иштта къиза урхалча стенна магаво, ткъа тӀаьхьа боху: «Паччахьан сий де»? Цхьадолу жоп вайн хаттарна Дезачу Йозанашкахь карадойла ду: «Кипа набахтехь велахь а, Ӏийсах тешачийн тоба даггара цунах лаьцна Деле доӀанаш деш яра» (Век. 12:5). ЖамӀехь Дала, тамашийначу кепара Кипа набахти чуьра паргӀат а ваьккхина, керстанаша доӀанаш дечу, кхерамазаллечу метте валийнера. Нагахь тешачара паччахьан сий деш дацахьара, амма векалдинчу олаллин хьокъехь Везачу Элан весетана дуьхьал бунт еш елхьара, царна Делан Ӏаламаташ гур дацара.

АгӀриппин Кипина таӀзар даран Ӏалашонаш динан тобанан доӀанийн а, муьтӀахьхиларан а бахьана долуш йохийна яра. Цу хиламо хаалуш чӀагӀбинера тешаш берш. ПирӀунца болчу хиламехь санна, иштта хӀинца а Дала Шен кӀелхьардаккхаран ницкъ гайтира. Цу гӀуллакхан уггаре а доккха тоьшалла циггахь, Дезачу Йозанашкахь карадойла ду: «Цу хенахь Делах долу Дош дӀасадаьржаш дара» (Век. 12:24).

Эвлаяийн хаддаза долчу доӀанаша а, церан олаллина муьтӀахь хиларо а хиламаш дӀаэхарна алсам нуьцкъала Ӏаткъам бора. Кхин дӀа вайна го, билгалдаьккхинчу дийнахь АгӀриппас айаеллачу меттехь халкъана хьалха охьа а хиъна, къамел дора,

тIаккха «Наха маьхьарий хьаькхира: «Иза Делан аз ду, адаман аз дац!» – аьлла. Амма ХIарода Дела ца лерира, цундела цу сохьта Делан малико, цамгар а тоьхна, вожийра иза. НIаьнаша ваарна, хIаллакьхилира иза» (Век. 12:22, 23).

Кхел еара, амма иза Везачу Элан тур дара, ткъа Цуьнан халкъан а доцуш. Кестта, Далан бен урхалчашна тIехь кхел йойла доцийла, хуур ду вайна. Ткъа вайна весет дина ду, олаллехь болчарна тIера доIанаш дан а, церан сий дан а, царна муьтIахь хила а. Нагахь кхелъяран хьашт гучудалахь, Дала, вай Цунна меттиг яла бен ца деза, боху.

Кху коьртехь яздинарг — билггал бакъ ду, ур-атталла иза хаддош шун динан тобанехь бечу хьехамца ца дагIахь а. Даггара тIеоьцур вай Делан хьекъалалла. Дагахьлаттаделаш — Иза вайгахьа ву, ткъа вайна дуьхьал а воцуш.

КОРТА 9

# ПАЧЧАХЬ ЛАРА

*Вай олаллин дакъа деллачийн сий дан Iама дeза, — сий дан а, ларам бан а, лерамца а, муьтIахь хиларца а терго ян а, иштта вешан декхарш кхочушдан а.*

ТIаьххьарчу коьртехь доцца хьахийна болу, векалан Кипин чоггIа тIекхайкхам, алсам леррина тидам баран хьашт долуш бу, къаьсттина вайн деношкахь. Къаьсттина байт схьаэцале хьалха, цунах муьлхачу контекстехь пайда эцна хьовсур вай: «Сан хьоменаш, аренца лелаш, дуьнен чу даьхкина хьеший шу долу дела, доьху ас шуьга, синца тIом бечу дегIан лаамех ларлолаш. Кхечу къаьмнийн нахана юкъахь шайн лелар оьзда хилийталаш, тIаккха, шу вон нах ду бохуш, дуьйцуш болчара, шун дика гIуллакхаш а гина, Дела хастор ву Иза веанчу дийнахь» (1 Ки. 2:11, 12). Вай къастийна, олаллехь болчарна муьтIахь хилар — иза цо шех лаьцна бохуш хилла долу, шен лаамера дахар ду. Кхузахь хьахийна болу къийсам, иза олаллехь болчарна муьтIахь ца хила дуьхьало ечу лаамна а, муьтIахь хиларна а юкъара тIом бу. ХIетте а чIогIа сих-сиха вай кхечу тайпана ойла йо, тIаккха муьтIахь ца хила болу лаам

вешан бертахь берг, ткъа муьтIахь хилар — мостагI а лоруш. Иштта ойла яр билггал бакъдолчунна генара ду.

Дицдан мегар дац Кипас аьлларг: ур-атталла вай муьтIахь долуш дехаш хилча а, вайна вониг олийла ду, «зуламхошна санна». Суна, цхьаболчу наха муха ойла йо, цкъа хезна ца Iа: «ХIун пайда бу цунах? Со муьтIахь ву, амма хIетте а со аса дина доцчу хIуманна бехке во». Царна, церан Везачу Элана муьтIахь хилар а, церан совгIат а Цуьнгара схьадолуш хилар, дицло. Дезачу Йозанаша исбаьхьа кхетадо иза:

> Леш [лецна белхалой а, динан тобанан декъашхой а, граждански адамаш а, иштта кхин дIа а], адамаш долчу олахошна [болх луш берш а, динан тобанийн баьччанаш а, граждански олаллехь берш а, иштта кхин дIа а] кхерамца а, ларамца а цIеначу дагца муьтIахь хила, Дала леррина Къобалвинчунна муьтIахь шаьш ма-хиллара. Царна муьтIахь хила, мотт хьоькхучу адамаша санна, моттаргIанаш а ца еш, ткъа Дала леррина Къобалвинчун леша санна, даггара Делан лаам кхочуш а беш. Хазахетарца, Везачу Элана деш санна, гIуллакх делаш, адамашна деш санна а доцуш. Лай я маьршаниг велахь а, нагахь цо диканиг дахь, цунна изза Везачу Элера юхакхочур дуйла хууш, делаш шаьш дийриг (Эпа. 6:5-8).

Кхин цкъа а Кипин дешнашкахьа доьрзур вай: «Везачу Элан дуьхьа адамна тIехь урхалла дечу Iедална муьтIахь хилалаш: паччахьна, хIунда аьлча цуьнгахь лаккхара Iедал ду, куьйгалхошна, хIунда аьлча уьш зуламхошна таIзар дан а, дика гIуллакх дечарна совгIат дала хIиттийна бу» (1 Ки. 2:13, 14). Дезачу Сино, ПахIалегахула санна, иштта Кипегахула а тедо вай, массо олаллехь болчарна муьтIахь хила, цхьа а юкъах а ца волуьйтуш. ДагадогIий шуна, цо шех лаьцна бохуш волу, паччахь, къинхетамалла доцуш керстанаш лаьхкина лелош волу, къиза урхалча вара. Векало ПахIала санна, Кипас, долччул

а сиха ша стаг а воцуш, Делера долу олалла тӀеэца тешадора вай. Иза цкъа а стагана, ХӀародана АгӀриппина Ӏ-чунна муьтӀахь хир вацара, нагахь паччахьна тӀехь долу Делан олаллах кхеташ вацахьара а, и тӀеоьцуш вацахьара а. Хала ду веклдинчу олаллина муьтӀахь хила, нагахь хьо хӀинца а Делан олаллица вевзаш вацахь. Вай муьтӀахь хила алсам мел гӀерта, ваьшна билггал бакъдолу олалла гуш доцчу хенахь, и дан хало ду.

Кипас дӀахьедора вайга цунах лаьцна, муьтӀахь ца хиларо ма-дарра Далла дуьхьал болчийн гӀуллакхна я церан синна гӀо до дела, хӀунда аьлча цу ницкъо ««Дела» аьлла, цӀе йоккхучу а, адамаша Ӏибадат дечу а массо а хӀуманна дуьхьалвер ву и стаг, царал ша лакха а воккхуш» (2 Та. 2:4), билггал бакъволчу дийначу Делан некъаш а, белхан кепаш а, омранаш а юкъа а лоцуш. Вай, тешачара, закон ца хилар леларна гӀо до те я дуьхьало йо те хатта деза ваьшка. Нагахь гӀо деш делахь, вай иблисан агӀонашца лела (бунт), ткъа Делан данне а доцуш.

Кипас кхин дӀа боху: «Массо а лара, вежарий а беза, Делах а кхера, паччахьан сий а де» (1 Ки. 2:17). Цо вай олаллехь болчарна муьтӀахь хилла а ца Ӏаш, амма цуьнан лараме терго ян еза боху. Грекийн маттахь «сий дан» бохург глаголаца *тимао* билгалдаьккхина ду, цуьнан маьӀна ду «лерам бан, сий долуш хила, лара, дикалла». Оццу дашах Ӏийсас пайда эцна, иштта а бохуш: «Аса Сайн Ден сий до» (Яхьъя 8:49). Вебстеран дошамо (1828-гӀачу шеран арахецар) хӀара билгалдаккхар ло сий дан бохучун: «сий дан, лерам бан, лоруш а, муьтӀахь хиларца а терго ян, иштта шайн тӀедиллина декхарш кхочушдан». Кхин цкъа а эр ас: Кипас шех лаьцна боху паччахь, тешачарна тӀаьхьаваьлла лелаш вара! Цо керстанаш цуьнан юьхьша лерам барна тӀе ца кхойкхура, амма цо Дала дӀахӀоттийна олаллехь волчун санна, цуьнан сий дар хьоьхура.

# ТАМЕХЬ ЙОЦУ ИНТЕРВЬЮ

Дукха хан йоццуш соьга пачхьалкхан къилбехьа йолчу йоккхачу гӀалахь цхьана керстанийн радиостанцехь интервью ялар дехнера. Къамее сан книгех йолчу цхьаннах лаьцна дахара. Итт минот дӀаяьлча тхо рекламина юкъахдехира. Со студехь охьахиъна а Ӏаш, дӀахьедаршка ладугӀуш вара, цу хенахь сан микрофон дӀаяьккхина яра.

ЦӀаьххьана сан тидам хенан хӀоттаман прогнозо тӀеозийра: цхьана стага эзарнаш адамийн аудиторина, цхьана къилбаседерчу штатана тӀе оццул чӀогӀа шело йоссарна, губернаторан балдаш шелделлера, бохуш дуьйцура. Цо губернаторан цӀе а яьккхина, шен комментари елира: губернаторан балдаш оццул шелдаларна, цуьнга бага дӀа ца еллалора, цо гуттара деш ма-хиллара, цхьа доьхнарг ца олуьйтучуха.

Со Ӏадийна вара, дуьххьалдӀа сайн лергех ца тешара. Коьртехь ойланаш хьийзара «*ТӀакха хӀара керстанийн радио ю? Хуьлийла дац!» ТӀаккха ас ойла йира: «Нагахь хӀара керстанийн радио елахь, хӀета долччул а сиха, и прогноз кхечу хьостанера язйина ю*». Юкъахдовларан чаккхенгахь со хезначух метта ца веанера.

ХӀинца эфирехь волуш дӀакхоьхьучо цхьа хаттар дира, цунна ас жоп делира, мел лараме ду, вай деш долчу массо а хӀуманехь Делан дог хилар, аьлла. Цу хенахь, юкъахдовларан муьрехь сайна хезнарг, коьртера дӀа ца долура. Суна хааделира: «Хьахаделччуьра, дикачу масалина дало мегар ду, суна масех минот хьалха рекламни блокехь хезнарг». ТӀаккха ас хаьттира: «ХӀара керстанийн радио юй?» Цо жоп делира: «ХӀаъ».

«Делахь, хӀета, хила тарло, суна хезнарг светски хьостанера схьаэцна хир ду, хӀунда аьлча, масех минот хьалха къамел динчу стеган шен дешнашкахь Делан дог долуш дацара».

Цо хаьттира: «Ахь стенах лаьцна боху?» Ас жоп делира: «Балдаш шелделлачу губернаторан адресе аьллачу дешнех

лаьцна, аьлла». ДӀакхоьхьучун озехь карзахалла гучуелира: «Иза со вара».

Ас элира: «Дезачу Йозанаша, вай Делах кхоьруш а, паччахьан я олаллехь болчийн сий деш а хила деза, боху».

Цуьнан аз чӀагӀделла дӀахӀоьттира: «ХӀаъ, амма иза забар ма ю». Ас кхуззахь тӀетуьйхира: «Амма Дала вайга сий дан весет дина долчун мехаца а бен доцуш. Векало Кипас аьлла: “Хьайн халкъана тӀехь волчу куьйгалхочунна лен ма ле”» (Век. 23:5).

Цо интервью Ӏалашонехь йолчу хенал хьалха чекхъяьккхира, тӀаккха чаккхенгахь элира: «Делахь, сан Джонаца хьажаршкахь цхьаьнадогӀуш хилар массо а хӀуманна тӀехь дац».

Суна чӀогӀа тамехь доцуш хилира. Иза губернаторан хьокъехь сий дар а, лерам бар а дара ткъа? Со къера хилало, дӀакхоьхьуш волчо шех лаьцна бохуш волчу стага, лерам барна хьакъ дерг даим ца лелош хирг хиларна, амма цо губернаторан дарж дӀалаьцна дара, тӀаккха керстанаш хиларе терра, вай цуьнан олалла лоруш хила деза. Меланна тешачарна Ӏаткъам бина хир бу цу ларамe йоцчу забаро? ТӀаккха вай дуккха болчу юкъараллин декъашхошка лерам байина хиларх цецдийла оьший те.

Къиза лаьхкина лелор лайначу дуьхьарлерчу динан тобанан тешачийн лелар геннара иштта ца хилла. Цара олаллин сий дора. Нагахь вай хила ма-деззарчу кепехь лелаш а, олуш а дацахь, вайн заманахь хьаладолу закон ца хиларан олалла ваьш чӀагӀдо. Амма Амма Делан Йозанаша вайга боху: «Къайлаха долу зулам хӀинцале а къахьоьгуш ду. Амма хӀинца а иза сецош волчо кхин дӀа а сецор ву, новкъара иза Дала дӀаваккхалц» (2 Та. 2:7). Иштта лелар Дезачу Синан сецочу ницкъана дуьхьал хьалхадолу. Иза иблисан агӀо ю!

## ВЕЗАЧУ ЭЛАХ КХЕРАРО СИЙ ДАР КХУЛЛУ

Кипин дешнашка юхадоьрзур вай: «Делах кхера, паччахьан сий де». Делах кхоьруш берш — шайн дахарехь сийлаллин Веза

Эла массарел а лакхара хIиттош берш бу. Уьш Цуьнан массо а хIума дIахудучу олаллина дуьхьал а нисбелла, цхьаъ хилла дIахIиттина. Цара Цо мехала лоруш дерг мехала а лору, Цунна ца дезарг, деза а ца деза. Муьллхачу олаллехь болчаьрга дика кхерам а, лерам а ондда чIагIбина бу церан дахарехь, Дала Шен олалла векалдеш долу дела.

Вай олаллин сий дар дечуьра севцча, Везачу Элах кхераран са ца хилар гуш хилла дIахIутту. Цо Мусах лаьцна бохучу хенахь, пайхамаран ЕшаI-ЯхIун дешнаш дагадаийтийша:

> Везачу Элан Са цунна тIехь Iийр ду. Оцу Сино цунна хьекъал а, кхетам а лур бу, Цо *хьехам а, ницкъ а лур бу*, Цуьнгахула цунна Веза Эла вевзар а ву, Цунна хьалха ларамах вуьзна а хир ву (Еш. 11:2, 3, курсив авторан).

Iийса Везачу Элах кхерарх вуьзна вара. Цу гIуллакхо Цунна гонаха болчийн Цунна гинчун я хезначун бухана тIедоьгIна кхел ца ян магадора. Радиостанцирачу цу дIакхоьхьуш волчо шен стоьмашца векалдинчу олаллин хьокъехь Делах кхерар ца хилар гайтира. Губернаторан лелар цхьана хIуманна тIехь хьакъдоцуш долу дела, цу стага шена гиначун а, хезначун а буха тIедоьгIна кхел йора. Нагахь ишттачу агIонашца бен куьйгалла даре ца эцча, хила тарло, дIакхоьхьуш верг нийса ву. Амма нагахь иза цу дерригенга а Везачу Элах кхерарца хьоьжуш велхьара, уггаре а хьалха губернаторан юьхьаца векалдина олалла гур дара цунна. Урхалла дечу олаллехь болчийн адресе вониг алар дика лелар лара мегар дац.

Хихчекхдохучу Яхьъян цхьана олахочун, ХIародан, бакъахьара доцчу леларца Iиттавала дезнера, амма цуьнан паччахье йолу терго вайна радиопередача дIакхоьхьуш волчуьнгахь гинчух къасталуш яра. Цкъа-делахь, Яхьъяс ХIароде бохура: «Хьан йиш яц цуьнца [хьайн вешин зудчуьнца] цхьаьна ваха», – аьлла» (Мат. 14:4). Цо юкъарло йоцуш къинах

лаьцна къамел а дора, тIаккха, и къа латийначу стагах лаьцна цавашарца бохуш а вацара. ШолгIа-делахь, цо ХIароде Делан пайхамаран агIонгара бохура. ТIаккха, эххар а, Хихчекхдохучу Яхьъяс паччахьан адресе емалдаран забарш яр ца магадора.

Делан Йозанашкахь, дика стаг, олаллехь лаьттачу нахана тIехь воьлуш болу, хилам цкъа бен хьахош бац. Къамел пайхамар волчу Эли-ЯхIух лаьцна ду (Сул. 18:27). Цо беламе бора БаIалан харцпайхамарш а, цара гIуллакхдеш болу деланаш а. И адамаш олалла долуш дара, амма иза билггал бакъ дацара — моттаргIе дара. Цара Исраилан халкъах дукkха а долу адамаш боданан олалле дIадигнера. Церан олалла Дала дIахIоттийна дацара. Уьш сий хиларна а, муьтIахь хиларна а хьакъ долуш бацара.

Оккультни организацишна коьртехь лаьттачу адамашна муьтIахь хила ца дезахь а, хIетте а уьш ладаме боцуш тIеэцийла дац, ур-атталла «Мусан докъах лаьцна ша иблисаца къуьйсучу хеттенахь коьртачу Микаал-малико, Iоттар еш бехке хIума ала а ца даьхьна, иштта аьлла: «Везачу Эло таIзар дойла хьуна». Амма кху наха [динан тобанерчу бунтахоша] шайна цахуург емалдо. Шайн амалшка хьаьжжина, шаьш, луьра дийнаташ санна, кхета хIуманаш бахьана долуш цара шаьш хIаллакбо» (ЯхI. 9, 10). Эли-ЯхIус БаIалан пайхамарш беламе бохкучу хенахь, цунна тIехь Делан Са дара. Ткъа вай чIогIа хьекъале доцуш лелар ду, нагахь олаллин муьлххачу кепана тIехь ойланза забарш яхь, ур-атталла иза боданера схьайолуш елахь а.

Дала дIахIоттийначу билггал бакъдолчу олаллина тIе юхавоьрзуш, суна билгалдаккха лаьа, хала ду олаллин сий дан а, цунна муьтIахь хила а, нагахь иза, Делах кхерарх буьзначу бIаьргашца гуш дацахь. ЛадогIийша, хIун боху Дезачу Йозанаша: «Везачу Элана хаьа Шен лаамехь берш церан зенех кIелхьарбаха а, ткъа Шен лаамехь боцурш царна кхел ен йолчу дийне хьовсийна, таIзар а деш, латто а, къаьсттина

шайн догІмийн хьарамчу лаамашна тІаьхьахІиттинарш а, шайна тІехь Деле олалла ца дойтурш а. КІоршаме а, шайн лаамехь а болу и харцхьехамчаш стигалан сийлаллин бахархошна лен ца кхоьру» (2 Ки. 2: 9-10). Кипа а, ЯхІуд а тешачарех лаьцна бохуш вара (ЯхІ. 12; 2 Ки. 2:13-15). ТІаккха и ма-дарра дерг вайна дастадолуьйтуш хила дезара.

Книгин юьхьенгахь ас дІахьединера, цхьаболчарна цуьнан чулацам тІеэца хала хир ду, хІунда аьлча дукх сих-сиха вай Делан Пачхьалкхе демократически ойлаяран призмина чекх хьуьйсу дела. Билггал цундела луш ду вайна вешан хьекъалан синца керладовларна долу весет (хь. Эпа. 4:23). Нагахь радиостанцин дІакхоьхьуш волчуьнца болу хилам шатайпана хиллехьара, аса, хила тарло, иза хьахор бацара, амма иштта ойла яр Динан тобанехь тахана шуьйрра дІасадаьржина ду. Ишттачу жамІе со веана Билла Клинтона президентски урхалла дечу хенахь.

## ДІАДАККХАР ДІАДАККХАРЦА ЭЦЧА — ТІЕТОХАР ХИР ДАЦ

1992-гІачу шарахь Клинтон президент хаьржина волчу хенахь, со кхаа дийнахь депрессин хьолахь вара, Дала суна цхьацца хІума дІаделлалц. Цо къаьстташ гайтира суна, цхьа а Цунна ца хууш олалле ца вогІу, тІаккха «рулаьхь» лаьтташ болу берриш а, Цо дІахІиттийна бу. Сайна и дІа-ма-делладели, со уггаре хьалха, стеган олалле хьежа волавелира, ткъа цуьнан юьхьша дахаре а доцуш. И дича, суна цу баьччане, сайн даг чохь хьалакхуьу, моттаргІане боцу безам хилар карийра, тІаккха цуьнан дахаре маьршо ярхьама а, иза даггара лела волавалархьама а, чІогІа лаам хилира.

Со теша, билггал и хаалуш вара Хихчекхдоху Яхьъя ХІародан хьокъехь. Цо цуьнга кІоршаме бохуш хиллехь а, со шек вац, Яхьъя цу айпечу урхалче Делан дагца вистхуьлуш хилла. Цундела хилла Ярми-ЯхІу воьлхуш, ша адамашка

кlоршаме дешнаш бохучу хенахь. Цабезамах дуьзначу дагара, законнически бахьанашкара схьадолучу, дешнашца къамел деш долу адамаш ду, амма, доглазаме, даг чуьра Везачу Элера нисдаларан дешнаш олуш долу, адамаш а ду.

Шайн шаьш бакъахьара хетаран бухана тlедоьгlна ойлаярца кхечарна критика еш долчу адамаша дог дохадо Делан. Дуккха а йолчу динан тобанашкахь вайн президенте лараме йоцу терго еш хиларан теш хилла цкъа дlахlоттина ца lа со. Кхин дlа алале хьалха, суна сихха ала лаьа, аса цхьанххьа а, цкъа а Клинтонехьа кхаж тесна бац, тlаккха суна, ерриге а пачхьалкхана цуьнан леларна тlехула девзаш хилла дlахlиттинчу хlуманаша, халахетуьйту.

В 1992-гlачу шарахь сан кхайкхамаш беш пачхьалкхан дуккха а йолчу маьlагашкахь хилар нисделла, тlаккха чlогlа сих-сиха тешачара цхьана ультраконсерваторо дакъа лоцучу телепередаче хьажа хьехар дора суна. Схьахетарехь, цо вайн либеральни баьччанех лаьцна кlезиг ца дуьйцура, къаьсттина президентах а, цуьнан зудчух а лаьцна, тlаккха цуьнга ладогlа дезара. Цхьана гlалахь хьехар дина ца lара суна цуьнан программе хьажа. Дукха хьолахь соьга бохура: «Хьуна иза хаза веза. Вашингтонехь хиллачу хиламех лаьцна цо чlогlа нийса комментариш йо». Царех тешна хиларца, ас ойла йира: «*Со, цо цигахь хlун боху, хьажанза цаволу*». Со телевизоре кlезиг хьоьжу, цундела суна цуьнан передача гале хьалха, исс бутт гергга дlабаьллера.

Иза Калифорнехь дара. Со гlуллакхдар чекхдаьллачул тlаьхьа, хьешан цlенан номере юхавирзира, телевизор латийча, тlаккха эххар а суна и стаг гира. Иза тоъал самукъане гуш вара, цуьнан костюм цхьана кепхlотталур йоцчу басахь йолчу галстуко хазъеш яра. Иза президентах Клинтонах лаьцна дийца волавелира. Со воккхавера: «*Хlара, шех лаьцна массара а дуьйцу, гlараваьлла стаг ву*». Со экрана хьалха дlатарвелира, цо хlун олу те, сатуьйсуш.

Дийнна ткъа минотехь президент вочу агIор гойтуш, хIумма а воцчу ваьккхина хьалхахIоттавора цо. Цуьнан забарш самукъане яра, дешнаш хьекъалх дуьзна дара, амма цу ерриге а хенахь сан логге дог керчар хьалагIертара. Ас ойла йора: «*ХIун ду кхузахь иштта доцуш? Дерриг а цо бохург, бакъ ду. Цо чIогIа дика гойтура вайн президентан либеральни ойла*». ТIаккха ас Деле элира: «Веза Эла, даг тIехь иштта тамехь доцу буха дижнарг стенна ду те?»

Дезачу Сино сихха жоп делира: «Хьайн халкъана тIехь волчу куьйгалхочунна лен ма ле» (Век. 23:5). Кхуззахь Дезачу Йозанашкара кхин меттиг дагаеара: «*Иштта, уггар хьалха ас доьху хьоьга Деле доIанаш дар а, дехарш дар а, кхайкхамаш бар а, Далла хастамаш бар а массо а адамашна а, паччахьашна а, массо а олалла дечарна а тIера. Иштта доIанаш де, вай ваьш мел хилало суьпа а, оьзда а хуьлуш, иштта тийна а, маьрша а дахар хилийтархьама. ХIунда аьлча вайн КIелхьардохург волчу Далла хьалха иза дика а, Цунна тамехь дерг а ду*» (1 Ти. 2:1-3). Цу гIуллакхо суна тонна кибарчигаша санна, туьйхира. Дала урхалчийн сий дан а, царна тIера доIанаш дан а, дехарш дан а, царна баркалле хила а весет дина вайна. Цо иштта царна дуьхьал хIуманаш ца дийца омра дина вайна. Цо царна тIехь ца дийла а, критика ца яло а, царна дуьхьал бунташ ца ян а, церан адресе емалдаре забарш ца ян а весет дина вайна. ТIаккха и комментатор дуккха а долчунна тIехь бакъ хиллехь а, шина нийса доцчу хIумано цхьаьна тоьхча, цхьаъ бакъдерг ца нисдо!

Со чIогIа дог доьхна вара, амма иза и стаг муха лелаш хиларна дацара, ткъа дуккха а тешаш болчара цуьнан передачаш «ура», бохуш, тIеоьцуш хиларна дара. Ша дIакхоьхьуш волчух хьакхалуш лаьцна аьлча, со цуьнга кхечу тайпана лела ца хууш волчу стаге санна хьоьжура. Цхьа хIума дара со ца кхеташ — керстанийн цуьнан дахьийтарш кхайкхадойла муха дара? «Паччахьан сий» иштта дан деза те?

Дала вайга, керстанашка, хӀун дан деза, аьлла: доӀанаш дан а, дехарш дан а, хастамаш бан а. ПахӀала, баларна хьакъ долуш харцонаш йийраш бен хилла а ца Ӏаш, амма «цара ишттаниг деш болу кхиберш а бакъбо» (Рим. 1:32).

## МУЬЛХАЧУ ЗАКОНАШЦА ДЕХА ВАЙ?

Со цу хьешан цӀийнан номерехь хиллачух лаьцна кхайкхамаш бан волавелира ерриге а пачхьалкхехула. Дуккха берш серло а гина, дохкобевлира, вуьйш огӀазбахара суна. Цара шайн аргументаш хьалха а тоьттуш, цу комментаторехьа гӀодоккхура, цо, вайна правительствос делла нийса дахаран васт а, дешан маьршо а ларйо а бохуш. Вай Иза бакъ ду; амма хӀетте а вайн иштта леларал сов долу весеташ ду. Вай, Делан Пачхьалкхан законашца а доцуш, демократически гӀеххьа долчуьнца догӀуш дехаш ду ткъа? Деккъа вайн пачхьалкхехь вахо малар мала магий долу дела, тешачара мийла деза те иза?

Вайн лаккхара закон ду. Цхьана тешаш воцчу римхочо керлачу весетан заманан дуьххьарлерчу керстанех лаьцна яздора: «Цара шайн денош лаьттахь дӀакхоьхьу, амма уьш стигалийн гражданаш бу. Юьш яздинчу законашна муьтӀахь бу, амма оццу хенахь уьш шайн дахарца цу законел сов бу» (*Диогнете кехат*, корта 5).

ХӀун пайда бу, вай луьйш хиларе ладоьгӀуш хилча? ХӀун стом бу цунах? Вай алсам эвсаре хилла дӀахӀуьттур дац те, нагахь вай вешан хан иштттачу передачашна а, адамийн дахьийтар дӀасадаржорна а доцуш, ткъа вешан пачхьалкхийн баьччанашна тӀера дехарна лерича? «Муьлххачу а дикаллехь а, цӀаналлехь а тийна а, дуьхьалгӀовттар доцу а дахар», муьтӀахь хиларехь дахаран стом хир бу ца аьлла ткъа вайга Дала?

Президентаца Клинтонца цхьаьна а кхетта: «Бехке доцу бераш дайар законаца догӀуш деш волу муьлхха а баьчча, Делан кхелъяре а велла, жоьжахатехь вогур ву», аьлла волу

цхьа динан гӀуллакхдархо вевза суна. И стаг, Хихчекхдоху Яхьъя ХӀародан хьокъехь санна, лелара. Иза, дуьнен чу довлаза долчу берашка а, ша президенте а даггара болчу безамо а, бакъахьарачу дералло а меттахваьккхина волу, президенте вистхилира. Президентан олалла лоруш, цу динан гӀуллакхдархочо билггал бакъдерг бохура; ишттачу стага олаллехь волчу баьччанна тӀехь беламаш бар магор дацара шена. Вай олаллехь берш беламе бохкуш йолчу теле- я радио дӀакхоьхьуш болчаьрга ладугӀучу хенахь, вай Делан дог дойу. Вайн лергаш чуьрачу вониг дийцаро абаденан стом ца бохьу.

## ОЛАЛЛИН СИЙ ДЕШ ДОЛУ ДОГ

Вай ваьшна чухудуш хила деза олаллин сийдар, ваьш Везачу Эло дӀахӀиттийначеран сий до дела. ПахӀала яздо:

> ХӀунда аьлча дика гӀуллакхаш дечарна урхалчаш кхераме бац, зуламе гӀуллакхаш дечарна бу. Ӏедалах ца кхоьруш Ӏен лаьий хьуна? Дика де, тӀаккха Ӏедало хьо хастор ву. *Урхалчаш Далла гӀуллакх деш ма бу*. Уьш хьуна дика дан къахьоьгуш бу. Нагахь санна хьо зулам доккхуш велахь, кхералахь. ХӀунда аьлча цара эрна лелош дац тур: уьш Делан гӀоьнчий бу, зулам дечарна догӀу таӀзар цаьргахула деш ву Дела. Иштта, таӀзарх кхерарна хилла а ца Ӏаш, вайн дог цӀена хилийтархьама, вай урхалчашна муьтӀахь хила деза. Цундела урхалчашна йогӀу ял дӀало, уьш и гӀуллакх даим кхочушдан дӀахӀиттийна Делан белхалой болу дела. ХӀоранна а хьакъ дерриг дӀало: ял яла езачунна – ял, ясакх яла езачунна – ясакх, кхера везачух – кхера, лара везарг – лара (Рим. 13:3-7, кӀелсизхьаькхна авторо).

Дала, олаллехь лаьтташ болчу нахах, Шен ялхой, аьлла, цӀе яьккхина, тӀаккха уьш доггӀу сий дан а, лерам хила а хьакъ долуш бу. ХӀорраза а сайна полицейски, цӀеяйархо

а, мэр а, гӀалин советан декъашхо а, губернатор а, штатан законодательни органан декъашхо а, кхелахо а, конгрессмен а я олаллехь болчийн структурера болчарех кхин а цхьаъ гича, и дешнаш лета сан даг чохь. Со гӀаларчу а, гонахарчу а, я пачхьалкхан юкъараллин депортаментийн гӀишлонашна чоьхьа волучу хенахь, суна чохь даим а лераман хаам хьалаболу. Цигахь, Цуьнан халкъана гӀуллакх деш болу, Делан гӀуллакхдархой бу къахьоьгуш.

Масийттазза суна гӀуда тоьхнера сиха лелар сов даккхарна, тӀаккха хӀоразза а, гӀуданан талон схьаэцча, аса полицейскичуьнга олура: «Сэр, со бакъ вацара, тӀаккха суна, шун балхана тӀера а, аша вайн гӀалина гӀуллакх деш хиларна а баркалла ала лаьа. Доьху ас, гечдейша бохамна тӀера». Ган езара шуна церан яххьаш. Цхьа офицер дуьххьалдӀа хийцавелира, юьхьанца иза къовламе вара, тӀаккха шеца лерам болуш хилар а гина, кӀедо хилира. Суна ур-атталла, иза шен талон юха схьаэца лууш санна, хетаделира, со и дарна тӀегӀерташ ца хиллехь а.

Сан цхьа доттагӀ ву, иза «керстанийн» радио шех лаьцна ларам боцуш цӀе хазийтина волу губернатор волчу штатехь, динан тобанан Ӏуналхочун даржехь гӀуллакх деш ву. ЛадогӀийша цуьнан тоьшалле. Цо шен гӀалина тӀера доӀа дора, Деле цигара хьал муха нисдан деза а хоьттуш. ХӀетахь цуьнан динан тоба дукха боцчу тешачарех хоттаелла яра. Дала цуьнан дагчу граждански олаллехь болчийн сий дар диллинера. Масех доӀа динчул тӀаьхьа, цунна хӀун дан деза хаьара. Иза а, динан тобанан баьччанаш а гӀалин уггаре а оьшу хьашташ къасто хӀиттира. Царна, гӀалин цӀе дӀайойучу отделенин, цӀе дӀаяйархошна адамаш кӀур баьржинчу чоьнаш чуьра арадаха магор йолу, специальни масканийн хьашт дуйла, хиира, амма и масканаш кху шарна меттигерчу бюджетана юкъаяхийтина яцара. Царех хӀорраннан мах ткъе пхиъ эзар доллар гергга бара. Иза дукха ахча ду, къаьсттина ишттачу жимачу динан тобина.

Динан тобанан Іуналхо шена хетачух лаьцна динан тобанан тешачаьрца дагавелира, тІаккха цара, и хало цхьалхаяккхарна тоъал нисделла долу, ахча делира сагІина. Церан динан тобано гулдинчух чек елира гІалина. Іуналхо лайначуьнца соьца дагавелира: «Джон, хьо инзарвер вара, цу гІуллакхо гІалин олаллехь болчарна, муха гІуллакх динийла, хьайна хиъча. Уьш ца тешалора, цхьана динан тобано иштта къинхетам баран акт кхочушдина, аьлла. Уьш, адамаш правительствон чаккхе йоцу хьашташ хиларан бахьанина гІам-гІим деш хиларна марзбеллера, амма шайн лаамехь сагІина хІума ялар — иза дуьххьалдІа фантастика яра!»

Цул тІаьхьа динан тоба стамъелира. Динан тобанан керла гІишло дІахІоттийначу хенахь, иза дІайоьллуш цигахь гІалин депортаментера дуккха чиновникаш бара, цхьаберш хІинццалц а цига лелаш бу. Кху динан тобанан Іуналхочун стом вукху радиостанцин стоьмаца бустийша.

Дуккха болу тешаш берш, цара мах бала дезачу налогашна реза бац. Со, налогех кІелхьардийларна кепаш дагаяхкуьйтучу, адамашна тІеІиттало динан тобанашкахь. Цара иза шайн конституционни бакъо ю боху. Со цаьрца къийсало: «Дала шуьга бохуш дерг, конституционни бакъонал дуккха а лараме ду. Ткъа Дала — налогаш дІало, боху». ТІаккха ас цу адамашка боху: «Шу дІасалелаш долчу некъех мах хьан ло? Шу лардеш йолчу полицин а, цІе дІайойучийн а, законаш дохучийн а белхах мах хьан ло?» Дуккхазза а бухгалтераша дуьйцура соьга, тешачара жоьлгалла а лелош, цкъа кхузахь, цкъа вукханхьа налогех кІелхьарбуьйлуш, маьІигаш хедо гІерта, бохуш. Цу гІуллакхо сан дог кескашна этІадо. Ас тхан бухгалтершка: «Цхьа а шалха бухгалтери, суна жоьлгалла лело ца лаьа», бохура. Налогех мах балар — правительствона, иза хьакъ дерриг, дІадала аьтто хилар ду. Нагахь вай налог дІаяла сацам бахь, вайна къола дойла дац! Мца кхетар ду те вай, тешаш дерш, цу билггал бакъдолчух?

Нагахь динан тобано и гӀуллакх дахь, вай вешан халкъана а, дерриге дуьненна а сийлахь тоьшалла гойтур ду. Вай, олалла дар делла болчийн, сий дан Ӏама деза: лерам бан а, лара а, лерамца а, муьтӀахь хиларца а терго ян а, иштта вешан тӀедехкинарш кхочушдан а. И дарца, вай вешан Стигаларчу Ден сий до. Ваьш паччахьан сий дечу хенахь, вай Везачу Элах кхерар гойту.

## ОЛАЛЛИН ЕРРИГЕ А АГӀОНАШНА ЦХЬАТЕРРА

Ас хӀинца хьалхабогӀучу коьртехь яздина ма-хиллара, паччахьан сий даран весет юкъарло доцуш муьлххачу граждански олаллина догӀуш ду. И хьехам иштта векалдинчу олаллин кхечу областашна а дӀасабаьржаш бу. Тидам белаш сийдаран дешнашна кху байташкахь. Дала доьзалх лаьцна аьлла: «Шайн да а, нана а лара» (Эпа. 6:2). Юха а Цо весет до: «шух хӀоранна а шен зуда, ша-шена ма-веззара, езаш хила еза, ткъа зудчо шен майра лара веза» (Эпа. 5:33; Керла Весет вайн заманан гочдарехь). Граждански олаллин хьокъехь: «Лоллехь бохкучу леша а, хьакъ мадду кхоччуш лара беза шайн олахой. И дан деза Делан цӀе а, вайн хьехамаш а емал ца байта» (1 Ти. 6:1). Динан тобанерчу олаллех хьакхалуш аьлча, вайна хӀара весет хуьлу: «Ӏийсах тешначийн тобанна дика куьйгалла деш болу тхьамданаш шозза а лара хьакъ долуш бу. Хаза кхаъ кхайкхорна тӀехь а, хьехамаш барна тӀехь а къахьоьгурш къаьсттина лара беза» (1 Ти. 5:17).

Со динан тобанан къоначийн Ӏуналхо волчу хенахь, къоначу наха шайн дай-нанойх лаьцна вон дерг олуш хиларе цкъа хьежна ца Ӏа. Цаьрца лерам баран ӀиндагӀ а дацара, сий дарх лаьцна-м бохур а дацара вай. Со сихха юкъавала гӀертара иштточу хьелашна, нагахь цаьрга дай-наной хьовсуш ца хилча. Нагахь царна, шаьш иштта леларца, цара уггаре а хьалха шайна бохам беш хилар хаьахьара, шайн дахарехь иза магор дацара. Дала боху: «НеӀалт хуьлда шен уллорачун дозанаш

талхош волчунна!“ Дерриге а халкъо эр ду: „Амин!» (Кар. 27:16). Шайн дай-наношна воних олучарна, вай хIинца хьалхабогIучу коьртехь дийцина долу, неIалт догIу.

Вукху агIор, Дала шайн дай-нанойн сий дечарна, сийлахь декъалдаран ваIда до:

> «Шайн да а, нана а лара» – чIагIо тIетоьхна йолчу весетех хьалхарниг ду иза: «хьайна дика хилийтархьама а, хьо льтта тIехь дукха вахийтархьама а» (Эпа. 6:2, 3).

Дай-нанойн сий дечу берашна, Дала шиъ ма-дарра долу сатийсар ло. Хьалхара: Цо царна дика ло. Шайн ден-ненан сий ца дочун, дикачу дахаран сатуьйсийла дац, иза неIалтан кIел ву. (Жимма тIаьхьо аса сан-сайн тоьшалла доькъур ду шуьца.)

ШолгIа: дуккха а дахар. Дай-нанойн сий даро ма озабезамаш хуьлуьйту! Шун дуьхьалдовлийла ду: «*Собар дел цкъа минотана, суна, шайн дай-нанойн сий деш хилла долу бераш девзара, амма уьш къона адамаш доллуш делла*». Суна бакъдолуш хаьа, иза, Делан Дешо боху, сатийсарца долу хьалхара весет ду. Ваьшна гонаха гуш долчуьнга, Везачу Элан сатийсарш харцхьадахаха магадойла дац. Цхьана хIуманах кхетийша: вайн Дас кхерамах кхоччуш долу маьрша хиларан ваIда до, Шен долахь болчарна. ХIорш ду цуьнан дешнаш: «Нийсонна тIехь чIагIйина хир ю хьо. Iазап дар хьуна генадер ду, хьо кхера оьшуш хIумма а дац. Къемат хьуна генадер ду, иза хьуна улло догIур дац» (Еш. 54:14). Амма хьоме керстанаш кхерамехь бехаш бу. Нагахь сатийсарш автоматически лелаш делахь, оццул адамийн цу агIонехь халонаш стенна ю? Жоп иштта хир ду: сатийсарш доIанехула догIу, тIаккха тешаран тIебирззинчу къийсамехула доладохуш а ду.

Дика масал ду ИбрахIиман кIант Исзьакх. Дала ИбрахIимна Исхьакхах лаьцна сатийсар делла: «Билггала хьан зудчо Сарата вийр ву хьуна кIант, ахьа цуьнан цIе Исхьакх туьллур

ю. Аса цуьнца Сайн барт бийр бу, цуьнан ерриг а тIаьхьенашна гуттаренна а болу барт хир бу иза» (Дол. 17:19). Дала Шен ваIда дина, брак хиллачул тIаьхьа, Исхьакхан цхьаъ бен йоцу зуда, Ребикха, бер хуьлуш яцахь а! Хьал кхин тIе а чолхе дора, Исхьакха шена зуда ша хаьржина а йоцуш, амма Дезачу Сино цунна тIе гайтина хилла хиларо. Хила тарло, аша хоттур ду: «Аьлча а, Дала бер ца хуьлу зуда хаьржина, ала лаьа хьуна?» ХIаъ! Сатийсар автоматически дацара, иза ницкъ тIебахийтарехула дан дезаш дара. ХIара боху Дезачу Йозанаша: «Исхьакхан зуда бер ца хуьлуш яра. Амма Исхьакха Везачу Эле шен зудчух лаьцна дехча, Везачу Эло цуьнан доIина жоп а делла, Ребикха доьзалхочух хилира» (Дол. 25:21).

Исхьакхан, сатийсинарг схьаэцархьама, къийсам латто а, Везачу Эле кхайкха а дезна. Цо Делан лаамца догIуш доIанаш дора, тIаккха цунна жоп хилира. Делан Йозанаша кху дешнашца иракарахIиттадо вай: «Иза бахьана долуш Далла хьалха доьналла долуш хила таро ю вайн. Нагахь вай Цуьнан лаамехь долу цхьа хIума Цуьнга дехахь, Цунна вай бохург дIахезар ду. Вай деххнарг хIуъа а Цунна дIахезаш хилар хууш хилча, вайна хаьа, доьхуш дерг вайн долуш дуйла» (1 Я. 5:14, 15). Дала Шен лаам къаьстташ гайтира весетехь. Нагахь вайн Цуьнан сатийсар делахь, вайна, Цуьнан лаамца догIуш доIанаш дойла дуйла, хаьа.

Ден-ненан сий дарца, шун доIанан юкъарлонца весетан Цуьнан шина сатийсарехь чIагIлойла ду, тIаккха дехха а, дика а, стом болу а дахар хуьлийла ду. Шайн тешар Делан весетан бухенга дилла, ткъа кхечу адамийн дахаршна тIехь а доцуш.

Хила тарло, хIинца шу синтем бар ловш ду, хIинццалц шаьш ден-ненан сий деш ца хилла дела. ХIета шуна дохкодовлар оьшу. ДоIанехь Делехьа а дерзий, тIаккха шайн дега-ненехьа а дерзий, цаьрга гечдар деха. Церан лерам бан дуьйлало, тIаккха Цуьнан сатийсарш шайн дахарехь гург хиларх теша.

Изза агIо пайда эцна хуьлийла ю хьаькамашка а, белхаш луш

болчаьрга, хьехархошка а, иштта кхин дIа а. Нагахь вай церан сий дахь, вайна дика хир ду, тIаккха вайна Везачу Элера совгIат хир ду. ПахIала хьехамаш бора белхалошка: «Шаьш мел дийриг а доггах де, адамашна деш санна а доцуш, Везачу Элана деш санна. Дагахь латтаде, Шен халкъана лур ду аьлларг Везачу Эло совгIатна лур ду шуна. Дала леррина Къобалвинарг баккъалла а аша гIуллакх деш волу Эла ма ву. Ткъа харцонаш лелочунна, ша лелийначу харцоне хьаьжжина, таIзаран ял кхочур ю. *Дала цхьаьнгге* а озабезамаш ца бо» (Ков. 3:23-25).

ТIебогIучу коьртехь вай, муьлха перспективаш ю вайга сатуьсуш, вай динан тобанехь Цуьнан ялхой тIе а оьцуш, царна догIуш долу сий деш а хилча, хьовсур ду. Вайна иштта, Дала ваьшна бахкуьйтуш болчийн олалла вай тIе ца оьцучу хенахь, ваьш стенах довлу, гур ду.

КОРТА 10

# ШАЛХА СИЙ

*Дела, вайна дIогара тамехь йоцчу кепара, вешан хьашт дерг, цкъа дахьийтина Iийр вац.*

«ХIоранна а хьакъ дерриг дIало» (Рим. 13:7). Кху коьртехь вайна гур ду, Дала вайга олаллехь болчеран хьокъехь ларамца лела деза, коьртачу бахьанех цхьаъ, — иза, вай иштта вешан пайденна лелаш хилар ду, ткъа ша олаллин дуьхьа а доцуш. ЧIогIа хьаште ду, Делан Дешан и весет лардаро декъалалла дохьуш хилар. Цунна масала вайна Шамъал тептарехь карор ду.

## ДЕКЪАЛАЛЛЕ ДИРЗИНА ДОЛУ, ЕМАЛДАР

Исраилехь кхелахоша урхалла дечу заманахь, бераш ца хуьлуш йолу, цхьа зуда ехаш яра. Цуьнан цIе Хьанат яра, иза Элкханехь марехь яра, цо шена шолгIа зуда ялийнера, Паннана. Хьанат декъаза яра: цуьнан эмгархо йоьлура иза бер хуьлуш цахиларна тIера. Схьахетарехь, Элкхана шена кхин а цхьа зуда ялийнера, хьалхарниг бер хуьлуш ца хиларан бахьанехь. Хьанат майра шеца дика волуш а, безаме а яра, амма цIа хьаладузуш ерг Паннана

яра. ХIора шарахь, сагIа даккхархьама а, Далла Iибадат дархьама а доьзал Шиломе боьдура, тIаккха билггал цу хенахь Паннанас къаьсттина тIех а детташ, бIаьргех хи даллал хьийзайора иза. Хьанат синтем боцуш яра, майра иза теян гIертташехь.

Цхьана иштта Шилун-гIала дахар долчу хенахь, кIорггечу баланехь храме а еана, Везачу Элана хьалха елха а йоьлхуш, Цунна чIагIо йира цо: «Массо а ницкъашна тIехь волу Веза Эла! ... Ахьа суна божабер лахь, аса иза Хьуна массо а йолчу ханна дIалур ду» (Шам. 1:11).

Цо доIа дешшехь, Исраил-мехкан коьрта динан да а, кхелахо а волу, Iела, цуьнга хьоьжуш Iара, «Иза шен дагахь доIа деш яра: цуьнан балдаш хьуьйш дара, амма цо дуьйцург хезаш дацара. Цундела Iелина иза мелла ю моьттира. Цо цуьнга элира: «Хьо мелла ю! Малар дита деза!» (Шам. 1:13-14).

Ма емалдар а ду! Iелина цуьнан лазам хаа а ца белла, иза синан лакхалле бIаьрзе хиллера: цо цуьнан Iазапехь хилар, иза малар а мелла, ехха лерира. Иза, Везачу Элехь тем хилархьама, шен даим а йолчу эмгархочух дIаеддера, тIаккха пачхьалкхан лаккхарчу синан лакхаллин авторитетана тIеIоттаеллера. ХIора шарахь иза Далла Iибадат дан Шилом-гIала даьссачу куьйгашца, бер а доцуш, йогIура. Шо шаре мел долу иза гома хьежарна а, букъа тIехьа шабар-шибар дарна а, гонаха болчийн бийларна а тIеIитталора.

Шу муха лелар дара те, нагахь онддачу баланан муьрехь, шун динан тобанан Iуналхочо хьакъдоцуш шу къилахь хиларан бехке дича? Хила тарло, шуна моьттур дара: «*ХIара ву и воккхахволу динан тобанан Iуналхо? Цунна ца хаьа те, со марха долуш а, Деле далхош а юйла? Иза Сине иштта хаадалар доцуш стенна ву те? Тоьар ду, кхин со кхуза лела ца йоллу!*»

Иштточу ойланаша атта эмоцийн эккхар даладойла дара: «Ахьа хьо Делан стаг ву олу, тIаккха адамера лазам ца бовзало хьоьга! Хьуна хIун, адамо тIедирззина доIа деш хилар ца го?

Хьо хӀун динан тобанан Ӏуналхо ву тӀаккха? ХӀара хӀун динан тоба ю те тӀаккха? Тоьар ду! ГӀолехь хир ду, со хаа а луш, Делера дерг хӀун ду къасталуш Ӏуналхо волу, кхин динан тоба карор!» ТӀаккха иштта реакци вайн динан тобанашкахь массанхьа бохург санна, Ӏитталуш ю — нагахь динан тобанан Ӏуналхочун нийсса бӀаьргашна хьалха дацахь, цуьнан букъана тӀехьа, гуламан декъашхошна юкъахь.

Амма Хьанат къиза халахетийтина йолчу хенахь, цуьнан жоьпе хьовсийша: «ХӀан-хӀа, сан олахо; со — со баланехь йолу зуда ю, чагӀар а, къонза а ас ца мелла, амма сайн дагахь дерг Везачу Элана хьалха Ӏенош ю со; хьайн лай йолу со пайденна йоцуш ма ларахьа, аса хӀинццалц баьхнарг сайн йоккхачу гӀайгӀаннехь а, баланехь а хиларна долу дела» (байт 15-16). Цо лерамца а, сий дарца а жоп делира. Ур-атталла цуьнан лелар а, хьолан дустар а цхьа а критикано ловр долуш дацахь а, цо цуьнан олаллин агӀонан лерам бора, цундела сий дарца ша къа латийна ца хиларх тешийра иза.

Ма-дарра аьлча цу муьрехь шен адамийн духехь дерг гайтинарг, Ӏела вара, тӀаккха цуьнан емалдар цунна шена тӀехула олладелла дисира. Хьанатан тидам цуьнан леларна а доцуш, ткъа ша-шен леларна тӀегулбелла бара. Иза, даггара Везачу Элах кхоьруш йолу, зуда яра. Нагахь баьччанца цхьаъ делахь, Дала Ша цхьалхадоккхур ду иза. Тахана вайна и санна долу муьтӀахьалла а, эсалалла а оьшу. Ӏелин Хьанате йолу терго хийцаелира:

> Марша гӀойла хьо. Исраилан Дала хьан доӀанна жоп лойла».
> Хьаната цуьнга элира: «Хьо суна реза хуьлийла лаьара суна!»
> Иза шен новкъахула дӀаяхара. Цо яа хӀума а йоура, хӀинца хьалха санна *сингаттаме* а ца хетара иза (байт 17-18).

Иза цуьнан сий дечуьра ца сецира, цо цуьнан, Делан стеган санна, лерам бора, ур-атталла декъалъяран дешана тӀера баркалла а элира.

ХIара дара тIаьхьа хилларг: «Iуьйранна хьала а гIьаттина, Далла корта а тоьхна, уьш шайн цIа долчу Раме юхабахара. Элкхан шен зудчуьнца дIавижинчул тIаьхьа Дала Хьанатан дехар Шена дагадаийтира. Дукха хан ялале иза берах хилира. Шен зама тIекхаьчча, цо кIант вира, цуьнан цIе Шамъал аьлла тиллира (иза «Далла хезна» бохург ду). И цIе цунна тиллар и кIант Хьаната Деле *вехар дара*» (Шам. 1:19, 20).

Дош паргIатдаккхархьама а, кху нигатца бераххьарчар хилийтархьама а, Дала дилхалахь волчу динан дех пайда эцна. Бер ца хуьлуш хилар дIа а делладелла, боданера дахар араделира. ТIедогIучу шарахь Хьаната хIинца некха тIехь жима Шамъал дIалаьцна яра. Ша хIинца а чухьарчавелла хилале а хьалха, Далла лерина волчу, цу стага, Исраил-махкана самабалар деара.

## МИЛА ВУ КХЕЛАХО?

ДIалаца езаш йолу, инзаре агIо ю: Дала муьлххачу а стагана, цуьнан юьхьша дахар муха ду доьзна доцуш, вайн хIетте а цуьнгара схьаэцийла хир ду, нагахь вай цуьнан адам хиларал дехьа а хьоьжуш, Везачу Элера ваийтинчун санна сий дахь. Дуккха а болчу айпечу баьччанех паргIатдовлар а, тодалар а схьаоьцур ду, Хьанатас санна, къаьстташ бохура Iийсас. Цо бохура: «Дуккха а болчара эр ду Соьга цу дийнахь: „Ва Веза Эла! Хьан цIарах ца бора оха Делера болу хаам? Хьан цIарах дIа ца лелхадора оха жинаш? Хьан цIарах ца бора оха дуккха а тамашийна белхаш?“ Ткъа Аса цаьрга эр ду: „Генадовлал Суна уллора, харц белхаш лелош дерш! Суна шу цкъа а девзаш ца хилла!» (Мат. 7:22, 23).

ХIара байт ешарца, вай тIех сих-сиха «дуккха берш» бохучу дешана тIегулбо тидам. Iийсан цIеран дуьхьа Iаламаташ деш, амма дIатеттина хилла берш бу уьш. Дера, уьш ладаме а, дастадолуьйту а дешнаш ду, амма юханехьарчу агIор хьовсур

вай: цу закон доцчу адамех ма-дарра гӀуллакхдар тӀеэцна нах кӀезиг бац. Иза хилла, цара, Хьаната санна, Дела шайгахула чекхвалийтина дела. Ӏийсас, шайх лаьцна бохуш болу нах, Ӏелах тера бара, церан цӀа Дала абаденна емалдина!

ХӀара книга аса, къийла бахана болчу, динан гӀуллакхдархошна язйина яц, амма цхьаннан олаллин кӀелахь лаьттачу адамашна язйина ю. Дезачу Йозанаша кхоччуш къаьсташ боху, айпе баьччанаш а бу, цӀена баьччанаш а бу. Нагахь олаллин кӀелахь болчара емалдаран мохь шайна тӀелацахь, цара дӀахӀоттийна долчу олаллина муьтӀахь хиларера ара а бовлий, шаьш шайн баьччанашна тӀехь кхелъярхойн бараме хьалабоху. Церан дегнаш дозаллехь, Дала шен рогӀехь, царна шайна тӀехула дӀахӀиттийначарел, хьаладевлла хуьлу. Цара шаьш Делан низамал а, нигател а хьаладаьхна. Шен духехь, цара Цуьнга боху: «Хьо кхелахочун декхаршца дӀогара ларош вац, со суо гӀоьртар ву и дан».

Хьаната Ӏелин олалла тӀе а эцна, сий дарца терго йира цуьнан. Цо иза бехке а, емал а йира, амма хӀетте а цуьнан лерам бечуьра ца сецира иза. Нагахь иза шена гинчуьнца а, хезначуьнца а ехаш елхьара, хила тарло, цуьнан леларо шеко кхуллур яра. ХӀетте а иза Ӏаламехь йолчу ойланашца а доцуш, амма Делах кхерарца а, Стигаларчу авторитетаца а куьйгалла деш яра. Иза, нийса кхелъечу, Делах тешара.

Хьанатна, Ӏийсас тӀаьхьа стенах лаьцна бохуш хилларг, хаьара: «Баккъалла боху Ас шуьга: Ас Вохуьйтург тӀеоьцуш волчо Со тӀеоьцу, ткъа Со тӀеоьцучо Со Ваийтинарг а тӀеоьцу» (Яхьъя 13:20). Дагадаийтийша, Ӏийсас кхечу мурдашца цхьаьна, Ӏаламаташ дан а, жинаш дӀалахка а ницкъ белла волу, ЯхӀуд вахийтинера, жамӀехь цӀена воцуш хир вуйла хуъушехь: «Ас хаьржина вацара шу шийтта? Амма шуна юкъара цхьаъ иблис ду» (Яхьъя 6:70). Ӏийсана, ЯхӀудан къа хӀинца а гуш хилла дӀахӀоттале хьалха дуьйна, Везачу Элах кхерарехь орамаш теснsocial синош

къасторехула цунах лаьцна дерриг а хаьара. ЯхIуд Iаламаташ кхочуш а дина, жинаша Iийсан цIе хьахорца ладугIуш хиларх бисинчаьрца воккха а веш, юхавирзира (Мрк. 6:7-13; Лак. 10:17). ЯхIуда куьйгаш тIедахкарехула деш долу динан гIуллакхдар тIеоьцурий те наха? Динан гIуллакхдаран хазни чуьра хIума лечкъош хиллачу, оццу куьйгашца? Шеко йоцуш!

## ДІА МАЦА ВАХА ВЕЗА

ХIинца цхьа лараме меттиг: нагахь, цхьа баьчча динан тобанехь ган а гуш къилахь вехаш хилар дIаделлалахь, вайн цуьнан къаьхьачу хьостанера кхин дIа а муьйлуш Iайла дац. Дезачу Йозано къаьстташ ишттачарех генадовла боху вайга. Нагахь баьчча, шуна я динан тобанна девзачу ямарт хиларан а, гомосексуализман а, нуьцкъа хIума яккхаран а, къоладаран а, харцдерг дийцаран а, я муьлхха а кхечу къилахь вехаш велахь, тIаккха цу тIе дохковала лууш а вацахь, цуьнан динан гIуллакхдарера арадовла. Дезачу Йозанашца догIуш, вай цуьнца цхьаьна ур-атталла яа хIума яа а ца еза (1 Ко. 5:9- 11). Iелица йолчу исторехь, Хьанатна ша Iелин а, цуьнан кIентийн а сакхатех лаьцна хаьара я ца хаьара, къаьсташ дац. ЯхIудехула тобалар я паргIатбовлар хиллачу нахана, иза къу а, потенциальни ямартхо а хилла хилар, боккъал а хууш ца хилла.

Динан тобанийн баьччанийн хьокъехь ПахIала бохура: «Цхьаболчу нехан къинош гуш хуьлу, уьш бехке хиларх массо а кхета кхел а яле. Ткъа цхьаболчеран къинош тIаьхьо бен *гучу* ца довлу» (1 Ти. 5:24).

Цхьадолу жамIаш далор вай: нагахь баьчча къилахь вехаш велахь, амма Делан кхел цунна тIехь хIинца а гуш яцахь, хIета хьалха я тIаьхьа, кху дахарехь я хиндолчу дахарехь иза хир ю. Аша, шаьш долуш хиларх тешна доцург, кхелъян я массарна а гуш хиларе хьалхадилла ца деза. Дуккха а долу адамаш шекьхиларан Iаткъаман кIел лела дуьйлало, тIаккха сих-сиха

уьш хуьлуш долчун мах хIотторехь галдуьйлу, и дарца цара шайна а, юххерачарна а ладаме тамехь доцург хуьлуьйту. Церан багара, цара кхечеран бух боцуш шеконе дуьллучу хIуманех лаьцна долу, дешнаш арадовлу. Шайна хетачун цара, шайн синош къасторан совгIат хиларца бахьана до. Цара кхечарна даьтта хьаькхначу баьччанашкара гIуллакхдар тIеэца новкъарло йо, цундела дуккха болчара Далла царна дала лууш долчуха дерг дойу. Цундела хьоьху Везачу Эло: «Динан тобанан тхьамда бехкевар шиъ я кхоъ теш волуш бен тIе ма лаца» (1 Ти. 5:19). Теш — иза, цхьанхьа цхьа хIума хенарг а воцуш, ткъа и хIума гинарг волуш санна, олийла дерг ву.

Дерриг а хIума шен хеннахь Делан кхел хила дезаш ду, тIаккха нагахь Цо баьччанан дохковаланза къа дIаделла хан тIекхаьчна хилар ларахь, шуна билггал бакъдолуш цунах лаьцна хуур ду. ТIаккха, шу цу баьччанан олаллин кIелара арадовла деза меттиг йогIур ю. ПахIала бохура: «Къинош летийнарш массарна хьалха бехке бе, кхечеран а даг чохь кхерам хилийтархьама» (1 Ти. 5:20). ХIара ду шуна лардарна дIахьедар: церан къиношкахь дакъа ма лаца, тIаккха, нагахь уьш дохко ца бовлахь, церан олаллин кIелара арадовла.

Цкъа со, гуш долчу къинна кIел ваханчу цхьана баьччанан куьга кIел гIуллакхдеш вара. Иза хиллачу хенахь, со хIинца цигахь вацара, тхо хIинца, аса къоначийн Iуналхочун гIуллакхдечу, кхечу штате кхелхина дахана дела. Тхо дIадаханчул тIаьхьа ши шо дIадаьлча, цо динан тобанан советана хьалха къамел а дина, ша зудчуьнца, кхин цуьнца Iан ца лаьа дела, дIасакъаьсташ хилар дIахьедира. Цхьа хан дIаяьлча, цо ша кхин зуда яло воллуш хиларан Iалашонах лаьцна дийкъира. Цуьнан зудчо ямартло ца йинера, цунна дуьххьалдIа кхин зуда езнера.

ТIаккха эзарнаш адамаша дIатесира цуьнан динан тоба. Уьш нийса а лийлира. Ткъа цигахь биснарш, кхерамечу некъа тIе

хӀиттинера, цигахь, цу баьччанна а, цуьнан керлачу зудчунна а мегаш болу, керла харцхьабаьккхина кхайкхам болабелла дела. Суна, дӀа а бахана, шортонца долу дахар хилла болу дуккха а берш бевза, хӀунда аьлча цара цу динан тобанан Ӏуналхочунна дуьхьал цхьа-хӀуъа а дерг дийцар дацаре дина дела; ткъа цунна атака йинчарна, цунах шайна бохам хиллера.

Дауд нийса леларан кепан гӀуллакх деш вара. Ур-атталла, жинаша хьийзош волчу паччахьо ша волчуьра дӀаэккхийна воллушехь, цо Шаулан ша валлалц сий дира. Даудна Шаул Везачу Элан даьтта хьаькхна ялхо вуйла хаьара. ТӀаккха таханлерачу дийне кхаччалц а со цу баьччанах лаьцна ларамца дийца гӀерта, сайна цуьнан харжаман тӀаьхьалонех лаьцна ойла яр балане делахь а. Айса иза ларахь а, соьга цуьнан хьехам я динан гӀуллакхдар могуш я тешам хиларан хьакъдолуш ца ларало.

Лакхахь язбинчу хиламел хьалха со дуккха а долчу хӀуманна цуьнан динан гӀуллакхдарехь Ӏеминера. ТӀаьхьа ас къастийра важа къа цуьнан дахарехь хӀинца а хӀетахь, со цуьнан куьйгаллин а, хьехам баран а кӀелахь волчу хенахь, кхоллабеллера. Цунах лаьцна цхьадолчу ма-дарра долчо тоьшалла дора, амма хӀетте а бакъдолуш цунах лаьцна цхьанненна а хӀумма а ца хаьара. Ткъа конфликт гучуяьлча, Дала со, айса цу стеган адресе критика магорна, Ӏораваьккхинера (цунах лаьцна аса тӀаьхьабогӀучу коьртехь дуьйцур ду). Хила тарло, хӀетахь, цхьана а хӀумане ца хьоьжуш, Дела цуьнга неӀ етташ волуш, цо иза дӀа ца йиллина. Цу муьрехь иза сан гӀуллакх дацара. Дала со цуьнан олаллин кӀела хӀоттийнера, тӀаккха иза суна хьехам бан хьакъ долуш ву я вац, ас кхел ян дезаш дацара. Хьанатас Ӏелера тӀеэцна ма-хиллара, иштта дуккха а болчара цу хенахь тӀеэцара цу стагера динан гӀуллакхдар.

## СИНАН ЛАКХАЛЛЕЧУ ОЛАЛЛИН НИЗАМ

Ӏийсас аьллачунна тӀе юхадоьрзур вай, тӀаккха, Ӏелех тера волчун а доцуш, ткъа цӀеначу баьччанан бӀаьргашца хьовсур

вай. Инжилан Маттайс дIаяздинчу декъехь долу цуьнан дешнаш доьшур вай:

> Шу тIеоьцуш волчо Со а тIеоьцу, ткъа Со тIеоьцучо Со Ваийтинарг а тIеоьцу. Пайхамар пайхамаран дуьхьа тIеоьцучунна, пайхамарна санна, ял хир ю, ткъа Делан лаамехь верг Цуьнан дуьхьа тIеоьцучунна, Делан лаамехь волчунна санна, ял хир ю. Царах лахара волчунна а гIо диначунна, иза Сан мурд вуйла а хууш, Аса баккъалла а боху шуьга, цунна шен ял хир ма ю, цо цунна кеда чохь шийла хи бен ца деллехь а (Мат. 10:40-42).

Кхузахь иза ши хIума гайта лууш вара. Хьалхара а, уггаре коьртаниг а: Делера схьадогIу олалла ду. Иза, Iийса вахийтина а, Цунна олалла делла а Верг ву. Iийсас Ша бохура: «Стигалшкахь а, кху дуьнен чохь а мел йолу бакъо Сан кара схьаелла» (Мат. 28:18). Цул тIаьхьа, Дала леррина Къобалвинчо стигалара массо а куьйгалхой а, ницкъаш а, олахой а хIаллак а бина, Да волчу Деле паччахьалла дIаделча, дуьненан чаккхе хир ю (1 Ко. 15:24-26).

Цу олаллин иерархехь тIаьхьавогIуш верг пайхамар лаьтта. Пайхамарш юьхьенца дуьйна Делан Йозанашкахь Делан лаам гойтуш берш санна язбина бу (Ара. 4:16; 7:1). Уьш, Иза денвеллачул тIаьхьа, Цо еллачу Динан тобанан, Дезачу Синан пхеа гIуллакхдаран дакъа ду (Эпа. 4:8- 13). Уьш Динан тобанан векалш бу. Динан гIуллакхжаран совгIат схьаэцарца, вай Везачу Элера, Цо векалдинчу олаллин цу структурехула луш дерг тIеоьцу.

Цул тIаьхьа Iийсас бакъахьарчух лаьцна боху, тIаккха кегийн бераш кхуза юкъадахийта а диц ца до. Суна, цара ур-атталла уггаре а кIезиг болчу тешачарна дика деш хилларан бахьанина, декъалалла схьаэцна болу, ца тешаш берш гина. И адамаш Везачу Элана гIуллакх деш ца хиллехь а, цара церан Олахочуьнга болу лерам гайтина. Эвлаяаш тIеэцарца а, декъалбарца а,

вай чаккхенан жамIехь Ша Да тIе а оьцу, декъал а во. Мурдаш, кегий бераш юкъа а далош, Делан лаам гойтуш волчу, Iийсан куьйгаллин кIел лаьттачу, динан тобанан олаллин пхеа гаьнна муьтIахь бу. Цундела кIелхьарбаьхна боцурш Дала леррина Къобалвинчуьнца болчу кегийчу берийн декъалаллина кIел кхочу, хIунда аьлча Стигаларчу Пачхьалкхехь уггаре кIезиг болчийн, байна болчеран чул, алсам синан лакхалле олалла долу дела. Iийсан дешнашкара вайна, дIахIоттийначу синан лакхаллечу олаллехь цхьа иерархи йолуш хилар го.

## СИНАН ЛАКХАЛЛЕ ОЛАЛЛА ТIЕЭЦАРХ ДОЛУ СОВГIАТ

Цу байташкахь боху шолгIа дерг, и ялхой Делан хьовсийнарш санна а, цунах долу совгIат а санна, тIеоьцуш хилар карадойла ду вайн оцу дешнашкахь. Iийсан гIуллакхдаро гуш долу масал ло цунна.

Цхьана гIалин бахархошна цхьа а хIума ца хилира Iийсагара, Машахь схьаварах ма-дарра долчух лаьцна кхайкхамаш беш а, Дезачу Йозанашкара Цуьнан схьаваран хан хIинца тIекхаьчнийла хууш доллушехь а. Iийсас элира цаьрга: «Ша схьаваьллачу меттигехь а, шайчарна юкъахь а, шен цIахь а бен ца хуьлу пайхамар наха ца лоруш» (Мрк. 6:4, 5, кIел сиз хьаькхна авторо).

Вай адамера олаллин агIонан ларамца терго ечу хенахь, вай иза Делан эвлаяъ санна тIеоьцу. Везачу Эло Мусагахула дуьйцура халкъе: «Ас церан вежаршна юкъара хьо санна волу Пайхамар лур ву царна» (Кар. 18:18). Амма цара Iийсан Дегара эвлаяан я Машахьан санна сий ца дира.

Цара иза тIе стенна ца лаьцна? Iийса цара сатуьйсуш ма-хиллара ца веана дела. Церан сурт хIоттарехь Машахь мелла а кхечу тайпана гуш хила везара. Цара ЕшаI-ЯхIун тептар тIехь дешнера:

> ХIунда аьлча вайна бер дина – кIант велла вайна. Олалла хир ду Цуьнан белшаш тIехь... И пачхьалкх дIа а хIоттийна,

> цунна тlехь паччахьалла дийр ду цо нийсонца а, диканца а, хlинца дуьйна абаденналц. Массо а ницкъийн Везачу Элан эмгаралло кхочушдийр ду иза (9:6, 7).

Иштта, цара, уьш римхоша гатбинчуьра паргlатбохун болу а, Ярушалаймехь Шен пачхьалкх дlахlоттон йолу а паччахь-толамхо схьаваре сатуьйсура. Амма цуьнан метта Иза, чlерийлецархоша а, ял лахьочара а гобина, дечиг-пхьеран кlант санна, веана. Цара вовшашка бохура: «Хlан-хlа, тхуна Машахьан иштта гучувалар ца лаьа!»

Дезачу Йозанаша, lийсага цхьа а lаламат кхочуш «ца далора», бохуш хиларан тидам бер вай. Кузахь ца яздина «кхочуш ца дина», иза Цуьнан лааман хаттарна терго йолуш хир дара. Амма «ца далора» яздина ду, цуьнан, Иза ницкъехь доза тоьхна хилла хиларан, маьlна ду. Ойла ейша цу тlехь. Барам боцуш Делан Синца вуьзна волу, Делан Кlант, ницкъехь доза тоьхна вара! Стенна? Жоп кхузахь шалха ду: lийса цу адамаша сатуьйсучу кепехь ца веанера, цундела цара Иза тlе а цаэцнера, сий а цадинера, уьш тlех фамильярни бара Цуьнца. ЛадогIийша церан дешнашка:

> Шоьтан де тlедеача, гуламан цlа чохь хьехамаш бан волавелира Иза. Дукхахболчара lийсага ла а дугlий, инзарбовларца а, шеконца а вовшашка хьоттура: «*Мичахьара баьлла те Цунна и хьехам? И хlун хьекъал ду те Цунна делларг, и инзаре хlуманаш а хуьлуш Цуьнан куьйгашица. Ша дечиган пхьар а волуш, оцу Якъубан а, Юшан а, Яхlудан а, Шамlин а ваша а волуш, Мареман кlант вац Иза? Кхузахь, вайна юкъахь, бац Цуьнан йижарий а*?» Оцу нахана Иза къобалван ца лиира. Ткъа lийсас элира цаьрга: «Ша схьаваьллачу меттигехь а, шайчарна юкъахь а, шен цlахь а бен ца хуьлу пайхамар наха ца лоруш (Мрк. 6:2-4, курсив авторан).

Мичахь ву пайхамар сий дар доцуш? Долччул сиха— шен гергарчийн а, цІерачийн а гонехь. Дауд а, шен цІа декъалдан веанчу хенахь, оццу тергонна тІеІоттавелла. Цуьнан толам баккхар даздеш дара урамашкахь, ткъа цІахь иза бен доцуш дитинера. Михула, Дала цунна кечдинчу, декъалаллах яьллера, Даудан шен цІа декъалдан ницкъ болуш ма варий. Мел дукха ницкъ болуш вара Іийса Шен юххернаш декъалбан! ТІаккха Цуьнца декъалаллина доза доцу ницкъан коьчалла йоллушехь, Цуьнга царна цхьа а хІума а ца даделира (хь. Дад. 6).

Делах хьаьгна а, муьтІахь долу а, Іама кийча а дегнаш долчеран бен Іийсана тІехь долу Везачу Элан куьг гойла а, тІаккха Цуьнгара Іаламаташ тІеэцийла а, дацара. Иза, Цуьнан халкъ даггара Дела лоьху дегнаш долчарна а, тІаккха цІена хиларан гар а долуш, амма дагчуьрачу муьтІахь ца хиларо бІаьрзе бинчарна а декъна долу, тур ду. ШамІас Цуьнан нене Мареме аьлла: «ХІара бер Дала къобалдина ду, Исраилан халкъана юкъара дукхахберш хІаллакьхилархьама а, кІелхьарбахархьама а. ХІара Бер Дала елла билгало хир ю, амма Кхунна резабоцурш а хир бу. Иштта, дукхачу адамийн дагахь дерг гучудер ду. Амма хьан дог, тур чекхдаьккхича санна, баланехь хир ду» (Лак. 2:34, 35).

Инжилан Яхьъяс дІаяздинчу декъехь (1:11, 12) цу шина тайпанчу адамех дерг далош ду: «Шен махка веара Иза, ткъа шечара а И тІе ца ийцира. Ткъа, Ша тІе а эцна, Шех тешаш болчарна Делан бераш хила бакъо елира Цо». Цуьнца ду вайна массарна а бухенгахь долу билггал бакъдерг. Дала, вайн хьашт дерг, дІогара тамехь йоцчу кепехь, цкъа дахьийтина Іийр дац. ТІаккха цу хьалхадохьуш долчо, вайн деган даггара хьал дерзина доккхур а ду, вай Цуьнан олаллина муьтІахь ду я дуьхьалгІерташ ду гойтур а ду. Іийсас аьлла: «Я Со а ца вевза шуна, я Сан Да а ца вевза. Шуна Со вевзахьара, Сан Да а вевзар вара» (Яхьъя 8:19). Да вевзачара, Цо бахкуьйтуш болчаьргахь,

Цуьнан олалла тIеоьцур дара! Иза кхето дезаш а, тешалла дан дезаш а дац, тIаккха цунах лаьцна хьеха а ца деза.

Цу гIуллакхо кхетадо, динан гIуллакхдархочуьнга Африке вахча бIаьрзенаш са гуш а бало, къоранаш хезаш а бало, дегIан дола ца далуш берш то а бало, ткъа цIа юхабирзича, масех стеган корта лазар тодар а, кхин а масех яйн цамгар тояр бен ца го. Сан дуккха а иштта масалш даладойла ду. Африкехь динан гIуллакхдархо, иза муха гуш хилар бен доцуш, Делан эвлаяъ санна, тIеоьцу, цундела вайн африкански хьоме вежарий а, йижарий а Цуьнан ницкъо а, гергахь хиларо а декъалбина хуьлу. Америкехь, нагахь динан гIуллакхдархочун арахьара гар дIахIоттийначу стандарташца догIуш дацахь, цуьнга болу ларам бов. И закон кху пропорцихь лелаш ду: ахьа динан гIуллакхдархо Делан эвлаяъ волуш санна, тIе а мел оьцу, сий а мел до, оццул ахьа цу стагехула Делера схьа а оьцу. Ларам цахилар дIадехь — изза схьа а лахьор ду ахьа. Боккхачу ларамца терго яхь — тIаккха сий хир ду хьан.

## САН ДОТТАГI ХИР ВУЙ ХЬО?

Со къоначийн динан тобанан Iуналхо волчу хенахь, сан, Тим цIе йолчу, пхийтта шо долчу кIентаца цхьаьнакхетар хилира. Со гIуллакхдан волавалале хьалха, хьалхалерчу къоначийн динан тобанан Iуналхочун тобанехь белхан дакъа лоцуш вара. Цу тобанан маьIиган коьртехь тайп-тайпана хьашташца йогIу кружокаш а, походаш яр а, спортан занятеш яр а дIахIиттийна дара. Кегийрахой амалца тайп-тайпаначу а, цхьатерра кхерамечу а моральни халонаша дIалаьцна: муьтIахь ца хилар а, кхиазхой-зудабераш берах хилар а, иштта царех тера йолчу а. Цхьа хан яьлча коьртачу динан ден къоначийн Iуналхо дIаваккха дийзира, тIаккха цуьнан метта со веара. Вукхо, хIинца хьалха хилла волчу къоначийн Iуналхочо, динан тобанера дIа а вахана, тхуна масех чаккхарма бен гена йоццуш, шен керла

динан тоба дІайиллира, цига цуьнан хьалха хиллачу динан тобанера цхьаболу кегийрахой дехьабевлира. Тим цаьрца цхьаьна дІа ца баханчарех цхьаъ вара.

Кегийрахойх дуккха берш бисинехь а, со тобане керла бух билла безаш вара. Везачу Эло хьалхара ах шо кхайкхамаш бар а, доІанаш дар а, Іамалъяр а бен доцуш, дІакхехьа элира. Цу беттанашкахь со цхьа а социальни белхаш бан Іалашо йолуш вацара. Ала хьашт дац, со, массарна тамехь ца хиларан, и «кеп» хиларх лаьцна. ЖамІехь тобанехула Везачу Элан тур чекхделира. Цхьаберш дІабахара, вуьйш хІун хуьлу те хьовса бисира, амма энтузиазмаца тІеэцнарш а бара, тІаккха царех дуккха берш хІинца динан гІуллакхдарехь а бу.

Сан керла динан гІуллакхдар дІадоладеллачул тІаьхьа масех бутт дІабаьллера, тІаккха цкъа суьранна деш долу динан гІуллакхдарал тІаьхьа, суна тІе Тим веара, тІаккха тхойшиъ къамеле велира. Цо даггара хьаьттира: «Іуналхо Джон, хьо сан доттагІ хилла дІахІуттур вуй? Со хьалхалерчу Іуналхочун дика доттагІ вара». Со цуьнан Іуналхочух лаьцначу суртхІоттарца вогІуш вацара.

Цуьнан хаттаран ойланза терго йойла дацара. Нийса жоп далархьама, со сайна чу хьаьжира. Жоп сихха хаттаран кепехь деара: «Тим, Іийсас аьлла: “Пайхамар пайхамаран дуьхьа тІеоьцучунна, пайхамарна санна, ял хир ю, ткъа Делан лаамехь верг Цуьнан дуьхьа тІеоьцучунна, Делан лаамехь волчунна санна, ял хир ю” (Мат. 10:41). Иза къоначийн Іуналхочунна а догІуш ду. «Нагахь ахьа Іуналхо Іуналхочун цІарах тІеэцахь, ахьа Іуналхочун совгІат схьаоьцур ду».

Ас кхин дІа элира: «Тим, хьан дуккха а доттагІий ма бу, иштта дуй и?»

Цо жоп делира: «ХІаъ».

«Амма хьан цхьаъ бен къоначийн Іуналхо вац, бакъ дуй и?»

Цо жоп делира: «Ду».

Ас хьаьттира: «Хьуна хІун лаьа: доттагІчун совгІат я хьан

Іуналхочун совгІат? Ахь со тІеэцаре терра, иштта совгІат а схьаоьцур ду ахьа Делера».

Серлонгахь серлаваьллачуха хилира иза. Цуьнан бІаьргашкахь, цунна довзийтар хилла хилар гира суна. Цо сихха элира: «Суна Іуналхочун совгІат деза. Со кхийти, хьан дагахь дерг хІун ду». Цу муьрехь дуьйна иза ша а, цуьнан дерриг дахар а хийцадала доладелира. Масех шо дІадаьлча, иза кхелхина кхечу гІала дІавахара, амма хІетте а, со цигахула чекхволучу хенахь, тхойшиъ хІоразза а вовшахкхета.

## ШЕН ЗЕДАЛАРЕРА

Кху темина сан дийнна книга ларийла дара. Сан дог этІа, сайна адамаша, Делан ялхошка лерам боцуш терго еш хиларна, Делера цхьа а хІума схьаоьцуш ца хилар гича. Сайн динан гІуллакхдарехь со цу хьолаца цкъа Іоттавелла ца Іа: долччул чолхе ду, Делан гІуллакхдархой цхьа ша шех долу хІума долуш санна тІеоьцуш хилар ду. Къаьсттина сих-сиха суна иза Цхьаьнакхеттачу Штаташкарчу динан тобанашкахь а, керстанийн школашкахь а гина. Царна хІинца, даим а шайна хьалхахІиттош йолу динан гІуллакхдаран меню кІордийна, тІаккха со царна — йоккхачу спискера рогІера юачун бошхап бен дац.

Схьахетарехь, долччул а дуьххьалдІа тІемалошна кхайкхамаш бар ду, уьш олаллан маьІнах гІолехь кхета дела. Царна тІаьхьа чубоьхкнарш а, хьалакхуьуш йолчу пачхьалкхийн халкъ а догІу, хІунда аьлча уьш а, вуьйш а даим а холчухІиттаран а, мацаллин а хьодахь бехаш болу дела. Дала Яхьазкхиале элира:

> Аса хьо хьуна хууш боцу а, хийра а мотт буьйцучарна тІе ца вохуьйту, амма Исраилан халкъ долчу вохуьйту. Аса хьо ца вохуьйту, хьуна ца бевза хала мотт буьйцучу дуккха а долчу къаьмнашна тІе. Уьш болчу а вахана, цаьрга хьо вистхилча,

цара хьоьга ладугIур дара. Ткъа Исраилан халкъо хьоьга ладугIур дац, хIунда аьлча цунна Соьга ладогIа а ца лаьа. Дерриг а Исраилан халкъ атта къар ца луш а, чIогIа дегнаш долуш а ду (Яхь. 3:5-7).

Исраил-махкана Яхьазкхиал рогIера пайхамар бен вацара, тIаккха и тIе ца ийцира, иза, халкъана хаза лууш долчун кхайкхамаш беш болчу, кхечарел алсамо къовламе а, нийсса дуьххьалдIа а волу дела.

Цкъа Дела, суна эхьхетийтинчу дешнашцa вистхилира соьга: «*Ас хьо, хьо тIеоьцун воцчу меттигашка дIахьежор ву*».

Ас хьаьттира: «Собар дел цкъа, минотана. Хьо, Хьайна хIинца хьалхе дуьйна, со тIеоьцун воцийла хуучу меттигашка дIахьежо гIерта. ХIета стенна?»

Везачу Эло жоп делира: «*ТIаьхьа церан олийла хир дац, Ас царна шанс ца елла, аьлла*».

Со иштачу меттигашка нислора, тIаккха цигахь а волуш, ас хаттар дора: «*Вуьшта со стенна кхайкхина цара? Уьш, со шайна кхузахь ган ца лууш санна лела*». Амма, со аэропортан гIишлочуьра араволучу а, тIаккха, со кеманчу хаъалц а йолчу тIаьххьара минот кхаччалц, соьца чIогIа баккхийберца а, дикаллица а, сий дарца а лелара уьш, динан гIуллакхдар доладалале а, иза чекхдаьллачул тIаьхьа а. Хьешан цIийнан номерехь даим а соьга сатуьйсуш стоьмех а, закускех а дуьзна хаза тускар лаьтташ хуьлура, соьга даим изза хаттар дора: «Хьуна кхин хIумма а оьший те?», тIаккха сан жоьпаша лекхар цхьана меттехь сецна лаьтта, пластинка дагайоуьйтура суна: «Дерриг а дика ду. Дерриг а дика ду». Юханехьа хьежарца, суна го, тIаьхьалонгахь билггал цу меттигашкара даьхкинера къаьсттинчу тешачийн а, иштта дийнначу динан тобанийн а дахарера сийлахь тоьшаллаш. Юьхьанца, сан сцени тIе аравалар дIахьедечу хенахь, суна иштта лелар я чIогIа тIараш деттар тIеэца бегIийла ца хетара. Ас ойла йора: «*Со-х шу-х*

*цхьана а хIуманца къасталуш ма ваций. Ма де иза*». Амма кестта со, иза сан дуьхьа доцийла, кхийтира.

ТIаьхь-тIаьхьа Дала дIадоьллура суна: «*Хьайн а доцуш, ткъа церан пайдан дуьхьа хьайн сий дан магадехьа царна*». Цара сан юьхьша сий дар а доцуш, ткъа сан дахарера Делан совгIатан сий деш хиларх со кхетча, суна гIоле хилира. Церан дикачу догойлано, Iийсагара, Шен пхьегIанехула санна, соьгахула Цунна дала лууш дерг далархьама, дIадиллина церан дегнаш. Дозаллин метта, суна сайна чохь хьалакхуьуш болу ладугIуш хиларан а, муьтIахьаллин а синхаам хаабелира. Суна, гIуллакх сайн корматаллашца а доцуш, Цо харжарехь дуйла хаьара. Сихха, дерриг а маршаллаш хиттинчул тIаьхьа, ас церан хьажар Везачу Элана тIедерзадора, Цуьнан сий а дора, сайн Цунах воьзна хиларх а дуьйцура. Сан сий дочара, сан динан гIуллакхдар а атта тIеоьцура; и ца деш болчу кхечарна тIекхиа чIогIа чолхе дара.

## ШАЛХА СИЙ

ПахIала хьоьхура: «Iийсах тешначийн тобанна дика куьйгалла деш болу тхьамданаш шозза а лара хьакъ долуш бу. Хаза кхаъ кхайкхорна тIехь а, хьехамаш барна тIехь а къахьоьгурш къаьсттина лара беза» (1 Ти. 5:17). Шалха сий дар, иза ахьа цу нехан, светски олаллехь болчийн сий ден долчул, шозза сов сий деш хиларан маьIна ду.

Нагахь кху байте алсам шуьйррачу контекстехь хьаьвсича, кхуззе юкъадогIу динан гIуллакхдархойн финансови хьал латтор а. Цок хин дIа элира: «Къахьоьгург шена догIу алапа схьаэца хьакъ долуш ву» (байт 18). Делан Йозанийн шординчу гочдаро цунах лаьцна кхин а сов къаьсташ боху: «дика куьйгалла деш болу тхьамданаш шозза а лара хьакъ долуш бу. Хаза кхаъ кхайкхорна тIехь а, хьехамаш барна тIехь а къахьоьгурш къаьсттина лара беза. ХIунда аьлча Делан Йозано

хIара боху: «Оруш болчу стеран бага дIа ма къовла». Кхин а боху: «Къахьоьгург шена догIу алапа схьаэца хьакъ долуш ву» (1 Ти. 5:17, 18[8]).

И агIо йохайойла долуш яц. Нагахь динан тобанан декъашхой, царна гIуллакх деш болчу, шайн Iуналхойн а, баьччанийн а гIайгIа беш белахь, бизнесменаша а, берриге бисинчара а декъалалла а, хьалакхиар а схьаоьцу. Цара Стигаларчу экономикех пайда оьцу. Амма уьш къорам белахь… Со тIеIиттало ишттачу адамашна, цара я къоланашна а, кхачамбацаршна а, я луьненан экономикин вочу хьелашна леткъам бо.

Со кхета, цхьаболчу, къаьсттина США-н динан гIуллакхдархоша, вон пайда оьцу цу билггал бакъдолчух. Динан гIуллакхдархоша даим а ахчанех а, кхечу материальни хIуманех а лаьцна бохуш хилар, ган гIайгIане ду. Царна билггал бакъдерг девза, амма ялхочун дог а дайина, уьш тIеэцначийн некъа тIебевлла. Иштта бехара парушхой. Церан вочу пайда оьцуш хиларна тIехула, дуккхаберш, юьхьанца Дала дагалаьцначу, олаллин сий даран агIонех дIабевлла. Цу гIуллакхо, шен рогIехь, лардарна кIелахь болчу нахана зулам до, уьш билггал бакъдерг нийса хьехаран хьашт долуш болу дела.

Со цу гIуллакхна сайн кхайкхамаш беш леларан дуьххьарлерчу шарахь тIеIоттавелла. Цкъа со, бIе сов адам доцчу, цхьана жимачу динан тобанехь вара. Гуламаш дика дIабоьлхура, адамаш цигахь дуьххьалдIа исбаьхьа дара. Динан тобанан Iуналхочуьнца а, цуьнан зудчуьнца а хиллачу къамелера, церан финансийн гIуллакхаш дIогара дикачу хьолахь ца хиларан, жамIе веара со. Иза стюардесса болх беш яра, тIаккха цуьнан лууш ма-хиллара, динан тобанна гIуллакх дойла ца хуьлура. Цунна балхара дIа а яьлла динан тобанехь алап эца ца лаьара, цуьнан ойланца, иза тIех хир долу дела. Со, и дерриг а мичара догIуш хиларх, кхийтира. Кхул хьалха со, ас жимма хьалха хьахийначу динан тобанехь, Iуналхочуьнца

8 Гочдар ингалсан маттера (The Ampli\ed Bible). — Билгалдаккхар гочдархочун.

болх беш вара. Цу динан тобанан Iуналхо финансийн а, сагIа даккхаран а хьехамна тIех тIевирзинера. Тхойшиъ ший а цу гIуллакхан ларлуш терго еш вара, изза ца дан а лууш, тIаккха цхьана а хIуманан шеко а йоцуш, кхечу йистонехь нисвелира. Амма Дала, муьлххачу а йистонашкахь хиларо, дика дохьуш ца хиларх Iамийнера со. Тхуна ма-дарра йолу баланс оьшура.

Тхан гуламаш кIиран дийнахь Iуьйранна дIа а болабелла, кхаарийн дийнахь суьйранна чекхбовла безаш бара. Хьалхара кхоъ дика дIабелира, амма динан тоба цхьана хIумано юхаийзош яра. Дерриге а шинарийн дийнан дохалла Веза Эла сан цу стегаца йолу терго а, цуьнан динан тобанехь ахчанца йолу агIо муха лелайора а, цхьалхайоккхуш вара. Со, кхузахь цхьа кхин а дерг дойла хирг хиларан синхаамах кIелхьара ца валалора.

Гулам хилале хьалха Iуналхочо, цу суьйранна аса сайн гIуллакхдарна тIера сагIа лахьадойла лаьа шена, аьлла, элира. ХIара ду цо соьга ма-дарра аьлларг: «Ас хьуна сагIа даккхарна тIехь маьршо ло».

Со воккха вера. Со, и неI Дала дIайиллина хиларх кхийтира, цундела соьга Цо сайга селхана аьлларг далора. Цу суьйранна со, шена тIехь ас хIетахь болх бечу, цхьана книгин темина кхайкхам беш вара. Аса, Тимапига Хьалхарчу дахьийтарера байт а ешна, кхузахь болчаьрга, ахчанца йолчу агIонехь цара оьшучу кепехь шайн динан тобанан Iуналхочун а, цуьнан зудчун а гIайгIа беш ца хиларх лаьцна, элира. Ас динан тобина къаьстташ кхетор дира, доьзал кхабархьама, динан тобанан Iуналхочун зуда хIорра кхо-диъ де мел долу кхин кеманахь дIалелела ца дезаран хан тIекхаьчнийла а довзуьйтуш. Аса, динан тобанан Iуналхочо сайна сагIа лахьоран, маьршо елла хиларх лаьцна дийцира цаьрга. Аса сайн динан гIуллакхдарна тIера сагIа схьа а ца оьцуш, динан тобанан Iуналхочунна а, цуьнан зудчунна а иза дIадала сацам бина. Динан тобанан Iуналхо декъалварна аьтто баларна йоккхачу энтуазмаца терго йира адамаша. Цу суьйранна церан динан тобанехь сагIина делла

долу хIума, гуттара а санна долчул, кхузза сов дара! Iуналхочун зуда бIаьрхих юьзнера, ткъа иза ша инзарваьлла вара.

Шу цецдевр ду, цул тIаьхьа хиллачу хьолан тодаларх. ШолгIачу дийнахь цхьана доьзало итт эзар долларна чек схьаийцира; вукхунна неIарехь цхьаъ ах эзар доллар чохь долу конверт карийра. ТIаккха иза юьхьиг бен яцара. Юха кIирандийнан гуламехь, ша динан тобанан Iуналхо хьалха кхайкхам бан ца хIуттуш долу, инзаре тоьшаллаш гучудевлира. Берриг а гулам, дIадаханчу кIиранахь Дала церан балхахь я шайн дахарехь финансашца диначух лаьцначу, адамийн тоьшаллашна лерина бара. ТIаьхьа динан тобанан Iуналхочо цу планехь доцчу гIуллакхдаран запись тIехь йолу, пленка яийтира соьга.

Цул тIаьхьа догIучу шина шарахь динан тоба чIогIа стамъелира. Цуьнан дола керла гIишло а яьллера, пхи бIе адам хиллал хьала а кхиъна. ХIетталц церан дукхаллин терахь бIе стаган герггахь хуьлура. ХIокху а, чот йоцчу дуккха а долчу кхечу а масалша, вай ваьшна юкъахь вешан диканна къахьоьгучийн сий дарна амийна со.

Со цхьайолчу хьалакхуьучу пачхьалкхашкахь хуьлура, тIаккха цкъацкъа меттигерачу динан тобанаша сайн иштта тIеэцарна, бIаьрхиш гучудовлара. Америкин стандарташца ахчанан барамехь иза хIумма а доцург хеталур ду, айса, сайн бен доцуш терго ечу, цхьайолчу американски юкъараллашкахь дуккха а сов сагIина делларг схьаоьцуш хилла дела. Со цецвоккхург хIун дара, дерриге а луш долчунна тIехьа лаьтта, цу баркаллечу адамийн, безам бара. Церан терго цхьана а хIуманца ша йисина Iачу зудчун леларх къасталуш яц. Iийсас, цо берриге а бисинчарел дуккха а сов дерг делла, элира, цо деанарг кIезиг бен ца хиллехь а. Цо ша деанчуьнца Делан сий динера. Цу мехалачу безачара, Дала шайна бахкийтинчу ялхойн сий а до, уьш мехала а лору. Иза шун даг чу чекхдолийла. Шайна юкъахь Делан аренгахь къахьоьгучу адамийн сий дан гIерта.

# БАЬЧЧАНАША ДIАХIИТТОШ БЕРШ

Кхин цкъа а Iийсан дешнашка хьовсур вай: «Баккъалла боху Ас шуьга: Ас Вохуьйтург тIеоьцуш волчо Со тIеоьцу, ткъа Со тIеоьцучо Со Ваийтинарг а тIеоьцу» (Яхьъя 13:20). Инжилан Маттайс дIаяздинчу декъехь Iийсас ма-дарра гойту иерархин зIе: Дас Iийса вахийтина, Iийсас пхеа областе гIуллакхдархой бохуьйту. Нагахь вай Цуьнан векалш тIеэцахь, вай Иза тIеоьцу, ткъа Иза тIеэцарца, вай Да тIеоьцу.

Амма зIе цу динан гIуллакхдархошна тIехь хада а ца хедаш, кхин дIайоьду, тIаккха, шаьш гIуллакхдархоша дIахIиттийначаьрга дехьайолу. Цкъа а дицлур дац, со къилберчу штатех цхьанхьа кхайкхам бечу хенахь, сан багара араиккхинарг. Динан тобанан дика Iуналхо вара, иза олаллехь лелара, цунна гонаха долу адамаш лар а деш, ткъа вукхара, шайн рогIехь, лерам бора цуьнан. ХIетте а и лерам бар цуьнан белхан накъосташна тIе дIаса ца даьржинера. Суна, цхьаболчара, цо дIахIиттийначу, организаторш а, секретараш а, динан тобанан Iуналхочун накъостий а санна, долчу адамийн сий деш ца хилар хааделира.

Цу гуламехь сан пайхамараллин динан гIуллакхдар дара. Айса цу кепара кхайкхам бечу хенахь, цкъацкъа суна, дешнаш сайн багара арадовлуш бен ца хеза. Ас цхьана динан гIуллакхдархочунна тIе а гайтина, къовламе элира: «Аша кху стеган терго еш ма-хиллара, кху динан тобанан Iуналхочун а иштта терго йо. Шу динан тобанан Iуналхочуьнца ма-хиллара, иштта аша Iийсана жоп а ло».

Гайна белира шуна динан тобанан цхьаболчийн бIаьргаш! Довзийтаран серло тIе а йоьссина, церан терго гайтира. И динан тоба дикачу хьехамашкахь льтташ яра, тIаккха адамаша нисдар лаамца тIеийцира. Сан сайн дешнаша юьхьша суна а гIуллакх дира. Цхьа муьлххачу а динан тобанехь динан гIуллакхдеш я сайн хьомечу тобане лелаш, ас сий дарца терго йо, динан

тобанан Iуналхочо дIахIиттийначийн, организаторш а, офисан белхалой а, секретараш а, Iуналхочун накъостий а, парковкехь болу белхалой а юкъа а балош. Уьш динан тобанан Iуналхочо дIахIиттийна бара, ткъа иза, шен рогIехь, Дас дIахIоттийначу, Iийсас дIахIоттийна вара. И дерриг а аса, вайна гонаха долчу адамашна тIехь Делан олалла гуш хилархьама, аьлла дара.

Делан Йозанашкара вайна исбаьхьа масалан гIуллакх дойла ду, сирийски эскаран тIемалойн хьаькам волчу, НаIманан историс. Иза дIа ца йоьрзу чкъуран цамгар йолуш вара, тIаккха товала сатийсар долуш а вацара. ЯхIудхойх йолчу цуьнан цхьана ялхочо, Исраил-махкахь, исраилхойн Дела волчу Везачу Элан ницкъаца иза товойла долу, пайхамар ву, элира цуьнга.

Сирийски паччахьо НаIманна исраилхойн паччахь волчу ваха бакъо елира, ткъа вукхо иза ЭлишаIан цIа долчу хьажийра. «ТIаккха НаIаман, дой а далош, шен гIудалкха тIехь схьакхечира. Иза ЭлишаIан цIийнан кевнехь сецира. ЭлишаIа шен ялхо вахийтира цуьнга дIаала: «Ваха а гIой, Йордан-хи чохь ворхIазза лийча, тIаккха хьан дегI, карла а даьлла, цIанлур ду» (ТIаьхха. 5:9, 10).

НаIаман, чIогIа оьгIаз а вахана, дIавахара. Цо элира: «Суна-м моьттура, ЭлишаIа, СУНА дуьхьал а хIоьттина, шен Везачу Деле а кхойкхуш, сан дегIах куьг а хьаькхна, цамгар дIайоккхур ю» (байт 11).

Цуьнан нийса доцчу сатийсарша цхьана маьIаргона Дела цунна дала луу хIума дIататтийтора цуьнга. Цо воккхаверца тIеоьцур ма вара ЭлишаI, нагахь важа цунна дуьхьал веанехьара, амма цхьа ялхо я тIеэцна волу белхало а ца воуьйтуш, НаIман-х лараме стаг ма варий. Цунна емалвар хилира ЭлишаIан тергонах. ТIемалойн хьаькам хиларе терра иза векалдинчу олаллин маьIнах кхета везаш хиллехь а. Амма, цунна ирсана, ЭлишаIан ялхочуьнга иза тешавелира, тIаккха иза ваха а вахана, ворхIазза Иордан хина буха вахара, тIаккха

кхоччуш товелира. Дерриг а нийсса, Делан олалла делла волчу, ялхочо ма-бохху хилира.

Суна синхьийзаме хилла дӀахӀутту, сайна, цхьайолчу динан тобанашкахь динан Ӏуналхо дӀаваханчул тӀаьхьа, сихха гуламе лелар лахлуш хиларх лаьцна, хезча. Цу адамаша шайна билггал бакъдолу олалла девзаш цахилар гойту. Шайн нийса дог долчу адамийн динан тобанан Ӏуналхочун гӀоьнчера я схьавеанчу кхайкхамхочуьнгара тӀеэцийла ду, царех хӀорра а динан тобанан Ӏуналхочо дӀахӀоттийна волу дела. Динан тобанан Ӏуналхо Ӏийсан меттехь лаьтташ ву. Нагахь вай Пачхьалкхан олаллах кхетахь, иза къаьсттинчу адамийн къийсадалар ца хиларх кхетар ду, амма юкъарло доцуш Ӏийсага хьаладолу олалла хиларх кхетар ду.

Тешаш дерш хиларе терра, вай граждански олалла а, белхаш луш берш а, хьехархой а, олаллин агӀонга хӀиттийна болу берриш а лара беза. Бераша дай-нанойн сий дан деза, зударша — майрачийн. Иштта леларца, вай сатийсарца догӀуш долу, совгӀат схьаоьцу. ТӀаккха эххар а, динан гӀуллакхдарехь дакъа лоцуш волчун, шалха сий дийр ду, къаьсттина, Делан Дош кхайкхош, къахьоьгуш болчийн.

КОРТА 11

# АЬЛЛАРГ ДАР А, МУЬТIАХЬХИЛАР А

*Вай аьлларг дойла ду, амма хIеттахь муьтIахь ца хуьлийла ду.*

МуьтIахьалла цкъацкъа, тешачийн юкъахь, уггаре дукха дар-дацарийн бахьана хилла дIахIутту. ТIаьхьабогIучу кхаа коьртехь вай чолхечу хаттарех хьакхалур ду. Аса цхьаннан олаллин кIелахь хиларх лаьцна тIаьхьарчу итт шарахь хьоьхучу хенахь, со иштточу хеттаршца цкъа Iиттавелла ца Iа:

- МуьтIахьалла биллам боцу хIума дуй те?
- Ткъа нагахь со сайн баьччанан сацамашца реза вацахь?
- Ткъа нагахь баьччано вон сацамаш тIеоьцуш белахь?
- Ткъа нагахь баьччано суна цхьа нийса доцу хIума дан омра дахь?
- Мичахь ду диллина доза?

Уьш, тешна хиларца олаллехь болчийн муьтIахь хилла дIахIоттархьама, шайна жоьпаш дала деза, тIехдика хеттарш ду. Цкъа хьалха Iебархошка долчу Дахьийтаре хьовсур вай:

> Шайн куьйгалхоша бохург а де, царна муьтIахь а хила, хIунда аьлча уьш массо а хенахь шун гIайгIа беш бу, Далла хьалха шайн шух жоп дала деза дела. Шаьш деш дерг хазахетарца дойла цара, даккхий синош а ца дохуш. Иза иштта ца хилахь, шуна цхьа а пайда бац (Iеб. 13:17).

Дахьийтаран авторо вайга къаьстташ ши хIума де боху: ваьшна тIехь дIахIоттийначунна, муьтIахь хила; царна муьтIахь хила. Иза шиъ тайп-тайпана хьехам бу, тIаккха билггал кхузахь дуккха берш галбуьйлу. Вай аьлларг дойла ду, амма хIеттахь муьтIахь ца хуьлийла ду. Хьал къаьсташ хилийтархьама, аса сайн дахарера масал доькъур ду шуьца.

## ВАЙНА КХИН ЮУРГ ЦА ХУЬЛУ

Ас хIинца хьалхабогIучу коьртехь хьахийна ма-хиллара, инженеран даржехь сайн ехха йоцчу карьерел тIаьхьа, со пачхьалкхан къилберчу йоккхачу динан тобанехь Iуналхочун юьхьша гIоьнчин даржехь динан гIуллакхдан волавелира, цигахь ас диъ ах шо даьккхира. Суна иза мурдан исбаьхьа агIо яра, тIаккха хьлхарчу шеран дIадахарехь, Дала сайна кху даржехь Цуьнан Пачхьалкхана гIуллакх дан магоран еккъа цхьана ойлано, со сих-сиха синхаамо тIехвузура. Суна дагадогIу, айса муха ойла йора: «*Со, Цо сайна и дан магорна, Цунна догIу хьакъ дIадала декхарийлахь ву*». Амма и «мезан бутт» шарал сов ца бахбелира, кхин дIа сан вагар дIадан доладелира. Юьхьанца иза халла хаалуш хуьлура, тIаьхьа процесс сихха чехкаелира.

Со динан тобанан Iуналхочунна герга мел вогIу, алсам кхачамбацарш гора суна. Керланиг хаадалар а, айадалар а кхин ца догIура суна. Суна, со теш хиллачух, ойланаш яран хала хан тIееара. ЧIогIа кеста иза мохь хилла дIахIоьттира. Гонаха болчара деш долчуьнца а, халонаш муха цхьалхайохура а, муха

сацамаш тIеоьцура а со сих-сиха реза ца хуьлура.

Суна хеташ ма-хиллара, сихаллин билгалонаш, массанхьа тешаш бацчарна юкъахь суна хезначарех, къасталуш яцара. Нагахь, аса хьахийнарш, тIеэцна белхалой белахь, со, уьш кестта мукъабохург хиларх я цаьрга шайн меттигаш йитар доьхург хиларх, тешна вара. Иза хенан хаттар дара. Дуккха а йолу меттигаш аса мерза къамел до ледийраш лоручара дIалоцура. Дукхах болу керла белхалой урхаллин структуре а, кхечу коьртачу агIонашка а шершина чекхбевлла аьлла хетара суна. Хеталора, динан тобанан сан Iуналхочо, церан юкъараллах алсам марзо оьцура, бакъахьарачу адамийн юкъараллах чул. Цо вела а воьлуш, самукъа доккхура цара бохучух, тIаккха оццу хенахь даггара тешаш болчарна юкъахь бен доцуш а, пана а лелара. Цуьнан леларо со кхетамах воккхура, тIаккха кестта со цунна критика ян волавелира.

Ас сайн тидам тIегулбеш долу, кхин дуьхь-дуьхьал долу хIуманаш а дара. И дерриг а, ерриге Америкина а гуш, халкъашнаюкъарчу динан гIуллакхдарехь хуьлуш дара. Динан гIуллакхдаран механизм дика болх беш хилархьама, ерриге гIуллакхдаран программаш адамийн ницкъан а, ахчанан а харж ян дезаш дара. Офисан белхалойн терахь 250 сов адам дара, тхан кху заманан уггаре керла белхан гIирс бара. Оха, тхаьшна дIайоьдуш йолчу программашна а, хинйолчу проекташна а тIеоьшу ахча каро гIо ден долу, консультанташ кхойкхура. Со уьш дIатарбан жоьпаллехь а вара, тайп-тайпана кхин долу хIуманаш дан дезаш а вара. Царна юкъахь а волуш, суна сих-сиха цара шайн цхьаьнакхетарш динан тобанан Iуналхочуьнца муха цхьалхадоху хезара. Коьртехь хаттарш кхоллалора: «*ХIара хIун, йоккха бизнес ю я динан гIуллакхдар ду?*» Сайна дукха мел хеза, аса алсам ойла йора: «*Иза Iехадалар ду. Вуьшта адамийн бала бан а буй те цу кIентийн, я уьш кхузахь ахчанан дуьхьа бен бац те? Динан тобанан Iуналхочо шена иштташу адамашка го стенна бойту те?*»

Суна уллохь, иштта реза боцу, сан доттагIий а бара. Суна дика дагадогIу цхьана зуда-мараллехь болчийн цIахь делкъе яр. Оха тхаьш хIинца динан гIуллакхдарх цхьа а хIума схьаоьцуш ца хиларх лаьцна дуьйцура. Суна дагадогIу айса иштта алар: «ТIаьхьарчу ялх баттахь кафедрина тIера кхайкхам барх аса цхьа а хIума схьа ца эцна». Берриш а цу гIуллакхна тIетайра, ерриг а цу хенахь йист а цахуьлуш Iаш йолу, сан зуда йоцург.

Суна цкъа хезна ца Iара иштта дешнаш: «Оха кхин юург схьа цаоьцу». Тхо, кху динан гIуллакхдаранехь тхешан хан гергаеана хиларан, жамIе даьхкина. Тхо, тхаьшца хуьлуш дерг синан лакхаллечу амало лелош хилар, хаалуш дара, тIаккха тхо Дала тхаьш кхечу динан гIуллакхдаршна кедеш хиларх, тешна дара. Тхоьца, оха кестта тхешан даржаш дIа а тийсина, динан гIуллакхдарехь хьалакхуьург хиларан, тешна хилар дара.

## ХАЛО СОЬЦА ЯРА

Масех де дIадаьлча, со доIа деш волчу хенахь, Дала Шен къинхетамца, оха цу зуда-маралла долчу шиннан цIахь даре динчу халонах лаьцна дагадаийтира суна. «Оха кхин юург схьа цаоьцу» боху дешнаш кхин дIа а коьртехь хьийзаш а, лергаш чохь хезаш а дара, ур-атталла со охьа а хиъна, Iуналхочун кхайкхамашка ладугIуш волчу хенахь а. Аса сайн «синан лакхаллечу мацаллах» лаьцна ойла ешшехь, Дезачу Сино чIоггIа элира соьга: «*Хало хьан Iуналхочуьнца а йоцуш, ткъа хьоьца хьайца ю!*»

Со инзарваьлла вара, хезначух теша а ца тешаш, ас сайга хаьттира: «Алийла дуй те Делан соьга иштганиг?» Хьалха, аса цу тайпана нисвалар ловчу хенахь, ойла а керчаш, хезаш дерг нийса хилар шеконна кIел дуьллура. Сан хьекъалехь Деле хаттар хезаш дара: «*Хьо тешна вуй, оцу адресе аьлла хиларх?*» (Вай Синехь даккхий хилла дIахIиттаран барамехь, иштта хаттар вай наггахь айа деза, вай *баккъал* а ваьшна ма кIезиг хаьа, кхета дуьйлало дела.)

Ас хезаш хаьттира: «Хало соьца стенна ю?»

Везачу Эло жоп делира: «*Хьо кхин дIа айхьа кIезиг даа хIума схьаоьцу бохуш, тIера ца волу. ЕшаI-ЯхIу пайхамаран тептар тIехь яздина ду: «Нагахь, Соьга ла а доьгIна, Ас бохург аша тIеэцахь, лаьтто кхиийна уггар диканиг дуур ду аша. Ткъа, Сох дIа а къаьстина, шу дуьхьалдовлахь, туьро дIакхоллур ду шу». Хаа ду шуна, Везачу Эло Ша элира иза*» (1:19, 20).

И байт суна дика евзаш яра. Сан кхин ойла кхоллаелира: «Со-х массо а хIуманна тIехь муьтIахь ма-варий». Амма Дезачу Сино кхин дIа элира: «Ахьа динан гIуллакхдарехь дерриг а хьайга де бохуш дерг кхочушдо, амма Ас ца аьлла: *"Нагахь муьтIахь хилахь, лаьттан диканаш дуур ду послушаетесь, то будете вкушать блага земли"; Ас элира: "Нагахь лаахь ла а дугIур ду…", ткъа лааман юкъарло йоцу зIе ю хьан тергонца. Ткъа хьан терго цхьана а метте мегаш яц!*»

Юха Цо суна дагадаийтира, школан шерашкахь, со лакхара дуьнен чу валале хьалха, суна, кхаарийн деношкахь суьйранна транслировать еш йолчу, цхьа гIараяьллачу шоуга хьежар, тамехь дара. Ткъа шолгIачу Iуьйранна, еарийн дийнахь, тхо долчу нехаш дIакхоьхьу машина йогIура. Иза дукха хьалхе йогIу дела, нехаш дIаяханчу суьйранна ара охьаяхка езара, тIаккха и декхар суна тIедиллина дара. Суна хетара, хIоразза а, со оцу программе хьоьжучу хенахь а, кульминационни меттиг тIекхаьчначу а хенахь, нанас чоьнна чоьхьа а йолий, изза хаттар дора: «КIант, ахь нехаш араяьхний?»

ТIаккха ас жоп лора: «ХIан-хIа, хIинца а ца яьхна».

ТIаккха цо бохура: «Суна, ахьа сихха хьала а гIаьттина, иза араякка лаьа».

Ткъа аса жоп лора: «ХIаъ, мэм, кхочуш дийр ду». ТIаккха тIоьрмиг арабоккхура.

Нагахь цхьа-милла а арахьараниг сан леларе хьоьжуш велхьара, цо, со масале кIант а ву, массо а хIуманна тIехь шен

дега-нене ладугІуш а ву, эр дара. Ткъа ма-дарра аьлча, суна чохь массо а хІума кхехкаш дара: «Со ца тешало: цо даим а, сан безаме шоу дІайоьдучу хенахь, олу соьга и де. Собар хІунда ца дало те цуьнга итт минотехь, программа чекхъяллалц?»

Дезачу Сино соьга элира: «*Хьо муьтІахь вара, амма хьоьца лаам бацара. Хьан нене йолу терго нийса яцара. Кху динан тобанехь ьуна даар ца хиларан бахьана (Сан Пачхьалкхан диканаш даар) стенца ду аьлча, ахьа хьайга де бохург дахь а, хьуна чохь лаам бац!*»

Со, сайн динан тобанан Іуналхочуьнга йолчу тергоно, сайга Делера хІума схьаэцалуш доцчу валийнийла, кхийтира, тІаккха иза кхераме меттиг яра. Іебархошка Дахьийтарера (13:17) байт иштачу дешнашца чекхйолу: «шуна цхьа а пайда бац».

Сан бІаьргаш дІабеллабелира. Со сихха дохковелира. Юха кІиранан дийнахь со оццу динан тобанан цІийне а вахана, оццу метте охьа а хиъна, оццу амалехь кхайкхам беш волчу, динан тобанан Іуналхочуьнга ладугІуш вара. Амма цу Іуьйранна дерриг а кхечу тайпана дара. Стигалш дІасаеллаелла яра, со, Дала сайна Іуналхочун кхайкхамехула довзийтинчух, цецваьлла вара. Со велхаза висира айса дІабаханчу ялх баттахь, Дала сайна тІехь дІахІоттийначу олаллин нийса терго ца ярна.

Вай векалдинчу олаллина муьтІахь доцчу хенахь, вай Делан олаллина дуьхьалдуьйлу, лаьттара хьаькамаш Цо дІахІиттийна болу дела! Далла, Цо Ша вайна тІехь дІахІиттийначу, адамийн дакъалацар а долуш, вайна кечйинчу даздаран стоьла тІера маьрша марзо а оьцуш, юург яа лаьа.

МуьтІахьхилар олаллин хьокъехь вайн жоп луш долчу *леларца* дихкина ду. МуьтІахьалла — иза вайн олалле йолу *терго* ю. Билггал кхузахь нисдолуьйту дуккха болсара гІалат. Дела вайн арахьара леларе санна, иштта вайн деган дІаеллаелла йолчу тергоне а хьоьжу. Дауда шен паччахьан гІант кІанте Сулиме дІалочу хенахь, цо хІара дешнаш элира:

«Ткъа хьуна, сан кIант Сулим, вовзийла хьайн ден Дела. Хьайн доллучу синца а, *доггах* а Далла гIуллакх де, хIунда аьлча Везачу Элана хаьа хIораннан а даг чохь дерг а, цуьнан *ойланаш а евза* Цунна» (1 Ше. 28:9, курсив авторан).

## МУЬТIАХЬАЛЛА ДОЦЧОХЬ МУЬТIАХЬЕ ТЕРГО

Кхин цкъа а хьовсур вай Iебархошка Дахьийтаран авторан дешнашка: «Шайн куьйгалхоша бохург а де, царна муьтIахь а хила» (13:17). Кхул хьалха аса, муьтIахь муха хилалур ду, амма оццу хенахь аьлларг а ца деш, гайтина. Амма кхин хьал а ду, вай вешан тергонехь муьтIахь хилийла а долуш, тIакха оццу хенахь, муьтIахь а доцуш. Цу гIуллакхна дика масал хуьлу Iийсан шина кIантах лаьцна кица, царех лаьцна вай хIинца кхоалгIачу коьртехь дийцинера. Цхьана кIанта кийчахиларца элира: «ХIаъ, олахо, ас ваха а вахана, болх бийр бу хьан кемсийн бешахь». Делахь а иза муьтIахь ца хилира. Iийсас, цу кIанта ден лаам кхочуш ца бинийла, къаьстташ кхетор делира, ойланца цуьнца реза хиллехь а.

Ишттаниг наггахь доцуш хуьлу вайн динан тобанашкахь. Вайн яккхийн ойланаш ю, кортош а теIабо, къежа а къежа, вешан баьччанашна тIе а тов вай: «Ас дийр ду иза!», – бохуш. Ткъа цул тIаьхьа вай хIумма а ца до, иза ваьшна дIогара коьрта доцу дела. Гуттаа санна ас цунах *лараме бунт олу.* Iеха малолаш: лараме бунт, дIаеллаелла бунт санна, валлал кхераме ю. Я иза а, я важа а сий долуш дац Дедан Пачхьалкххехь.

Иза, Довзийтинарг цIе йолчу тептар тIехь динан тобанашкахьа дерзийначу, Iийсан къовламечу а, Iорадаккхаречу а дешо тIечIагIдо. Цо хIорра динан тобане маршалла хоттура: «Девза Суна шун гIуллакхаш» (Довз. 2, 3). Динан тобанийн дика ойланаш яра, цхьаммо ур-атталла шен *чохь са долуш* ю, аьлла, цIе а яьккхира, амма Iийсас, церан гIуллакхашкахь муьтIахь ца хиларна тIехула, уьш *елла* ю, элира. Дагахь латтаделаш, «Дала

хІоранна а, цуьнан гІуллакхашка хьаьжжина, йийр ю кхел» (Рим. 2:6). Дика ойланаш Делан кхелана хьалха латталур яц, амма муьтІахь хиларехь доггІучу гІуллакхашца тІечІагІдина долу, даггара тешар бен латталур дац.

## МИЧАХЬ ДІАДОЬДУ ДОЗА

ТІаккха юха а Делан весето боху: «Шайн куьйгалхоша бохург а де, царна муьтІахь а хила». Ас хІинца хьалха аьлла ма-хиллара, адамаша сих-сиха доллучу даггара хоьтту соьга: «Мичахь дІадоьду те доза? Вай олаллехь болчарна, цара вайга бохуш долчух доьзна доцуш, муьтІахь хирг хиларе сатуьйсий те Дала? Ткъа нагахь соьга къа латадан буьйра деш делахь?» Делан Йозанаша олаллехь болчарна биллам боцуш муьтІахьхиларх лаьцна хьоьху, амма цара биллам боцуш муьтІахьхила ца хьоьху. Дагадаийтийша, муьтІахьалла — иза терго ю, ткъа аьлларг дар — иза аша и распоряжени муха кхочушъеш хилар ду.

Цхьана хиламехь бен — тІаккха суна къаьсттина кІел сиз хьакха лаьа, вайн олаллехь болчарна муьтІахь ца хила *цхьана* хиламехь бен бакъо яц, — вайга Делан Дешана нийсса дуьхь-дуьхьал долу цхьа хІума де бохучу хенахь. Кхечу дешнашца, вай муьтІахь хиларх, баьччанаша вайга къинош леторна буьйра дечу хенахь бен, паргІат ца довлу. Амма ур-атталла кху хиламехь а вай эсалалла а, муьтІахьалле а терго ларъян еза. Набухди-нецар, Бавилан паччахь, къиза стаг вара, цо Исраилан халкъан дукха адам хІаллакдинера. Делахь а Дала цунах Шен ялхо аьлла, цІе яьккхина (Ярм. 25:9; 27:5-7), кхин цкъа а, Ша бен стагана олалла луш цахилар, тІе а чІагІдеш. Цу паччахьо бигна бисина исраилхой бавелхойн йийсаре. Йийсархошна юкъахь вара Даниал а, Шадрак а, Мешак а, Іабди-Нага а.

Паччахьо указ арахецнера, цуьнца догІуш, хІоразза а массо тайпана эшарийн гІирсийн аз хезча, дерриге адамаш дашочу суьртана суждане а дахана, цунна хастамаш бан дезара. Цу

указана муьтӀахь ца хилларан хиламехь и дохийнарг, дийна воллуш цӀе летта йогучу пеша кхуссура. И адамаш пешан цӀерал алсам Делах кхоьрура, цундела указана муьтӀахь цахилира. И гӀуллакх Дала Мусага динчу а, Товрата тӀехь дӀаяздинчу а шолгӀачу весетана дуьхь-дуьхьал догӀуш хир дара. Уьш Везачу Элан лаамна муьтӀахь а хилла, адаман лаамна муьтӀахь а ца хилира.

Цхьа хан дӀаяьлча церан муьтӀахь цахиларан хаам паччахьна тӀекхечира. Цо дералле а веана, и гӀуллакх кхеторхьама Шадрак а, Мешак а, Ӏабди-Нага а сихха цунна тӀе вало буьйра дира. ХӀара ду цара делла жоп: «Цунах лаьцна хьоьга жоп дала оьшуш меттиг бац тхан. Нагахь санна тхо цӀийина йогучу пеша кхийсахь а, оха Ӏибадат деш волу Дела ницкъ болуш ву тхо цунах кӀелхьардаха. Хьан куьйгах а, ва паччахь, кӀелхьардохур ду Цо тхо. Нагахь санна Цо и ца дахь а, хаа ду хьуна, ва паччахь, хьан деланаш оха лорург цахилар а, ахь дӀахӀоттийначу дашо суьртана корта беттарг цахилар а» (Дан. 3:16-18).

Уьш чӀоггӀа Делан весетана муьтӀахь лаьттара, амма хӀетте а паччахьна лерамца жоп лора цара[9]. Уьш цуьнга «Хьан Сийлалла» дешнашца бистхилира. Цара ца элира: «ХӀей, харцхӀума, оха цкъа а дийр дац ахь бохуш дерг!» Иштачу ларам боцчу кепехь бистхилар бунт хир яра церан агӀор. Вай олаллехь болчарна муьтӀахь хила деза, ур-атталла церан буьйрана муьтӀахь дацахь а.

Вайна иза, зударшна хьовсийначу, Кипин дешнашкахь карадо: «Зударий, шу а шайн майранашна муьтӀахь хила. Нагахь цхьаболу майранаш Делан Даше ладугӀуш ца хилахь, шайн дахарх масал а луш, дист а ца хуьлуш, Делах тешарна тӀебалабе уьш, шайн цӀена а, Делах кхоьруш а долу дахар а гайтий» (1 Ки. 3:1, 2). Зуда муьтӀахь хила еза (Тит. 2:5), цо шен майра

9 Авторо далийначу Делан Йозанийн гочдарехь (NLT) кегийчу наха паччахье иштачу дешнашца олу: «Хьан Сийлалла». Гочдаран кхечу ингалсан версишкахь (KJV, NIV) (иза иштта ган а гуш доцчу, оьрсийн маттерчу гочдарх къасталуш) кху байташа иштта сийдаре терго дӀало паччахье бохучаьрга: уьш цуьнга кху дешнашца бистхуьлу «Ва, Паччахь». — Билгалдаккхар гочдархочун.

муьтІахьхиларехь лара веза. Кипас юха а леларна а, муьтІахь хиларна а юкъахь параллель ялайо. Уьш цІеначу а, Делах кхерар долчу а дахарца далош ду. Зударшна майрачун олаллин агІонан терго ларъян хьехамаш бо, ур-атталла иза тешачарах вацахь а. Цуьнга, нагахь иза нуьцкъа къа латорна тІетеІош яцахь, дуьхьало ца еш муьтІахь хила дІахьедеш дац, амма цуьнан авторитетана а, сий дарна а биллам боцуш муьтІахь хила тІекхойкху.

Масалина дало мегар ду, тешар долу зуда телефон схьаэца йоьдучу хенахь, ткъа цуьнан майра и телефон еттачуьнца къамел дан ца лууш велахь, цо цуьнга иштта олуш долу хьал: «Со цІахь вац, ала».

Цуьнан агІор догІуш долу жоп хир ду: «Хьомениг, со харц ле йоллуш яц. Аса хьан тІевогІийла дац ала лаьий хьуна?» Цу кепара цо цуьнан авторитете сий дар лардо, амма харцдерг ала дехарна муьтІахь ца хуьлу.

Кипас кхин дІа элира:

> Гуш долчу хІуманашцца хаздала ма гІерта: месаш Іалашъярца, дашо хІуманашца, хазачу духаршца. Мелхо а, даггара долчу, телхар доцучу, тийначу, эсалчу синан хазаллица кечдала хьовса. Иза Далла гергахь деза ду. Хьалхарчу заманчохь иштта хазлора Делан дикане сатуьйсуш болу сийлахь зударий, шайн майранашна муьтІахь хуьлуш. Масала, ИбрахІиме массо а хІуманна тІехь ладугІуш а, цунах шен эла олуш а яра Сарат. Нагахь шу диканиг а деш, дагахь кхерам хиларна сингаттам а боцуш Іаш делахь, шу Цуьнан йоІарий ду (1 Ки. 3:3-6).

Саратан лараме терго гуш яра, цо ИбрахІиман шен олахочун санна сий дечу а, цунна муьтІахь йолчу а хенахь. «*Олахо*» бохучу дешо цуьнан муьтІахье терго гойтура, ткъа муьтІахь хиларо иза кхерамна кІел цайоьдуш хилар гойтура. Кхерам — вон хьехамча ву. Кхерам белийла ду: «Сан Делах тешна

хуьлийла дац сайн майрачунна я муьлхха а кхечу олаллина муьтIахь хиларехь. Ас со паръян еза!» Диц цадер вай, билггал Дала, ткъа цхьа олалла дукха дезачу адамо а доцуш, муьтIахь хила омра дина вайна. Вай Цунна муьтIахь хуьлучу хенахь, Цуьнан лардарна хьакъ долуш хуьлий дIахIуьтту.

## ВЕСЕТ ХАРЦХЬАДАККХАР

Цхьаболчу зударша биллам боцуш муьтIахь хиларх лаьцна весет герзана схьа а эций, тIаккха муьтIахь хилар а хьакхалойла доцуш хилла дIахIотталц, цунах пайда оьцуш хиларх йолу, историш хазар сингаттаме ду. Суна хезнера, цхьаболчу тешачу майранаша церан зударшна, цаьрца цхьаьна «баккхичарна» йолу тамехь йоцчу видеошка хьежар тIедуьллура, сексуальни хьал айадалийтархьама, ткъа зударий царна муьтIахь хуьлура, Дезачу Йозанашкахь церан цунах лардар дац моьтту дела. Суна, шайн зударша церан дуьхьа харцдерг дийцар тIедуьллуш болу, цхьаболу майранаш гина, тIаккха цара и дан а дора. Суна, шайн зударшна динан тобанан гуламашка лела ца магош болчу, майранех лаьцна а хезна, тIаккха зударий муьтIахь а хуьлура цара тIедуьллучунна. Ишттачу хIуманашна муьтIахь хила мегар дац, цара Дезачу Йозанийн весеташ дохадо дела.

Кхин дIа гIор вай. Суна, майранаша шайн берашна я зударшна етташ болу хиламаш бевза, ткъа зударша уьш дIакъовлура. Берашна сексуальни ницкъбаран хиламаш а бара, ткъа зударша цхьа а хIума ца дора. Иза, Дала шайна тIехь олалла дIахIоттош долу, муьлхха а билламаш бохор ду, тIаккха зударий ишттачу хьелашкахь кхета беза, Далла, уьш юьстах а бевлла, хIумма а ца деш латта ца лаьа. Нагахь майрачун лелар гонаха болчийн дахарна кхерамтуьйсуш делахь, зуда ша а, бераш а цунах дIакъасто дезаш ю, тIаккха, иза кхоччуш дохковаьлла хиларх тешна хиллалц, юха ян ца еза.

Ур-атталла тIемало а, ондда стаг а волу, Дауд а ца лелара

паччахьан цIийнахь, Шаула гоьмукъаш кхуьссучу хенахь. Иза и дIа а тесна, гIум-аренгахь вехара, амма Шаулан олаллин агIонга шен сий даран терго цкъа а ца йойура цо. Дауд Шаулан олаллина дуьхьал ца гIертара, иза, цуьнан даггара дохковаларан я Делан бакъахьара кхел хиларе сатуьйсуш, и волчуьра дIаведдехь а.

## ДАЛА, КЪА ЛЕТО БУЬЙРАНАШНА МУЬТIАХЬ ВОЦУРГ, ДЕКЪАЛАВО

Олаллехь болчарна муьтIахь ца хуьлуш болу хиламаш а бу. ПирIуно жуьгтийн дуьнен чу довлуш долу бераш схьаоьцучу жуьгтийн зударшна божабераш дайа омра динера. Ткъа кхин дIа Делан Йозанашкахь яздина ду: «Амма Делах кхоьруш йолчу шина зудчо пирIуно бохург ца дора, цара кIентий дийна буьтура» (Ара. 1:17). Церан лелар Далла оццул тамехь хилла хиларна, Дезачу Йозанаша боху: «Шех кхоьруш и ши зуда хиларна, Дала церан шайн а доьзалш хилийтира» (байт 21). Везачу Эло къа лато буьйрана муьтIахь ца хиларна совгIат дира царна.

Синедриono Iийсан мурдашна омра дира «Iийсан цIе а ма яккха, Цунах лаьцна хьехамаш а ма бе аьлла. Амма Кипас а, Яхьъяс а жоп делира: «Ойла ейша шаьш а, нийса дуй Далла хьалха, Делал хьалха шуьга ладогIар? Цундела тхайна гинарг а, хезнарг а ца дуьйцуш тхо Iалур дац» (Век. 4:18-20). Как могли они подчиниться тем лидерам, когда Иисус уже сказал им: «Дуьне мел ду дIа а гIой, массо а адамашна дIакхайкхабе хаза кхаъ»? (Мрк. 16:15) Цаьрга ца далора! Синедриono мурдашна Iийсан весеташна дуьхьал лела омра дира, цундела цара иза ларame дIатеттира. Хьовсийша, Дезачу Йозанашца догIуш, церан сацамал тIаьхьа хIун хилира: «Векалша боккхачу ницкъаца тоьшалла дора Iийса-Эла денваларх лаьцна. Дала а къобалбора уьш» (Век. 4:33). Делах кхераро цаьрца сийлахь декъалалла а, ницкъ а беара.

Хlетте а вайна мурдийн лараме терго, я оццу синедрионна Пахlалан жоьпехь, муьтlахьхилар го. Иза цига валийначу хенахь, цуьнан шен ларваран дуьххьарлера дешнаш хlорш дара: «Таханлерчу дийне кхаччалц Далла хьалха цlеначу дагца ваьхна ву со» (Век. 23:1). И дешнаш хезча, Динан коьртачу дас Хьанаса шена хьалха лаьттачаьрга омра дира, Пахlалан бета тlе хlума тоха аьлла. Тlаккха Пахlала жоп делира: «Дала таlзар дийр ду хьуна, шалхонча!» Кхин дlа вай йоьшу: «Динан коьрта да сийсазво ахьа!» Пахlала элира: «Вежарий, суна ца хаьара иза динан коьрта да вуйла. Яздина ма ду: „Хьайн халкъана тlехь волчу куьйгалхочунна лен ма ле“, – аьлла» (Век. 23:4, 5).

Хьанас олаллехь болчийн векал вуйла хиъча, Пахlал шен тергонна а, аьллачунна а дохковелира. Мурдаш Дезачу Йозанашна дуьхь-дуьхьал долчу омранашна муьтlахь ца хуьлура, амма цара муьтlахь хиларан терго ларйора, шайна хаьа дела: «Дерриге а долуш долу олаллаш Дала дlахlиттийна ду».

## ДАНИИЛАН ЛАККХАРЧУ ЗАКОННА МУЬТІАХЬХИЛА САЦАМ БАР

Даниалан заманахь указ даьлла дара, нагахь цхьа-милла а паччахь воцчу муьлххачу делана я стагана lибадат дан майравалахь, иза цу сохьта лоьмаш чохь долчу саьнгар чу кхоьссина хир ву, аьлла. Хьагl йолчу а, айпечу а урхалчаша и закон ара а хецна, паччахь Дари цунна куьг таlо тешийнера, Даниал хlаллаквархьама. Даниала ур-атталла ойлаяр а ца магийраа, ишттачу законна муьтlахь хилархьама. Цунна Далла муьтlахьхилар гlолехь хетара. Иза назмаалархочун дешнашца лелара: «Суьйранна а, lуьйранна а, делкъахенахь а со латкъамаш беш а ву, узарш деш а ву, ткъа Цунна сан аз дlахезар ду» (Заб. 54:18).

Хьовсийша, Даниал муха лийлира: «Ткъа Даниал, паччахьо и омра чlагlдинийла шена хиъча, шен цlа чу вахара. Цуьнан лакха тlехь йолчу чоьнан кораш Ярушалаймехьа дlадиллина дара.

ХIинццалц ша дийнахь кхузза ма-дарра, гора а хIоьттина, шен Далла доIанаш а дина, Цунна хастамаш бира Даниала» (Дан. 6:10).

Даниалан муьтIахь ца хиларх лаьцна кхуззахь паччахье хаам бинера, тIаккха Даниал лоьмаш чохь долчу саьнгар чу ца кхоьссича цавелира. Амма муьтIахь хиларан терго хийца цалуш йисира ур-атталла нийсо цахиларан юьхьана хьалха а. Дала иза паргIат а ваьккхина, мецачу лоьмийн багош акъевлинера, тIаккха цуьнан ерриге а буьйсанна парггIат наб йойла хилира. Паччахьна хилларг гича, цо зуламе бартбархой саьнгар чу кхиссира, тIаккха дарделлачу лоьмаша уьш биира.

## ДАИМ ДИКА ЧЕКХ ЦА ДОЛУ

Дала и эвлаяаш Iожаллах кIелхьарбаьхна, амма иза даим ца хуьлу. Iебархошка Дахьийтарехь вай доьшу:

> Тешар хиларна, зударша шайн делла бераш, ден а луш, схьаоьцуш хилла. Цхьаберш, ницкъ а беш, бойуш хилла, амма цара паргIато схьаоьцуш ца хилла, тоьллачу дахарехь шайн дендалар хилийтархьама. Кхечара сийсаздар а, еттар а, буржалш а, набахти а лайна шайна тIехь. Царна тIулгаш а кхуьссура, уьш херхашца хеда а бора, тарращца байа а бойура. Чудаха цIа а доцуш, уьстагIийн а, гезарийн а кхекхий а хьерчийна, лелла уьш, халонаш а, баланаш а, наха шайна беш болу ницкъ а ловш. Дерриг а дуьненал лакхара болу уьш яьссачу аренашкахула, лаьмнашкахула, хьехашкахула, Iаннашкахула бевлла лелара (11:35-38).

Кху наха олаллехь болчийн агIор кIоршаме а, нийса йоцу а терго лайна.

Хьалххе хиллачу динан тобанан хьехархо хиллачу Тертуллиана (140-230 шераш в.э.), римхойн баьччанашна а, гражданашна а, церан тIаьхьабевлла леларо керсталла дIасадаржарна гIодар бен деш цахилар дагадоуьйтура. Цо

яздора: «Аша тхо дукха хӀаллак мел до, тхо алсам хилла дӀахӀуьтту. Керстанийн цӀий — иза хӀу ду» (Апологи, корта 50).

Аса, шайна тӀаьхьабевлла лелачу тешачийн дахар яздинчу, вевзаш воцчу римхочун дешнийн цитата ялор ю:

> Уьш шайн доларчу пачхьалкхашкахь бехаш бу, амма цкъачунна болу бахархой санна, бен доцуш. Уьш дилхалахь бу, амма догӀмашца бехаш бац. Цара шайн Ӏар-дахар лаьттахь доккху, амма церан деха меттиг стигалшкахь ю. ДӀахӀиттийначу законашна муьтӀахь бу, амма шайн дахарехь законел сов бу. Уьш ца безачарна шайн мостагӀаллин бух ца гайтало (*Диогнете дахьийтар*, корта 5).

Уьш муьтӀахь а болуш, аьлларг деш бара, делахь а уьш гуттара санна долчу муьтӀахьаллал шайн сий даран леларца сов буьйлуш бара. Юха а, вайна Кипин хьехамашкахь гуш махиллара, цӀена боцчу урхалчийн тергонехь тешачийн леларо кхетамах бохура шаьш урхалчаш, тӀаккха царех цхьаберш Везачу Элана тӀебогӀура.

## ЦХЬА А ХАМТАЛЛА

Бен дац, иза муха олалла ду — граждански, доьзалан, динан тобанан я социальни, — Дала вайга цуьнан муьтӀахьаллица а, аьлларг дарца а терго е боху, цо шу Дезачу Йозанаша *къаьстташ* къа олуш дерг дарна тӀетеӀадаллалц. «*Къаьстташ*» боху дош схьакъастор вай. Лакхахь хьаьвсинчу хиламашкахь тешаш берш муьтӀахь ца хуьлура цаьрга Дала леррина Къобалвинарг дӀатаса а, адам де а, кхечу деланашна сужда де я Ӏийсан цхьа-муьлхха а весет дӀататта а буьйра дечу хенахь. Цара цхьа а хамталла я емалдар ца магадора.

ХӀара ду, офисни гӀуллакхдарехь, шех лаьцна суна хезна долу, ишттачу хамталлин масала: «Динан тобанан Ӏуналхочо дийнан белхан хенахь адамашна консультаци а, царна тӀера

доІа а ма де аьллера соьга, иза-х Делан безам ма баций, ткъа безамехь ца лелар — иза къа ма ду, цундела со иза кхин дІа дан дезаш ву». Иза, олаллин кІел долчу адамийн агІор долу, емалдар ду. Иза хуьлуш долчуьнга церан хьажар ду. Динан тобанан Іуналхочо цаьрга Делан Дош дохор ца доьху, цу тІе царна документашца болх барна а, данниш вовшахъеттарна а я цхьа кхин къахьегарна а тІера мах луш бу, ткъа доІанашна тІера а доцуш.

Ма-дарра аьлча цу адамаша шайн муьтІахь цахиларна тІехула къоладар леладо. Нагахь церан кхечарна тІера доІа дар боккъал даг тІехь Іуьллуш делахь, церан динан тобанан Іуналхочуьнгара бакъо яккха деза, дийнан белхан зама йоцчу хенахь, и доІа дар оьшуш берш болчу лела. Амма нагахь Іуналхо хІетте а цу ойланан хьокъехь бегІийла ца хилар хаалуш велахь, хила тарло, цунна, белхалой оьшучарна консультациш ян хІинца а хила дезачу кепара кечам бина бац, аьлла, хета. Нагахь динан тобанан Іуналхочо цу гІуллакхдарехь нийса боцу сацам тІеэцнехь, цунна тІера цо Далла жоп лур ду, амма иза цуьнан олаллин кІелахь болчарна емалдарна сигнал хуьлийла дац. Ас бІенех цхьа масала бен ца далийна, амма духехь дерг изза дуьсу: вайн олаллехь болчарна муьтІахь ца хила, Дашана ган а гуш долу дуьхь-дуьхьал дерг долчу хенахь бен, бакъо яц.

ТІаккха хІетте а вайн хаттийла ду: «Ткъа хІун де, сан баьччано соьга со реза воцург дан омра дича? Я баьччано цхьа хаа а хууш хьекъале доцург дан омра дечу хенахь? Я суна доІанехь гинчунна дуьхь-дуьхьал долу цхьаъ де аьлча?» Цу хаттаршна жоьпаш аса тІаьхьабогІучу коьртехь лур ду, Дезачу Йозанашкарчу меттигашна тІе а тевжаш.

КОРТА 12

# ТКЪА ХIУН ДУ, НАГАХЬ БАЬЧЧАНО СОЬГА БОХУШ ХИЛЧА

*Вай тIегIерташ дерг, — иза, ша шех Делах лаьцна, олаллах лаьцна долу довзийтинарг ду, Иза а, Цуьнан олалла а декъалуш доцу дела.*

Вай дерриш а шайн баьччанашна реза боцчу нахана тIеIиттаделла. Цара, эвсара йоцчу кепашна я хьекъале боцчу сацамашна, тIаккха цара церан дахарна вон Iаткъам муха бо а, леткъамаш бо. Цара, баьччанаша царна цхьа билгалдолчу хIуманаш ваIда дина дара, тIаккха уьш хIинццалц а кхочуш ца хилла, боху. Наггахь уьш юханехьарчу низамехь хьалакхуьуш ду, аьлла, хетало. Уьш тешна бу, динан тобанан Iуналхочунна иза гуш ца хиларх, тIаккха хIинца, цуьнан олалла Делах къаьстина долуш хилар, лору. Иштта ойланаш яро, эххар а муьтIахь ца хиларна тIедалош йолу, леткъамаш барна неI дIайоьллу. Хан дIаер ю, тIаккха уьш Iехорна кIел а бахана, Дала царна церан хьалакхиарна а, лардарна а делла долчу, олаллах бевр бу.

# ХЬО ВОЦУШ ТХУНА ГІОЛИ ДАРА!

Исраилхой а иштта хьежарна тӀетевжина бара. Цара Мусан баьччалла эвсара доцуш а, тӀаккха ур-атталла хӀаллакьхиларе а лоруш хиларан хенаш а яра. Дериг иштта долалуш ца хиллехь а. ГӀум-аренгарчу дахарал тӀаьхьа Муса хиламийн юккъехь нисвеллачу хенахь, пирӀунна тіе вахале хьалха, иза исраилхойн къаношца цхьаьна а кхетта, цаьрца дагавелира, ша Везачу Эло муха вахийтина «Дикачу а, боккхачу а, шуьрех а, мазах а дуьзначу токхечу, канаӀанхойн а, хьетахойн а, эмархойн а, перезахойн а, хьаьвихойн а, явсайхойн а махка дӀадуьгур ду Ас Сайн халкъ» (Ара. 3:8). Иштта исбаьхьа керланиг а хезна, уьш цунах теша а тешна, Далла суждане бахара. Уьш баккхийберах буьзнера — хӀинца церан Дала ваӀда дина волу, уьш лоллера арабохун волу, баьчча вара.

Цаьрца цхьаьнакхеттачул тӀаьхьа, Мусас пирӀунна тӀе а вахана, Везачу Эло шен бага диллинарг ша-ма-дарра дӀаэлира цуьнга: «Везачу Эло, Исраилан Дала, боху: „ДӀахеца Сан халкъ яьссачу арахь Сан дуьхьа деза де хӀотто“» (Ара. 5:1).

Ткъа пирӀуно жоп лора: «“Мила ву И Веза Эла, ас, Цуьнга ла а доьгӀна, Исраилан халкъ дӀахеца? Суна Веза Эла а ца вевза, исраилхой ас дӀа а хоьцур бац?” ТӀаккха оццу дийнахь пирӀуно алсамъехира церан халонаш. Дераллехь цо шен тӀехӀиттийначаьрга омра дира: “Алссам болх ло царна, эрна къамелаш схьа а ца лоьцуш, цаьрга болх байта!”» (байт 2-9, цхьадерг юхадийцина ду).

Кхин царна ча луш дацара, ткъа кибарчигаш цара хӀора денна хьалхалеррачу барамехь ян езаш яра. Цу кепара, дийнахь церан кибарчигаш ян, ткъа буьйсанашкахь ча леха дезара.

ТӀаккха халкъ берриге Мисар-махкан лаьттахула ча лахьо дӀасадаьржинера. ТӀехӀиттийнарш къиза бара. Карахь шодмийн герзаш а долуш, цара кӀоршаме омранаш дора: «ХӀора дийнахь ян еззачул кибарчигаш йийр ю аша, церан дукхалла лах а ца деш!»

Ткъа пирӀунан тӀехӀиттийначара царна тӀехь дӀахӀиттийначу исраилхойх болчу тӀехьоьжучара еттара, иштта а бохуш: «Аша селхана а, тахана а, хӀинццалц ма-хиллара, хила еззачул кибарчигаш стенна ца йина?»

ТӀаккха исраилхойх болчу тӀехьоьжучара пирӀуне далхийра:

«Хьайн лешца иштта стенна лела хьо? Ча ца ло хьан лешна, ткъа кибарчигаш е боху. Тхуна тхох даьлла хӀумма а доцуш етта! Иза хьан тӀехӀиттийнарш бу бехке, далун доцург де бохуш, тӀе а дуьллуш».

Амма пирӀуно элира: «Шуна болх бан ца лаьа, аш мало йо, цундела боху аша: „Везачу Элана сагӀа даккха гӀур ду тхо“. ДӀа а гӀой, болх бе. Ча шуна лур дац, кибарчигаш хьалха еччул йийр ю аша».

ПирӀуно шен тӀедахкарш малдина доцийла а гина, исраилхойн къаной церан ладаме бохамаш хиларх кхийтира. ТӀаккха уьш пирӀун волчуьра арабевлча, цаьрга сатуьйсуш лаьтташ волчу Мусаца а, АхӀаронца а цхьаьнакхийтира. «Везачу Эло кхел йойла шуна аша пирӀунна а, цуьнан уллорачарна а хьалха тхан сий дайарна. Церан кара тур делла аша тхо дайийта» (Ара. 5:13-21, авторски гайтар).

ХӀинца исраилхой Мусан баьччаллах догдаьлла бара. Цуьнан кхайкхамо а, куьйгалло а царна тӀе беккъа бохамаш а, вонаш а бен ца дохкуьйтура. Царна Делан кхел хилар дехарера гуш ма-хиллара, уьш Мусан олалла Делан олаллах дӀакъесто буьйлабелира. Массо а хӀуманна хӀинца бехкениг Муса вара. Нагахь цо уьш хье ца бинехьара, пирӀун цаьрца иштта къиза лелар вацара. Уьш, берриге а хиламаш дӀабахарна тӀехь урхалла деш иблис я цхьа тилавелла баьчча а воцуш, ткъа билггал Дела вуйла ца кхийтира. ХӀинца Цуьнан коьрта Ӏалашонехь доцу цхьа а хӀума хуьлийла дацара. Дала Мусана пирӀун волчу ваха омра дира. Билггал Дала, ткъа иблисо а, я ур-атталла Мусас а доцуш, чӀагӀдинера пирӀунан дог! Иза

вайна масех байт ешча хуийла ду: «Везачу Эло дог а чІагІдина, пирІуно шен махкара дІа ца бахийтира исраилхой» (Ара. 11:10; хь. иштта Ара. 9:12; 10:1, 20, 27). ПирІунан дог чІагІ мел ло, ИбрахІиман тІаьхьенашна яха хала хуьлий дІахІуттура.

Даккхийн охьатеІораш динчул тІаьхьа исраилхой Мисар-махкара дІахецна бара, тІаккха уьш йоккхачу гІум-аренгахь нисбеллера. Хи а доцуш, чекхйолучу юучун коьчаллица а уьш хеттарш дан буьйлабелира: «*Мусас вайна паргІато а, шорто а хилийта ваІда ца динера ткъа*? Шайна тІехь шура а, моз а долу дика а, шуьйрра а латтанаш». Бакъдерг, бакъ ду: латта баккъал а доккха дара, амма шортонца дерг нислуш дацара — мичахь ю те ваІда дина йолу шура а, моз а?! ХІара ду цо шена суртхІоттош долу маьрша хилар а, шорто латтор а? Дала вахийтиний те иза хІетахь?

Кхаа дийнахь халонаш хьоьгуш некъ бинчул тІаьхьа, Мусас уьш Марра олучу метте балийра, цигахь царна хи карийра. Хила тарло, цара ойла йина хир ю: «*Дика ду, хила тарло, дерриг а дІанисдала долалуш ду*». Амма чІогІа кестта царна цу меттера хи мала мегаш цахилар карийра. Уьш шайн бІаьргех ца тешара, тІаккха юха а цатешаран хамталла айаелира. Уьш вовшашца шабар-шибарш а деш, Мусана реза цахилар гайта буьйлабелира, церан критика чІогІа хилла дІахІоьттира. Реза цахилар, ракови клеткаш санна, сихха берриге меттаматтехула дІасадаржа доладелира. Мусана уьш лоллера арабахар тоъал хууш хилла хила там бу, амма хІинца уьш кхечу лаьтта тІе муха бига беза ца хаьа те?

Халкъо Мусага а, АхІароне а леткъамаш бора: «Мисар-махкахь Везачу Эло тхо дайинехь гІолехь дара. Цигахь жижиган яйна уллохь Іара тхо, дуззалц даа бепиг а хуьлура. Аш тхо массо а хІокху яьссачу ара дайа далийна» (Ара. 16:3). ХІан, цуьнца дерг тоъал ду. Мусан баьччаллин хаарш дуккха а долчунна тІехь мегаш дац. Иза гучувалале уьш гІолехь бехаш бвцара ткъа? Дерриге а царна гинарг, Мисар-махкахь цо кхайкхам бинчул тІаьхьа, церан лалур доцу

охьатаIор а, халонаш а хилар дара. Иза чекхдер долуш ду я дац те?! Уьш цхьана халонех дIабевдда, вукхеран кIел бахархьама. Церан баьччано шена тIехь шура охьа оьху а, моз долу а хуьлуьйтур ду аьллера, амма цуьнан метта царна дакъаделла латта а, текхаргаш а, гIум-аренгара скорпионаш олу гезгаш а карийра. Схьахетарехь, церан баьччано дIадерза деза меттиг тIехъялийтина я вуьшта цхьа дика доцург дагадаийтина. Мел лахара а пирIун волчохь церан кхача бара, ткъа Мусана, моттарехь, уьш мацбан дагадеана. Мисарахь гIолехь дара, иза сецна бакъду! Церан леткъамаш, цара вовшашка иштта аларна, тIебаьхкира: «Ваьшна тIехь хьаькам а хIоттийна, Мисар-махка юхадоьрзур вай» (Ара. 14:14).

Амма хьовсийша Мусас хIинца кхоччуш Дала дIахIоттийначух буьзнаболчаьрга аьллачуьнга: «Везачу Элана хезна Шена шу резацахилар, цундела Цо сарахь даа жижиг лур ду шуна, ткъа Iуьйранна бепиг а лур ду. Сан а, АхIаронан а карахь хIумма а дац! Шу резацахилар тхойшинна дуьхьал дац, Везачу Элана дуьхьал ду» (Ара. 16:8).

Оцу нахана церан хамталла Мусана бен дуьхьал яц моьттура, амма цхьа а тайпана Далла дуьхьал а йоцуш. Цара, шаьш кхиаме цхьаъ вукхунах дIакъастийна хиларан, сацам бира. МуьтIахь хиларан агIонашца бахаран метта, уьш шаьш-шайн ойланаша лелош бара. Шайн гарна а, хьелашна а тIедоьгIначу, доза тоьхначу ойланаша лелош долу адамаш, ойланзачу некъа тIедовлу. Цара, олалла тIе а оьцуш, цунна муьтIахь болчу, цундела Килаб а, Нунин ЮшаI а санна, царна кечдинчу сатийсинчуьнга чоьхьа бевр болчарех къасталуш, шаьш хьовсийна дерг кхочуш ца до.

## ТКЪА НАГАХЬ САН КЪАСТАЛУШ ХИЛАР ДЕЛАХЬ?..

Аша шаьш, баьччанан сацамийн жамIаш гуш а, цу сохьта куьйгалла дечу а, исраилхойл хьекъалалле лара мегар ду. Шун шайх лаьцна, Нунин ЮшаIах терра, алсам синан лакхаллечу стагах

санна, ойла йойла ду. Хьаъа делахь а, аша-м билггал нийса ойла йийр яра, Муса бакъ вара аьлла, тIаккха цкъа а исраилхой санна, лелар дацара; шу даим а Нунин ЮшаIна юххехь хилла хир дара.

Кхоччуш хила тарло, амма хIетте а ларлуш хила деза, иштта хеташ дерг дале. Парушхой чIогIа лаьттара шаьш бохучунна тIехь: «Тхо тхешан ворхIе а да Iийначу хенахь даьхнехьара, оха тхайн дайшца пайхамарийн цIий Iанор дацара» (Мат. 23:30), амма Iийсас, церан, шайн ден дайн доллу, изза са хилла, аьлла. ЧIогIа дуьххьал дIа ду диканиг вочух къастор, берриге хиламаш хIинца хьол хьалха ловзийна а болуш, тIаккха царна дийнна книгаш лерина а хилча. Нунин ЮшаI цуьнан заманхойх къастош дерг, синош къастадаларехь а доцуш, ткъа билггал бакъдолу олалла тIеэца а, муьтIахьхила а цуьнан хьуьнар хиларехь дара. Цигара арадаьлла нийса дерг а, доцург а къасто ма-дарра долу хьуьнар.

Суна сайна тIехь дуккха болчийн, шайн и совгIат хилар а лоруш, тIаккха цуьнца цхьаьна муьтIахь доцу дегнаш долчийн, реза цахилар хаало. Ур-атталла тахана а, ас хIара книга язъечу хенахь, селханачул гена доцуш, соьга кехат кхаьчна, цуьнан авторан «къасто корматалла» ю, амма и корматалла «со, суо реза волччул, муьтIахь хир ву», бохучу тергонца кегийна ю. Иштта моьттуш болчарна, гIалате, шаьш нийсачу новкъахь лаьтташ ду, аьлла, хета.

## ХЬАН ХIОТТИЙНА ИЗА ТХУНА ТIЕХУЛА?

Аша хатта тарло: «Ткъа нагахь суна сан баьччано дIогара нийса боцу харжам беш хилар гуш хилча? Везий те со цунна муьтIахь хила, тхаьшка сатуьйсуш вонаш дуйла а хууш?» Сайн динан гIуллакхдаран шерашка юхахьежарца, суна, со тамцахиларан хаамо кIелвитар, дагаоьху: «Цара вон сацам бо! Цара Дела тIехволуьйту! Уьш вочу Iаткъамна кIелбахна. Сан цунна муьтIахь хуьлийла дац!» Долччул сих-сиха сан къарцалучу даго муьтIахь цахилар хоржура.

Со цхьана шарахь динан тобанан Iуналхочун административни белхан гIоьнчан даржехь гIуллакх деш вара, тIаккха суна, цу хенан юкъахь айса дуккха а болу сацамаш къийсаме биллина хилар, карийра. Суна, цуьнан омранаш динан гIуллакхдарийн баьччанашка кхачале хьалха, сайн стоьла тIехула чекхдовлуш гора. Ас барам боцуш дукхазза ойла йора, цуьнан распоряженеш хьекъалалле яц, бохуш, тIаккха даг чохь царех хала а хетара суна. Цкъа Дезачу Сино элира соьга: «*Сан хьоьга цхьа хаттар ду*».

Зедаларо, Дала сайга хаттар дечу хенахь, Иза сан харц хьекъалалла Iорадоккха воллуш хиларх Iамийнера со, тIаккха ас жоп делира: «Со ладугIуш ву, Веза Эла?»

«Ас Iуналхо мила хIоттийна — хьо я иза?»

Ас жоп делира: «Дера хIоттийна иза».

ТIаккха Цо сихха элира: «*Нийса ду. Цундела Ас цунна Сан хьуна гайта хьашт доцу хIуманаш гойтур ду, тIаккха дуккхазза а Ас цуьнан сацамийн хьекъалалла хьох сецор ду, кху Iалашонца, лелар вуй те хьо цунна тIаьхьахIоьттина, хьо Суна тIаьхьахIоьттина ма-хиллара, гархьама*».

Беттанаш дIадевлча бен Iуналхочун сацамийн хьекъалалла гуш дацара бисинчарна. Суна иза дийнан серлонгахь санна гора, тIаккха сайн бахьанашца кхетамах ваьллийла а кхетара, уьш муьтIахьхиларан агIонал хьалха дахкарца. ТIаккха билггал динан тобанашкахь а, доьзалшкахь а, бизнесехь а декъадаларан бахьана хилла дIахIиттинера уьш. Дала вайна церан хьекъалалла гучу а, царна тIетовчу а я цара вайга бохуш дерг тамехь хетачу а хенахь бен доцуш, доза ца тоьхна баьччанашна вайн муьтIахьхилар. Цо дуьххьалдIа элира: «МуьтIахьхила!»

ТIаьхьа Везачу Эло сан даге элира: «*Джон, нагахь Аса деккъа доIанера а, Соьца уьйр хиларера а хIорра тешаш волчо хаам схьаэцар а, хьекъалалла а, хьажор а дагадаийтина делхьара, Соьга цкъа а динан тобанехь олалла дIахIотталур*

*дацара. Аса, Сайн бераша дерриг а оьшуш дерг деккъа доІанан дахарера бен схьаоьцуш ца хилийтархьама, динан тобанашкахь баьччанаш дІахІиттийна. Царна Сан аз довзар а, хазар а церан баьччанашкахула а Іама деза*».

ТІаккха, баьччанийн хІорра сацаман я ур-атталла хилла даьллачун жамІех кхелъяран бахьанехь Деле кхайкхархьама, жоп луш вай дац. Цуьнца дерг и стаг дІахІоттийна Волчо дийр ду. Нагахь исраилхошна Мусан сацамаш даре бан бакъо еллехьара, уьш гена билггал гІур бацара, тІаккха долччул сиха, Мисар-махка юхабоьрзур бара.

Баьччанаша а, вай а чаккхенгахь отчет лур ю. Баьччанаша шайн сацамашна отчет йийр ю, тІаккха царна кхел вайначул алсам къовламе йийр ю. Цундела дІахьедо Іийсас: «...ларамаза гІалат даьллачунна кІезиг таІзар дийр ду. Дуккха а кхаьчначуьнгара дуккха а хоттур ду, дуккха а хІума шех тешна дитинчунна тІехь доккха декхар ду» (Лак. 12:48). Якъуба а иштта бохура: «Сан вежарий! Шуна юкъара кІеззиг нах бен ма хила хьехархой. Шуна хаьа, вайна еш йолу кхел мел чІогІа хир ю» (3:1).

Вукху агІор, вай ваьш муьтІаллехь муха даьхна хиларх отчет лур ю, олалла Делера луш долу дела. Векалдинчу олаллина дуьхьаллаттар — иза Делан олаллина дуьхьаллаттар санна ду. Вай баьччанан леларан сихделла мах хІотто майралла ваьшна тІеэца ца еза, иза бакъ велахь а я вацахь а. ХІума ма-дарра хилладаьллачул тІаьхьа а ян ца еза вай кхел. Иза вайн гІайгІа яц, амма Делан ю. Цунна бен ца хаьа дерриг а, муха ду а, тІаккха дегнаш хийца а ло Цуьнга, Цунна иза лаьа дела.

## БАЬЧЧАНАН ДОГ ДЕЛАН КАРАХЬ ДУ

Ас шолгІачу коьртехь бийцина болу, хилам дагабоуьйтур вай. Сан динан тобанан Іуналхочо цІахь динан гІуллакх дІакхоьхьу тобанаш дІаяхарх лаьцна дІахьедича, ас ойла йира, иза бакъ ца хилла а ца Іаш, амма ас иштта сацам бира,

цунна цхьаммо Іаткъам бина, сацаман тІаьхьалонаш суна тІехь хаалуш хилархьама, аьлла. Кхин цхьацца хІума а дара ас шех лаьцна аьлла доцу, тІаккха сан хьаькам волчу, офисан секретарах хьакхалуш долу а. Иза соьца дика вацара, тІаккха массо а кепара со офисера дІаваккха гІертара.

Цу гІуллакхна цо суна а, воккхах волчу Іуналхочунна а юкъахь декъадаларан пен хьалабоьттинера, тхох хІорранна а вовшех лаьцна тайп-тайпана вон хаамаш а олуш. Царех дукхах берш ма-дарра харц бара. Цу тІе цо офисехь суна дуьхьал дийнна аьшпийн кампани дІасаяржийнера. Белхан накъосташа, иштта офисехь болх беш йолчу сан зудчуьнга бохура: «Цо дуьххьалдІа шен кехаташ тІе хьан майрачун цІе стенна ца язйо?» Суна цуьнан гІуллакхех лаьцна хаьара, амма сан куьйгаш дихкина дара.

Воккхаха волчу Іуналхочо цІахь динан гІуллакх деш йолу тобанаш мукъаяьхначу хенахь, со, иза, цу стага харц шеконца ялийна, суна дуьхьал йина керла атака юйла, кхийтира. Со тешна вара, айса хьолан нийса «мах хІоттийна» хиларх. Суна со бехке воцу, бохам хилларг ву, аьлла, хаалора, цундела суна кхин Іуналхочун олаллина муьтІахь хила ца лаьара. Эххар а билггал и ма вара тила а вина, нийса боцу сацам тІеэцнарг. Мел лахара а ас иштта ойла йора. Везачу Элан, дуккха а долчу адамийн дахарш кІелхьардохун долу, бархІ баттахь дуьйллина болх бар діакхоссийла дара ткъа?! Билггал цундела дара баьччанийн гуламехь сан Іуналхочунна ткъа минотехь дахделла долу дуьхьалвалар. Со цигара сайн бакъхиларан а, бакъахьараллин а синхаамца дІавахара — амма тІаьхьа, цІахь, Дезачу Синан бехкеварна тІеІоттавелира со. ХІетахь суна, со адамийн а доцуш, ткъа Делан олаллица гІуллакх долуш хиларан кІорггера довзийтар деара.

Жимма тІаьхьа Везачу Эло сан даг чохь Дезачу Йозанашкара цхьа меттиг латийра. Оцу гІуллакхо кхечу цу тайпаначу хьелашка къаьсташ хилар а далийна, халонашна юкъахь некъ гайтира:

Паччахьан дог Везачу Элан карахь ду, хорша чуьра хи санна,
Шена луъучу метте дIахьажо йиш ю Цуьнан иза (Киц. 21:1).

Паччахь — иза, шуна тIехь олалла дан агIонга хIоттийнарг ву. ЦIена ву иза я къиза ву, хIетте а цуьнан дог Везачу Элан карахь ду. Байтехь ца боху: «Дикачу паччахьан дог — Везачу Элан карахь ду». Бен дац, муха Iаткъам бара цунна бинарг; цуьнан дог Везачу Элан карахь дуьсу, цундела вайна кхузахь хIара дешнаш карор дац: «Паччахь вочу Iаткъамна кIел ваххалц — цуьнан дог Везачу Эло урхалла деш ду».

## ТКЪА НАГАХЬ ВАЙ, ИЗА НИЙСА БОЦУ САЦАМ ХИЛАРХ ТЕШНА ДЕЛАХЬ?

Ткъа нагахь вай дуьххьалдIа дагадогIуш а доцуш, ткъа баьччано нийса боцу сацам тIеоьцуш хилар билггал хууш делахь? Ткъа нагахь вайн, баьччанна Iаткъам бийраш хаа а хууш долу хIуманаш хиларан, ма-дарра тоьшаллаш делахь? ГIо дарх лаьцна дехар дар хуьлийла дац ткъа? Вайн баьччанна гIо дархьама, цхьа хIума дойла дац ткъа вайн? Дера ду.

Эсират — дика масал ду цунна. ИбрахIиман тIаьхьенаш Парсихойн дукъа кIел кхаьчнера. ТIеман хьаькамо Амана царна дуьхьал зуламе Iалашо а хIоттийна, парсихойн паччахье Артаксерксе указна кIел куьг таIадайтинера, цуьнца догIуш берриге жуьгтий хIаллакбан безаш бара. Паччахьо ша билгалдаьккхинера де.

Паччахьан зуда Эсират ИбрахIиман тайпанах схьаялар долуш яра, амма шен ден вешин, Мардахайн, хьехарца, иза паччахьах къайладаьккхинера. Амма коьрта сацам баран меттиг тIееача, Мардахайс цунна тIе а веана, паччахьна хьалха шен халкъ лардеш дIахIотта дийхира цуьнга. Иза и гIуллакх цунна, еран кхел хилар санна, дуйла кхетара. Иза дерригенах а йолура, цхьа а хIума дола а ца доккхуш; иза паччахьан зуда яра,

шен къайле цхьанна а евзаш йоцу.

Эсирата халкъана гIодеш дIахIотта сацам бира. Кхаа дийнахь марха кхаьбначул тIаьхьа иза паччахьан чоьнаш йолчу еара, тIаккха Дала иза цуьнца дика хилийтира. Цо цуьнга цуьнан шега хIун дехар ду, аьлла, хаьттира, тIаккха цо паччахье, ша цунна а, Аманна а хIоттош долчу тойне вар дийхира. Иза реза а хилла, шен тIеман хьаькамца Аманца цхьаьна и йолчу веара.

ТIаьхьа цу суьйранна паччахьна наб ца кхетара. Цо дийнахь динчу дагалецамийн йозанийн тептар схьадан омра дира, тIаккха иза паччахьна деша долийра. ТIаккха цунна дагадеара яхIудхо волчу Мардахайс цуьнан дахар кIелхьарадаьккхинера, ткъа цу тIера цунна цхьа а совгIат ца динера. Цунна совгIат муха дийр дара ца хууш, иза Аманца дагавелира. Вукхунна иза цунна совгIат дан воллу моьттира, цундела иза «вевзашвоцчу» стагана совгIат даран хаттарна доккхачу комаьршаллица тIевеара. ТIаккха паччахьо Аманан доккхачу халахетарна, иза Мардахай хиларан хаам бира. Дала хIинцале кечдеш дара паччахьан дог, той дIадоьдучу хенахь, Эсират ала йоллуш долу дешнаш тIеэцархьама.

Юха той долчу хенахь, паччахь а, Аман а Эсират йолчохь волуш, паччахьо цуьнга цуьнан хIун дехар ду, хаьттира.

> Нагахь, паччахь, хьо суна реза а велахь, иштта паччахьан лаам а белахь, сан лаамца сан дахар а суна дуьтийла цо, сан къам а дийна дуьтийла цо сан дехарца. ХIара ду-кх сан хьоьга долу дехар, хIунда аьлча со а, сан къам а доьхкина ду хIаллакдан а, дайа а дагахь. Нагахь санна тхох леш дан дагахь доьхкина делахьара, аса паччахье хIумма а эр дацара, и хIума а дина, мостагIчо паччахьна хилла зе меттахIоттор доццушехь (Эси. 7:3, 4).

Кху историхь масех меттиг ю, шайна тIе тидам бахийта безаш. Цкъа-делахь, паччахьо кхераме а, ойланза а сацам тIеэцнера, амма хIетте а Эсират кхин дIа а сий дарца йистхуьлура цуьнга,

даг чохь муьтIахьхилар лар а деш. ШолгIа-делахь, цо шен хьекъалалла доккхачу эсалаллица доькъура, тIаккха шечунна а доцуш, цуьнан диканна кIел сиз хьокхуш. Иза дехарца йистхилира цуьнга, амма чаккхенан сацам тIеэцаран аьтто цунна шена а буьтуш. Цо ца элира: «Хьо, сонта майра, адам дуьйш волчунна хьалха лергаш а охкийна Iаш ву. Хьо хIун, ца кхета, иштта омра дича, хьо стенах вер ву?» Цо цхьана хIуманан бен рассчет ца йора: Дала цуьнан дог дерзор ду. Везачу Эло хийцира цуьнан ойла, тIаккха паччахьо зуламе Аман ирхъолла буьйра дира. Иштта туьраца байарх кIехьарбаьхна бара исраилхой.

Эсиратан билггал бакъдолу тоьшалла дара, ткъа дагадахкарш а доцуш, цуьнан баьччанан тоъал бакъдолу ма-дарра дерг долуш хиларх. Цо эсалаллица цунна тIе а еана, паччахье шега сацам тIеэцалун болчу кепара, гайтира хало. Цо иза лах а ца вора, охьа а ца теIавора, цуьнца манипулировать а ца дора. Иза дуьххьалдIа цуьнан олахочун дог хьажийна Долчу, Дезачу Синах тешна хилира.

## БИЛГГАЛ ДОЛУШ ДЕРГ ТОЪАЛ ДАЦ

Дезачу Йозанашкахь вайна го, баьччано гIалате сацамаш зуламе болчийн Iаткъаман кIел тIеэцийла хилла а ца Iаш, амма тоъал ма-дарра долуш дерг ца хаарна а дойла ду иза. Масалина Даудана а, паччахьан Шаулан а юкъаметтигаш ялор вай. Шовзткъа дийнахь пелаштамхойн меттаматтерчу дIуьтIано сийсазайора Делан арми. Цо шеца лата шайн уггаре а онда тIемало аравала кхойкхура, тIаккха тIеман чаккхе цхьа тасадалар бен доцуш, цхьалхадер дара. Даудана берриге а тIемалой кхерабелла а, дIуьтIанан кхерамаш тийсарна жоп ца далалуш, Iаш хилар гира. ТIаккха Дала цуьнан дагчу лата хьалхавала доьналла диллира. Амма паччахьо Шаула цуьнга а хьаьжна, элира: «ХIан-хIа. Хьо хIинца а жима стаг ву, тIаккха нагахь эшахь, вайн церан кара даха дезар ду» (авторски парафраз).

Даудна и хезча, иза къийса ца хIоьттира, амма доIа дира:

> Хьан лай шен ден уьстагIий дажош лелла ву. Нагахь санна, я лом, я ча а еана, цара жа юкъара уьстагI дIабаьхьча, царна тIаьхьа а воьдий, тIекхетий, церан багара иза схьабоккхура ас. Амма иза сайна тIекхетча, аса цуьнан кхес схьа а лоций, охьа а тухий, йоьра. Лом а, ча а йоьра хьан лай волчо. Изза хир ду оцу сунтваза волчу пIелаштамхочунна а, дийна волчу Делан эскарна кхиссарш еш волчу». Дауда кхин а элира: «Лоьмах а, ченах а со кIелхьарваьккхина волчу Везачу Эло со оцу пIелаштамхочун куьйга кIелара а воккхур ву (Шам. 17:34-37).

Цо паччахье шех лаьцна дуьйцучу хенахь, цуьнан дешнашкахь лерам хезаш бара. Цо, паччахьна хуийла доцург бохура, цундела тIеэцна бара паччахьо шен хьалхалера сацам. Цул тIаьхьа Дауд цуьнан баьччанан дог хийца Делан хьуьнарх тешна хилира. Иза, дерриг а Дала цуьнан дагчу диллинарг, паччахьан дачу дехьадериг хиларх, тийшира. Эсалаллехь а, муьтIахьаллехь а вуьсуш, цо Далла деш-лела магийра. Везачу Эло Шаулан дог дика дира, тIаккха вукхо элира: «Вало, гIо цига. Веза Эла хьоьца хуьлийла» (Шам. 17:37).

## ДАГГАРА ДЕХАР

АбигIала, баьччано сацам бинчул тIаьхьа, цунна хьалха дехар дарца муха хьалхавала веза гойтуш долу, библейски масалан гIуллакх до. И зуда къизачу а, вончу а хьалдолчу стагехь, Набалехь, марехь яра. Шаула кхин дIа а кхерам туьйсура Даудан дахарна, тIаккха Даудан отряд кхачин хьашт долуш яра. Цо Набале гIо дарх лаьцна дехар дахьийтинера; даздаран дийнан хан йолу дела, цунна цу стагехь юург карор юйла, хаьара. ХIетталц Дауда Набалан ялхой, дуьхьал хIумма а ца доьхуш, ларбеш бара.

Набала Даудан дехар дIатеттина а ца Iаш, амма емал а вира

иза. Цуьнан леларх лаьцна хиъча, Дауда дар а велла, виъ бIе стаг вахийтинера цунна бекхам бан. Иза Набал а, цуьнан нах а хIаллакбан воллура.

Цу гIуллакххах лаьцна шен ялхоша хаам биначу АбигIала, сихонца бепиг а, чагIар а, жижиг а, ялта а, якъийна кемсаш а, смоква а схьагулйира. ТIаккха иза, майрачунна а, цуьнан нахана а тIера дехар дархьама, Даудана дуьхьал яхара. Дауд гича, иза вира тIера охьа а йоьссина, цунна хьалха охьаюьйжира. ТIаккха цо дийхира:

> Сан эла, бехк суна тIехь хуьлийла! Хьан лай ерг хьайга йистхилийтахьара ахьа, соьга ла а догIахьара. Сан олахо, Набал боху и вон стаг, тергал а ца веш, витахьара ахьа. Шен цIе иштта хиларе терра – ша а ма ву иза. Цуьнан цIе, Набал, „Iовдал“ бохучух терра ю, ткъа, бакъдерг аьлча, и Iовдалалла цуьнца ю. Ткъа хьан лай йолчу суна ахьа бахкийтина болу хьан ялхой ца гина. Ткъа хIинца, сан олахо, дийна волчу Везачу Элах а, хьох а чIагIо йо ас, Везачу Эло хьоьга цIий Iана ца дайтина а, бекхам ца байтина а хиларна, хьан мостагIий а, хьуна дуьхьал мостагIалла лелош берш а Набал санна хилла дIахIуьттийла! ХIара совгIаташ хьан лай йолчу аса сайн олахочунна деана ду, цунна гIуллакх деш лелаш болчу кегийчу нахана дIадала. Хьан лай йолчу суна къинтIера валахьара хьо. Везачу Эло сан олахочун тIаьхье билггал чIагIйина дIахIоттор ю, хIунда аьлча Везачу Элан тIемаш схьабахьаш вогIуш ву сан олахо. Хьо мел веха зуламе дерг ца даьлла хьох. Нагахь санна хьо вен дагахь хьуна цхьаъ дуьхьалвалахь, сан олахочун са хьан Везачу Делан дахаран шедан юккъехь дIадихкина хир ду, ткъа хьан мостагIийн са Цо, ширдолагца кхоьссича санна, дIакхуссур ду. Веза Эла Ша лерина долу массо а дика сан олахочунна дина ваьлча, Цо иза Исраилан халкъана тIе баьчча вина дIахIоттор ву. Ша бехк боцучеран цIий Iанийна аьлла а,

иштта бекхам ца беш, кIелхьарваьлла аьлла а, чов хир яц сан олахочун дага тIехь. Везачу Эло сан олахочунна дика дича, хьан лай ерг хьуна дагайогIийла (Шам. 25:24-31).

Пункт пунктана тIаьхьа ас дагардийр ду цу зудчо шен майрачунна а, дерриге цIенна а, Даудана а динарг:

Иза Дауде боккхачу лерамца йистхилира, ша цуьнан лай хилар цкъа аьлла а ца Iаш

Цо Даудана а, цуьнан тIемалошна а, церан гIайгIабар гойтуш долу, комаьрша совгIаташ деанера.

Цо шен цIенна тIера дехар дора, дерриг а жоьпалла шена тIе а лаьцна. Цо ма-дарра аьлча иза шен «бехк» бу элира.

Цо Даудана, кхерарна ега а еш, цIий Iанор — иза къа хилар, гайтира.

Цо Даудана, бекхам Дала беш буйла а, Шен нигаташ кхочушдойла а, дагадаийтира.

Цо Дауде, важа Исраи-мехкан баьчча хилла дIахIоьттича, шех лаьцна дагадаийтар дийхира.

Аша хоттур ду: «Цу зудчо шен майрачун сий муха дира те?» Цо цуьнан дахар кIелхьардаьккхира. Цуьнан майрачо цу нахана а, Делан даьтта хьаькхна волчунна а дуьхьал къа латийнера. Нагахь иза цуьнан лелар бакъдан йолаеллехьара, цо Даудана алсам бахьанаш лур дара бекхам бархьама. Цо дуьххьалдIа ишта а карзахъяьллачу алуна тIе даьтта дуттур дара. ХIун пайда бу тIехуларчу сий даран, шун майрачун Iожаллица чекхдолуш хилча?

Цуьнан майрачун лерам ца бар, иштта гуш хилла хир дара: «Со дIайоьду кхузара, ткъа иза вуьсийла, иза и хила хьакъ долуш ву, иза хIумма а йоцу хIума йолу дела». Я, нагахь цо Дауд волчу а еана, аьллехьара: «ЛадогIахь, со цу гIулкхана цхьа а терго йолуш яц. Ас хьуна дерриг а оьшуш дерг дIалур ду. Суна сайн хьекъал доцчу майрачо динарг хезча, со юург схьа а лахьийна, хьо а, хьан нах а болчу схьаеана, амма со хьуна новкъарло ян ца йоллу, ваха а гIой, ве иза, иза хIумма йоцу а,

пайда боцу а хIума йолу дела. Цунна догIуш ду иза». Цу леларо сий дойур дара цуьнан майрачун.

Кхечу стагана тIера дехар даран, аша цуьнан лелар тергал деш ца хиларан маьIна дац; мелхо а аша иза тIеоьцуш ду. ТIаккха аша цунна а, кхелана а юкъа а хIоттий, олу: «Суна хаьа, иза кхелъярна хьакъ долуш ву, амма ас къинхетам бар доьху. Со, иза сайна тIе а эций, цуьнан метте дIахIутту».

Билггал иштта лела а лийлира АбигIал. Дауд кхел ян воллуш вара, ткъа АбигIал къинхетам бар деха араелира. Юха олу ас цуьнан дешнаш: «Гечдехьа хьайн лай йолчун бехкана».

Цо иштта бохура, Дауд бекхам кхочушбаран къинах ларвархьама. Делан Дашо омра до: «Бекхам а ма бе, оьгIазалла а ма латтае хьайн халкъах болчу нахе» (Iам. 19:18). Берте а хIоьттина, цо шен цIахь болчарна къинхетамалла, иштта Даудна бакъахьаралла а, лоьхура.

АбигIал лулахошца а, доттагIашца а эладиташ дуьйцуш ца лелара: «Хаьий хьуна, ма пайдабоцчуьнга маре яхана со. Иза суна гинчарах уггаре а воккха кхиам боцург ву». Цо шен майрачуьнга болчу цабезамна а, оьгIазаллина а, догдаларна а, лерам ца хиларна а я бекхам барна тIера ца элира Дауде. Цо дахарш кIелхьардахархьама бен ца бохура. Хьовсийша, стенна тIедалийра цуьнан дехар даро:

> Дауда АбигIале элира: «Хастам бу Исраилан халкъан Везачу Далла, хьо хIинца суна дуьхьал яийтина волчу! Декъала хуьлда хьан хьекъал а, хьо-хьуо а, бекхам беш соьга эрна цIий ца Iанадайтина йолу. Амма дийна волчу а, соьга хьуна зулам ца дайтина волчу а Исраилан халкъан Везачу Делах чIагIо йо ас, тахана хьо сихъелла суна дуьхьал еана ца хиллехь, Набалан цIийнах волу цхьа а боьрша стаг кханалерчу Iуьйренга ваьлла хир ма вацара». Дауда цуьнан карара цо еана йолу хIуманаш схьаийцира. Цо элира: «Маьрша хьайн цIа дIагIо. Хьоьга ла а доьгIна, аса хьан юьхь ларйина (Шам. 25:32-35).

ЦІа юхайирзича, АбигІална цуьнан майрачо шена дезде хІоттийна хилар гира. Иза ур-атталла шек вацара шех хІун хуьлийла дара. Цо цу суьйранна цуьнга хІумма а ца ала сацам бира. ШолгІачу Іуьйранна цо ша цуьнан дахар муха кІелхьардаьккхина дийцира. ТІаккха цуьнан дог дІатийра, иза тІулг санна, хилла дІахІоьттира. Итт де дІадаьлча Везачу Эло Набал вийра. Даудан я АбигІалан а доцуш, ткъа Делан куьйго беара бекхам стеган вонна.

## ДЕРРИГЕ ОЛАЛЛА ДОЛЧУН ДУЬХЬА

Мусан, цуьнан Ша Делан сацамаш къийса дезаш долучу хьелашкахь нисвалар нислора! Иштта цкъа хилла ца Іара. Хьалхарчу иштточу хиламе хьовсур вай. Исраилхоша къа латийнера, лалийначу деших стеран сурт а хІоттийна, цунна Іамалъярца. Дела царна оццул дарваларна, Цо Мусага, уьш берриш а хІаллак а бина, Мусах халкъ кхуллур ду, элира. ЛадогІийша, хІун элира Мусас:

> Амма Мусас шен Везачу Деле дехар дира: «Веза Эла, Айхьа боккхачу ницкъаца а, ондачу куьйгаца а Мисарара арадаьккхинчу Хьайн халкъана тІе Хьайн оьгІазалла иштта хІунда юссуьйту Ахь? Мисархошка хІунда бохуьйтур ду: „Уьш Мисарара Цо мекарлонца арабаьхна, лаьмнашкахь уьш байа а, лаьтта тІера хьаькхна дІабаха а“. Хьайн оьгІазло дІа а яккхий, дохко а валий, хІаллак ма дехьа Хьайн халкъ. Дагабахкийтахьа ИбрахІим а, Исхьакх а, Исраил а. Хьайх чІагІо а еш, Ахь цаьрга элира: „Стигалара седарчий санна, дукха тІаьхье лур ю Ас хьуна. Айса шуна чІагІо йина хІара латта шун тІаьхьенашна дІа а лур ду, иза гуттар а церан долахь хир ду“ (Ара. 32:11-13).

Кхузахь масех хІуманан тидам бан беза. Цкъа-делахь, Мусас муьтІахьхиларан синехь бохура, кхерарца а, вегорца а. ШолгІа-

делахь, Мусас даггара доьхура Деле; цо цкъа а тIера цаваларе ца доьхура. КхоалгIа-делахь, цо и дерриг а Ша Делан дуьхьа бохура, амма кху адамийн дуьхьа а доцуш. Шен духехь, Мусас бохура: «Ткъа Ахьа бIенаш шерашкахь схьаяьккхина йолчу репутацех хIун хуьлу те? Хьан цIе хIинца дерриге лаьттахь евзаш ю, ткъа Хьо иза бехъян лууш ву, долийнарг чекх а ца доккхуш». Мусас иза дукхахьолахь Везачу Элан дуьхьа деш хиллехь, цуьнан Цуьнан сацам къийса бакъо яра. Иза ша шен гIайгIа баро лелош вацара, амма цунна гонаха долчу адамех дог лазаро лелош вара.

Баьччане цхьана хIуманах лаьцна дехале хьалха, вай ваьшга хатта деза: «Хьанна оьшу иза хьалхарчу рогIехь?» Ур-атталла Мусас Делана Цуьнан ИбрахIимна динчу ваIданах лаьцна дагадаийтича а, хIетте а, цуьнан бахьана Везачу Элан хьаштех лаьцна гIайгIа барехь дара. Цо Делана Цуьнан дешан лараме хиларх лаьцна дагадаийтира. Мусан нийса Iалашонаш яра, цуьнан дог нийса дIанисдина долу дела. Иза Делан ялхо вара, цундела шех а, Исраилан кIентех а лаьцна ойла ярал хьалха, цо Цунах лаьцна ойла йора. Дала иштта терго йира: «ТIаккха Веза Эла дохковелира Ша иштта ойла ярна. Ша халкъана дийр ду аьлла зулам ца дира Цо» (Ара. 32:14).

Дала Шен сацам хийцина! Суна шун тидам цхьана ларамечу меттигна тIегулбан лаьа. Мусан иштташу кепехь къамел дойла дара Делаца, цул хьалха цо Цунна шен муьтIахь хиларх лаьцна дуккхазза а тешалла дина дела. Цу агIонан вайн заманахь лелаш хиларан хьокъехь, сан олийла ду, сан Лизица долчу дахарехь а, цхьаьна болх баран деххачу шерашкахь шайн тешаме хиларан тешалла дина, динан гIуллакхдаран белхан накъосташна юкъахь а ду, иштта адамаш. Церан, тхо долчохь хIинцца болх бан буьйлабеллачу, кхечарел чул, цхьана хIуманах лаьцна деха алсам шансаш а ю, аьттонаш а бу. Баьччанан гIуллакххех лаьцна бахархьама бакъо яккха хьакъ долуш хила веза. Ткъа цунна тIекхиар тешаме хиларехула а, цIена хиларехула а, муьтIахьхиларехула а хуьлу. ХIорраннан дац

баьччанан гIуллакхех лаьцна ишттачу кепехь бахар.

Билгалдаккхаре ма-дарра дерг хIун ду аьлча, Мусас Делан сацамах лаьцна кхечу адамашка ца дуьйцура, и сацам цо Делаца бен даре ца бора. Веза Эла цкъа оьгIазвахана ца Iара исраилхошна церан даим а Цуьнца реза цахиларна а, вовшашца шабар-шибарш дарна а тIера. Цунах а ишттта реза цахилар олу, ткъа Далла иза ца деза! Ишттта лелар чIогIа кхераме ду, тIаккха цунах дерриге некъашца кIелхьардийла а деза. Вай, вешан баьччано тIеэцначу сацамна шабар-шибарш а, леткъамаш а бечу хенахь, вай барт цахиларан а, бунт ярна а хIу тосу. Кхечу коьртехь, цу гIуллакхо шена тIаьхьа хIун емалдар тIеийзадо, гур ду вайна.

Сайн белхан накъосташца со кхоччучу бертахь хиларехь ву. Нагахь ас сацам тIеэцча, тIаккха, сан хаам тоъал ца хиларан бахьанехь, цара иза харц лоруш белахь, церан тIе а баьхкина, цунах лаьцна соьга олийла ду. Нагахь, суна сацам тIеэцарехь гIо дойла долу, керла ма-дарра дерш гучудовлахь, цара юха а тIе а богIий, царех лаьцна хаам бо. Цара, иза ишттачу кепехь хьалхахIоттийна хилархьама, цхьана ларамечух лаьцна доьхуш хила деза. Керла хаамаш бевзинчул тIаьхьа, ас цкъа хийцина ца Iа сайн сацамаш. ХIетте а, нагахь цара соьга цхьана хIуманах лаьцна дехахь, ткъа аса сацам ца хийцахь, тхо бертахь кхин дIа доьлху. Нагахь тхо цхьааллехь делахь, со цхьана хIуманна тIехь нийса вацахь а, Дала хIетте а лардо тхо. Цо со а, сан куьйга кIел болу берриш а ларбо, нагахь тхо цIеначу ойланашца дIаоьхуш делахь. Дауда аьлла: «Шеко а йоцуш, Хьоьга ладоьгIуш волу дела, цIена леларо а, нийсоно а ларвойла со» (Заб. 24:21).

## ТКЪА НАГАХЬ И ГIУЛЛАКХ, ДАЛА СУНА ГАЙТИНЧУЬНЦА, ХАДДОШ ДОГIУШ ДЕЛАХЬ?

Шун кхин хаттар а гучудала там бу: «Ткъа нагахь баьччано соьга, суна доIанехь гинчунна дуьхь-дуьхьал долу цхьа хIума бохуш делахь?» Дика хаттар ду, тIаккха и даре дан а деза.

Цунна жоп далархьама, со шолгІачу коьртехь далийначу масалина тІе юхавоьрзур ву. Синкъерамийн программа ярна тІехь болх бале хьалха, со тІетаьІІина доІанехь Веза Эла лоьхуш вара, тІаккха со иза Цуьнан ойла хиларх тешна а вара. ТІаккха тахханалц а со тешна ву, билггал Цо аьллера соьга иштта цІера динан тобанаш йолор, берриг а и мур суна ма-барра болу таллам нисбелла дела: муьтІахь хилалой те со, Цо сайна тІехь дІахІоттийначу олаллина.

Делан Йозанашкахь дуккха масалш ду, Дала Шен халкъ муха толлуш хиларан. Везачу Эло ИбрахІиме Исхьакх сагІина схьава аьллачу хенахь, Дезачу Йозанаша къаьсттина билгалдоккху, «Дела ИбрахІим зуьйш вара» (Дол. 22:1). Веза Эла Исхьакх вен Іалашо йолуш вацара, Цо ИбрахІимна лам тІе хьала а ваьлла, цигахь кхаа дийнахь Іан магийнера, тІаккха, цо хІинца куьг уьрсаца хьаладахийтича бен, ца сацийра иза. Далла ИбрахІимехь дерриге а цуьнан леларехь ласталур доцу тешаме хилар а, кхоччуш долу муьтІахьхилар а гира. Карор дуй те Цунна изза тахана вайгахь а?

Векало ПахІала Коринтхошка хьалхарчу дахьийтарехь Коринтерчу динан тобанна, тІаьхьадогІучу дахьийтарехь шен ойла хуьйцун долу, цхьадолу лелар тІеэца омра динера. Ша динан тобанна хьалха яздинарг хийца-ма-хицци, цо цхьа билгале дІахьедар дира:

> Иза аса яздинера, шу зийначул тІаьхьа, шу массо а хІуманна тІехь соьга ладугІуш дуй те хьажархьама (2 Ко. 2:9).

ПахІала царна омра цхьана Іалашонца бен ца динера: уьш олаллехь болчарна муьтІахь хуьлий те таллархьама. Сан, дуккха а шерийн дохалла динан тобанан Іуналхочун гІуллакхдеш хилла волу, цхьа чІогІа хьекъалалле доттагІ ву. Цо, шен белхан накъосташна юкъахь муьтІахь цахилар муха гучудоккхура, дийцира суна — цо царна цхьа-муьлхха а

маьIна доцу тIедиллар дора. Цо соьга элира: «Джон, кестта со бунтарийн бур-бур дар а, леткъамаш бар а хаза волалора. Ас иза цхьалхадоккхура, ткъа тIаьхьа хьалхалерчун метта хIинца гIеххьа тIедиллар дора».

ПахIала коринтхошна, уьш массо а хIуманна тIехь, шайна тIедиллинарг кхочушдеш муьтIахь хир буй те, таллархьама омра динера. Кхузахь коьрта дош массо бохург ду. Цуьнан омра хала кхочушдойла долуш дара, цо ша-шех билггал йолу Iалашо дIахьора, аьлча а, нагахь цара, цо царна тIедиллинарг кхочушдахь, хIета цара муьлхха а кхин задачаш а кхочушйийр ю.

Изза динера Дала ИбрахIимца а. Цо цунна уггаре а чолхе задача карийнера: ИбрахIим уггаре а коьрта а, хьоме а дерг дIадала дезаш вара — ткъе пхеа шарахь цо ладегIна долу, сатийсар. Иза ша ИбрахIим тIекхиъна волу хIума дацара; иза Дала цунна доIанехь ваIда динарг дара. Цунна цу кхерчана тIе ша дIавижар дуьххьалдIа дара, амма Далла уггаре а хьомениг дезара. ТIаккха нагахь ИбрахIим цу тIехь муьтIахь нисвеллехь, хIета схьахетарехь, иза дерриге дисинчунна тIехь а муьтIахь хир вара!

Сан динан тобанан воккхахволчу Iуналхочо, хIетахь суна уггаре а хьоме дерг дитар дийхира соьга. Со кегийрахойн проектана тIехь дуккха а беттанашкахь болх беш вара, тIаккха иза массарна хууш а дара. Сан бIаьргаш чохь иза Делан Пачхьалкхана дайна долу синош дола дахаран маьIна долуш дара. Иза суна кхиамечу кегийрахойн динан гIуллакхдарна догIа дара. Карти тIе йиллинарг сан репутаци яра, аса иза Делан лаам хилар чIагIдеш долу дела. Суна доIанехь айса цу программина тIехь болх кхин дIа бан безаш хилар хезара. Суна, иза сайна таллар нислурдуйла, ца хаьара. Цкъаццкъа вай, иза Делан таллар дан а дуйла, ца кхета, цо вайн дог дерзина доккху дела.

Сан синкъерамаша дуккха а синош кIелхьардаларна тIедаладойла дара, делахь а Дела вайн вешан кепаша Цуьнан болх кхочушбаран а доцуш, амма Цуьнан авторитет вайн

дегнаш чохь гуш хиларан алсам гIайгIа беш ву. Иза — Веза Эла ву; Цуьнан, дайначу синошна муха тIекхиадезаран, дуккха а кхин керла ойланаш ю. Ткъа хийцадойла доцуш дерг хIун ду, адамийн даг чуьра муьтIахьхиларан агIо ю, и йоцуш адам Пачхьалкхе чоьхьа ца далало, тIаккха муьтIахь доцчу дагна кхин харжам бац.

Вай вешан дегнаш чохь цхьа компромисс йоцу а, чолхе а агIо чIагIъян еза. Дала адамна Шен олалла векал ма-диннехь, Цо хIинца иза юха схьа ца доккху. Цхьаъ бен доцу юкъахдалар кхузахь, баьччано, яздина долу Делан Дош я законаш, нийсса дохош хиларан хилам бен, хуьлийла дац. Ткъа Дала, Цо дIахIоттийна волу баьчча цкъа а дIатоттур вац. Вайн, ваьш Далла бен отчет яла ца дезаш, векалдина олалла тергал ца дойла дац. Мусас цу агIонах лаьцна Исраилан гарийн баьччанашка бохура:

> Исраилхойн тайпанийн куьйгалхошка Мусас элира: «Везачу Эло вайна хIара тIедуьллу: Нагахь цхьаммо Везачу Элана нигат дахь, я, шен сих дуй а бууш, цхьа хIума дан ша дехкахь, цо шен дош дохо ца деза. Ша дийр ду аьлла, тIе мел лаьцнарг кхочушдан деза цо. Нагахь шен ден цIахь Iаш йолчу йоIстага Везачу Элана нигат дахь, я, шен сих дуй а бууш, цхьа хIума дан ша дехкахь, ткъа цу йоIан дена, цо дина нигат я, шен сих дуй а бууш, цхьа хIума дан цо дехкар дIахезча, дуьхьало а ца еш иза IадIийча, йоIа мел дина нигат а, цо, шен сих дуй а бууш, кхочушдан ша дихкина хIума а кхочушдан деза. *Ткъа нагахь цу йоIан дена, и хIума дIа а хезна, цо дуьхьало яхь, цо мел дина нигат а, я цу йоIа, шен сих дуй а бууш, кхочушдан ша дихкина мел долу хIума а кхочушдан дезаш дац. Везачу Эло цунна гечдийр ду, цу йоIан дас цунна дуьхьало йина дела* (Лел. 30:2-6, курсив авторан).

Мусас чIагIйира и агIо, цунах зудчун а, майрачун а юкъаметтигех пайда а эцна. Дела, лаккхара я нийса олалла,

векалдинчу олалло цхьалхадаькkхинчунна тIетевжа. Цо дIадаькkхинарг аннулировать а до. Везачу Эло лерам бо Шен векалдинчу олаллин. Къона зуда ден, ткъа зуда — майрачун олаллин кIелахь йолу дела, Дела деца я майрачуьнца гIуллакх долуш хир ву, ткъа зудчуьнца а доцуш.

Дезачу Йозанаша и агIо доьзална хилла а ца Iаш, амма векалдинчу олаллин ерриге йисинчу сферашна а дIасаяржийна. ТIаккха суна юха а кхунна кIел сиз хьакха лаьа: олаллехь болчара вайга, Делан весеташна дуьхь-дуьхьал долу цхьа хIума дан омра дича бен, ца хуьлу юкъахдалар. Суна гIайгIане ду динан гIуллакхдархойн билгалдаккхарш хаза: «Сан динан тобанан Iуналхочо ца магийна суна иза дан. Цунна Дела ца хеза, цундела ас иза кхин дIа дийр ду, амма хьийзачу некъашкахула ваха дезар ду». Бен дац, хьуна доIанехь хIун хезна; хьо бунт еш ву Делан олаллина дуьхьал, нагахь хьан леларш хьан дахарехь баьччанийн тIедилларш хаддош догIуш делахь!

Масалш дукха дало мега. Вайн даг чохь довзийтаран хаар летча, дуккха долчу хаттаршна жоп догIуш а, дуккха йолчу халонийн цхьалхаяхар карош а хилар, карийна суна. Дера, кху книгин дерриге масалш а, кхетораш а шена чу тарлойла дац. Кхузахь вай олаллах лаьцна довзийтар схьаэца гIерта, аьлча а Ша Делах долу довзийтар, Иза а, Цуьнан олалла а декъалур долуш доцу дела. Со хIинца дешхьалхенгахь вистхилла шуьга: шаьш хIара книга ешаре терра, Деле кхайкха дуьйлало, тIаккха шайн даг чохь дикачу муьтIахьхиларан агIо латаяр деха Цуьнга. И ца дахь, шу ешна девлча, шун кхин а сов хеттарш гучудевр ду.

ТIаьхьабогIучу коьртехь, нийса доцчу лелаaран муха терго ян еза а, вайн хьокъехь кIоршаме лелачу баьччанна муха жоп дала деза а, хьовсур ду вай. Делан вайна кху хьелашкахь сийлахь Iалашо хилар, гур ду вайна.

КОРТА 13

# БАКЪАХЬАРА ЙОЦУ ТЕРГО

*Холчуваьлла хилар ледара хилар бохург дац. Иза вайн олаллехь болчарна муьтIахьхиларан хьокъехь ду.*

Делан, вайн Ден, Цунна вайн дахарехь кхочушъян луу, билгалйолу Iалашо ю. Амма сихха дIахьедан лаьа: со ала воллуш дерг, оццул гIарадаьлла доцуш а, тамехь доцуш а, я лазам боцуш а хила мега, амма иза нийсса вайна мехала хилар долуш ду. Далла вай холчудаха лаьа. Дезачу Йозанаша цунах лаьцна иштта боху:

> Ас сагIа доккхур дара Хьуна, амма Хьуна ца деза иза. Хьайна лерина дийнаташ дагорна а Хьо реза вац. Доьхна са – иза Далла луш долу сагIа ду. Дохкодаьлла а, муьтIахь долу а дог Ахь дIатоттур дац, Дела (Заб. 50:18, 19).

> Цо Ша дог доьхначарна уллохь гойту. Дог диллина Iаш берш а Везачу Эло кIелхьарбоху (Заб. 33:19).

Везачу Элаца юххера юкъаметтигаш кхоллархьама хилаза ца болу биллам холчудаьлла дог ду. ТIаккха и процесс тамехь

йолчарех ца нислойла делахь а, Цунна юххехь хиларан ерриге а хуьлийла йолчу халонийн меха нислойла ду. Дауда иза хIинца а къоналлехь схьаэцна. Цуьнан деган хьал, цо Забурехь бохучуьнца талла мегар ду. Дог доьхна хилар сагIина дохьуш долчуьнгахула а доцуш, амма муьтIахь хиларехула догIуш ду.

## Дог доьхна хиларан олаллица гIуллакх ду

Масал далор ду ас. ТIеман дин гIуллакх дан мегаш бац, иза хахка Iамабаллалц я дог доьхна хиллалц. Иза, говрийн бедан чохь лаьттачу, кхечу говрел ондда а, чехка а, хьекъале а хуьлийла ду, амма иза дог доьхна хиллалц, тIамехь цунах пайда эца ца мега. Берриге а цул кIезиг болу динаш тIаме гIур бу, ткъа иза чохь лаьттар бу. Дог доьхна хилар ледара хилла дIахIотта бохург дац, амма олаллина муьтIахь хилар ду.

Динца болчу хиламехь — иза бере ву. Нагахь дин кхиаме хахка Iамийна а, тренировка йина а белахь, цунах массо а хьелашкахь тешна хила мегар ду. Иза, гобаьккхина шок етташ шокъалиш я пхерчий детташ долчу хенахь, тIом марсабаьлча бегор бац. Таррийн а, дагарийн а татанехь иза юхабер бац. Тоьпийн а, яккхийчу тоьпийн а лелхарш даьлча, иза беречун командашка ладугIучуьра соцур бац. Иза шен долахочунна чIоггIачу муьтIахьхиларехь буьсур бу, цуьнан долахо милла велахь а. Цо ойланехь а магор дац, ша ларбархьама я беречун команданашкахь шена пайда карорхьама.

Иштта дог дохаран процесс хIоранна а Ша Везачу Элан Iалашонашца догIуш, индивидуальни а, шатайпа а ю. Иза, процесс маца чекхъяьлла ю а, тIаккха хьо, Иза хьо дIахIотто лууш волчу, динан гIуллакхдарна кийча маца ву а хууш Волу, Цхьаъ бен воцург ву. ХIора керлачу барамо шена тIаьхьа керла «хахка Iамор» тIеийзадо.

Суна дика дагадогIу, со тIаьххьара эсалалле муха валийра. Сан динан гIуллакхдаран хан тIекхачале дуккха а хьалха, со

хIинцале даггара динан гIуллакх дIакххехьаран керлачу бараме вала кийча хиларх, тешна вара. Ас тешна хиларца дIахьедира: «Со кхоччуш Хьан олаллина муьтIахь хилла. Суна, Ахьа со тIекхайкхинчу динан гIуллакхдарна кийча вуйла, хаьа». Амма суна гонаха алсам хьалакхиъна болчу тешачарна, со хIинца а оьшучу хьолана гена вуйла хаьара. ТIаккха, долччул а сиха, со, мийраш а бетташ, дIаса а тоьттуш, сетта а сетташ, массо а тайпана сайн бакъонаш ларъярца, вер вара керлачу бараме.

## ТКЪА БАКЪАХЬАРА БОЦЧУ БАЬЧЧАНИЙН ХЬОКЪЕХЬ МУХА ДУ?

Говрашца санна, вайн дог дохаран процесс вешан олалле йолчу тергонца йихкина ю. И процесс Дала вайх хIоранна а кIелхIоттайо, амма цо даим а баьччаллин кепех цхьаъ шена юкъаялайо. Цу бахьанехь Кипас яздина:

> Везачу Элан дуьхьа адамна тIехь урхалла дечу Iедална муьтIахь хилалаш… Леш, шайн элашна хила ма-деззара муьтIахь хила, шайца дика а, эсала а болчарна хилла ца Iаш, шайца буьрса болчарна а (1 Ки. 2:13,18).

ХIинцалерчу маттахь аьлча, ялхой ала мегар ду тIелаьцна болчу белхалойх а, студентех а, динан тобанан декъашхойх а я могIарерчу гражданех а. Олахой хуьлийла ду белхаш луш берш а, хьехархой а, динан тобанан баьччанаш а я пачхьалкхан олалла дечийн органаш. Дукхахболчу хиламашкахь вайн баьччанаш дика а, комаьрша а бу тIаккха вайна уьш беза а беза. Царна муьтIахь хила атта ду. ХIетте а Дала вайга дикачарна а, комаьршачарна а бен доцуш, амма луьрачу адамашна а муьтIахь хила омра до!

Грекийн маттахь «луьра» бохучу дешан меттехь *сколиос* боху дош ду лаьтташ. Тайеран Грекийн дошамо цу дешана

иштта билгалдаккхар ло: «цIена воцу, телхина, зуламе, нийсо еш воцу, эхь доцу а». Вайнан дошамо билгалдоккху и дош «къизачу я нийсо йоцчу олахошна» догIуш хилар билгалдоккху. Бохий те вайга Везачу Эло иштточу баьччанашна муьтIахь хила?

Кхечу гочдаршка доьрзур вай. ХIара ю Керлачу БIешеран верси: «Дика а, эсала а болчарна хилла а ца Iаш, амма иштта цIена боцчарна а». ХIинцалера Ингалсан Верси: «Иштта лела дика а, гIайгIа беш а болчийн дуьхьа хилла а ца Iаш, амма иштта къиза болчийн дуьхьа а». Керлачу Американски Стандартан Делан Йозанаша боху: «Дика а, эсала а болчарна хилла а ца Iаш, амма иштта хьекъале боцчарна а»[10]. Вайн и весет тIехдолийтийла дац, цундела цу чохь Делан хьекъалалла лоьхур вай.

Кхин дIа Кипин дешнаш кхетарна кхин тIе а чолхе хилла дIахIуьтту. Цок хин дIа боху: «Ларам бу стеган, нагахь санна *бехк а боцуш таIзар ловш* велахь, Дела вуйла а хууш» (1 Ки. 2:19, курсив авторан).

Суна, сайн зудчуьнца а, боккхаха болчу кIентех цхьаьнца а хилла болу, хилам дагабогIу. Цунна, цуьнан вешина чул алсам терго еш хилар, хетаделлера, тIаккха цо иза нийса цахилар лорура. Цо протест йора: «Нан, иза нийса дац!»

Сан зудчо паргIат жоп делира цунна: «КIант, дериг дахар а ду бакъахьара доцуш!»

Иза цуьнга хьаьжира, иштта ала воллучуха санна: «Иштта дерг муха алало хьоьга? Хьо-х сан нана ма ю».

Лизас хьаьттира цуьнга: «Нийса дарий, Iийсас вайн таIзар дIа а даьхьна, жIара тIехь валар, Цо цхьа а вон хIума дина доццушехь?» КIентан бIаьргашца гуш хилла дIахIоттира, цо и хьекъалалла схьаэцна хилар. Иза дIатийра. Кипас кхин дIа бохура: «Шу цунна *тIекхайкхина* долу дела». Ас кху байтах лаьцна кхайкхам бечу хенахь, ас дукха хьолахь адамашка

10 Делан Йозанийн гочдарера кхаа ингалсан версишкара хIора дешан гочдар: The New Century Version, The Contemporary English Version, The New American Standard Bible. — Билгалдаккхар гочдархочун.

Делан Йозанех дӀахадар а доьхий тӀаккха иракарахӀиттадо уьш: «ХӀорраммо а хӀара дешнаш ала: “Со кхунна тӀекхайкхина ву!”» Вай даим а дахарехь вешан тӀекхайкхина хиларх лаьцна боху. ХӀета, царех цхьаъ тӀеэца. Хьовсийша, хӀун аьлла Кипас: «Шу оцу балхана кхайкхина ма ду [иза шун хьовсийна хиларх дӀакъастадойла долуш дац]. Дала леррина Къобалвинарг а, шун дуьхьа баланаш а лайна, Шена тӀаьххье шу дахкийта [Ша Шен] масала а гайтина ма ву» (1 Ки. 2:21).

Цо бала муха хьегна? Кипас хьалха йогӀучу байтехь кхетийна: векал дина долчу олаллин агӀор бакъахьара йоцу терго. Наггахь Дала, вай, олаллехь берш вайца Даудца а, Юсупца а, Даниалца а, Векал волчу ПахӀалца а, кхин болчаьрца а санна, нийсонца ца лелаш хиларан, хьелашка хӀиттадо. Вайн хьовсийна хилар стенца ду аьлча, вай дерригенна тӀехь нийса толам боккхуш чекхдийларца ду, тӀаккха Ӏийсас вайна, цуьнца муха ларо дезаран, Шен юьхьша масал дитина.

Хила тарло, шуна хатта луур ду: «Вай баьччанийн нийса йоцчу тергонах баланаш хьоьгуш хиларехь, хӀун дика ду?» Цу ойланан маьӀна вайн Ӏаламехь йолчу ойланца хаддош йогӀуш ю, логикица иза кегаре хета дела. ХӀетте а Делан хьекъалалло ишттачу тергонехула кхаа некъаца муьтӀахь долу дог кхуллу. Цкъа-делахь, цу гӀуллакхо Делан бакъйолчу кхелана меттиг паргӀатйоккху. ШолгӀа-делахь, цу гӀуллакхо вайгахь Дала леррина Къобалвинчун амал кхиайо. КхоалгӀа-делахь, ишттачу куьйгаллина вайн муьтӀахьхиларо Везачу Элан сийлалла кхайкхадо.

ПахӀала урхалла дечу олаллехь болчарна муьтӀахьхиларан анализ ишттачу дешнашца дӀайиллина: «Цкъа а бекхамаш бан ма гӀерталаш, ткъа иза *Делан* кара дӀалолаш. Яздина ма ду: «„Бекхам Соьгахь бу, Ас хьакъ дерг дӀалур ду“, – боху Везачу Эло» (Рим. 12:19). Лардар а, нисдалар а, бакъдар а, я кхин догӀуш долу жоп Делан карара хила дезаш ду, ткъа адамийн а доцуш. Ша шен бакъвеш волу стаг, Дала леррина Къобалвинчун эсалаллах волу.

Iийсан чул алсам олалла долуш цхьа а вацара, делахь а Иза цкъа а бехказа цавийлара олаллехь болчарна хьалха.

Кипа тIетевжаш хиллачу, ма-дарра долчу хьолана тIедоьрзур вай, — Iийсана тIехь кхел яр: «Динан коьртачу дайша дуккха а хIуманна тIехь бехке вора Iийса[11]» (Мрк. 15:3). СуртхIоттадейша шайна, теш волчо бохучу дерригенах а Iийсана дуьхьал пайда эцна хир ду. Цигахь тоьшалла деш хилла долу адамаш динан а, политикан а баьччанаш бара Цуьнан халкъехь. Уьш Iаткъаме а, лараме а нах бара, амма цаьрца бакъдолчун моттаргIа а ца хезира. Цара ма-дарра долу харцдерг бохура, амма Iийса Ша бехкевечарна хьалха вистцахуьлуш а лаьтташ, ларвеш а вацара! «Пулата юха а хаьттира Цуьнга: «Ахь цхьа а жоп ма ца ло? Хьажал, Хьуна дуьхьал мел дукха бехкаш балабо». Амма Iийсас оцу хаттарна кхин цхьа а жоп ца делира, ткъа Пулат цунах чIогIа цецвуьйлура» (Мрк. 15:4, 5).

Пулат кхелахочун дaржехь цу лаьтта тIехь уггаре а лакхарчу меттигехь охьахиъна вара. Дуккхазза а, шаьш бехкебеш болчара, таIзар дечуьра кIелхьарбовлархьама, маьхьаршца шаьш лардеш хилар гинера цунна. Нагахь кхело сацам кхайкхийча, уьш я туьрме чу кхочура, я уьш махках бохура, я бойура. Лакхахь хIинца кхин цхьа а апелляционни кхелъяр дацара. Пулатана цхьаазза а ца гинера бехкевеш верг вистцахуьлуш Iар. Цунна, баьччанаша Iийса суьде хьагI хиларна валийнийла, хаьара, тIаккха царна Цунна уггаре а луьра таIзар — ирхъоллларехула дан лаьара. Цунна иштта, Iийса цу наха хьалхавуьллуш ма-хилла верг, воцийла а хаьара. ТIаккха хIетте а Iийсас Ша ларвар дIатеттира. Цуьнан паргIатхиларо инзарваьккхинера прокуратор.

Iийсас Ша лар хIунда ца вора? Бахьана хIара ду: Цуьнан Ден кхелана а, тIаккха цу кепара Цуьнан ларваран а кIелахь висархьама. Кипас аьлла: «Ша сийсазвича, Цо дуьхьал вон дош

11 Гочдина ингалс маттера (New King James Version). Делан Йозанийн Синодальни гочдарехь байтан «ткъа Иза цхьа а жоп луш вацара» боху дакъа дац. — Билгалдаккхар гочдархочун.

ца олура, Ша бала ловчу хенахь, кхерамаш ца туьйсура, амма нийсо ечу Кхелахочун кара Ша дӀалора» (1 Ки. 2:23).

Вай ваьш лардар дӀатесча, вай Делан ниӀматан а, кхелан а куьйга кӀел дуьсу. Кхин сов кхерамазалле меттиг карайойла дац: «Мила ваьхьар ву Дала хаьржинчарна дуьхьал вала? Цхьа а вац-кх! Дала бакъбеш ма бу уьш» (Рим. 8:33).

ТӀаккха бӀостанехьа, шаьш ларбеш берш, бехкебечийн юрисдикцин кӀел кхочу, аьлча а емалдаран, тӀаккха цу кепара делаллин юкъагӀертарх бовлу. Суна, сайна тӀехула хӀоттийначу, цхьана баьччанна хьалха бехказвийла дезна, хьал дагадогӀу. Цул тӀаьхьа Дала суна жимо гар делира. Суна, сайна юххехь лаьтташ, куьйгаш букъа тӀехьа лаьцна волу, Веза Эла гира. Иза суна оьшуш долу гӀо ца деш, дӀахилира. Аса суо бакъвар саца ма-диннехь, Иза суна гӀо дан волавелира.

Ӏийсана цкъа а Шен лаккхара Кхелахочух лаьцна диц цалора, ур-атталла векалдинчу олаллина хьалха лаьттачу хенахь а. ДагадогӀий шуна, паччахьан дог Везачу Элан карахь ду. Ша ларвар дӀатасарца, Ӏийса дерриге цхьалхадаккхаран дохалла, Делан ларваран кӀелахь вуьсура. Шу бехказадийла я шаьш лардан дуьйладеллачу муьрехь, шу шаьш бехкедечун олаллин кӀел хӀуьтту шайн кхелахо волуш санна. Шу шайн лардаран синан лакхаллечу бакъонах довлу, иза, аша цуьнан критикина жоп лучу хенахь, синан лакхаллечу сферехь шуна тӀехула волу дела. Цуьнан Ӏаткъам шун шаьш лардаран бахьанина хьалакхуьу. Шайн бехке цахиларан тешалла дан гӀерташ, шу шаьш бехкедеш волчуьнан къинхетам баран кара доьлху. Цу бахьанина Ӏийсас вай тедора:

> Хьо кхелахочуьнга дӀавала кечвеллачуьнца, шаьш цига дӀакхачале, катоххий барт бан хьажа, куьйге а гӀо. Ахьа иза ца дахь, хьан довхочо хьо кхелахочуьнга дӀалур ву, ткъа цо гӀаролхочуьнга а велла, набахти чу кхуссуьйтур ву. Билггала боху хьоьга: цигара хьо аравер вац, тӀаьххьарчу шайнна тӀекхаччалц, дерриг а хьайн декхар дӀаделла а бен (Мат. 5:25, 26).

Цу кицанца догIуш, хьога, хьо бехкевечо, компенсаци йолуш санна, схьадала тIедуьллучух мах болуьйтур бу. Хьуна дуьхьал деш долу бехкевар ладаме мел ду, цо къинхетам кIезиг бийр бу хьуна. Цо дерриг а хьо декхарийлахь верг охьатосуьйтур ду хьоьга, бен дац, нийсонца ду иза я дац.

## БЕРАН ТЕШАР

Иза хилира, тхан воккхаха волу кIант, Эддисон, кхоалгIачу классехь доьшуш волчу хенахь. Цкъа делкъе еш, иза Лизица а, соьца а, ша школехь тIеIоттавелчу халонах, дагавелира. Цунна, шена хьехам бечарех цхьаъ, шеца тIех дика воцуш хилар, хааделира. Эддисонна хьехархочун цуьнга цабезам хилар хааделира, цундела даим а классехь цхьа кегаре я хабарш хилча, берриг а бехк кхунна тIебужура. Иштта дIадоьдура де дийне мел долу а. Цу хьехархочо, тхо школехь къаьсттинчу учоте дахка мега, аьлла, дIахьедар дира тхоьга. Эддисон — чIогIа кхетаме адам дара, цундела шех лаьцна ур-атталла вон ойла яр а, цуьнга лалур долуш дацара. Шен кхерамех а, бохамех а лаьцна тхоьга дийцарца, иза вилхира.

Оха тхо цунах тешна хиларх тешийра иза, тIаккха дерригенах лаьцна ма-дарра дийцар дийхира. Иза леткъам бан волавелира: «Со массо а хIуманна тIехь бехке во. Ур-атталла масех бер бехке хилча а, суна хIетте а массарел дукха кхочу. Со аса ца динчунна а бехке во. Тахана суна юххехь волу ши кIант воьлуш а, хихикать деш а вара, ткъа со тийна охьахиъна Iаш вара. Хьехархочо тхоьгахьа а вирзина, суна тIе мохь хьаьккхира». Иштташчу нийсо цахиларна тIехула, цуьнан балдаш дегийра. Исс шо долчу кIантана иза сатийсар доцу кризиз яра.

Эддисонан кхечу хьехархоша цуьнан лелар ала хIума доцуш ду бохура, цундела тхо иза цхьаъ бен боцу хилам хирг хиларх тешна дара. Лиза иза теван гIертташехь, со хьал муха ду хьажа волавелира: «Ахь тахана, цо хьайна билгалдаккхар дича, хIун элира цуьнга?»

Эддисона жоп делира: «Ас цуьнга элира, со вацара и хабар дуьйцург, ткъа и ши кӀант вара, аьлла!»

Ас хаьттира: «Иштта жоп лой ахьа цунна дукха хьолахь, цо хьайна билгалдаккхар дечу хенахь?»

КӀанта жоп делира: «ХӀаъ, нагахь сайна со бехке воцийла хаахь».

Со цуьнга хьаьжира: «ХӀан, кӀант, кхузахь ю хало. Ахьа хьуо хьехархочунна хьалха бакъво, ткъа ларвала волавелча, Делан хӀинца гӀодоккхийла дац».

Со цуьнца, ас хьалха кху коьртехь йийцинчу, Дезачу Йозанийн меттигашца дагавелира. Цо аьллачун маьӀна гӀолехь дӀалацархьама, ас цунна айса хьалхабогӀучу коьртехь хьахийна, сайн офисан секретаран хьокъехь лан дезначух лаьцна дийцира.

## ЗУЛАМ ДАН САЦАМ БИНА ВОЛУ, ХЬАЬКАМ

Цхьана стеган, тхан кегийрахойн динан тобане лелаш волу, кӀант вара. Со возаллин а, доӀа даран а, олаллин а темина чӀогӀа дахьийтарийн кхайкхам беш вара. Дуккха а болу кегийрахой хийцабала буьйлабеллера. Цкъа цу къоначу стага, верриг бӀаьрхих вуьзна а волуш, сан зудчунна тӀе а веана, муха вехийла ду цӀеначу а, дезачу а дахарца, цӀахь оццул цӀена доцург хуьлуш хилча, хаьттира. ТӀаккха ма-дарра дийцира, цу гӀуллакхо, цуьнан да суна дуьхьал хиларан, жамӀана тӀевалавайтира со.

Масех бутт дӀабаьлча веа къоначу стага, со мукъаваккха веза, элира соьга. Ас теллира хааман зӀе, тӀаккха цо со нийсса цу стеган кӀантана тӀевалийра. Цо соьга хаийтира, цунна иза шен дегара хезна хилар.

Со цуьнан дена тӀе вахара, тӀаккха иза къера хилира, амма дерригенна а бехке динан тобанан воккхахволу Ӏуналхо вира, со мукъаваккха лууш иза вара, аьлла. КӀиранаш дӀаоьхура, тӀаккха хьал алсам чолхе хуьлуш дара. Сан доьзал даим буьйлина бехара, тхуна ца хаьара, дуьсур ду тхо кхузахь, я тхуна неӀарана

тIе гойтур ду те. Оха хIинца цIа а эцнера, сан зуда берах яра, тIаккха тхан я ахча а, я кхелхина даха мегар долу, кхин меттиг а яцара. Суна тайп-тайпаначу конторашкахула сайн резюме дIасакхехьийта ца лаьара. Со, Дала кхуза валийна хиларх, тешара, цундела кхин цхьа а Iалашонаш хIиттош а вацара. Зуда догъэтIаш а, синтем байна а яра, тIаккха цо со деш-леларна меттахвохура: «Хьомениг, суна хаьа, уьш хьо мукъаваккха лууш бу. Массара а боху соьга иштта».

Иза бакъ яра. Динан тобанан воккхахволчу Iуналхочо эххар а со мукъаваккха сацам бира. Цхьана кIирандийнан Iуьйранна цо дIахьедира, къоначийн динан гIуллакхдарехь ладаме хийцамаш бу кечбеш. Ас хIинццалц цуьнца къамел дина а дац. ШолгIачу дийнахь суна цуьнца а, цуьнан секретараца а цхьаьнакхетар диллина дара. Дала бехказа ма вийла аьллера соьга.

ШолгIачу дийнахь, со Iуналхочун кабинет чу ваьлча, иза цигахь ша цхьаъ вара хиъна Iаш. Цо элира: «Джон, Дала дIахIоттийна хьо кхуза. Ас хьо мукъавоккхур вац». Цо шен сацам хийцинера. Суна дайдалар хааделира, Дела соьгахьа велира уггаре а тIаьххьарчу муьрехь. ТIаккха Iуналхочо хаьттира: «Секретарна хьо мукъаваккха стенна лаьа?» Ас ца хаьа аьлла, жоп делира, тIаккха цуьнан дехарца, машар бархьама, дерриг аьтто берг дан тIетайра.

Дукха хан ца елира, тIаккха сан цу стага тIеэцна болчу цхьана сацаман йзанца долу тоьшалла гучуделира, цо цуьнан бахьанаш дIадоьллура. Со хIинца иза Iуналхочунна дIадахьа кийча вара. Суна цунна цуьнан букъа тIехьа хуьлуш дерг ган лаьара. Шовзткъе пхеа минотехь со чоьнна чухула дIасалелара, со вуьзна тамехь боцу синхаам эшо гIерташ. Ас иштта ойла йора: «Дела, и стаг цIена вац. Иза Iораваккхა веза. Иза кху динан гIуллакхдаре дохор дохьуш ву. Со динан тобанан Iуналхочуьнга иза ма-дарра мила ву дIаала дезаш ву!» Со кхин дIа а иза Iораваккхаран сайн ойланаш бакъян волавелира:

«Дерриг а со дан воллуш дерг, — документашца тӀечӀагӀдина ма-дарра дерг дара. Иза эмоциш яц. Нагахь иза ца сацахь, цуьнан айпе лелар ерриге динан тобанехь дӀасадаьржар ду».

ТӀаккха сайн догдаьттӀачохь ас эккхийтира: «Веза Эла, Хьуна ас иза Ӏораваккха ца лаьа?» ТӀаккха ас и аьллачу хенахь, Делан машаро дуьзира сан дог. Со инзарваларца вегийра. Со, Далла ас цхьа-муьлхха а леларца и гӀуллакх меттаххьедан ца лаьийла, кхийтира, цундела ас дерриге а тоьшаллаш дӀакхиссира. ТӀаьхьо, сайга хӀинца цу хьолан ма-дарра мах хӀоттабойла долчу хенахь, со, суо ларван а, бекхам бан а лууш хилла хиларх кхийтира, ткъа цхьа-милла а кхинаг ларвар а доцуш. Ас суо, сайн бахьанаш хьанал хиларх тешийра. Соьгахь бакъйолу информаци яра, амма ойланаш цӀена яцара.

Цхьа хан дӀаелира, тӀаккха цкъа, белхан де доладалале хьалха, со керлачу хӀаваэхь динан тобанан цӀенна гена доццуш, доӀа деш волчу хенахь, суна и стаг гира. Дала соьга эсала а хилий, цунна тӀе гӀо элира. Со сихха буьхьигаш тӀе хӀоьттира: «ХӀан-хӀа, Веза Эла, иза ша ваийта суна тӀе. Иза хилла дӀахӀоьттинера берриге а тхан бохамийн бахьана». Со кхин дӀа доӀа дира, амма Дела вистцахуьлура. Ткъа минот дӀаяьлча, Веза Эла юха а тӀера ца волура, муьтӀахь а хилий, сихха цунна тӀе гӀо, бохуш. Суна хаьара иза Дела вуйла. Со, цу стаге зӀе а тоьхна, цуьнан кабинет чу веара. Амма ас цуьнга аьлларг, Дала сайца болх бале, со цуьнга эр ду бохуш хиллачул чӀогӀа къасталуш дара. Доллучу даггара сайна гечдар дийхира аса цуьнга. Ас цуьнга, айса иза критиковать а веш, емалвора, элира. Иза кӀеда а хилла, оха дика къамел дира. Цу дийнахь дуьйна дерриге а цуьнан суна тӀелетарш севцира.

Ялх бутт дӀабаьлча, со гӀалахь воцчу хенахь, цу стага лелийначух болу хаам динан тобанан воккхахаволчу Ӏуналхочуьнга кхаьчнера. Цо лелийнарг, суна девзаш хилла долчул, дуккха а вон хилла. Иза цу сохьта мукъаваьккхинера. Кхел еара, амма сан куьйгах а доцуш. Иза суна дан Ӏалашо

йолуш хилларг, цунна шена тІедеара. ХІетте а, иза хиллачу хенахь, со воккхавеш ванне а вацара, суна цунах а, цуьнан доьзалх а къахетара. Со цунах дог лозуш вара, сан а оццунах чекхвала ма дезнера. Аса иза емал ца ван сацам, и хилам хилале ялх бутт хьалха бина хилла хиларан бахьана долуш, со цуьнга безам зуьйш вара, тІаккха суна и дерриге а хьелаш цунна дуьхьал дерза лаъане а ца лаьара.

Цу динан тобанехь со кхин а цхьайтта шарахь Іийра, тІаккха соьга сих-сиха динан гІуллакхаш дІакхехьар а доьхура. Цу стага сан цІарна тІедалийна долу эхь дІадахнера, цуьнан метта сий дар деанера. Юха хьаьжча, со кхета, халонийн хенахь со чІогІа хьалакхиъна, тІаккха тІаьхьа Дала, сох лаьцна дуккха а воних хезначийн бІаьргаш чохь, хьалаваьккхинера со. Дас Іийса, Цуьнан муьтІахьхиларна а, Ша кхелахошна хьалха ларван ца лаарна а хьалаваьккхина ма-хиллара, иштта Цо, Іийсан масалица лелаш долу, Шен берийн сий до.

## ШЕРАН ДЕШАРХО

Эддисонца библейски масал а, сайн дахарера хилам а бекъна, ас элира: «КІант, хьан харжам. Хьан кхин дІа а бехказа а вуьйлуш хьайн хьехархочун емалваран кІел вуьсийла ду, я дерриге бехкеварна дикачу амалехь жоп ца лойла ду. Цул совнаха, хьан хьехархочунна тІе а вахана, муьтІахь а хилла, лерам боцчу тергонна а, цуьнан олаллина дуьхьало ярна а тІера гечдар деха деза, тІаккха Дела деш-лела муха волалур ву гур ду хьуна».

Эддисона хаьттира: «Ткъа хІун де, нагахь со нийса доцуш цхьана хІуманна тІехь бехкевахь?»

«Далла хьуо ларван магаде. Алахьа соьга, хьан хьайн хьуо ларвойла хилирий те?»

Цо жоп делира: «ХІан-хІа, суна Дала суо ларвойла лаьа».

ШолгІачу дийнахь иза шен хьехархочунна тІе а вахана, муьтІахь хилира. Цо цуьнга, шена деш хиллачу билгалдаккхаршна, ша

йинчу дуьхьалошна тӀера, гечдар дийхира.

Хьехархочо цунна гечдира, ткъа шолгӀачу кӀиранахь цу классехь уггаре а гӀоли дешархо ву аьлла, цӀе яьккхира Эддисонан. Кхин цуьнан цу тайпана халонаш яцара. Дешаран шо чекхдолуш, дешархошна совгӀаташ дечу церемонехь, цу хьехархочо школан лаккхара совгӀат делира цунна.

Нагахь исс шо долчу кӀанта шен хало йолчу муьрехь муьтӀахь а хилла, Делан Дешан билггал бакъдолчун тешалла далуш хилча, вай, даккхийнаш, мел алсам гӀерта деза цу гӀуллакхна тӀе? Суна хетарехь, иза Ӏийсан кху дешнаша кхетадо: «ХӀара бер санна, муьтӀахь а хилла, дӀахӀоьттинарг Стигалийн Олалла тӀелаьцначарна юкъахь уггар лакхара ву» (Мат. 18:4).

## ДАУДАН БАКЪАХЬАРА ДОЦЧУ ОЛАЛЛИНА ТӀЕӀОТТАВАЛАР

Эддисона, цкъа мацах Юшайн кӀант, Дауд, шена тӀевеанарг, дӀалаьцна. Дела — нийсонан Кхелахо ву, тӀаккха, нагахь вай баьччанан агӀор нийса йоцу терго Цуьнан кара дӀалахь, Цо даим а гӀуллакх нийса цхьалхадоккхур ду. Даудах лаьцна аьлча, вай дагахь латто деза, иблисо а доцуш, ткъа Дала хӀоттийна иза цӀена воцчун олаллин кӀел, тӀаккха нис-ма-даллара, къизачу урхалчан Шаулан.

Иза уьш вовшахкхетале хьалха хилла дара. Шамъала, Исраилан коьртачу пайхамаро, Дауд Делан халкъана тӀехь тӀаьхьавогӀу паччахь хила даьтта хьаькхна вара. Хила деза, Дауд воккхаверна ирхлелхаш хилла, иштта а моьттуш: «*Кху стага хӀинца волуш волчу паччахьна даьтта хьаькхна, тӀаккха со а иштта паччахь хир ву*!»

Шаул Далла муьтӀахь волчуьра ара а ваьлла, вочу сино хьийзош вара. Дайдалар цхьа-милла а арфи тӀехь лекха волавелча бен ца долалора. Цуьнан кертарнаш, и волчохь хиъна Ӏаш а волуш, цунна гӀуллакх ден долу, къона стаг леха буьйлабеллера. Паччахьан ялхойх волчу цхьаммо Юшайн кӀант, Дауд рекомендовать винера.

Шаула цунна тІаьхьа нах бахийтинера, вукхо паччахьан цІа а веана, цунна гІуллакх дархьама. Хила тарло, Дауда иштта ойла йина хир ю: «*Дела хІинца Ша пайхамарехула делла долу сатийсинарг, кхочушдан волалуш ву*».

Хан дІаелира, тІаккха цуьнга, пІелаштамхошца тІом беш болчу, боккхаха болчу вежаршна кхача бар дехнера. ТІеман позицешка кхаьчча, цунна, пІелаштамхойн дІуьтІа, ГІолиІат, Делан эскарна тІехь воьлуш хилар гира, тІаккха и хьаштдоцург хІинца шовзткъа дийнахь дІадоьдуш хилар а билгалделира. Цунна иштта, паччахьо и дІуьтІа эшалунволчуьнга, шен йоІ маре яла ваІда динийла хиира. Дауда паччахьна хьалха а хІоьттина, цу дІуьтІанца лата могийтар дийхира. Цо ГІолиІат вийра, тІаккха Шаулан ваІдица догІуш, цуьнан йоІ маре йигира. Иза, паччахьан бІаьргаш чохь къинхетам а хилла, цуьнан нуц хилла дІахІоьттира.

Йоната, Шаулан воккхаха волчу кІанта, Даудаца гуттаре а долчу доттагІаллах лаьцна весет динера. Дерриг а Шаула Даудана тІедуьллуш дерг, Дауда Делан гІоьнца дора, тІаккха кхиам а хуьлура. Паччахьо ур-атталла цуьнан кІенташца стоьла хьалха хила а магийнера цунна. Дерриг а дика дІадоьдура, Дауд дахарх воккхавера. Иза паччахьан цІахь вехаш а вара, паччахьан стоьла хьалха делкъе еш а вара, паччахьан йоІан майра а вара, Йонатаца доттагІалла долуш а вара, берриге тІемашкахь толам а боккхура. Цуьнан ур-атталла гІаравалар а хуьлура халкъана юкъахь. Цунна пайхамаралла цуьнан бІаьргашна хьалха кхочушхуьлуш хилар гора. Шаул Даудаца берриге а шен ялхошцачул алсам дика вара, тІаккха ур-атталла цо цунах шен герзлелорхо вира. Иза цунна шолгІа да хилла дІахІоьттира. Дауд, Шаул цуьнан хьехамча хилла дІа а хІоьттина, иза массо а хІуманна Іамориг хиларх, ткъа цкъа сий а дина, шен метта васхалвоккхург хиларх, тешна вара. Дауд Делан къинхетамах а, тешаме хиларх а воккхавера.

## ЧIОГIА ХИЙЦАМАШ

Амма цхьана дийнахь дерриг а хийцаделира. Шаул а, Дауд а юх-юххехь а волуш, тIамера юхавогIура, ерриге исраилхойн гIаланашкара зударий царна дуьхьал арабуьйлуш дIахIиттира эшарш лекхарца а, хелхабийларца а. Цара лоькхура: «Шаула эзарнаш эшийна, ткъа Дауда — иттаннаш эзар!» Оцу гIуллакхо оьгIазвахийтинера паччахь, тIаккха цу дийнахь дуьйна иза Дауде шеконца терго ян волавелира. Цкъа Шаула ур-атталла пхерчий кхиссира Даудана тIе, иза вен дагахь. Делан Йозанаша Шаулна Дауд цавезара боху, Дела цуьнца вуйла хаьа дела. Паччахь, Дела цунах хервеллийла, кхийтира. Шен дахар кIелхьардаккхархьама, Даудан дIавада дийзира. КIелхьарвалар мичахь карор ду ца хууш, иза гIум-аренга дIавахара. «ХIун ду хуьлуш дерг? — ойла йо Дауда. — Сатийсинарг хIинца кхочушхила доладеллера, ткъа хIинца дерриг а даьржина дIадахана. Сан хьехамча а, баьчча а хилла волу стаг, со хIаллакван гIерташ ву. Ас хIун дан деза? Шаул — даьтта хьаькхна Делан ялхо ву. Нагахь иза суна дуьхьал хилча, сан хIун шанс хуьлийла ду? Иза паччахь волу, Делан халкъана тIехь дIахIоттийна, Делан стаг ву. Везачу Эло хIунда магадо иза?»

ХIинца Шаул, дика Iамийна кхо эзар исраилхойн тIемало шена тIаьхьахIоттийна а волуш, Дауд гIум-аренгара гIум-аренга а, хьехара хьехе а лаьллина лелаш ву, еккъа цхьана Iалашонца — иза вен. Цу муьрехь сатийсинарг цхьа яьржина серло бен ца хеталора, хIинца-х Дауд, дийна виса гIерташ волу, ведда лелаш верг хилла дIа-ма-хIоьттина. Иза кхин паччахьан кертахь вехаш вацара, паччахьан стоьла тIехьа охьахиъна Iаш а вацара. Цуьнан хIусам тIуьна хьехаш хилла дIахIоьттинера, иза дийнаташа юуш йиснарг юуш вара. Иза кхин паччахьна юххехь ца лелара, амма дукха хан йоццуш цунна юххехь тIом беш лелла хилла долчу адамийн, толлу хIума хилла дIахIоьттинера. КIеда мотт а бацара, цуьнга хьовсуш болу ялхой а бацара, цкъа мацах паччахьан кертахь волуш санна, баккхийберан аьзнаш а

дацара хезаш. Цуьнан нускал а кхечунна дIаделлера.

Дала Дауд шен куьгакIел дIахIоттийна волчу урхалчас, иштта хIуманаш дойла муха дара? Кхоччуш хуьлийла ду, Даудана тIехь дераллах а, халахетарх а, дог даларх а юзначу ойланаша толам боккхуш хилла хир бу. «*Дела юкъа стенна ца волу? Дуй те Цуьнан соьца гIуллакх? Цуьнан сатийсаршца муха хила веза? Стенна хIоттийна Цо иштта къиза стаг, вукхо Цуьнан весетан халкъ дигархьама?*»

Шаул и жима стаг хIуъа дина а вен воллуш хиларна тIехь оццул чIагIваларна, цу ойлано дIалаьцна хилла дIахIоьттира. Номве гIалахь, Даудана кIелхьарвалар а, кхача а хьалха а хIоттийна, цунна ГIолиIатан тур а делла болу, динан гIуллакхдийаш бара. Царна Дауд Шаулах дIаведда хиларх цхьа а хIума ца хаьара, уьш иза цуьнан омранех цхьаъ кхочушдеш ву моьттура. Цара цунах лаьцна Везачу Эле хеттарш а дина, новкъаваьккхира иза.

Цунах лаьцна а хиъна, дарвелира Шаул. Цо цкъа хьалха цхьана а хIуманна тIехь бехке боцу динан гIуллакхдархой, тIаккха гIалахь мел берш а байира — божарий а, зударий а, бераш а, карахь долу кегий бераш а, иштта даьхни а дийна дIадаьккхира. Цо бехкебоцчарна тIехь кхел йира, церан мехкан мостагIий болчу, амаликахошна тIехь санна. ХIинца и стаг — Дала хаьржинарг хиларх ойла йойла а дацара. Шаул адамаш дойург хилла дIахIоьттира. Везачу Эло Шен Синца даьтта хьакхийла муха дара цунна?

Дуккха а долчу адамаша Шаул адамаша, ткъа Дауд Дала дIахIоттийна вара боху. Иштта хьехар нийса дац, иза, Делан къиза стаг баьччалле дIахIотто магарца реза доцчу адамашкара схьадолуш ду. ХIаъ, и бакъ ду, халкъана паччахь хила лиъннера; хIетте а билггал Дала хаьржина Шаул санна, Дауд а. Дала аьлла: «Со чIогIа дохковаьлла Айса Шаул паччахь вина дIахIотторах» (Шам. 15:11).

Цкъа Шаулна Дауд Ен-Гадди гІум-аренгахь вуйла а хиъна, иза кхаа эзар тІемалочуьнца цига вахара. Некъ бина кІад а белла, уьш, Дауд къайлаваьлла Іаш волчу, хьехана уллохь севцира. Шаула а, цуьнан тІемалоша а, лийчархьама, тІера хІуманаш дІаехира. Дезачу Йозанаша вайга боху, Даудан наха цунна хьехар дора: «Вот день, о котором говорил тебе Господь: “вот, Я предам врага твоего в руки твои, и сделаешь с ним, что тебе угодно”».

ТІаккха Дауда, къайлаха Шаулна тІе а веана, цуьнан бедаран йист хадийра. Цул тІаьхьа Дауд, ша иштта дарна, дог лозуш хилла дІахІоьттира: «Даудаца болчара цуьнга элира: «ХІара ду хьуна Везачу Эло хьоьга дийцина долу де: „Аса хьан мостагІа хьан кара дІалур ву. Хьайна луъург де цунах“». Дауда, хьала а гІаьттина, Шаулан тІехула юхучу бедарх кийсак схьахадийра. Ша и хІума дар бахьана долуш дага чу лазам боьссира Даудана. Цо шеца болчаьрга элира: «Везачу Эло доьхкийла суна Ша къобалвина волчу сан олахочунна тІе куьг дахьар, хІунда аьлча иза Везачу Эло къобалвинарг ву». Цу дешнашца цо шеца берш сацийра, Шаулна тІе куьг ца кховдадойтуш. Ткъа Шаул, хьала а гІаьттина, хьеха чуьра ара а ваьлла, некъа тІе велира» (Шам. 24:5-8). Иза хІетте а хІинца а, цунна тІе иштта бохамаш бахкийтина волчу баьччанан хьокъехь, дагчохь кІеда вуьсура. Кхоччуш гуш ду, иза дераллах а, кхерамах а, дог дохарх а йолчу ойланашна дуьхьаллаьттара, тІаккха ур-атталла кхиаме толам а баьккхира царна тІехь.

Дауда паччахьан бедаран йист хадийна дела, цо цу гІуллакххах ша Шаулна хьалха бехке ца хиларх пайда эца сацам бира. Геннахь а льтташ, Дауда цунна хьалха льтта кхаччалц охьа а таІна, мохь туьйхира: «*Сан да*! Сан карахь йолчу хьайн бедаран кийсаке хьажахьа, аса схьахадийна йолчу. И аьтто сайна баьлла боллушехь, аса хьо ца вийра. ХІинца мукъана а хаахьара хьуна сан дага чохь хьо бахьана долуш я *вон хІума а, я ямартло а йоцийла*. Аса хьо бахьана долуш къа ца латийна, ткъа хьо сан синна тІаьхьаваьлла ву, иза дІадаккха лууш» (Шам. 24:12, курсив авторан).

Даудна, Шаул хIара мекара бунтахо хиларх теша аьлла, моьттура. Хила тарло, Дауд шен дог толлуш хилла: «Мичахь нийса ца лелла со? Шаулан дог иштта сихха суна дуьхьал муха доьрзийла дара?» Цундела цо мохь туьйхира: «Соьга хьо ве бохура… ас хьан бедаран йист хадийра, ткъа хьо вен ца вийра: хаа а хаий, сан карахь я зулам а, я мекарло а ца хиларх тешна хилахьа». Иза, Шаулна и дерриг а дагадаийталург хиларх, ца тешара. Хила деза, цхьаммо Шаулан дагчу Дауд ца везаран хIу тесна, цундела иза паччахьна шен бехке ца хиларан тешалла дан лууш вара. Нагахь цуьнан и дан аьтто балахь, Шаула шен къинхетамаллехь метта а хIоттийна, юха а цуьнца дика хирг хиларх, тIаккха пайхамаралла кхочушхир ду, аьлла, сатуьйсура цо.

Дас я баьччано дIатеттина хилла берш, уггаре а хьалхарчу рогIехь цу тIехь шаьш бехке бан гIерта. Уьш Iазапечу ойланийн йийсаре кхочу: «*Ас хIун дина те?» тIаккха «ХIета, сан дог цIена ца хилла-кх?*» Цара баьччанашна хьалха шайн бехке ца хилар даим а тешалла дан гIертаран мохь шайна тIеоьцу. Царна хета, нагахь цаьрга шайн тешаме а, мехала а хилар гайтаделча, уьш юхаэцна хир бара. Амма уьш алсам мел гIерта, дIатеттина хилар алсам хаало царна.

Шаул Даудан дика ойланаш хилла хиларна къера хилира, вукхуьнга иза баккъал а велур волуш вара, амма цо иза ца дина хиларх кхеттачу хенахь, цундела паччахьо шен нахаца паргIат витира иза. Долччул сиха, Даудана моьттина: «*Паччахьо меттахIоттор ву со. ХIинца пайхамаралла кхочушхир ду. ХIинца цунна сан дог гуш ду, тIаккха иза соьца гIоле хир ву. Иза дика а, эсала а баьчча хилла дIахIуттур ву*». Ма генахь хилла-кх иза билггал бакъдолчунна.

## ЦО СО ВЕН САЦАМ БИНА

Дукха хан дIа ца яьллера, тIаккха Шауле хаам бинера, Дауд Гахил гу тIехь ву, аьлла. ТIаккха паччахь юха а изза кхо эзар стаг

схьа а гулвина, иза лаха. Иза Дауд вен воллура. Со тешна ву, Шаулан агӀор соцуш доцчу тӀаьхьаваьлла леларо Дауд кӀадвинера. Иза кхийтира, кхузахь цхьа а гӀалат дац, Шаул хаа а хууш, цхьа-хьеннан а провокациш а йоцуш, цуьнан Ӏожалла лоьхуш ву.

Паччахьна Даудан амал евзара, амма хӀетте а цунна дуьхьалвуьйлура. Дауд, дерриг а цуьнан сатийсарш эрна ду, тӀаккха цуьнан мекарчу баьччанца гӀуллакх дуйла, кхийтира. Везачу Элана ишттачу стагана тӀе даьтта муха доттаделла те?

ЦӀий Ӏанор дезачу, Йоабан жимах ваша волчу, Абушайца цхьаьна, Дауд къайлаха Шаулан меттаматте чекхвелира. Дала массарна а кӀоргге наб тӀеяийтинера. Дауд Абушайца дерриге эскарх чекх а ваьлла, Шаула наб ечу четарна тӀе веара. Абушайс Дауде доьхура: «Дала хьан мостагӀа хьан кара схьавелла. Соьга иза, цкъа гоьмукъ тоьхна, лаьттах дӀалатавайтахьа. Аса цунна шолгӀа *тухур* яц хьуна» (Шам. 26:8).

Абушайс дуккха а исбаьхьа бахьанаш далийра, Дауда цунна Шаул вен хӀунда магадан дезаш хиларан. Хьалхара а, уггаре коьрта а дерг: Шаула везткъе пхиъ бехке воцу динан гӀуллакхдархо а, церан зударий а, бераш а дайина — тӀаккха иза собарехь а дина! Халкъана кхераме дара ишттачу стеган баьччаллин кӀел дисар. Тахана дуккха а болчара нийсса иштта ойла йо, къаьсттина динан тобанийн баьччанийн хьокъехь. Баьччанаша Шаулан санна долу зуламаш юхадинера.

ШолгӀа аргумент: Дала Шамъалан дешаца Исраилан тӀаьхьавогӀу паччахь хилла дӀахӀотта Даудана даьтта хьаькхна дара. Дауда паччахь хӀотта шен бакъонаш дӀахьеяран хан тӀееана! Пайхамаралла кхочушхилар а доцуш, вала лаьара ткъа цунна? Цкъа хезна ца Ӏара суна динан тобанан тешам боцчу офисни белхарошкара иштта дешнаш.

КхоалгӀа: воьдуш вацара ткъа Шаул кхаа эзар тӀемалочуьнца Дауд а, цуьнан нах а байа? ХӀинца харжам баран меттиг тӀееана: вен я вийна хиларан. Шеко йоцуш иза ша шен ларвар хир дара.

Абушайна, муьлххачу кхело уьш бакъбийр буйла, хаьара. Вайн заманахь иштта бахьана ур-атталла комментариш оьшуш а дац. Вай цунна, ур-атталла ойла а ца еш, тIедогIу.

ЙоьалгIа: Дала ца кхетийтинера ткъа дерриге а эскарна наб, Дауд а, Абушай а Шаулан четар чу а кхаьчна, халкъ вочу урхалчах кIелхьара а даьккхина, Цуьнан лаам кхочушбархьама? Царна, хила тарло, хIинца кхин хин йоцу, иштта шанс хьалхахIоьттинера. Пайхамаралла кхочушдаран хан тIееана! Церан баьчча охьавоьжначу хенахь, цунах лаьцна ойла еш, динан тобанийн баьччаллин советаш кIезиг яц. Царна моьтту: *Дала иза, ваьшна тIехь куьйгалла дарх дIаваккхалур волчу метте хIоттийна*. Иштттачу ойланаша цу адамийн муьтIахь доцу дегнаш дерзина доху.

И дерриге а бахьанаш тешош хезаш дара. Церан маьIна дара, Дауд иракарахIиттош цуьнан тешамечу вежарех цхьаъ ма варий. ТIаккха цуьнан дагчохь цхьа тIадам мукъане а бунт елахьара, цо шен гIоьнчанна Шаул туьраца вен магор дара, тIаккха и дарца цхьа а бехкехилар зуьйш а хир вацара. ХIетте а Дауда жоп делира: «Ма ве иза. Мила висина Везачу Эло къобалвинчуьнна тIе куьг даьхнарг бекхам ца хуьлуш?» (Шам. 26:9). Нагахь иза вайн дахарна тIе дехьадаккхахь: «Ма хьакхало цунах я дешаца а, я гIуллакхца а, хIунда аьлча, шен баьччанна тIе а кхетта, таIзар ца деш мила вуьсур ву?»

Дауд иза вен ца хIоьттира, ур-атталла Шаула бехке боцу нах байина боллушехь а, тIаккха хIинца цуьнан Iожалла лоьхуш велахь а. Дауд шена тIера бекхам беш вацара; цо и гIуллакх Везачу Элан кара дIаделлера. Дерригенан чаккхе цу меттехь яр дуьххьалдIа хир дара — Даудна а, Исраилан халкъана а. Цунна, халкъ билггал бакъволу Iуналхо воцу, уьстагIий санна, дуйла хаьара. Цунна, цIенавоцчу стага, шен ша везаран лаамийн кхачам бархьама, церан тешамах зулам дойла, хаьара. Ша шен ларвеш дIа цахIотта чолхе дара, амма хьекъал доцчу паччахьах, цунна дезаш долу,

халкъ кlелхьара ца даккха, дуккха а чолхе дара!

Дауда сацам бина, Шаулна цуьнан валар хила лаар дуйла, хуъушехь. Дауда, дуьххьара Шаулан дахар лардинчу хенахь, ойланийн цlена хиларан тоьшалла дина. Цои за ца хьавина. Шаул Везачу Элан дьтта хьаькхнарг вара. Иза Делан лай вара, тlаккха Дауда Шаул Делан кара велира, Цо цунна кхел ярхьама.

Шаул Дала кхелъяре дlа а велла, хьекъалалле лийлира иза. Аша хоттур ду: «Тlаккха хьанах пайда эцна те Дала, Цуьнан ялхо волчу, Шаулна кхелъярхьама?» Жоп: Пlелаштамхойх. Везачу Эло Шен динан тобанийн баьччанашна кхел дlакхехьархьама, кlелхьардевлла доцчу адамех я светски организацех пайдаэцар цкъа хилла lийр дац. Шаул шен кlенташца цхьаьна тlамехь хlаллакьхилира. И хаам Даудна тlекхиъча, иза и даздеш дlа цахlоьттира. Иза баланехь вара!

Дауда ур-атталла, ша Шаул вийна, аьлла волчу стагана, цо иза дина доццушехь, вен таlзар дира. И аьлла волчу стага, Даудан бlаьргаш чохь цунна диканиг дийриг хиларан сатуьйсура, амма жамl нийсса бlостанехьа хилира. Дауда жоп делира: «Муха ваьхьира хьо, Везачу Эло къобалвина волчунна тlе куьг а даьхьна, иза вен?» Цунна таlзар а дина, Дауда элира: «Хьайн lожаллина хьо-хьуо ву бехке, хlунда аьлча ахьа-айхьа элира: „Аса вийра Везачу Эло къобалвинарг“» (Дад. 1:16).

Тlаккха Дауда Яхlуд-мехкан бахархошна, цара Шаулан а, цуьнан кlентийн а сийнна лекхархьама, гlайгlане назма яьккхира. Цо иза пlелаштамхойн гlаланийн урамашкахь алар дихкинера, мостагl воккха цавейтархьама. Шаул вийначу меттехь я догlа а, я ялта а хир дац, аьлла, дlакхайкхийнера цо. Цо вийначу паччахьна тlера белхам бан тlекхайкхира берриг а Исраил-мохк. Иза бекхамах хьаьгначу, кхин шен баьччанан сий деш воцчу стеган лелар дацара. Хlан-хlа, ишттачу стага эр дара: «Цунна хьакъ дерриг хилла!»

Дауд кхин дlавахара. Цо Шаулан цlийнах дийна биснарш ца

байира: мелхо а, цо царах боккха къинхетам бира. Цо царна латта а, кхача а белира, тІаккха тІаьхьенах волчу цхьанна паччахьан стоьла хьалха юург яа магийнера. Иштта хуьлу ткъа нийсачу кхелах шен баьчча воьжна хиларна воккхавеш волу стаг? Даг чохь бунт ерш, церан синан лакхалле баьчча воьжначу хенахь, баккхийбоь. Царна моьтту: «*Цунна хьакъ дерриг хилла!*» Иштачу адамаша я воних олу, я шайн баьччанашна Іоттамечу комментаришца чов йо, тІаккха оццуьнца царна кечдинчу таІзар даре кхин дІатоьтту. Церан Даудан хилла дог дац. Церан Делан дог дац.

## ДЕКЪАЛВИНА ХИЛАРХЬАМА, ДІАХІОТТИЙНА ВУ!

Вай даим а дагахь латто деза, жамІехь вай цхьана гІолехь долчунна тІедалорхьама, Дала вайн хьокъехь олаллехь болчийн нийсо йоцург могуьйту. Цо цу гІуллакхах Шен декъалалла паргІатдаккхархьама пайда оьцу. Кипас кхин дІабаьхьира шен хьехам: «Вонна дуьхьал вон ма даккха, сийсазварна дуьхьал сийсазвар, мелхо а декъалве шайна вон болх бинарг. ХІунда аьлча *шу цу балхана кхайкхина ду, ткъа шуна Делера декъалдар хир ду*» (1 Ки. 3:9, схьакъастийна авторо).

Декъалалла материальни хІуманашкахь бен хилла ца Іа, уьш а лараме делахь а; амма, долччул а сиха, иза, Дала леррина Къобалвинчун амал а, Стигалан Пачхьалкх дІасаяржор а, я абаденгахь совгІат хилар а санна, алсам ларамечу агІонех хьакхалойла долуш ду. Вай Делан олаллина муьтІахь долчу хенахь, вайн синан лакхаллечу диканна цхьана а хІумано зулам дойла дац. Кипас иза кху хаттарца къаьсташ дира: «Хьан дийр ду шуна зен, шу диканиг дан гІерташ хилча?» (1 Ки. 3:13). Кху байтан контекст стенца ю аьлча, вай Іийсан масалина тІаьхьахІиттина леларца ю.

Дала леррина Къобалвинчун амалан хьокъехь Кипас хІара хьехам бора: «ХІунда аьлча къинош летийна долу шу Далла тІе дерзорхьама, Дала леррина Къобалвинчо а цкъа бала лайна

вайн къинош бахьана долуш, Иштта Делан лаамехь Волчунна Делан лаамехь боцурш бахьана долуш хало гина. Цуьнан дегІ дийнера, амма Са дахаре юха далийнера… Дала леррина Къобалвинчо Шен дегІана бина ницкъ лайна дела, аша а цунах тера долчу леларна кечам бан беза. ХІунда аьлча дегІана хуьлу ницкъ лайнарг, къинойх дІа а къаьстина» (1 Ки. 3:18; 4:1).

Кипас, Дала леррина Къобалвинчо лайнарш санна, болчу баланаш хьегарна кечам барна хьоьху тешачарна, иза цуьнан дахьийтаран контекстехь олаллехь болчийн агІор нийсо йоцу терго ю. Шуьга суртхІотталой шайна, салтий герз доцуш тІаме боьлхуш хиларан? ЛартІахь дац, бакъдуй иза? Делахь а дуккха болу тешаш берш олаллехь болчийн нийсо цахиларан баланашхьегарна хьалха герз доцуш нисло. Атакина кІел бахча, уьш Іадийначу а, боьхначу а, цецбевллачу а хьолехь хуьлу. Цара цуьнан бахьанийн дийнна системин Іалашонаш хІитторца терго йо, олаллехь болчарна муьтІахьхиларан агІонца леларан метта.

Герз долчу а, кечвеллачу а стеган масала далор ду аса. Пилоташ кечбаран курсийн лараме дакъа авиатренажерех пайда эцар ду. Ишттачу тренажераш тІехь пилот хІаваэхь дерриге а нислойла долчу хьелашца Іоттало. Ишттачу кхерамазаллечу билламашкахь летчикаша шайн реакци ирйо, муьлххачу а хьелашкара нийса арабовла Іаммалц. Цу кепара цара шаьш ма-дарра долчу хьелашна кечдо. Нагахь тІемабевлла богІучу хенахь цхьа хІума нислахь, пилоташа боха цабуху — уьш шаьш Іамийна ма-хиллара лела. Ур-атталла нагахь пассажираш боха а боьхна, Іадийначу я моха еанчу хьолехь нислуш хилахь а, пилоташ паргІат а буьсуш, шайна тІехь контроль ца йойу. Авиакатастрофаш толлуш а, бортови самописцийн данниш Іамош а долу адамаш, пилотийн паргІат хиларх цецдуьйлу. Ур-атталла кема охьадужучу минотехь а церан аьзнашкахь дукхахьолахь цхьа а бохар ца хуьлу. Уьш герз долуш бу!

Кху книгин пилоташна дешаран пособин кепара гІуллакх

дойла дара. Кху дахьитарехь Делан Дешо, шу, дахаро олаллехь болчаьрца йолчу юкъаметтигашкахь хьалхахIитточу хьелашна герзахдоттийла я кечдойла ду. Нагахь аша нийса терго яхь, аша декъалалла зуьйр ду. Кипас аьлла, Дала леррина Къобалвинчун баланаш хьегаран масалина тIаьхьахIиттина лерарш, къинош леточуьра совцу. Ма чIагIдар ду! Кхечу дешнашца, баьччанийн агIор нийсонца йоцу юкъаметтиган нийса терго йийраш, синан лакхаллечу гIеметтахIоттаре тIекхочу.

Кхин а цхьа инзарвоккху сатийсар а ду. ПахIала чIагIдора:

> Лака воцург, кхин цхьа а вац соьца висина. Лаха а лахий, Марк а схьавалавехьа хьайца. Сан балхана тIехь суна пайден хир ву иза. ТихIак Эпас-гIала вахийтина ас (2 Ти. 2:11, 12).

Синан лакхалле олалла Дала леррина Къобалвинчо санна бала хьоьгучарна ваIда дина ду. Аша алсам халонаш мел лов, Дала алсам олалла шух тешна дуьту. ТIаккха юха а, олаллехь болчийн харцонна тIеIитталучу хенахь, Дала шу декъалаллина кечдеш хилар го шуна. Амма нийса жоп лур ду те, тIаккха декъалалла тIеоьцур а ду те аша я халахетарх а, къахьаллах а дузур ду те? Харжам шуна тIехь бу. Толамбаккхархочун некъ харжа, аьлча а — дахар!

КОРТА 14

# КХЕЛЪЯР

*Баьччанийн сий дечарна сийлахь олалла хуьлу, тIаккха ларам а богIу царна тIаьхьа.*

ХIораммо ца йо терго баьччаллина, иза Дауда еш ма-хиллара. ЧIогIа сих-сиха, вешан баьччанашкахь кхачамбацарш а гой, вай даккхийдоь, тIаккха, атта тIедехкина долу доза тоьхна хиларш дIа а тоьттий, ваьш бехказадоху. Амма кхечеран къиношна йолу вайн реакци, къаьсттина баьччанийн, — иза вайн синан лакхалле кхиъна хиларан ларамечу индикаторех цхьаъ ю. ТIаккха билггал цу бахьанийна Дала сих-сиха вайн дахарехь, вайн дегнийн даггара хьал дIаделлархьама, баьччанийн гIалатех пайда оьцу. Билггал иза хиллера Нохьин кIентех цхьаьнца а.

## НИЙСА ДУ, АММА НИЙСА ДАЦ

Хи тIедаьллачул тIаьхьа Нохьа латта лело а волавелира, кемсаш а дIайийра. Цкъа, тIехдукха чагIар а мелла, иза шен четар кIел юхавирзинера, тIаккха, вехна хиларехь дерриг а шен духар дIа а даьккхина, наб кхеттера цунна.

Хьама, кlентех жимах верг, Нохьин четар чу ваьллера, тlаккха, верзина волу да а гина, ара а ваьлла, цунах лаьцна вежаршка, Шиме а, Япате а, дийцира цо. Цо цунах лаьцна «доьзале бен» ца хаийтинера. Хила тарло, цо аьлла: «Кlентий, вайн дада ваха а вехна, нанас дуьнен чу ма ваккхара, верзина lуьллуш ву!» я цул а оьшуш, хила тарло, цо шен вежарий, верзина ваьлла lуьллуш волчу, церан синан лакхаллечу баьччане хьовса тlекхайкхина.

Цуьнан дешнаш хезча, Шимас а, Япата а духар схьа а эцна, иза белшаш тlе а диллина, четар чу а бевлла, ден верзина хилар дlакъевлира. Церан яххьаш дlайирзина яра, цхьа а хlума ца гархьама. Нохьа вехха волчуьра васта а велла, самаваьлча, цунна Хьамас хlун динера хиира. Ладогlийша, цо хlун элира:

> Неlалт хуьлда Канаlанна. Шен вежарийн лешна хьалха а лай хир ву иза», – аьлла. Кхин а элира цо: «Декъала ву Веза Эла, Шимин Дела, ткъа Канаlан Шимин лай хуьлийла. Япатан тlаьхье Дала беркате а йойла, Шимин четарш чохь а lойла Япат. Ткъа Канаlан Япатан лай хуьлийла (Дол. 9:25-27).

Хьалха вай кху книги тlехь Делан олаллина муьтlахь цахиларан тlаьхьалонех лаьцна даре динера. Хаа а хууш бунт ян буьйлабелларш, неlалтан кlел боьлху. Хьамина и билггал бакъдерг халачу новкъа хиира. Цо Нохьин сий цадеш терго йира, тlаккха цу гlуллакхца, Дала векалдинчу, ден олаллин лерам цабеш хилар гайтира. Цу гlуллакхо Хьамин тlаьхьенна неlалт тlедалийра. Хьаште ду билгалдар, Хьамех даьлларг цунна хала тlаьхьалонаш йолуш хилира, оццу хенахь Нохьин вехха хилар диццдина дара.

Нохьин аморальни лелар цуьнан кхаа кlантана таллар хилла дlа а хlоьттина, церан чоьхьара духехь дерг дlадиллира. Цхьаъ сонта а, муьтlахь воцуш а, важа шиъ — лоруш а, къинхетаме а нисвелира. Нохьас, ваха а вехна, ша гlолехь долчу масалехь

ца гайтира, делахь а цуьнан лелар Везачу Эло цхьалхадаккха дезара, ткъа цуьнан куьйга кIелахь болчара а доцуш. Ши кIант цу гIуллакхах кхета а кхетта, кхин дIа а цуьнан сий дарца терго йира. КхоалгIачо да сийсазваьккхира, тIаккха и дарца цо шен коьрта тIе, цунна хетарехь Нохьина тIедожа дезаш долу, неIалт тIедалийра.

Шима а, Япат а ден къа латоре ур-атталла хьовса а ца хIоьттира, иза ишттачу хьолехь кхечарна (зударшна а, берашна а) ган а ца лаьара, цундела цара да духарца дIакъевлира. Цара ден хьолан сий дар лардаран бахьана долуш, цара цуьнан хьал а, шайн дегнаш а лардира. Ткъа Хьама Нохьех воьлура, хила тарло, цуьнан баьчча хила хьуьнар бехдан а гIерташ. Цу гIуллакхо, Нохьас шен олаллах пайда оьцучу хенахь, цунна ша дена муьтIахь воцчу хиламехь, ша бехказваха магор дара. Иза, дагчохь муьтIахь цахилар къайладаьллачу, муьлххачу а стагана догIуш ду. Олаллин тешам байарца, цунна ша муьтIахьхиларх паргIатваьлла хета. Шен дагчохь цо муьлхха а дозатохарш дIадоху.

Шен «хастаман могIарехь» (Iеб. 11) Дала Нохьин тешарх а, муьтIахьхиларх а дозалла до, амма Хьама вайна цигахь карор вац. Бакъ хиллий те Хьама? Вахо малар а мийлина, верзина ваьлла Iуьллуш вацара ткъа Нохьа? ХIаъ, Хьама бIе процентана нийса вара, амма иза принципехь бакъ вацара. Адамийн бахьанаша бакъдийр дара цуьнан лелар; цо шена гинарг бен ца бохура; иза «цIена хила» гIерташ бен вацара. Амма муьтIахьхиларан а, лерам баран а агIонаша бIостанехьа долчун тоьшалла до. Шимас а, Япата а сий дора шайн ден, тIаккха декъалбина а бара уьш.

Дуккха а болчара, Хьамас санна, шайн баьччанех лаьцна бакъ хаам бо, амма хIетте а уьш Делан бIаьргаш чохь бакъ бац: цара сийсазво уллорниг тIаккха уьш декъалаллах бовлу. Уьш сонта лела, шаьш шайн кхетаман а, ойланийн а куьйгаллица деш лела дела. Царна Даудан а, Шимин а, Япатан а дог ца тоьа. Шаулан

кхоччуш вожар тIедеача, Дауда гIайгIане а вахана, элира:

> *Ма дийцалаш цунах лаций Гати-гIалахь, Ашкхилунан урамашкахь дIа а ма кхайкхаделаш*, пIелаштамхойн зудабераш даккхий ца дейта, сунтбаза болчеран зудаберашка и кхаъ ца базбайта… Шаул а, ЯхIуната а, шаьшшиъ вехачу хенахь хьоме а, нехан безам болуш а вара, Iожаллехь а ца къаьстина и шиъ вовшех. Аьрзунел сиха а, лоьмел ницкъ болуш а вара и шиъ. *Исраилхойн мехкарий*! Шаьш таьIна-цIен бедаршца кечдеш, дешица шун духар кхелина волчу *Шаулна тIаьхьа делхалаш* (Дад. 1:20, 23-24, схьакъастийна авторо).

Цу урхалчан агIор Дауда луьра лаьллина лелор лвйна. Цунна пайденна долу хьелаш нисдаларо а, адамийн ойлано а иза воккха а воьйтуш, толам баккхар кхайкхабойтийла дара, амма Дауда рогIерачу рогIехь ша олаллехь болчийн сий даран агIонашцa догIуш вехаш хиларан тешалла дира. ЖамIехь иза сийлахь паччахь хилла дIахIоьттира. Баьччанан сий дечарна сийлахь олалла хуьлу, тIаккха лерам бар а хуьлу царна тIаьхьа богIуш. Цара Везачу Элера декъалалла тIеийзадо шайга. Олаллехь болчарна вон луьйш я ойланза церан терго йийраш, шайна гонаха лерам цабаран хIу а туьйсуш, кхел тIеийзайо шайна тIe.

## КХЕЛЪЯР

Кхин цкъа а векалдинчу олаллина леринчу, вешан коьртачу байтана тIедоьрзур вай:

> ХIора адам пачхьалкхана урхалла дечарна муьтIахь хила деза. Урхалла дан бакъо, Дала елча бен, ма ца хуьлу, ткъа болуш болу урхалчаш Дала дIахIиттийна бу. Цундела Iедална дуьхьалваьлларг Дала динчунна дуьхьалваьлларг хуьлу. Ткъа иштта дерг долуьйтучара шайна тIe кхел йоуьйту (Рим. 13:1, 2).

Емалдар, олаллехь болчарна дуьхьалбевлла лаьттачарна тӀедогӀу — тӀаккха хьо Делах хьакхалур ву. Сайн динан гӀуллакхдар дӀадоладале хьалха, аса шина дуьненаюкъарчу миссишкахь дакъа лаьцна. Со, адамаш баьччаллина дуьхьалдевлла латтаран жамӀехь лаккхарчу кхеле дӀаделла хиларан, теш вара. Иза тайп-тайпаначу кепехь йогӀура, амма цунах кӀелхьарвала цхьаннан а аьтто ца баьлла. Иза къаьсттина билгал хуьлура, белхалой шайн меттигех буьйлучу хенахь. Бен дац, меланна нийса вацара баьчча я хьелаш муха хилла, нагахь цара цунна критика еш я иза емалвеш хиллехь, нагахь цара къаьхьачу хьостана чуьра молуш хиллехь, цара эххар а шайна тӀе баккхий баланаш боьхура. Цхьаболчарна иза финансаш яра; вукхарна — болх; кхоалгӀачарна — могушаллица йолу халонаш; боьалгӀачарна — берашца йолу халонаш; пхоьалгӀачеран доьзалан халонаш гучуйуьйлура. И список чаккхе йоцуш кхин дӀахьойла ду, амма шайн синан лакхалле хьехамчаш ца леринчеран дахарехь, цӀаьххьана баланаш хилар гуш дара.

Со, дуккха берш цаьрга нийса терго еш ца хиларна тӀехула дӀабоьлхуш, амма муьтӀахьхиларан са лардеш хиларан, теш хилла. Уьш шайн хьалхалерчу болх луш хилла болчарна дуьхьал хӀума ала я и дечу кхечаьрга ладогӀа ца тигара; цуьнан метта, царех лаьцна къамел доладелча, уьш декъал а бора, лерам беш а олура. Цу нахана, Дела — церан хьоста дуйла хаьара. Цо гӀайгӀа бийр бу церан, тӀаккха Цунна иза тамехь долччу хенахь, хьала а бохур бу уьш. Суна, кхечу меттигашкахь цара вайн чул гӀолехь йолу агӀонаш дӀалоцуш хилар гора. Царех цхьаболчаьрца сан некъ юха а вовшахкхийтира ур-атталла шийтта шо дӀадаьлча а, тӀаккха со тешнахилира, церан дахар дика хиларх.

Муха лардан деза шегахь эсала са? Ӏийсас дӀайиллира вайна и къайле: «Ткъа Аса боху шуьга: шайн мостагӀий беза, хьайна зулам деш берш Деле беха» (Мат. 5:44). Цо бохура, вай ваьшна халахетуьйтучарна я гӀело ечарна тӀера доӀа дан деза. Иштта леларца, вай вешан дагна тодалар схьаэца магадо, тӀаккха цу чу критика а, къахьалла а ца юьту.

# ОЛАЛЛИНА ДУЬХЬАЛ СОВГІАТ

Дезачу Йозанашкахула а, дахаран зедаларехула а суна, олаллехь болчарна дуьхьал бохуш болчу наха, шайна тІе емалдар ийзош хиларан, тІечІагІдар хилира. Дагабахкуьйтур вай Марем а, АхІарон а:

> «Марема а, АхІарона а Мусана тІехбеттамаш бора, цуьнан хушахо йолу зуда бахьана долуш, хІунда аьлча Мусас шена хушахо йолу зуда ялийнера» (Чис. 12:1).

Цкъа хьалха Марем а, АхІарон а муьлш хилла хьовсур вай. Марем Мусан йиша яра. Билгалдоккхур вай, иза цуьнан йоккхах йолу йиша яра. Дала цунах пайхамаралладийриг аьлла, цІе йоккхура (хь. Ара. 15:20). АхІарон Мусан воккхаха ваша вара, иштта динан коьрта да а. Иштта, вай, олаллин билгалйолу агІонаш дІалаьцна а, гІарабевлла хиларх пайда оьцучу а, шина юьхьшанах лаьцна боху.

Цара Мусана, цо, ИбрахІиман тІаьхьенах йоцу, эфиопхойн зуда ялорна, критика йора; иза цуьнан весетан декъашхо яцара.

Марем а, АхІарон а, Мусас африканхо зуда ялорна къа латийна хиларх я гІолехь болчу хиламехь, нийса боцу сацам бина хиларх, тешара. Цу гІуллакхо, иза баьчча хиларна, долччул а дукха синтем бойура церан. Бакъ барий те уьш шайн ойланехь? Нагахь законаца ойла йича, хІаъ аьлла, хетало. Дала исраилхойн кІенташна, цара шайн къомах болу бен йоІарий ца бало, Шен лаам къаьстташ гайтина. Цо дІахьедора, хийрачу махкарчу зударша церан дегнаш хийрачу деланашкахьа дерзориг хиларх. И весет Карлабаккхар тептар тІехь делла дара. Цундела Мусас хийрачу къаьмнех йолу зуда ялоро цхьайолу бертазло юкъаялайора. Хила тарло, цара, цуьнан адамашна чІоггІа Іаткъам а бара, тІаккха иза цу кепара лела бакъо йолуш а вара, аьлла, лорура. (Билгалделаш, тахана

вайн цхьа весет бен ца дуьсу: делах ца тешачаьрца цхьаьна цакхетар. Иза хIинца цIийн цIена хиларан а доцуш, амма синан лакхаллечу долаллин хаттар ду (хь. Гал. 3:28). Керлачу весетаца догIуш тайп-тайпаначу къомах долчу шина адаман новкъарло йоцуш зуда-маралла дойла ду.)

Иштта, Марем а, АхIарон а шайн мах хадорехь бакъ дара, амма цуьнца цхьаьна уьш, Хьама санна, бакъ а бацара! Муса церан баьчча вара, тIаккха цунна йолу муьлхха а критика низам дохор дара. Доккхаха долчу вешин а, йишин а санна, церан иза доьзалан гонахь даре дойла дара, амма халкъалахь эладитанаш даржор я цуьнан лелар гуламехь даре дар дуьйцийла йоцуш къилахь дара. ХIун бахьана дара царна шайн баьччанна дуьхьалбовлар делларг? Жоп вайна кху байтехь карор ду: «Цара вовшашка элира: «Цхьана Мусагахула бен вист ца хуьлура ткъа Веза Эла? Вайгахула а вист ма хуьлура Иза». Везачу Элана иза дIахезира» (Лел. 12:2).

Вистцахуьлура ткъа Дела цаьргахула? Шеко яц. Дала АхIаронах лаьцна оратор а, пайхамар а волуш санна, бохура. АхIарона Делан дахьийтарш дIалора пирIуне. Дала, Дезачу Йозанашкахь лардина долу, пайхамаралле назма алархьама, пайда эцнера Маремах. Церан билггал синан лакхалле совгIаташ дара. ХIетте а церан гIалаташ стенца дара аьлча, цара синан лакхалле совгIаташ олаллин агIонел лекха ойура. Цара, Мусас къа латийна, ткъа шаьш цалатийна дела — тIаккха царех массарех а Дала цхьатеррачу барамехь пайда оьцу а дела — Муса царна кхин синан лакхалле баьчча хилар ца лорура. Цара шайн синан лакхаллечу совгIаташна, Везачу Эло царна тIехула хIоттийначу олаллел шаьш лакха даха магийнера.

Керлачу Весетан контекстехь ПахIала яздора: «ПохIманаш тайп-тайпана ду, ткъа уьш лург – цхьа Са ду» (1 Ко. 12:4). Амма Делан Са гучудаккхар хIоранна а луш ду, массарна а диканна хилийта. Цхьанна хьекъал долу дош ло Делан Синехула, ткъа оццу

Синехула вукхунна кхетаман дош ло. Кхечунна оццу Синехула тешар ло. Ткъа кхин а цхьанна цу Сино адамаш тодан похІма ло. Вукхунна тамашийна гІуллакхаш дан ницкъ ло. Кхечунна Делера болу хаамаш бан похІма ло. Цхьаволчунна Делан Сино делларг жинаша деллачух къасто похІма ло. Цхьаболчарна Делан Синера долу тайп-тайпана тамашийна меттанаш ло. Кхечу цхьанна оцу меттанаша бохург гочдар ло (1 Ко. 12:7-10; Рим. 12:6-8).

ПахІала кхин дІа бохура: «ГІуллакхаш тайп-тайпана ду, ткъа уьш дойтург – цхьа Веза Эла ву» (1 Ко. 12:5). Грекахойн оригиналехь «гІуллакхдарш» боху дош диакония бохучу дешаца билгалдоккхуш ду. Тайеран дошамца догІуш цу дешах «векалийн а церан администрацин а, иштта пайхамарийн а, инжил кхайкхорхойн а, баккхаха болчийн а, иштта кхин дІа болчийн а урхалча» билгалдаккхархьама пайда оьцу. Дуьххьал дІа болчу маттаца аьлча, цу дешаца Динан тобана чохь синан лакхаллечу пхеа учрежденех лацна яздеш ду. Оццу байтера вайна Веза Эла волу Іийса цу ерриге а учрежденишна тІехь вуйла хаьа. Иза кхечу байто а тІечІагІдо. Дала леррина Къобалвинарг денвеллачул тІаьхьа ПахІала яздора: «Цо Ша дІахІиттийнера цхьаберш векалш бина, шолгІанаш пайхамарш бина, вуьш хаза кхаъ кхайкхорхой бина, кхинаш, Іуьно жа санна, динан тоба Іалашйийраш а, динан хьехамчаш а бина. Делан долахь берш кечбан дина дара иза, цаьрга Далла гІуллакх дайта а, Дала леррина Къобалвинчун дегІ дІахІотто а» (Эпа. 4:11, 12).

Пачхьалкхан олалла цу динан гІуллакхдаршкахула дІасадаьржаш ду, ткъа похІманашкахула а доцуш, дерриг а олалла, Іийса денвеллачул тІаьхьа, Дас Цуьнга дІаделла долу дела (Мат. 28:18). Іийсас, шен рогІехь, и пхиъ динан гІуллакхдар вайга схьаделла, Эпасхошка дахьийтарера лакхахь ялийна йолчу байтехь санна. Цундела Цуьнан олалла дІахІиттийна йолчу учрежденишкахула деш хуьлу. Вай дагахь латтош хила деза, муьлхха а стаг, динан тобанан Іуналхочул

синан лакхалле алсам похӀма долуш хуьлийла ду, делахь а цу гӀуллакхдаршна тӀехь баьччаллин агӀо дӀалаьцна волу Ӏуналхо, цу стагана тӀехула лаьтташ ву.

Динан тобанан Ӏуналхочун цхьана гӀоьнчин кхайкхамаш бан а, пайхамараллаш дан а похӀманаш дара. Делан совгӀат цуьнан дахарехь оццул гуш хиларна, цо миччанхьа кхайкхамаш беш белахь а, чоьнаш даим а тӀехъюьзна хуьлура. КӀиранах цкъа цо доӀанийн гулам дӀакхоьхьура, тӀаккха цига а дукха адам догӀура.

Иза гӀараваьлла дӀа мел хӀутту, цо алсам паргӀате критика йора динан тобанан а, цуьнан ша воккхах волчу Ӏуналхочан а политикин. Цо, динан тобанан Ӏуналхочун политикас Дезачу Синан леларна доза туху, бохура, тӀаккха цу ойланашца гонаха болчаьрца дага а вуьйлура иза. Цуьнан критически ойла кхечу Ӏуналхочун гӀоьнчига дехьаелира. Цхьа хан дӀаяьлча, и шиъ цхьаьна доӀанан гӀуллакхдар дӀакхехьа волавелира. Цкъа иштта динан гӀуллакхдар долчу хенахь, Ӏуналхо къайлаха шершшина аудиторин тӀаьхьарчу могӀаршка велира, тӀаккха цунна шина цуьнан гӀоьнчанаша билггал цо иштта ма бе бохучу кепара гулам дӀакхоьхьуш хилар гира. Динан тобанна а, гӀалина а, кӀелхьарбевлла боцчарна а тӀера доьхучу метта, цара адамаш кхечу доӀанан кепашна тӀе дуьгура, тӀаккха нагахь адамаш церан лелар нийса хиларх тешна цахилар гайта дуьйладелча, цу гӀоьнчаша емалбора уьш. Нах эхь хеташ хилира.

И ший а стаг похӀмане динан гӀуллакхдархо вара, амма уьш динан тобанан баччина муьтӀахь ца хилира. Церан леларан ладаме хилар, Везачу Эло царех пайхамараллашкахь а, адамашна гӀуллакхдарехь а пайда оьцуш хиларехь, къайладаьлла хилар дара. Нагахь иза цхьаннан нийса хиларан мах хӀотторан вайн стандарт хилахь, вай атта, Марем а, АхӀарон а санна, бунте дегар ду. Делан даьтта хьакхар Делан халкъана луш ду, амма иза цкъа а дешнийн а, динан гӀуллакхдархойн дахаран вастан а мах хӀотторна луш дац.

# КХЕЛЕХУЛА МУЬТIАХЬХИЛА IАМОР

Ткъа кху лаьттахь мел долчу адамал Мусана ша кIезиг хетара. Везачу Эло цIеххьана Мусага а, АхIароне а, Мареме а элира: «Шу кхоъ гуламан четар долчу арадала». Уьш кхоь араделир (Лел. 12:3, 4).

Кху байтера вайна, Далла тамехь болчу баьччанийн Цуьнан амалан тIедахкарех цхьаъ, эсалалла дуйла хаьа. Муса уггаре а эсала стаг вара лаьтта тIехь. Амма иштта ойла ца йора цунах лаьцна Марема а, АхIарона а. Церан Мусан амал гайтар кхечу тайпана хир дара: «*Цо хьакъ долчул мелла а сов схьаэцна*».

Везачу Эло цIаьххьана массо кхааннега а гуламан четар долчу арадовлар дийхира. Уьш арабовлучу хенахь, кхоччуш хила тарло, Марема АхIароне корта таIийна хир бу: «Кечлолахь. Мусас, хийрачу махкара зуда ялорца, шен ирс тIехдалийтина. Дела хьо баьчча дIахIотто воллу, хьо хьайн леларехь бакъахьара висина дела». Иштта ойла яр, вай олаллина дуьхьалдовларехула, Iехадаларан атакина дIаделлалочу хенахь, кхоллало.

Дера, тIаьхьа хилларг, церан сатийсаршца цхьаьнадогIуш дацара. Дала АхIарон а, Марем а хьалхадала тIекхайкхира. Цо царна дагадаийтира, Мусах тешна дитина Шен дерриг а цIа, тIаккха цуьнца юьхь-дуьхьал хабар а дийцина, ткъа хIетал-металшца а доцуш. ТIаккха Везачу Эло цаьрга хаттар дира: «Шу муха даьхьнера Сан лай волчу Мусана тIехтохам бан?» (байт 8). Ваьш баьччанна Iиттарш я критика ечу хенахь, вай и дарца Везачу Элах кхерар цахилар гойту. Хьовсийша, тIаккха хIун хуьлу: «Веза Эла, царна чIогIа дар а велла, дIавахара. Четарна тIехула марха хьалаайаелча, Мареман дегI ло санна кIайделира, цунна юха ца йоьрзу чкъуран цамгар кхийтира! АхIарон, юха а вирзина, Мареме дIахьаьжча, цунна гира Маремана кхераме йолу чкъуран цамгар кхеттийла» (Лел. 12:9, 10).

Олаллина дуьхьалгӀертарца, вай ваьш кхелана кӀел кхочу, иза Делан гергахь хилар дӀадаларехь хуьлийла ду, цунна тӀаьхьа цхьа-муьлхха а цамгар йогӀу. Лакхахь хьахийначу динан тобанан Ӏуналхошна тӀе юхаверзарца, эр ду аса, жимма хан дӀаелира — тӀаккха цара динан тоба йитира. Цхьаъ динан гӀуллакхдарера дӀаваьккхира, шолгӀаниг ша мукъавелира. Цхьаммо тхуна гена доццуш, лулахь динан тоба дӀайиллира, иза ша ма-хиллара бӀеннал сов адам доцу гулам болуш йисира. Иза динан тобанан Ӏуналхочун гӀоьнча волчу хенахь, цуьнан куьйга кӀелахь ялх бӀе сов стаг вара. Ша дӀаваханчул тӀаьхьа сихха бохург санна, цо доьзалан бохам лайра. Важа гӀоьнча гӀалара дӀа а вахана, керлачу меттехь динан гӀуллакхдарехь цхьацца кхиамаш болуш хилира, амма иза цхьааллин синхаамо а, гонаха болчийн агӀор тешна цахиларо а дӀа цатосура.

Кхел ма-еъана, АхӀарон сихха шена тӀера а, Маремана тӀера а дохковаларца Деле кхайкхира. Дала гечдира царна, амма хӀетте а Марем ворхӀ дийнахь юкъараллах дӀакъаьстина йисира. Дуккха а хаттарш дуьсу: масала, Маремана бен таӀзар стенна ца динера, ткъа АхӀарон зулам цахуьлуш хӀунда висинера. Бахьанех цхьаъ Марем шен дешнийн атакашкахь АхӀаронал тӀетаьӀӀина хилла хир ю. Кхин хеташ дерг хӀун ду аьлча, Марем, зуда, цу кепара йистхила хьакъ долуш яцара; цу тӀе иза цхьа а коьрта агӀо дӀалаьцна яцара. Кхин бахьана хуьлийла ду, АхӀарон, динан коьрта да, даьтта хьаькхна вара, тӀаккха иза шен меттехь оьшуш вара. Бахьана мухха хиллехь а, цу хиллачо, Дела муьтӀахьхиларе мел ладаме хьоьжу, гойту.

Синан лакхаллечу олаллина дуьхьало ярна кхел яро долччул сих-сиха вайна Ӏамарна а, хьалакхиарна а аьтто бар ду. Иштта чу хиламашкахь, дохкодуьйлуш долу адамаш динан тобанехь уггаре а тешаме хуьлий дӀахӀуьтту В. Даим ца хуьлу дуьхьалгӀертар зуламечу дагара арадолуш; сих-сиха иза хаар ца хиларна гучудолу. Кхетар хилча, цунна тӀаьххье сихха

дохкодовлар догIу. Наггахь цу гIуллакхо цхьа хан дIалоцу, цхьадолчу адамийн лазамна доккха дуьхьалгIертар хуьлу, иза уьш Далла дуьхьалгIерта дела хуьлу.

Со тешна ву, Маремана дерриге дахарна дагахь лаьттина хир ду и кIезиг хетаран ворхI де. Кхин иштта леларш вайна цуьнца ца го, цуьнан муьтIахь цахилар хинца кхин юха ца хуьлура. ХIетте а нис а луш, шайн гIалатех урок массара ца оьцу, иза Марема а, АхIарона дина ма хиллара. Цхьаберш оццу гуламехь тIаьхьо хIетте а дуьхьалбевлла дIахIиттира Дала дIахIиттийначу олалехь болчарна. Шайн дохко цадаьллачу деган тIехула, уьш абаденна емалдаран кIел бахана.

## АША ШАЬШ КХЕЧАРЕЛ ЛАКХАРА ДIА СТЕННА ХIИТТАДО?

Гуламерчу кхаа стага — Левин тIаьхьенах волчу Кхорахьа а, Раабанан тIаьхьенах волчу Датана а, Абирама а, — шайна гонаха шиъ ах бIе юкъараллин хьаькамаш а, цIе яххана нах а гулбина, Мусана а, АхIаронна а дуьхьал а баьхна, элира: «Цара, Мусана а, АхIаронна а дуьхьал гулам а гулбина, элира: «Тоьар ду шуна: дерриг а халкъ ду даздина, цунна юкъахь Веза Эла а ву! Ткъа шуна хIунда хета те шаьш Везачу Элан халкъал а лакхара?» (Лел. 16:3).

Дуьххьал дIа аьлча, Муса а, АхIарон а волчохь баьччаллин агIо дIалаьцна болчу, цу наха, дIахьедира: «ХIей, кIентий, шайх хIун моттаделла шуна? Шайх баьччанаш олуш дерш. Вай дерриш а ду Делан халкъ, тIаккха тхан аша гойтуш ца хилча а, Цунна муьтIахь хуьлийла ду». Цхьанхьа вайна иштtаниг хIинца хезна, бакъ дуй иза? Нагахь исттачу дешнашца дацахь а, кхоччуш билгалдолуш цу тайпана дахьийтар сих-сиха нисло вайна, амма дух изза дуьсу. СуртхIоттадойла ду, цара иштта бохуш хиларан: «Вай дерриш а цхьа босс ду», я «Вай вежарий а, йижарий а ма ду», я «Вайн массеран а ду Деза Са; вай церан

бaьччаллина мутIахь стенна хила деза?» И нах, муьлхха а кхин верг санна, Веза Эла хазийла хиларх, тешна бу.

Динан тобанехь дешар цIе яьккхина болу болам, 1970-гIа шерашкахь контролана кIелара баьлла, тIаккха и доцург а, баьччанашна мутIахьхиларо муьлхха а хьекъале маьIна дайина. Адамаша динан тобанийн Iуналхошка, дезденошна дIагIо те шаьш я ма гIо те, машен я кхин цхьа хIума эца те, и зуда ялае те ас я ма ялае те, бохуш, хоьтту. Цу хиламашкахь дакъалацар сан цахилла, цундела и гIуллакх мел гена даьллера сан билггал алийла дац, амма цигахь дакъа лаьцначу наха, эххар а дерриг а Дезачу Йозанийн гурана арахьа даьллера, элира.

И болам а, баьччалло кхин долу зуламаш дар а кхечу йистан бахьана хилла дIахIоьттира. Синан лакхаллечу олаллах ма-хьажжора пайда ца эцарна, адамаша иза тергал цадан сацам бинера. Цу гIуллакхо цхьа хьанех болу маьрша художникаш а, синан лакхе бомжаш а гучубовлар тIедалийра, уьш цхьана динан тобанера кхечу динан тобане, конфессера конфессе бевдда лелара, шайн доIадаран гуламаш а беш, сих-сиха иза дара, царна шайна церан даго ма-бохху Iуналхо ца караво дела. Иштачу ойлано, ПахIала вайга хьалхxе дуьйна схьахьедина долу, бакъоцахиларан къайлаха олалла дIасадаржорна тIехь шен ницкъ кхочу дакъа лаьцна.

Мусана дуьхьалгIевттина долу адамаш, кхул дукха хан ялале хьалха пирIунан къизаллечу урхаллин кIел дара. ТIаккха, шен олалла иштта барамал тIех хеташ, амма кхечу маьIнехь долу, Муса гучувелира. Цхьацца хенахь цунна тIехула церан кхин а сов ладаме халонаш гучуюьйлура, пирIун волуш хиллачул. Хила тарло, хIинца, шаьш Мисар-мохк а битина, пирIунца Iодика йича, Муса царна кхин ца оьшу, моьттина царна. Уьш кIадбеллера олаллехь болчарна мутIахьхила. ХIинца хIорра а шена луъучу гIойла долуш вара. Мухха-делахь а, уьш Делан долахь бара, ткъа баьччанаша совнаха халонаш бен цайора, цундела масех стаг цхьаьна гул а велла, Мусана дуьхьалваьллера.

ДIасалелачу хенахь, со чIогIа сих-сиха и санна йолчу спектаклийн теш хуьлура. Бизнесменаш а, дехарш ден доIанийн тобанаш а, консультативни советаш а, динан тобанан юкъара кхин йолу тобанаш а Iуналхошна дуьхьал цхьаьнакхеттера. Церан ойланца, цаьрга Делера дерг хазалора, ткъа динан тобанан Iуналхо къора вара. Нагахь царна хаьахьара, хIун дух ду царна чохь къайладаьлларг.

## СИНАН ЛАКХАЛЛЕ ОЛАЛЛА ДIАХIОТТОШ ДУ

Ас хIинца аьлла ма-хиллара, вайна, кхиъначу малхбузерчу цивилизацин гражданашна, чIогIа сих-сиха Пачхьалкхан агIонех кхета хала ду. Вай, пачхьалкхах чIогIа къасталучу, маьршачу йохка-эцаран экономика йолчу, демократически юкъараллехь дехаш ду. Пачхьалкхан, дуьнен чу валаран бакъонца дIахIоттош волу, паччахь ву. Демократи йолчу пачхьалкхашкахь правительство халкъо хоржуш ю. Маьршачу предпринимательствон системехь баьччалле, олалле гIертар доцург, ахча дерш а, корматалла ерш а, Iаткъам я похIма дерш а, кхочу. Амма, баьччанаш хIиттош йолу, Делан Пачхьалкх иштта дIахIоттийна яц.

Iийсас Ша дIахIиттайо динан гIуллакхдарийн отделаш. Веза Эла воцчун, цхьаннан а цхьа-милла а олаллин агIонга хIоттавойла дац, ткъа Цо иза Делан Синца до. Вай, Делан хьажор а доцуш, олалла ваьшна тIеэцахь, вай вешан ваьш хьаладоху. Цу гIуллакхо, хьажийна а волуш, амма хIинца а дIахIоттийна воцург а юкъавоуьйту. ПахIала дIахьедора: «Аса шух хIорранга а боху, сайна Дала деллачу дикане хьаьжжина: шайх лаьцна хила езачул лекха ойланаш ма хилийталаш, амма, шайна хIоранна а Дала деллачу тешаре хьаьжжина, оьзда ойла елаш» (Рим. 12:3).

Iебархошка дахьийтаран авторо, адаман ша баьччанан меттиг дIалоцийла цахилар, тIечIагIдира: «Цхьа а шен лаамца хIуттур вац динан коьрта да». ХьалхайогIучу байташа

къаьстташ боху вайга, иза дIахIоттийна хила везаш ву. Дахьийтаран авторо кхин дIа боху: «Дала тIекхайкхина хила веза иза, АхIарон санна. Иштта Дала леррина Къобалвинчо а Ша тIе ца эцна динан коьрта да хиларан бакъо» (Iеб. 5:4, 5). Ур-атталла Iийса а вацара ма-луъу баьччаллин агIо дIалаьцна, Дас хIоттийнера Иза.

ЛадогIийша, ПахIала шех лаьцна муха боху: «Дала леррина къобалвинчу Iийсан лай волчу, Цуьнан векал хила Дала тIекхайкхина волчу, адамашна хаза кхаъ дIакхайкхабайтархьама Дала къастийна волчу аса, ПахIала, яздо хIара кехат» (Рим. 1:1). Цо элира тIекхайкхина волчу, ткъа тIаккха хаьржина. ПахIал векал волуш тIекхайкхина вара дуьне кхоьлличхьана дуьйна, иза, кIелхьарвалар хиллачу хенахь, векал дIахIоттийна ца хиллехь а. Цул хьалха, Антиохехь динан тобанан баьччанашна муьтIахь волчу хенахь, иза зеран хенах чекхваьлла вара. Иштта дIадахара масех шарахь. Ша-шен зедаларера схьадолуш цо хIара хьехамаш язбина баьччанашна: «Ишттанаш а цкъа хьалха зен беза. Цул тIаьхьа, ала хIума доцуш уьш цIена белахь, динан куьйгалхошна *гIо дайта* мегар ду цаьрга» (1 Ти. 3:10).

ПахIалан дахар библейски кеп хилла дIахIоьттина вайна. Динан гIуллакхдарехь гIоьнча волуш тешаме хиларан зерах чекх а ваьлла, иза хьалхайогIучу, хьехаман тIегIана тIе хьалаваьлла (2 Ти. 1:11; Век. 13:1). Делан гIуллакхдаран низам Божий порядок служений и позиций служителей раскрывается в следующем стихе: «Динан тобанашкахь Дала цхьаберш векалш, вуьш пайхамарш, кхозлагIнаш динан хьехамчаш бина дIахIиттийна. Цул сов, цхьаболчарна тамашийна гIуллакхаш дан ницкъ белла, вукхарна адамаш тодан похIма делла. Иштта уллорачарна гIо дан похIма а, урхаллин похIма а, тамашийна мотт бийцаран похIма а делла Цо» (1 Ко. 12:28).

ПахIал динан гIуллакхдарехь гIоьнча волуш санна зийна а ца Iаш, амма хьехархо волуш санна а зийна. ТIаккха юха а вайна

Цуьнан ялхой алсам лакхарчу тIегIана лерина хиларан Делан низам го, хьехархо ПахIал векал хилла дIахIоьттинчу хенахь: «Антиохехь йолчу Iийсах тешачийн тобанехь бара пайхамарш а, Iелам нах а: Бар-Нааб а, шех кхин а Iаьржаниг олу ШамIа а, къуринахо Луку а, мехкан куьйгалхочуьнца ХIародца кхиъна волу Манаан а, Шаул а» (Век. 13:1). Шаул, тIаьхьалонгахь ПахIал цIе яьккхина волу, кхузахь, Антиохин динан тобанехь хьехархошна а, пайхамаршна а юкъахь билгалваьккхина ву. Тимапига Хьалхарчу дахьийтарера (2:11) вайна, иза пайхамарех а воцуш, амма хьехархойх хиллийла, хаьа. Кхин дIа ешарца, вайна хаьа, «Цкъа уьш Везачу Элана гIуллакх деш а, марха кхобуш а болчу хенахь Делан Сино элира: «Бар-Нааб а, Шаул а Ас цаьрга кхайкхинчу гIуллакхна схьакъаставе Суна», – аьлла» (Век. 13:2).

Дезачу Сино элира: «ДIавало! И стаг Ас хаьржина гIирс бу». Хан тIекхаьчна. Дерриг а кIира хьалха я тIаьхьа аьлла дара, амма хIинца а доцуш! ТIаккха Везачу Эло, дIакъастийна хила деза, хенаш а, адамаш а дIахIиттийра. Дуккха а шерийн дохалла ПахIал, цуьнан дахарна тIехь векалаллин тIеозийна хилар дуйла, тешна вара. Иза Дамасакхе воьдуш новкъахь вовшахкхетарал кхо де тIаьхьа дIадиллина дара (Век. 9:15). ХIинца Iийсас, Ша дуккха а шераш кхул хьалха тIеозийна хилла верг, дIакъастийра. ХIетахь ПахIал нийса къахьоьгуш вара, шеггара хьалавала а ца гIерташ.

Везачу Эло, ПахIала нийса къахьоьгучу динан тобанехь дIахIиттийначу, баьччанех пайда эцна. Къаной оццу кепара дIахIиттош бара. Кхин дIа йоьшу вай: «Далла гIуллакх дина а, марха кхаьбна а бевлча, тIе куьйгаш а дехкина, доIа а дина, тIедиллина гIуллакх кхочушдан дIавахийтира цара и шиъ. Делан Сино вахийтина и ши векал…» (Век. 13:3, 4).

Тидам белаш «вахийтина и ши» бохучун. ПахIал а, Барнаб а вахийтина вара динан гIуллакх дан, баьччанаш а хIиттийна. ХIинца хьовсийша тIаьхьайогIучу кху байте: «Делан Сино вахийтина и

ши векал». ПахIал а, Барнаб а хIоттийна а, дIакъастийна а вара Iийсас Дезачу Синан юкъарлонца дIахIиттийначу динан тобанан баьччанашкахула. ЖамI далош, эр ду, Iийсас и гIуллакх хьокъалла долчу олаллин зIенехула кхочушдира.

Iийсас цу гIулкхана Антиохин пайхамараллин дехар ден доIанийн тобанах пайда ца ийцира, ца хьажийнера Цо ПахIал Барнабаца пайхамараллин гуламе кхечу гIала я динан тобане, шаьш долахь доцчу, оццу гIалахь. Пайда ца эцна Цо цу гIуллакхна динан тобанерчу къаьсттина синан лакхалле похIманаш долчу цхьа-хьаннах а.

Везачу Эло, Ша Антиохехь динан тобанехула дIахIоттийначу, олаллах пайда эцна. Цундела дIахьедина Дала: «Сихлой, цхьанна а тIе доIанца куьйгаш ма дахка» (1 Ти. 5:22). Баьччанаш, динан тобанехь гIуллакхдеш болчийн, тешамалле хьовсуш бу, цундела Дала церан дегнашчу цхьа билггала волу стаг дIахIоттаве бохучу хенахь, уьш и гайтар Везачу Элера схьадолуш хиларх тешна хуьлу. Иза Керлачу Весетан динан тобанехь тешаш берш баьччаллин агIонашка дIахIитторан Делан кеп ю.

## ХЕНАЗА ТIЕКХАЙКХАР

Муса тIекхайкхина вара тIаккха цунна иза жимчохь дуьйна хууш а дара.

> Шен шовзткъа шо кхаьчча, вежарий болу исраилхой болчу ваха дагадеара цунна. Цигахь волуш цунна гира мисархочо цхьана исраилхочунна ницкъ беш. Мусас, исраилхочуьнгахьа гIо а даьккхина, мисархо вийра. Цунна моьттура вежарий кхетар бу, Дала шаьш паргIатдаха ша хьажийна хиларх. Амма уьш ца кхийтира. ШолгIачу дийнахь Мусана гира вовшахлеташ волу ши исраилхо. Царна юкъахь бартбан гIоьртира иза: „Шу вежарий ма ду! ХIунда лета шу вовшах?“ Амма ницкъ беш волчо элира: „Тхуна тIехь хьаькам а, кхелахо а хьан хIоттийна хьо? (Век. 7:23-27).

Цо дига дезаш долчу адамаша, цуьнан олалла тІе ца эцна. Цхьацца волчо изза бохург санна, тІаьхьа Кхорахьа а, Датана а, Абирама а аьлла долу, дешнаш элира: «Хьан хІоттийна хьо тхуна тІехь хьаькам а, кхелахо а?» Амма цхьана хІуманна вукху стага шена тІехь цхьа а тІаьхьалонаш ца лайна. ГІуллакх стенца ду аьлча, Муса хІетахь хІинца а баьчча дІахІоттийна вацара. ТІаккха тІекхайкхар хІинца дагчу даьлла хиллехь а, Делан олалла цунна тІехь хІинца а дацара.

Суна схьахетарехь, и адамаш гІум-аренгахь Мусана иштта къиза дуьхьал стенна гІевттина хиларан бахьанех цхьаъ, царна цунна тІехь Делан олалла гора, амма царна иза тамехь цахетара. Цунна кхетор Делан кху дешнаша лур ду, адамаш ма-дарра аьлча Мусана а доцуш, амма Цунна дуьхьал къийсам латтош дара. Мел сих-сиха Іиттало вай ишттачу хьелашца тахана! Баккъал а Делан олалла долчарна, сих-сиха дуьхьало гонаха болчаьргахьара хуьлу, адамаш ма-дарра долчунна тІехь лаккхарчу олаллина дуьхьалдуьйлу дела.

## ШАЬШ-ШАЙН ДІАХІИТТОР ІЕХАДАЛАРЕ А, КХЕРАМЕ А ДУ

Кхорахь а, Датан а, Абирам а Мусана дуьхьалбевлла дІахІиттинчу хенахь, иза хІинца баьчча хІоттийна вара, тІаккха цуьнан олаллин тешаллаш массарна гуш а дара. Ткъа уьш шаьш-шайн кхайкхийна, шаьш-шайн бакъахьара бина куро нах бара. Церан бахьанаша бунтан харцонан а, кхераме а кеп хьалхахІоттайора. Харцонан стенна ю аьлча, уьш хІетте хІинца а шайн бунтаца Далла гІуллакхдеш хиларх теша дела. Цу ши бІе шовзткъе итт баьччано шаьш Мусана а, АхІаронна бен дуьхьалхІиттина ца хиларх тешийнера шаьш; церан шеко а яцара, шайн дуьхьалдовлар Везачу Элана дІасадаьржаш хиларан, царна Цунна гІуллакхдан лаьа дела. Цхьанхьа уьш тасабеллера, ткъа Мусана тІехь долу Делан олалла гучуьра далийтича, царна цунна

дуьхьалгӀовтта бух хилира. Иза кхераме дара, наггахь доцуш ишттачу леларо шена тӀаьхьа чӀогӀа кхел тӀеийзайо дела. Цу гӀуллакхо Люциферан дожар нийсса ма-дарра юха до.

Цу адамийн дешнаш хезча, Муса, цу дерригенна тӀехьа лаьтташ муьлха са ду, кхийтира, тӀаккха иза Везачу Элана хьалха суждане вахара. Иза цаьрца кхийса ца хӀоьттира. Дала дӀахӀоттийна верг, Цуьнан дог долуш ву, тӀаккха цхьанна шен бакъ хиларан тешалла дан хӀуттур вац иза. Муса Дела оццул юххера вевзвш хиларна, кхетара: Везачу Эло Ша хӀоттийна долу баьччалла тӀечӀагӀдийр ду. Мусас элира:

> Забулан тӀаьхьенах – Хьелонан кӀант Элиаб; Юсупан кӀентех: Эпрайман тайпанах волу ӀамихӀудан кӀант Эли-ШамаӀ а, Маннашан тӀаьхьенах волу Падацуран кӀант Гамлиал а; Бен-Яманан тӀаьхьенах – ГидӀонин кӀант Авдани (Лел. 16:9-11).

Уьш, шайх тешна дитинчул, цхьана алсам долчух тасабеллера, тӀаккха цӀаьххьана Далла дуьхьалбевлла декъашхой нисбелира. Уьш, Дала царна делла доцчу олаллан бараме гӀертара. Мусас юха элира цаьрга: «Тоьар ду шуна, левихой!»[12](Лел. 16:7).

Уьш шайн юхахьараллехь юхабавла гӀерташ ца хилар къаьсташ ма-хилли, Везачу Эло Мусага элира: «Юкъараллига ала: Кхорахь, Датан, Абирам вехачу хӀусамашна гонах йолчу меттера дӀадовла». Иштта, Муса, хьала а гӀаьттина, цунна муьтӀахь болчу баьччанаш тӀаьхьа а болуш, Датанан а, Абираман а хӀусамаш йолчу ваха сихвелира. Цо халкъе элира: «ХӀокху зуламечу нехан четаршна юххера дӀа а довла, церан долахь йолчу цхьана а хӀуманах хьакха а ма ло, шаьш а церан дерриге а къинош бахьана долуш ца далийтархьама». ТӀаккха уьш Кхорахьан, Датанан, Абираман четаршна гонах йолчу

12 Делан Йозанийн ингалсан маттера гочдарехь (NKJV) кхузахь аьлла ду: «Аша тӀехдуккха оьцу шайна тӀе, аша, Левиин кӀентий!» — Билгалдаккхар гочдархочун.

меттера дIабевлира; Ткъа Датан а, Абирам а шайн зударшца, кIенташца, кегийчу берашца, ара а бевлла, шайн четаршна чуволлучохь латтташ бара.

ТIаккха Мусас элира:

> «ХIинца хIокхунах хуур ду шуна Везачу Эло со и дерриге а гIуллакхаш кхочушдан къобалвина хилар, ткъа уьш аса сайн лаамца деш ца хилар а: нагахь санна церан массо а адамийн санна *балар нислахь*, церан кхоллам кхидолчу адамийн санна хилахь, со Везачу Эло ваийтина вац-кх. Ткъа нагахь санна Везачу Эло цхьа керла хIума дахь, нагахь латтo, бага дIа а гIаттийна, уьш а, церан долахь мел долу хIума дIа а кхаллахь, нагахь уьш дийна боллушехь эхарте а гIахь, тIаккха хаалаш, оцу нахана Веза Эла дола хетийла». Муса и дешнаш аьлла ма-велли, царна бухара латта дIасадекъаделира. Латто и нах, церан хIусамаш, Кхорахьан берриге а нах, церан долахь мел долу хIума а дIаийцира. Шайн долахь мел хиллачу хIуманца, дийна боллушехь, латтан кийра а бахана, эхарта чу бахара уьш. Латто дIахьулбира уьш. Халкъана юкъара, хIаллак а хилла, дIабевлира уьш. Царна гонах хилла болу исраилхой, хIокхара маьхьарий хьаькхча, дIабевдира. Кхайкха а кхойкхуш, цара доьхура: «Тхо а латто дIа ма кхоллийла!» – бохуш. Везачу Элера цIе йоьссира, цо дIакхаьллира хаза хьожа йогIучу сегIазан сагIа доккхуш волу ши бIе шовзткъе итт стаг» (Лел. 16:24-35).

Жуткий суд, пришедший на этих людей, дает нам два отрезвляющих факта. Во-первых, эти люди искренне верили, что все еще служат Богу, хотя на самом деле они противостояли Ему. Во-вторых, в Новом Завете Апостол Иуда предупреждал, что будут подобные люди и в церкви последних дней, «которые оскверняют плоть, отвергают начальства и злословят высокие власти» (байт 8). ТIаккха цо кхин дIа элира: «Къа ду церан, уьш

Кхаиман некъаца боьлхуш … тIаккха юхахьараллехь, Кхорахь санна, хIаллакьхуьлуш болу дела» (байт 11).

## БУНТ ЙОЛУ ЦАМГАР Ю

Кху коьртехь бунтан шина къаьсттинчу хиламах лаьцна аьлла ду. Хьалхарниг шиъ ах бIе баьччанца болчу Кхорахьах а, Датанах а, Абирамах а хьакхалуш ду. ШолгIаниг шолгIачу дийнахь хилла, дерриг а халкъ Мусана а, АхIаронна а дуьхьалгIаьттинчу хенахь. Цара го бинера царна, иштта а бохуш: «Аша хIаллакдина Везачу Элан халкъ» (Лел. 16:41). Ша шеца ду, уьш инзарбаьхнера селхана хиллачо, амма цара дерригенна а тIехь Муса бехке винера. Цу адамийн Iаткъам оццул чIогIа хиларна, ур-атталла иштта, берриге къайлахбартхой лаьтто дIахударан, тоьшалла хиллачул тIаьхьа а, халкъо, церан бунт баларан кхерам болуш хилар ца кхетадора. Ларволуьйту, и санна болу хиламаш, вайн деношкахь а меттиг йолуш хиларо.

Халкъ Мусана а, АхIаронна а дуьхьалгIаттинчу хенахь, Дела оццул огIазвахарна, уьш берриш а хIаллакбан лууш вара. Амма Мусас а, АхIарона а адамашкахьа гIодаьккхира. ЖамIехь халкъ кIелхьардаьккхина дара; делахь а, Везачу Эло дахьийтинчу Iаьржачу уьно меттаматтана тIехула дIаса а даьржина, 14 700 адаман дахар дIадаьхьира! Хьалха дIадаханчу дийнаца хиллачу эшамца дустийла а дац!

Делан халкъ, ладогIийша сан дIахьедаре: бунт ун долуш а, даллал кхераме а ю. Делан Йозанаша бунт Далла *тамехь яц* ца боху. Дезачу Йозанаша Далла иза *ца еза*, аьлла, чIагIдо. Цуьнан бунте хьажар дуккха а къовламе ду, дуьххьалдIа болчу цабезамал. Бунт яьккхинчу Люцифере стигалш йитар ца дийхира; иза цигара, лаьттах детталуш долчу, ткъес тохаран чехкаллица аракхоьссинера (хь. Лак. 10:18). Бунтахочух тера хила лаам чIогIа валлал кхераме бу. Цу бахьанина ПахIалан Римехь динан тобане хьехамийн чаккхенан дешнаш хIорш дара:

> Динан вежарий, аса чIогIа доьху шуьга, ларлолаш шу декъадалийта а, галдовлийта а гIертачарех. Букъ берзабелаш шуна бевзинчу хьехамашна дуьхьал харц хьехамаш бечарна. ХIунда аьлча иштта адамаша вайн Веза Эла волчу, Дала ларрина Къобалвинчунна гIуллакх ца до. Цара шайн гайна гIуллакх до. Шайн хьестадаларца, къамелаш дан говза хиларца догцIена долу адамаш Iехадо цара (Рим. 16:17, 18).

Уьш санна хир ду кху коьртехь сан чаккхенан дешнаш а. Со шек ву, кху дахьийтаро шун даккхийдер я энтузиазм ялайойла хиларх, амма цо шун дахар кIелхьардоккхийла ду. Дагахьлаттаделаш, иза билггал бакъдерг тIедогIар ду; иза тамехь доцуш хеталойла ду, амма цуьнан лардалар, вукху йоццачу ханна долчу бегIийла доцуш хиларал, дуккха а сов ду. Ас доIа до, шуна кху дахьийтарехь Делан безам гархьама.

КОРТА 15

# ЦХЬААЛЛА

*Олалло, Делан сийлалла тIеозош долу,*
*цхьаалла хилар дохьу.*

Дуй теша кхин а лакхара йолу Iалашо хилар а, кхин а совдаьлла гIолехь хилар а, Делан олаллин кIелахь вахарал, вай хIинццалц дийцинчу дерригенал? Жоп хир ду – билггал ду! Иза ду кхиамца Делан олаллех дерг дIасадаржор.

Iийсас динан тобанна билгалъяьккхинчех йолу цхьа Iалашо – *цхьаалла* ю! И Iалашо кхочушъяр уггар а тоьлларг ду. Цо доIа дора:

> «Ас доьху Хьоьга, деккъа церан дуьхьа а доцуш, амма церан дешнашкахула Сох тешар долчеран дуьхьа а. Ас доьху, уьш берриш цхьаъ хилийтар. Хьо, Сан Дада, Соьца а, Со Хьоьца а санна, уьш а вайца хилийтахь. Со Ахь ваийтина хиларх дуьне тешийтархьама. Ахь Суна делла долу сийлалла Ас царна а делла, уьш а, Вайшиъ санна, цхьаъ хилийтархьама» (Яхьъя 17-20-22).

Вайна кечдина долу *сийлалла* ду, ткъа иза чIогIа доьзна ду вайн цхьааллица. «Сийлалла» боху дош, адамийн къамелехь дукха далочех дац. Вебстеран онлайн-дошамо и сийлалла

«йоккха хазалла а, хьолалла а» санна билгалдоккху. Грекахойн маттара «*докса*» бохучу дешан а и санна долу билгалдаккхар ду. Делахь а, Библин тIера дешнаш Iамочу буьззина болчу дошамо кхин а тIетуху: «Делан сийлалла а, Иза билггал мила ву бохург а».

«Докс» бохучу дашана Ширачу Весет тIехь эквивалент ду Iебархойн «*кавод*» боху дош. Исбаьхьалла, хьоле хилар, нуьцкъалалла, сий дар, сийлалла, мехалла – уьш и дош билгалдохучех цхьадерш бен дац. Цхьана минотана совца а совций, ойла ейша оцу дешан маьIне хиларх. Делан Йозанаша *Делан сийлаллех* лаьцна олучу хенахь, цо Цуьнан исбаьхьаллех, Цуьнан дийца а лур доцучу хьолах, Цуьнан нуьцкъаллех, Цуьнан билггал долчу комаьршаллех, цуьнан доккхачу сийдарх, цуьнан воккхаллех лаьцна дуьйцу. ТIаьххьара долчу «*мехалла*» бохучу билгалдаккхаро гойту, цу агIонийн доза а ца хилар, амма иза дуьззина долуш хилар, доцца аьлча, иза «*Цуьнан сийлаллин мехаллех*» лаьцна ду.

Iийса – адам санна ваийтина волу Дела ву. Вай гуттара а дагахь латто деза Цо аьллачу хIокху дешнийн лараме хилар: «Со гиначунна, Да а гина» (Яхьъя 14:9). Яхьъя-векало дуьххьара дуьйна дIахьедо, Дош Дела дара бохург. КхиндIа цо яздина: «Дашах адам а хилира, Иза адамашна юкъахь Iаш а дара… ТIаккха тхуна гира Дас Шен цхьаъ бен воцучу КIантана делла *олаллин нур*» (Яхьъя 1:14). Цуьнан сийлалла дуккха а йолчу агIонашкахула гучуделира, амма къаьсттина Цуьнан ницкъехула. Яхьъян 2:11 байт – иза и агIо гойтучу дуккха долчу аятех цхьаъ ду: «Иштта Галийлай-махкара Кхана олучу юьртахь *дIадолийра Iийсас* тамашийначу гIуллакхийн билгалонаш гайтар». Iийсас *Делан сийлаллин мах* гучубаьккхира, Ша кху лаьттахь волуш.

Ша дIавахале Цо тIедиллар дина вайна: «Со Дас ваийтаре терра, Ас шу а дохуьйту». И доккха тIедиллар вайга кхочушдайтархьама, Iийсас доIа дора *Цуьнан сийлаллин мах* вайна тIехь а хилийтар доьхуш. Хьалха аьлла ма-хиллара, и лур ду аьлларг вайн цхьаалла

хиларца доьзна дара. Яздина ду: «Мел дика а, тамехь а ду вежарий цхьаьна Iар… цигахь Везачу Эло дIахьедо декъалаллаш далар а, чекхдер доцу дахар церан хилар а» (Заб. 132: 1-3). Дац кхин лакхара декъалалла, Цуьнан сийлаллехь хуьлучул, Иза уллохь хилар дуьззина хаадалар а долуш.

## ДАГО МА-БОХХУ МАСАЛ

Дуьххьарлера динан тоба къеггина долу масалла ду оцу билггал бакъдолчун. Iийса стиглашка хьалаваьллера, ткъа Цуьнан тешаме болу мурдаш муьтIахь хилира Цо тIедиллинчу, шаьш долчу цIа чохь диса бохучунна (Век. 1-4). Ша веллачуьра денвалар хиллачул тIаьхьа шовзткъа дийнахь Iийса 500 хиллал болчу боьрша стагана а, зудчунна а хьалха хIоьттира (1 Ко. 15:6), амма итт де даьлча царах 120 стаг бен ца висира Ярушалаймехь. Ткъа висина масех бIе стаг мичахь вара те? Вайна ца хаьа, уьш стенга баханера, амма вайна билггал хаьа, Iийсас тIедиллинчу Дас лур ду аьллачуьнга ладугIуш Iе бохучунна, уьш муьтIахь ца хиллийла.

Оцу цIа чохь бисина божарий, зударий Iийсас аьллачу дешан олаллин цхьааллехь бара – Цуьнан дуьххьал дIа долчу олаллин. Ткъа Цо хIоттийначу лидерца йолу юкъаметтиг муха хир ю те церан?

Ша дIавахале Iийсас Кипа хIоттийнера Шена тIаьхьахIиттинчарна тIехь. Кипа мурдашна юкъахь къаьсттина вара. Цуьнан Делан некъаш довзарехь долу хаарш хиларе хьагам сов бара, цунна кхечарна делла доцу хьекъалалла хилар деллера, цара цуьнга ла а дугIура. Цуьнан билггал лидер хиларан похIма дара. Амма наггахь иза сиза хуьлура, Делан лаамехь дерг, шена ма-хетта а лоруш. Цо майраллица Iийса Дала леррина Къобалвинарг а, дийна волчу Делан КIант а ву аьлла дIахьедар дича, Iийсас хастийра иза цо и дIаделларна, Кипа декъалвинчех ву а олуш, и билггал бакъдерг цунна Делера хилла дела. Амма,

масех минот а ялале Іийсас, цуьнга а хьаьжна, элира Кипе: «ДІадала Суна уллора, иблис! Ахьа Суна новкъарло йо. Хьан даг чохь Делан ойланаш яц, адамийн ойланаш ю» (16:23).

Кхечу цхьана меттехь дуьйцу, Кипа хин тІехула дІавахарх лаьцна, кхиболу мурдаш хинкеманна чу хиъна Іашшехь, хьежа а хьоьжуш. Амма, цхьа кІеззиг хан яьлча, кхиберш а цунна тІаьххье хи чу бовла кхиале, иза хи чу ваха волавелира. Іийсас Шен реза ца хилар гайтира цунна: «Делах кІезиг тешаш верг! Хьайн даг чу шеко хІунда кхоллаялийтира ахьа?» – олуш (Мат. 14:31).

Кхин а кхечу меттехь дуьйцу, Іийсас Кипа, Яхьъяца а, Якъубца а цхьаьна къасторах лаьцна, Ша лам тІе волучу хенахь Шена юххеваккха. Уьш цига дІакхаьчча, Іийса хийцавеллера; Цуьнан юьхь малх санна къегира, Цуьнан бедар, бІаьрган нур а дойуш, кІайн хилира. Муса-пайхамар, Эли-ЯхІу-пайхамар веана, уьш Іийсаца къамел дан буьйлира. Ма йоккха привилеги а, сий дар а хилира оцу кхаа мурдан, оццул инзаречу меттиган тешаш хила йиш хуьлуш! Амма и дерриг чекхдалале Кипас, кхо четар хІоттаде вай кхузахь, царах шиъ Эли-ЯхІуна, Мусана хІоттош, олу. Юха а, цо куьйгалла до, амма иза Делан лаамца догІуш дацара, оцу сийлалла даьржинчу меттехь а.

Кипин уггар чІогІа вожар хилла долу – Дала леррина Къобалвинчух иза дІакъастор – иза а даг чуьра даьлла дацара мурдийн. Іийса денвалар хиллачул тІаьхьа кешан уллохь лаьттачу малико Кипин цІе хьахо езара, тІедуьллург оцу кхаа зудчуьнга олучу хенахь: «Амма аш, гІой, Цуьнан мурдашка а, Кипе а ала: «Іийса шул хьалхаваьлла Галилай-махка гІур ву, цигахь гур ву шуна Иза» (Мрк 16:7). Оцу кхаа зудчунна, кхечу дукхах болчу мурдашна а санна, Кипа юхаваьлла хир ву моьттуш хир дара.

Цу тайпана, вайна хьалха хаттар хІутту: муьтІахь хилалур буй теша керлачу динан тобанан декъашхой, иштта тешамазалла шех далийтинчу стагана? Цуьнан импульсивни хилар, цуьнан ойланаш, цунна хетарг, цо бо сацамаш ала хІума доцуш бацара,

дукха а йолчу меттигашкахь гIалате а хуьлуш. Иза вацара тоьлла волу кандидат оцу халачу заманахь, кхоллаелла дукха хан йоцучу динан тобанна тIехь куьйгалла дан.

И дерриг а тидаме а оьцуш, хьовсий вай, хIинцца кхоллаеллачу динан тобанан куьйгалхо хиларе терра Кипас бинчу хьалхарчу сацаме. Масех де даьлча Кипина Назманийн тептар тIехь ЯхIуда Iийсана ямартло йийриг хиларца доьзна яздина пайхамараллин дешнаш го. Кипас иза шайн цIа чохь гулбеллачу декъашхошна дIадоьшу: «Забур тIехь цхьанхьа яздина ду: … «Далла гIуллакх дечохь цуьнан меттиг кхечо дIалоцийла» (Век. 1:20-21, NLT). Юха а, Кипина кхечарна гуш доцург го. Ткъа и дIаделладалар нийса йолчу агIор кхочушдалур дуй теша цуьнга?

Со яздан воллург, шеко йоццуш, иштта хила тарло иза бохург санна схьаэца деза. Делахь а, аса догдоху, суна хетарг нийса хилар гайтархьама, Делан Даша тIера ас тоам боллуш ялон йолчу меттигаша тоьшалла дийриг хиларе. Со тешна ву, Кипина, юха а цо сацам бар хоржуш, Делан лаамехь дерг гучура долу, бохучух. Шайца юьххьехь дуьйна хилла болу божарий гулбан беза олу цо, «кхаж тасийтархьама», ЯхIудана метта мила хоржур ву Дала бохург гучудаккхархьама.

Керлачу Вессетан цхьана а меттехь карор дац шуна яздина, Дала кхаж тасарца хоржу векалш бохург (*лотерейни билет санна*)! Iийсас кхаа шарахь а, эха шарахь а гайтинера царна Делан некъаш, царна масалла а дуьтуш. Цо буьйса чекхъяллалц доIанаш дира, тIаккха дуьххьарлера шийтта векал харжале, Делера хаам хилира цунна (Лак. 6:12-13). ГIолехь хир дара Кипас Iийсагара масалла эцнехьара. Цул сов, масех шо даьлча пайхамарша а, антиохерачу динан тобанера хьехамчаша а Iийсах масалла ийцира – цара марханаш кхобура, доIанаш дора, векал хила ПахIал шаьш къаставале (Век. 13:1-4). Иза кхин а цхьа тоьшалла ду, Кипас бина сацам сихаллица бина хиларан. Оцу цIа

чохь волчу І20 стагана ши кандидат карийра: Маттахьи, Юсуп. Вайн ган йиш ю Кипас бинчу сацаман тІаьхьалонах хилларг. Маттахьи туьйлира оцу кхаж баккхарехь, цунах мурд а веш (Век. 1:23-26), амма Керлачу Весет тІехь вайна цкъа а цуьнан цІе ца го. Ткъа хІунда? ЯхІудан метта Дала хаьржинарг Маттахьи воцуш, ПахІал волу дела. Цундела яздора ПахІала:

> «ТІаккха Иза [Іийса], Якъубана хьалха а веана, дІахІоьттира. Цул тІаьхьа, массо а векалшна хьалха а веана, дІахІоьттира Иза. Уггар а тІаьхьа, *хеназа дуьнен чу даьлла бер долчуха санна* волчу суна хьалха а веана, дІахІоьттира Иза» (1 Ко. 15:7-9, NLT).

ПахІала шех *хенал хьалха дуьнен чу даьлла бер* элира; кхечу тайпана аьлча, иза тІех къона хилла хила мега, дуьххьарлерачу шийтта векалех цхьаъ хиларна. И агІо айса толлуш, ПахІал дуьнен чу валарх лаьцна тайп-тайпана хьосташ карийра суна, цунах лаьцна дуьйцург дейтта шарна цхьаьна ца догІуш долу. Цундела Керлачу Весет тІехь долчуьнга хьовсий вай, цуьнан хенах лаьцна дерг довзархьама. Дукхаха долу исторически хилларш схьаэцаро гойту, къизаллица вийна волчу Тапин валар Іийса денвеллачул тІаьхьа диъ шо даьлча хилар. Тапина тІе тІулгаш деттачу хенахь, Делан Йозанаша Шаулах (ПахІалах) къона стаг олу (Век. 7:58). Грекахойн-ингалсан дошамо билгалдоккху «къонах» бохург, оццу хенахь «стен-боьршалла» тІехІоьттинчу стагах олуш хилар. Цундела тешна хиларца ала мегар ду, ПахІал дукха къона хилла, дуьххьарлерачу мурдех цхаъ хиларна.

Со билггал тешна ву, Дала хаьржинарг ПахІал хиларх. Цуьнан векалан хила еза агІонаш, олалла хилар, Маттахьин чул, билггал сов хилла. Со тешна ву, ша лидер хиларе терра, Кипас, Делан Іалашонца богІуш боцу сацам, сихонца бина хиларх. Нагахь цо и санна болу сацам таханлерачу динан тобанехь бинехьара, и динан тоба и бахьанехь шина декъе екъалур яра. И «векалийн харжам лотерейни билетехула барна дуьхьал

берш» дӀакъаьстар бара, ткъа иштта болу харжамаш тӀеоьцуш берш, буьсур бара. Амма ладогӀалаш, Делан Йозанаш тӀехь и хилам чекхбаьллачул тӀаьхьа долчух лаьцна яздинчу дешнашка:

> «Жуьгтийн «ШавуӀот» цӀе йолчу ялта чудерзоран дезачу дийнахь массо а векал *цхьаьнакхийтира*» (Век. 2:1).

«Цхьаьнакхийтира» боху дош грекахойн маттахь «һомотумадон» ду. Библин тӀера дешнийн дуьззина бечу талламо и дош «цхьатерра болу кхетам, синойн цхьаалла, берриш цхьаьна» бохург санна билгалдоккху. Вайна го, оцу билгалдаккхаро цхьа а меттиг ца балар я кхетамехь, я гӀуллакхаш тӀехь дӀасакъастар хиларна. Уьш цхьаалла йолуш бара шайн Ӏалашонашкахь, ойланашкахь, дегнашкахь, синошкахь.

ХӀун хилира оцу дуьззина долчу цхьааллех? Дала оцу, шайн дегнашкахь, ойланашкахь, гӀуллакхашкахь «цхьаалла» хиллачу 120 мурдана тӀехь Шен сийлалла гайтира, мичахь бу а ца хууш болчу 380 стаган тӀехь а ца гойтуш. Ярушалайм-гӀала гуттаренна а хийцаелира, оцу Дала леррина Къобалвинчунна тӀаьхьахӀиттинчарна тӀехь Делан сийлалла хилар бахьанехь.

Цу цӀа чохь болу божарий, зударий Кипас дечу куьйгаллина муьтӀахь хилира ши бахьана хиларна. Цкъа-делахь, векалш лотерейни билетехула санна харжар къилахь дерг дацара, бакъдерг аьлча, иза Делан планаца догӀуш ца хила тарлора. Ткъа шолгӀа-делахь, уьш кхоччуш муьтӀахь хилира Дала хӀоттийначу лидерна.

Вайна юха а го, нисса Делера схьа долу олалла, Цо хьажийначу а, Цуьнгара долчу а олаллица доьзна хилар. Хуьлу, иштта олуш долу адамаш: «Со Далла муьтӀахь ву», амма уьш Дала хӀоттийначу лидершна дуьхьалбовлу. Уьш Ӏехабелла бу. Нагахь вай билггал Далла муьтӀахь делахь, вай вешан лидершна а муьтӀахь хир ду хӀара ши бахьана долуш. Цкъа-делахь, Цуьнан дуьххьал дӀа долчу олалло тӀедуьллу вайна вешан лидершна

муьтIахь хилар. ШолгIа-делахь, вай вешан лидершна муьтIахь хир ду, царна тIехь Делан олалла хилар вай тIеоьцу дела. Иштта, нагахь оцу делла долчу олалло вайга къилахь дерг дойтуш дацахь, цунна муьтIахь хилар Далла дезарг а, пайденна дерг а ду. Вай цу тайпана лелча, Делан сийлалла а гучудолу, Цуьнан паччахьалла а сихонца дIасадаьржа.

## КЪИЗА ДОЛУ ДОЛУШ ДЕРГ

Вайна йовза еза хIара чолхе йолу агIонаш:

- Хиллий те вайн, вешан динан тобанехь хIоттийначу олаллина муьтIахь хила ницкъ ца кхачарна, Делан сийлалла гучудаккхарна вай дуьхьало яр?
- Вайн муьтIахь хилар доьзна хуьлий теша, вай реза дуй те бохучуьнца?
- ДIасакъастаршна юкъахь дакъа лецирий те вай?

Со тешна ву, цу цIа чохь и дерриг а, Кипас ма-бохху, дан ца лиъна болу мурдаш а хилла хиларх. Билггал аьлча, хьекъале хир дара Iийсас динарг а дина, цкъа хьалха Деле дехнехь, чохь болчех цхьаъ харжарх болу сацам ша бале. Иза дар дуккха а хьекъале хир дара, кхаж тасарехула, Дала тIекхайкхина воцург векал а вина, и гIуллакх сихонца чекхдаккхарал.

Ур-атталла, и гIуллакх чекхдаккхарна тоьлла йолу агIо хиллехь а, цу цIа чохь болчара лаккхара болу некъ хаьржира – *цхьаалла* дIа ца даккхар, шайн лидеро бохург а дина. ХIораммо а иза шайна а хеттарг ду аьлла тIеийцира. Мел дукха хуьлу вайн динан тобанашкахь дечу гIуллакххехь цхьа пайда боццург а, кIеззиг ду аьлла хетарг а хьалха а доккхий, дIасакъастарш дар. Я, цхьа доктринальни йолу агIонаш дIа а лоций, вайна юкъахь дIасакъастар дан дезаш йоцу, масала, Iийсан юха вар къиза зама тIехIоьттинчу хенахь хир ду я цул тIаьхьа хир ду бохучуьнца доьзна хуьлу. Вайна там боцуш хета пасторо костюм юхучу

меттана, джинсаш юхар. Вайна хаза ца хета, Далла Iамал еш иллеш олучу хенахь, цхьацца серлонаш къагар, кIур болуш санна до хIуманаш юкъадахар. Пасторо дукха дахдо шен хьехамаш бар я цуьнан хьехамаш боца хуьлу бохучунна реза ца хуьлу вай. Вай деха ца дира доIа, я билгал долчух лаьцна доIа ца дира вай бохург схьалоцу. Бакъдерг аьлча, и могIа чекх а бер бац. Догдохар доуьйту, вай дукха атта дIасадекъадаларо. Хала дерг ду, и декъадаларш наггахь гучу ца далар. Керлачу Весето дукхазза а тIедуьллу вайна и цхьаалла деккъа гIуллакхашкахь хилла Iан ца дезар. ХIара масех масалла далор ду вай:

> «Хилийтийша сан воккхавер дуьззина, *цхьатерра ойланаш* а йолуш, цхьа безам а болуш, *цхьа барт* а болуш, *цхьа Iалашо* а йолуш» (Пил. 2:2).
>
> «Кхоччуш хила гIерталаш, сан кхайкхамашка ладогIалаш, шайн ойланашцца *цхьаалла* йолуш хилалаш, машарца Iелаш. ТIаккха безаман а, машаран а волу Дела шуьца хир ву» (2 Ко. 13:11).
>
> «Иза иштта хилча, суна, шу долчу а веана, шу гича, я кхечанхьа а волуш, шух лаьцна иштта хезар ду: уьш, *цхьаалла* а йолуш, берриш а цхьаъ санна, хазачу кхоаца цхьаьнадогIучу тешарна къахьоьгуш бу» (Пил. 1:27).

ДIасадекъадаларш цхьаьна ца догIучу дешнашкахула я гIуллакхашкахула догIуш хилла ца Iа; уьш дуккха кIоргерачуьра схьа хуьлу – ойланашкахула, дегнаш чуьра, синош чуьра. Дуккхачу шерашкахь сан да-нана Флорида штатера Веро Бич цIе йолчу гIалахь дехаш дара, хIордан Малхбалехьарачу йистехь йолчу. Оцу гIалина къилбседехьа йолчу агIор ткъа километр хиллал йолчу меттехь Себастьянан Айма олу меттиг ю. Иза евзаш ю цигахь хи бухахь чехка дIаэхар долу меттигаш хиларна. Хи бухахь долу дIаэхар – иза бIаьргана гуш долу хIума дац.

Океанан тIехуленга хьаьжча, дерриг хи цхьана агIор дIаоьхуш ду, пляжехьа а доьдуш, аьлла хетало. Амма хина бухахь иза сихха юханехьа агIор дIаоьхуш хуьлу. Оцу бухара хи юханехьа дахаро дукха хIума дIалоцу, уьш дIадиллина долчу хIордаш чу дIа а хьуш, дукхазза а адамаш а хIаллакьхуьлу цу чохь.

Хуьлий теша вайн динан тобанашкахь и гуш доцу «хи бухахь дIаэхар» Делан сийлалла гучудаларна новкъарло еш долу? Билггал мурдийн цхьаалла хиларна, ерриг Ярушалаймехь хезира Iийса денвалархь лаьцна; иза хааваларан а, Цуьнан ницкъан а сийлалла инзаре дара! Ойла йича, церан телевидени яцара, радио я социальни сетиш яцара, шаьш беш болу гуламаш дIакхайкхо, амма эзарнашкахь долчу адамийн кIелхьардовлар хуьлура оцу цIеххьана хиллачу гуламашкахь.

ХIинца ваьшна хьалха уггар самадовлар хуьлуьйтуш долу хаттар хIотто деза вай: вайх мел адам дIахIуттур ду те Iийсас ен йолчу кхелана хьалха, Цо гойтун долчух инзардовлар, цецдовлар хуьлуш? БIаьргех хиш а оьхуш, гойтур дуй теша Iийсас, вай муьлхачу тайпана новкъарло йира Делан Синна вайн гIаланашкахь, ярташкахь Иза хаадаларна? Вайн долу декъадаларш хи бухахь юханехьа дIаоьху хиш санна ду, дуккха а долчу адамашна кIелхьардовларна новкъарло йина долу. Вай реза ца хуьлура вешан лидершна вешан дегнаш чохь, ойланашкахь, гIуллакхашкахь. ХIаъ, хила тарло, шу бакъ хилла; хила тарло, кхин а гIолехь йолу я Библи тIехь юьйцучех йолу стратегиш, кхин йолу агIонаш хилла хилар; амма хIун ду гIолехь, вай бакъ хилар я Делан сийлаллехь хилар? Бакъ хилар я дуккха а берш Делан олалле балор?

## ТАЙП-ТАЙПАНА ЙОЛУ АГIОНАШ

Къайле яц, дуккха а болчу лидерийн Делан йолчу планашца, стратегишца цхьаьна ца дар шаьш бохург. Вегорца а, дохковаларца а яздо ас цунах лаьцна, со лидер волчу хенахь,

ас-айса а дукхазза бина нийса боцу сацамаш дага а оьхуш. Делахь а, инзаре дерг ду, Деле хIетте а Шен Iалашонехь дерг кхочушдандалар, къаьсттина вай цхьааллехь хилча. Иштта долчуьнга мух-мухха а дитарца хьовса ца деза вай, ладамаза хила а ца деза, Делан лаамехь дерг лахархьама, амма со санна болчу, гIалаташ довлийтинчу лидершна синтем баийтарна хир ду иза.

ХIинца кхин а цхьана хIуманах лаьцна дийца лаьа суна, вайна цхьаалла хиларна новкъарло ен долчу. Иза ду динан тобанехь дийриг тайп-тайпанчу агIор деш хила тардалар. Кхечу дешнашца аьлча, изза Iалашо – Делан Пачхьалкъах лаьцна дерг дIасадаржор – кхочушъярна тайп-тайпана некъаш хуьлу. ПахIала коринтерачу динан тобане тайп-тайпанчу похIмех а, динан гIуллакхаш дарх а лаьцна яздора, ткъа цул тIаьхьа цо бохура: «Ницкъаш *тайп-тайпана* бу, ткъа дерриг а массарна а чохь дийриг – цхьа Дела ву» (1 Кор. I2:6, AMP). «Дечу гIуллакхийн къаьстташ йолу башхаллаш ю, кхечу дешнашца аьлча, *тайп-тайпана* долу динан гIуллакхаш кхиамца дIадоьду вайн олаллин миссехь, тайп-тайпанчу агIонашца кхочуш а еш.

ПахIал-векало динан тобанна хьехамаш бечу хенахь тIамехь хуьлу дешнаш даладо. Иза цуьнан сурт хIоттор хилла ца Iа: вай билггал ду кху лаьттахь долчу Делан эскаран тIемалой. Аса цуьнгара масалла оьцу, динан тобанаша, гуламаша а дечу гIуллакхех лаьцна дийцархьама. США-н армин юкъа догIу тайп-тайпана долу эскарш – лаьттахь долу эскар, хIордан кеманаш тIехь долу эскар, хIаваэхь долу эскар, хIордаца доьзна лаьттара эскар, цуьнан хIордан йистош Iалашъярна хIоттийна эскарш. Шайн Iалашонаш, планаш кхочушъяр цара тайп-тайпанчу агIор кхочушдо. Амма церан массеран цхьа Iалашо ю – шайн мохк ларбар, цунна гIуллакх дар.

Авиационни училищера кадет США-н Авиацин декъашхо санна ша тайпана Iамаво. Царна бо хьехамаш, хIаваэхь еш йолчу тактически операцишца боьзна хир бу, уьш дукхахьолахь

хIаваэхь хуьлу дела. Нагахь и кадет лаьттахь долчу эскарна юкъавахийтахь, иза керлачу хьехарх чекхвала везар ву. Бакъду оцу шина а эскаран цхьатерра йолу агIонаш а хир ю. Делахь а, лаьттарчу эскаро дийриг боккха къастам болуш ду, хIаваэрачу эскаро дечуьнца дуьстича, хIунда аьлча цара дийриг дукхахьолахь лаьттахь хуьлу дела, оцу авиацехь хиллачу кадето дуккха а тIеман керла маневраш, стратегиш Iамо езар ю.

И масалла тидаме а оьцуш, ПахIала Коринтхойн динан тобане яздинчуьнга хьовсий вай: «Цундела ас доьху шуьга, сох масал а эций, хилийша сох тера» (1 Ко. 4:16).

ПахIала шех масалла эцар тIедуьллу оцу динан тобанна. Цо ца яздира: «Ас дийрриг де, аса а Дала леррина Кобалвинчо дийриг ма-дарра». Иза цо тIаьхьо дийр ду (1 Ко. 11:1). Амма цхьа бахьана ду цо иштта ца аларан оцу меттехь. Цунах кхетор хIокху дешнашкахь го вайна: «Цундела ас доьху шуьга: сох масал а эций, хилийша сох тера. И дерриге а бахьанехь ваийтинера ас шу долчу Тимапи. Везачу Элах тешаре хьаьжжина, сан хьоме а, тешаме а кIант ву иза. Цо дагадоуьйтур ду шуна *Дала леррина къобалвинчу Iийсаца долу со лела некъаш* муха ду а, аса цу некъах лаьцна массанхьа а, хIора динан тобанехь а муха хьоьху а» (1 Ко. 4:16-17).

Ша кхоллаялийтинчу динан тобане шех тарло олий тIедуьллу цо, иштта тIе а тухуш: «И бахьанехь ваийтинера ас шу долчу Тимапи». Ткъа стенна вахийтинера цо Тимапи? *ПахIалан Дала леррина Къобалвинчун некъашца* лелар царна дагадаийтархьама. Тидам белаш, цо ца яздира: «Тимапис дагадоуьйтур ду шуна Якъубан Дала леррина Къобалвинчуьнца леларан некъаш». Варий Якъуб а динан тобанехь векал? Дера вара! Варий иза бакъахьара волу лидер? Дера вара! Варий Якъуб, ПахIал хиллачул сов йолчу хенахь векал? Юха а, хIаъ. Дарий ткъа цуьнан некъаш, методаш, деш долу гIуллакхаш, ПахIалан некъел къаьсташ? Юха а, хIаъ боху жоп догIу. Дуй теша иза, ПахIала бечу хьехамаша, Якъуба Дала

леррина Къобалвинчуьнца деш долу некъаш нийса дац бохург гайтар? Данне а дац! Амма Якъуба дийриг, ПахIала кхоьллинчу динан тобанна догIуш дацара. Иза тера ду, *хIаваэхь долчу тIеман эскаран ницкъаш* хIорда тIера йолчу флотан некъашца ца богIу бохучух. Оцу некъех цхьадерш цхьаьна догIу, ткъа дукхах дерш вовшех къастало.

КхидIа а ойла ей вай цунах лаьцна. ПахIала ца элира, Тимапис оцу динан тобанна дагадоуьйтур ду «Кипа-векалан Дала леррина Кобалвинчуьнца хиллачу некъех» лаьцна, я «ЯхIуд-векалан Дала леррина Къобалвинчуьнца хиллачу некъех» лаьцна, я «Яхьъя-векалан Дала леррина Къобалвинчуьнца хиллачу некъех» лаьцна, иштта кхидIа а. ХIан-хIа. И динан тоба яра ПахIала кхоьллинарг, цундела ша лидер хилар цигахь гойтура цо. Цуьнан методаш кхин тайпана яра, амма Дала леррина Къобалвинчун хьехамийн бух тIехь хIоттийна яра уьш. Дуьхxьарлерачу динан тобанан лидерийн цхьатерра долу хьажар дара, хьехамаш бара. Амма царах хIораммо а тайп-тайпана йолу агIонаш схьаоьцура дерриг а халкъаш Iамор йолчу Iалашонехь.

ХIинца цунах лаьцна йолу ойланаш шу юкъахь долчу динан тобанан масалле йохур вай. Шун динан тобанерачу коьртачу пасторан цIераш хир ю Джим, Лиза Смит. Цара шайн лидерийн командица, Дала декъалбарца, шена чохь 1.500 декъашхо волу динан тоба кхуллу, и дарехь шайн некъаш а балош, кхечу тайпана аьлча, шайн методаш, культура лелош, цара бечу балха тIехь уникальни йолу и агIонаш. Шу динан тобано дечу гIуллакхан кхиаме хиларо баккхий хийцамаш бо шу дехачу гIалахь. Иза шу дехаш долчохь тIеоьцу, амма цу тIехь цо дийриг даржар соцу.

Амма схьаоьцур вай, кхечу гIалахь чIогIа гIараяьлла дуьнен чохь а евзаш йолу кхин цхьа динан тоба ю, бохург. Цу динан тобанан коьртачу пасторийн цIераш Даг, Хезер Джонс ю. Церан шайн хьажар, куьйгалла дар ду, шаьш дечу гIуллакхехь керла

юкъаяьлла тактикаш лелош. Церан тобанехь болчу пасторийн шун тобанехь болчийн чул сов адам ду. Царах муьлхачу некъашца гIур ду шу? Джонсонера некъа тIехь я (шун пасторш болчу) Смитера некъахула? Шун лаам кхоллабала тарло оцу дуьнен чохь а бевзаш болчу лидершна тIаьхьахIитта, шайн лидершка а церан методаш лело кхайкхам а беш. Делахь а, коринтхой санна, шайн лидерийн культура йовза лаам хила беза шун, цхьаалла а, сийлалла а хилийтаран дуьхьа, царна тIаьхьахIитта гIерта деза шу. Билггал бакъдерг ду, шун лидераш Смиташ хилар, ДжонсонгIар а боцуш.

## ЦХЬАТЕРРА ХЬАЖАР

Ткъе итт шарал сов йолчу ханна дерриг дуьнен чухула ваьлла лелаш ву со. Сан аьтто белира США-хь а, кхузткъа сов болчу кхечу мехкашкахь а йолчу эзарнал сов динан тобанашкахь, конференцишкахь динан гIуллакх дан. Суна привилеги яра дуккха а йолчу динан тобанашкахь бечу балха тIехь лелочу методийн къастамаш хилар ган. Со хьаша санна кхайкхинчу меттигашкахь, сан коьрта долчех цхьаъ дара, со кхайкхинчу динан тобанан культура йовзар.

Нагахь хьо сан цIахь хьаша велахь – ахьа хьоьхур дац суна, сайн цIенна тIехь ас куьйгалла муха дан деза. Аша сан цIахь лелош дерг лардийр ду. Хьаша хиларе терра, аша хIоттор яц пхьор дааран хан я яа хIун лур ю бохург хуьйцур дац. Цуьнан метта, аша хоттур ду: «Суьйренан пхьор даар маца хир ду вайн?» Шу оццу хенахь юург яа а хууш, баркалле хир ду хIусамдас шайна яа еллачунна.

Хьаша хиларе терра, динан тобанан лидере ас хоттур ду: «Аша тIе хIун юху, динан хьехамаш беш?» ТIаккха цара дийрриг дан гIоьртар ву со бедарца доьзначунна тIехь а. Суна дагадогIу, со цкъа цхьана конференце вахар, сайн чамди чу джинсаш, кач болу цхьа коч йиллира ас, кафедрера

динан хьехамаш бан дагахь. Аэропортехь тхан командина дуьхьал виъ стаг веара, царна тӀехь смокингаш яра, уьш шина кӀайнчу басахь йолчу лимузинаш тӀехь бара, тхо хьешан цӀа а дигна, цул тӀаьхьа динан гуламе а дигархьама. Нагахь коьрта пастор со хиллехьара, аса кхечу тайпана тӀеоьцур бара сайн хьеший. Аса сайн кӀентех цхьаъ, я тхайн командера декхашхойх берш бохуьйтур бара, шаьш хӀора дийнахь лелош ерг тӀе а юьйхина, хазачу, цӀенчу шина машинна тӀехь а болуш, хьеший тӀеэцархьама. Амма иза сан динан тобанехь еш йолу конференци яцара. ХӀокху динан тобанехь тӀехула долчун а чӀогӀа ларам бар гуш дара. Со цу сохьтта кхийтира, ас тӀеюха кечдиначу духаро шайн культуре, шаьш лелочу методашка сан ларам ца хилар санна хетар ду царна бохучух. Цундела сихха сайна цигахь йогӀуш хир йолу костюм эцаран гӀайгӀа бира аса.

Хьаша хиларе терра ас хотту: «Мел хан ло аша суна хьехамаш барна?» Сайга делла жоп ларам барца тӀе а оьцуш, сайна еллачу хенал тӀех ца вала гӀоьрта со. Амма ас гуттара а ца дора иза иштта. Сайн турпалхо волчу Томми Барнеттан динан тобанехь, пхийтта шо а сов йолчу ханна динан хьехамаш бира ас (цуьнан динан тобанан цӀе Финикс Ферст Ассембли яра, амма хӀинца цунах Финикс Дрим Центр олу, ткъа цуьнан кӀант Люк ву цу тобанан коьрта пастор). Дуьххьара, ас церан динан тобанехь кӀиран дийнахь Ӏуьйранна болчу гуламехь хьехамаш беш, цо шовзткъа минот еллера суна. Цо хаам бира, кафедрера хьала хьаьжча гуш табельни сахьт ду, цо гойтур ду хьуна лерина елла хан чекхъяьлча, аьлла. Аса сайна леринчу хенал итт минотана сов бинера и хьехам.

Гулам чекхбаьлча, соьга цхьа дош а ца олуш, сихха аравелира иза. Суна хаьара, иза оьгӀазвахнийла. Айса динчунна воьхна лилийра со цу дийнахь. Суьйранна дӀабоьду гулам болабалале тхошиъ тхаьш нисвелира цуьнан офисехь, ас хаьттира цуьнга, со бахьанехь дог доьхнерий хьан, аьлла.

- ХIаъ, - аьлла жоп делира цо.

- Ас сайн хьехам бар дахдина дела дара иза? - хьаьттира ас.

Вист ца хуьлуш а Iийна, кхиндIа цо элира:

- Джон, суна хьо веза, цундела эр ду ас хьоьга, со хIунда вара дог доьхна. Тхан дуккха а долу адамаш график йохо йиш йоцучу меттигашкахь белхаш беш ду. Тхан тобанера берашца болх беш берш шайн хIоттийна йолчу программица лелаш бу, гулам дIабоьдучу хенаца доьзна а долуш. Нагахь гулам итт минотана хьебелча, берриг болх меттах болу, низам хилар дIа а долуш. Тхан ткъе иттаннал сов автобус ю, цара къен йолчу районашка дIадуьгу адамаш юханехьа, ткъа автобусаш кечъелла хуьлу, шайн двигательш лата а йина. Хьуна хетарехь цара массара а хIун дан дезара?

Цо кхин а цхьа масех бахьана далийра, тIаккха чакхенгахь элира:

- Ахьа, хила ма-дезза, ларам барца тхан низам тIе ца эцаран бахьана, оцу I0 минотана сов хьехам бар дара?

Иза суна безамца бина хьехам бара, цунах суна дика Iамар а хилира.

Со хьаша хиларе терра, ас динан тобанан баьччане хотту: «Аша адамаш шайн къиношна дохкодовларе кхойкхуш, аша уьш хьалха бовлар, я хьалагIаттар, я шайн куьг айар доьху? Ас, коьртачу пасторо деллачу жоьпе леррина ла а дугIий, цара ма-дарра до. Со кхоччуш тешна ву, адаман кIелхьардалар билггал хуьлийла ду оцу агIонех муьлхха а схьаэцча, бохучух.

Уьш ас дечу хаттарех цхьацца масалш ду. Наггахь, сан Iалашонехь дерг, цара дечуьнца догIуш ца хилахь, ткъа ас бохучу агIоно дикахо гIо дийр дара аьлла сайна хетча, аса коьртачу пасторе хотту, дуьхьал хир воций иза, нагахь ас жимма кхечу тайпана дича и гIуллакх. Оцу динан гIуллакх дечара ларамца тIеоьцу, ас шайга дина хаттар, тIаккха дукхахьолахь кийча хиларца мага а деш.

Масаллаш тIех дукха хир дара сан цунах лаьцна дало, амма

со тешна ву, шу кхетта хиларх, сан коьрта lалашо – динан тобанан лидеро ша я цуьнан тобанехь болчара «Дала леррина Къобалвинчун некъаш» дlабахьаран агlонашна со тlетар. Амма, динан тобанан лидеро сайга иштта аьлча: «Тхо ца теша оцу кхайкхамаш барх, хlунда аьлча тхо теша, lийса – Далла тlебуьгуш болчех цхьа некъ бен ца хилрарх. Тхо теша, хедар доцучу дахаре дуьгуш дуккха а некъаш хиларх», ас цуьнан некъ тlеоьцур бацара, иза динан гlуллакх даран агlонца догlуш доцу дела. И лидер дуьхьалваьлла хуьлу Дала леррина Къобалвинчух тешар долчийн коьртехь долчу билггал бакъдолчунна.

Дуккха а долчу шерашкахь дукхахьолахь Динан Тобане тlехула йолчу агlор хьоьжуш, кест-кеста тlехlуьттучу бохамечу хlуманийн теш хуьлура со, и билггал бакъдолчун коьртачех дерг ца довзар бахьанехь хилла долу. Суна гора, шаьш хьалха ихначу динан тобанашкахь хиллачу культурехь чул, хlинца оьхучу тобанехь дерг къастар долу, лидерш хила кечбечу а, библи lаморан а школашка лелаш болу декъашхой. Дукхахьолахь и школаш яккхийчу динан тобанашкахь дlайоьллу, ткъа цигахь шайн тайп-тайпана культураш хуьлу. Оцу динан тобанехь йолчу школе а, гуламе а оьхучу студенташна, кlира чекхдолуш, цигахь лелош йолу методаш го.

И дешар чекхдаьлча, уьш шайн цlа юхабоьрзу, шаьш оьхучу динан тобанехь хlоттийна дерг хийца болчу лаамах бузарца. Уьш нийса хила а тарло, шайна хьехна долу керла некъаш дика догlуш а, эффективни а хир ду бохучунна тlехь. Делахь а, шайн чlогlамаллица уьш дlагlертахь, уьш новкъарло ечарах хир бу, оцу хин бухара дуьхьал йолчу агlор дlадоьду хи санна. Нагахь цара боху агlонаш тlе ца эцахь, гlолехь хир ду, цара Деле доlанна тlехь хаттар, шаьш оцу тобанера дlадаха деза те я даггара муьтlахь хила деза те шайн лидеро лелочу методашна, аьлла.

Аса кегийрхойн пасторан гlуллакх дар дlакхехьар дlадолочу хенахь, и гlуллакх дарехь тайп-тайпана методаш, агlонаш хиларх лаьцна суна ца хааро, сайн пасторна со чlогlа

дуьхьалвалар кхолладолуьйтура. Луизиана олучу штатера цхьана динан тобане со вахча, цигахь дукха эффективни йолу цхьа метод гира суна. Церан кхиаме хилар чIогIа дезаделира суна, аса ойла а ца йира я сайга хатта а ца хьаьттира, тхан динан тобанехь лелочуьнца йогIур юй теша и метод бохучух лаьцна. ХIинца иза дагадеача, со кхоччуш кхета, и метод сан коьрта пасторо лаьцначу «Дала леррина Къобалвинчуьнца болчу некъашца» йогIуш ца хилла хиларх. Луизианера динан тобанан коьрта пастор чIогIа къаьсташ вара сан коьрта пасторах. Уьш шиъа а вара дуьнен чохь вовзар долуш, эффективни гIуллакх деш, цара шиммо а дуккха а долу адам далийнера Делан Олалле, амма церан методаш тайп-тайпана яра.

Вайн юкъаралла алсамо мобильни ю, исторехь цкъа а хьалха хилла а йоцучу тайпана. Хила тарло, вайх дукхаха долчара, цкъа я цул сов хилла а, шен дахарехь шен динан тоба хийца езар тIехIоьттина. Керлачу динан тобане вай кхаьчча, чIогIа лараме ду церан тобанера культура йовзар, иза вешан лаам а болуш дан деза. Церан *Дала леррина Къобалвинчун некъашца* лелар вай сихха тIеэцаро, къаьсттина долу адам санна а, динан тобанан дакъа санна а хилар, чIагIдийр ду вай.

КОРТА 16

# Тайп-тайпаначух лаьцна

*Динан тобанна тӀехь бакъдолу олалла*
*тӀеэцар вайн хир дац, вайн билггал*
*кӀелхьардовлар а хилла, Делан лаамехь*
*дерг вай лаха доладелча бен.*

ДӀабаханчу кортошкахь вайн тидам дукхахьолахь динан тобанашкахь, дахаран юкъараллехь долчу олаллина тӀе бахана бара. Делахь а, ас хьалха а ма-аллара, оцу принципийн дукхаха долу дакъа массо а тайпана долчу олаллина тӀе даьржа. ХӀокху коьртехь вай дуьйцур ду Делан Дашо, тайп-тайпанарчу дахаран агӀонашкахь, къаьсттина доьзалшкахь, хила дезачу олаллех лаьцна луш болчу хьехамех лаьцна. Царах дукхаха берш шен категорехь долчуьнца боьзна хуьлу, цундела царах лаьцна къаьсттина дийца дезар ду. ХӀокху коьртехь ас схьаоьцучу хӀора теманах лаьцна къаьсттина йолу книга язъян а мегар дара. Делахь а, вайна евзина йолу принципаш схьаэцча, хӀокху коьртехь вай дуьйцур долчунна юкъаяло а мегар ду уьш. Цу тайпана хӀокху книго кхин а кӀорге йолу лар юьтур ю вайн дегнаш чохь. Иштта цхьаболу, оццул дерриг дӀалоцуш боцу, шайх лаьцна динна книга язъяллал, амма массарна а богӀуш болу хьехамаш а

балор бу вай. И бахьанехь хIокху коьртана «Тайп-тайпана долчух лаьцна» аьлла цIе тиллина аса.

## Доьзал

Динан Тоба я юкъарлонан Iедал, я юкъараллин олалла юкъадовлале, дуккха а хьалха кхоллабелла доьзал. Цуьнан лараме хиларан мах хадо а хала ду, хIунда аьлча вай ялийначу кхаа агIонан нийса хилар доьзал бохучуьнца доьзна ду. Оцу кхечу агIонийн олаллехь кхачамбацарш нисбала там бу, амма доьзал цхьана а хIуманца доьзна а доцуш чIогIонца лаьттар бу. Ткъа доьзалехь хила деза низам галдаьлча, кхечу агIонийн а кхачаме хуьлийла дац. Доьзалехь долу олалла – кхечу тайпана долчу олаллийн а хийцадалар хуьлийла доцу бух бу.

Делан Йозанашкахь дийцина долу Делан низам, доьзалехь карадо вайна:

> Бераш, массо а хIуманна тIехь шайн дас-нанас боххург деш хила, хIунда аьлча иза Далла хазахетарг ду (Ковл. 3:20).

> ХIунда аьлча майра зудчун корта бу, Дала леррина Къобалвинарг Шен дегI долчу динан ерриге а тобанан корта хиларе терра. И тоба КIелхьарйоккхург ма ву Иза. Дала леррина Къобалвинчунна динан ерриге а тоба муьтIахь хиларе терра, иштта зударий а массо а хIуманна тIехь шайн майранашна муьтIахь хила беза (Эпа. 5:23, 24).

Керлачу Весетан кхечу меттигашкахь а далийна долчу цу тайпанчу весеташа гойту цIахь хIоттийначу олаллехь хила деза Делан низам. Бераш массо а хIуманна тIехь дена-нанна муьтIахь хила деза, цу юкъа йогIу дахаран массо а агIонаш. Амма и весет ца догIу, нагахь дас я нанас Делан Дашо бохуш долчунна дуьхьал дерг де бохуш делахь, масала, зудчун я стеган хила ма-езза нийса йоцучу юкъаметтигаш тIе далош

делахь шен бер, цхьа хIума лачкъор, харцлер, я дех-ненах цхьаъ къастор, цара дехахь, цу тайпана долу кхидолу хIума а.

Иштта дерг нисделлера сан доьзалехь а. Со инженер-механик хила университет йоккхуш волуш, Iийса даг чу эцар хилира сан. Жимма хан яьлча со кхийтира, сайна Хаза кхаъ кхайкхор тIедилларх. Цкъа, студентийн хуьлу сайн каникулаш йолчу хенахь, аса цIа а веана, сайн дега-нене хаам бира (ткъа уьш кIорггера католикаш бара), университет чекхъяьккхича со библейски школе гIур ву аьлла. Уьш чIогIа холчу хIиттира, сан сацам эмоциональни а, импульсивни а бу аьлла хийтира царна. Нанас хIетахь: «Сан докъа тIехула ваьлла бен гIур вац хьо!» – элира соьга.

Аса эсала а, ларамца а элира цуьнга: «Нана, суна хьо дукха а еза, со баркалле а ву хьуна ахьа сайна мел деллачунна, амма со Далла муьтIахь хила веза». Оцу дешнаша синтем ца беара я хазахетар ца хилийтира цуьнан, мелхо а кхин а холчу хIоттийра иза.

Iийсас вайга аьлла: «Шен дай-наний Сол дукха дезаш верг Суна улло вала хьакъ долуш вац. шен йоI я кIант Сол дукхаха дезаш верг а вац Соьца хила хьакъ долуш» (Мат. 10:37). Оцу дешнаша а, кхечу а Инжил тIера меттигаша а чIагIвалар а деана, со кхийтира, сайна чIогIа дезачу дена а нанна а, Iийсас Цунна гIуллакх даре кхайкхарна а юкъахь айса харжам бан безарх. Со цхьана а минотана шек ца велира айса бинчу сацамах.

Цул тIаьхьа масех шарахь метта ца йогIура тхан юкъаметтиг. Суна да-нана дезар а, цаьрга ларame хилар а дIа ца делира сан, хIинца соьца Делан дика долу дела. Амма хан мел йолу, Iийсас сан дахаре хийцамаш бохьуш деана стоьмаш ган доладелира царна, тIаккха берхIитта шо даьлча, сан ден дезткъе исс шо кхаьчча, сан йиш хилира сайн деца, ненаца цхьаьна доIа дан, цара Iийса шайн Веза Эла хилар тIеэцар доьхуш. Тхан книгаш еша а, видиокассеташка хьажа а, шайн накъосташка Везачу Элах лаьцна дийца а буьйлабелира уьш. ХIинца цкъа а ца хиллачу кепара дика юкъаметтигаш кхоллаелира тхан.

Іийсан а нисъеллера и санна йолу меттиг. Иза муьтІахь вара Шен дена-нанна, цунах лаьцна иштта яздина ду: «Иза цаьрца Назарте схьавеара. Цара бохург деш, царна муьтІахь вара Иза. Ткъа нанас дерриг а хилларг шен даг чохь латтадора» (хь. Лак. 2:5І). Делахь а, Цуьнан динан гІуллакх доладелча, Іийса жима бер долчу хенахь дуьйна ШамІас пайхамаралла дарца аьллачу дешнашка хьаьжжина, тур чекхдала дуьйлира, церан дегнашкахь а, ойланашкахь а дерг дІа а доьллуш (Лак. 2:35). Іийсас бечу кІорггерачу хьехамаша бІегІийла ца хетар кхолладолуьйтура, ур-атталла дарвалар а доуьйтуш, Цуьнан доьзалехь берш а бара иштачех тера. Церан эмоциш доза доцуш хьалаюьйлура, ур-атталла Цуьнан нана а дуьхьалъяла йолаелира Цунна:

> «Іийсан цІерачарна цунах лаьцна хезча, Иза дІавига баьхкира уьш, хІунда аьлча наха дуьйцура, Иза лар тІехь вац бохуш… Іийса волчу Цуьнан наний, вежарий баьхкира. Уьш *арахь* севцира. Цара Іийса аракхайкхира, хІунда аьлча, гонах хиъна дукха адам хиларна, Цунна тІе ца кхачалора уьш. Іийсага элира: «Хьажахь, Хьан наний вежарий, йижарий бу-кх арахь Хьо хоьттуш» (Мрк. 3:21, 31-35).

Шен Ден весеташа тІедуьллучунна Іийса дуьхьалвалар цара деххалц йолчу ханна, Шен дас-нанас мел бохучунна муьтІахь хуьлура Иза. Амма масех шо даьлча Цуьнан доьзалехь берш, деза Са доьссинчу оцу цІа чохь нисбелира. Шен хан кхаьчча, Шайн Устазан мурдаш хилира царах.

## Иза суна пайденна ца дирзира

ТІедилларшна юкъара къастош долчех а доцуш, кхочушдан дезачех лаьцна олуш, ас тидаме оьцу, шайн дайшна-наношна муьтІахь хила деза боху весет – царна юкъахь иштта хир ду бохучех хьалхарниг хІара ду: бераш ирсе а хир ду, уьш дуккха а дехар а ду лаьттахь (Эпа. 6:2,3; Ковл. 3:20).

Оцу весето тӀедуьллучунна муьтӀахь ца хилар бахьанехь боккха бала тӀебаран тӀаьхьалонах чекхвала дийзира сан. Университет чекъяьккхича, цхьана дуьненан юкъарло лелочу метте балха тарвелира со. Айса хьалхо йийцинчу цхьана динан тобане лела волавелира со. Динан тобанера шолгӀачу гуламе ваханчул тӀаьхьа со а, сан хенара волу кхин а масех стаг а хӀума кхалла кафе вахара. Оха хӀума юуш дохкуш, зударий балонза болчу кегийрийн тобанан куьйгалхо вевзира суна. Оццу хенахь иза шена Ӏан меттиг лоьхуш вара, ткъа со а цу хенахь оцу гӀалахь Ӏан дагахь вара. Жимма къамел динчул тӀаьхьа тхошиннан ойла хилира цхьаьна цхьа цӀа лаца. Суна иза хазахийтира, хӀунда аьлча оха кӀеззиго ахча дойур дара шинна декъача. Цу хенахь, дукха хан йоццуш университет чекхъяьккхинчу сан, башха дика хьал дацара ахчанца.

ШолгӀачу дийнахь аса, сайн дега телефон а тоьхна, цу хьолах лаьцна хаам бира. Суна сан хазахетар декъалур ду моьттура сайн деца, сайн хӀора баттахь ши бӀе доллар киснахь дуьсур долу дела. Амма цуьнан хьажар жимма кхечу тайпана хилира. Цо элира соьга: «КӀант, суна и гӀуллакх дика ца хета. Ма делахь иза. Хьуна и стаг ца вевза». Цо бохучунна дуьхьал дерг а далош, иза кхето гӀиртира со, и стаг чӀогӀа шен динан гӀуллакх дезаш ву а олуш, амма сан да ша бохучунна тӀехь лаьттара.

Трубка охьа а йиллина, ойла а йина, ас сацам бира, сан да тешар доцу стаг ву, иза цхьана а хӀуманах ца кхета, аьлла. Эххар, ойла йича и стаг лаккхарчу даржехь ма ву! Сайн дас бохург юхатеттира ас, ткъа шолгӀачу дийнахь тхуна квартира карийра, тӀаккха куьг а таӀош, цу хӀусамана догӀу кехаташ нисдира оха. Тхайн хӀуманаш тӀеяхка цхьа машин оха лоцучу хенахь, сан керла лулахо хила везачо хьаьттира соьга, шена тӀера ахча дӀалур дарий те ас, шен чек тӀехь йолу книжка йицъеллера шена, аьлла. Оцу хӀусамах ахча дӀадала даханчу хенахь а изза хьал хӀоьттира юха а. Цуьнан болар цхьа бутт

баьлча а хийца ца делира: ас юха а тхаьшиннан тIера ахча дала дийзира хIусамах, коммунальни агIонах, иштта цо мел тоьхначу дуьненанъюкъарчу зIенех.

Ас масийттоза сайн машин а елира цуьнга, цуьнан шен машин йоцу дела. Цо хIоразза а иза Iуьйранна бен схьа а ца ялайора суна, цу тIе машин чохь цигеркан кIуьран хьожа а хуьлура. Иза бехказа вуьйлура суна, эшамехь долчу адамашна гIо дан ваханера ша, олий. Цхьана Iуьйранна сайн машинан неIар тIехь чусеттина йоккха меттиг гира суна. Суна иза чIогIа новкъа деара, делахь а, ас ца гайтира иза. Цхьана дийнахь Iуьйранна диъ сахьт долучу хенахь хьеша цIа чу со волуш, сайна хьалха кхоччуш кхин стаг гира суна: цуьнан цхьана куьйгахь пиво долу банка яра, ткъа вукху куьйгахь – цигерка. Со шен дахаран агIонна юкъаваьлла бохург санна хьаьжира иза соьга.

Сайн хIусамехь волчу суна цхьа таIзар хилар санна хеталора, амма хIинцца тешар хилла волчу аса кхидIа а ойла йора: «*Сан безам хила беза. ОьгIаз ма эха, кхел ма е*». Цундела иза кегаре ца доккхуш дитира аса. Иза цхьа кIеззиг долу дакъа а бен дац, ас оцу стагаца уллохь волуш хьега дезначех.

Цу тайпана холчу хIоьттина волчу суна, масех кIира даьлча, сайн лулахо гомосексуалист хилар хиира. Аса цу сохьтта цу хIусамера дIавахар дийхира цуьнга, амма иза дIа ца вахара. Иза къилахь дерг лелош Iачу ханна ас цунна тIера ахча дIалора. Оццу хенахь зуда ялонза, маре баханза болчу динан тобанан декъашхойн пасторна хиира цу стага къайлаха лелочух лаьцна, иза цу балхара дIаваьккхира. Суна уггар тIаьхьа бен ца хиира цо къилахь дерг лелорах лаьцна. Ас аьлларг ца даро бIаьрса дайинера сан, со тидаме ца хилира.

Сайн дас аьлларг ас ца дарна со масех бIе долларх велира, сан деган машарх валар хилла а ца Iаш. Со дакъазаваьллера, сан дахарехь уггар хала йолу хан хилира оцу шина баттах. И дерриг а чекхдаьлча, со Деле кхайкхира: «Дела, и хIунда хилира соьца? Со Хьох тешна лелаш ма вара».

Везачу Эло гайтира суна, Ша со нисваре хьажор, амма ас ла ца дуьйгIира оцу хьехаме. Оцу дешнех цец а ваьлла, ас хьаьттира Цуьнга: Мухачу кепара?»

Цо жоп делира: «*Хьан дегахула, амма ахьа ла ца дуьйгIира цуьнга*».

«Ткъа сан ден юхакъоллавалар ма ца хилла» – къуьйсура ас.

ТIаккха Дала дагадаийтира суна, Цуьнан Дашан тIехь яздина дац: «Бераш, шайн дайшна-наношна муьтIахь ма хилалаш, нагахь церан юхакхолладалар хилча бен, бохург. Цо кхетийра со: «*Хьо Сан бер ду; цундела Сайгара долу хьекъалалла а, хьехамаш а хьан ден-ненан дегнаш чу дуьллу Ас, цаьрга хьо нисвайтархьама а, ларвайтархьама а*».

Ас сихха жоп делира: «Ткъа хIинца со къаьстина вехаш ма ву царах. Сан да эзар чаккхарма хиллал генахь ву суна кхузара дIа, цо сан Iарна тIера ахча луш дац».

Цо жоп делира суна: «*Хьайн счеташна тIера ахча ахьа айхьа луш хиларо а, хьо эзар чаккхарма хиллал царна генахь хиларо а билгал ца доккху, хьо царна муьтIахь хила везарх долчу весетан ницкъ бац бохург*».

Цуьнан и весет кхочушхуьлу, нагахь цу тIехь дерг кхочушдеш вай лелахь, тIаккха вай декъалаллехь хуьлуш. Сан тоьшалла дан йиш ю, со муьтIахь ца хиларехула къаьхьачу стоьман чам сайна хаабаларх лаьцна.

Дала кхетийра со, ден-ненан олаллин кIелара маца долу адам бохучух. Уггар а хьалха Цо тIедиллира: «Цундела стаг, шен дай-наний дитина, шен зудчух кхетар ву. ТIаккха цушиннах цхьа дегI хир ду» (Дол. 2:24).

Дас-нанас шен берана тIаьххьара а бала тарло хьехам бу – церан цхьаьнакхетар декъала хилар. Цунах лаьцна дерг чIагIдеш суна ала луур дара, шен дас тхан цхьаьна- кхета болу лаам декъалбича, ша чIогIа цецъелира цунах, элира Лизас соьга. Ас шега хIунда, аьлла, хаьттича, цо жоп делира: «Иза реза воцу дела, хьо Iийсана тIаьхьахIиттанчех хилар». Оцу

меттиго кхин а цкъа чIагIдора, паччахьан (я вайна тIехь олалла дечийн) дог Делан карахь ду бохург.

Юха а Делан весет тIе а воьрзуш, суна иштта ала луур дара: Делан дашо чIагIдо, стаг, зуда хьанал долчу агIор цхьаьнакхетча, олаллин керла низам кхоллало. Шен ден-ненан цIа дуьтуш йолчу зудчух лаьцна Дала хIумма ца аларан бахьана ду, керлачу доьзалехь керла олалла цо кхуллуш ца хилар; доьзалехь долу олалла стеган белшаш тIе дуьллу.

Бераш, цара шайн доьзал кхоьллича, ден-ненан олаллин кIелахь дац, делахь а уьш лараме хила деза цаьрца боху весето. Цкъа сайн дега, нене ас хаьттира, аша кхин хьехамаш хIунда ца бо суна, сан зудчунна, тхошиннан юкъаметтигехь цхьацца нийса доцург шайна хааделча, аьлла. Цара дукха цхьалха жоп делира: «Аша цкъа а ца хоттура тхоьга тхуна хетачух лаьцна». Мел оьзда лелара уьш тхоьца! Наггахь суна го цхьаццадолу да-нана шайн берийн дахарна юкъагIертар, цара зуда ялаяле, я уьш маре бахале ма-хиллара. И бахьанехь церан дегнаш лазар, вовшех ца кхетар кхоллало, ткъа и дерриг а хуьлу, цара шайн берашна паргIато ца ялар бахьанехь, Делан Дашо ма-бохху.

## Берашка долу къаьсттина дIахьедар

Масех шарахь кегийрхойн пастор со волчу хенахь, суна хааделира мел кхераме некъаш хуьлу, царах дукхахберш чекхбовлуш долу. Суна къаьсттина долу дIахьедар дало лuur дара Делан Даш тIера, дега-нене лараме хилар ларам болуш хиларх лаьцна долу. Ас иза до сатийсарца, цунах лаьцна дешначу жимачу стага я йоIа, кегийрхошна юкъахь чIогIа даьржина долу къа латор ца хилийтархьама. Иза цхьана вирусах тера а ду, дахарна кхераме а ду. Йозанаша дIахьедо: «НеIалт хуьлда шен да я нана сийсаздаьккхинчунна!» «Дерриге а халкъо эр ду: «Амин!» (Карл. 27:16).

Цкъа суна тIе цхьа цхьалха йолу нана еанера шен кхиъна

вогІу кІант а валош. Къамел дечу ханна и кІант масийттоза а ца вашарца вистхуьлура шен нене, иза сонта а, хьекъале йоцуш а йолуш санна. Ас масийттоза нисвора иза, амма цо кхидІа а изза дора. Тхан къамел чекхдолуш, со сайх цец а волуш, сан багара делира: «КІант, нагахь хьо дохко ца валахь, хьайн нене ларам ца хиларна, хьо набахти чу кхочур ву». Со инзарваьллера, и дешнаш сан багара даларх. И къонах, кІелхьарвалар тІе а эцна, тешар долчех ма вара, къонахойн динан тобане а лелаш. И муха делира те сан багара?

Цул тІаьхьа ялх шо кхоччуш (цу хенахь со кегийрхойн пастор а воцуш, кхечу гІаланашкахь динан хьехамаш беш вара) цхьа динан тобанан гулам чекхбаьлча, суна тІе оцу кІентан нана еара. Цо элира: «Пастор Джон, ахьа сан кІанте, нагахь хьо хийца ца лахь, хьо набахти чу кхочур ву, аьлла, дагадогІий хьуна? Ткъа хІинца ши шо а ду иза набахти чохь волу».

Суна-м иза диц а деллера, амма цо и ма-элли, дагадеара суна и. Ас ойла йира: «*Оццул хазахетарца муха олийла ду те цо цунах лаьцна?*» Со кхийтира тІаккха хиллачух. Цо кхидІа а дийцира: «ХІинца иза Делан гІуллакх дарна вогуш ву. Кхечу чубоьхкинчарна тоьшаллаш деш, цу набахтехь дечу динан гІуллакхехь дакъа лоцуш ву иза. Цо хьан книгаш а йийшира, цу тІера дуккха а дерг дІа а оьцуш».

Со инзарваьккхинера, Делан кхело кхоччуш хийцаро цу къоначу стеган дахар. Бакъ ду, гІолехь хир дара иза дуккха а хьалха кхеттехьара цу дерригенах, и хилале масех шо хьалха шега аьллачуьнга ла а доьгІна, оцу зуламе долчу хІуманех ша чекхвалар а ца хуьлуьйтуш. Амма коьртаниг дара, Деле болу даггара безам хІинца цуьнан даг чохь богуш хилар.

Бераш шайн дена-нанна физически я дешнашца дуьхьало яран тІаьхьенгахь хин долчух лаьцна дерг вайна ган йиш ю, хІун дора Шира Весет лелачу заманахь иштта дуьхьало еш долчу берашца бохург дешча: «Дена я нанна тоьхнарг вен веза» (Ара.

21:15); иштта: «Шен дена я нанна неIалт аьлларг вен веза» (Ара. 21:17). Иштта Керлачу Весет тIехь тIедуьллург а даладора Iийсас: «Дала аьлла ма ду: «Хьайн дай-наний лара», ткъа «Шен дена я нанна неIалт аьлларг вен веза» (Мат. 15:4).

Мусас иштта хьехам бора дуьхьалдевллачу берашца дан дезачух лаьцна:

> «Нагахь санна цхьаннан шен дас бохучуьнга а, шен нанас бохучуьнга а ла ца дугIуш юхахьара а, аьрха а кIант велахь, дас-нанас шена таIзар дича а, иза ладугIуш вацахь, цуьнан дас-нанас иза шайн гIалин къаношна тIевало веза, шаьш дехачу гIалин кевнехь кхел яйта. Дас-нанас шайн гIалин къаношка иштта дIаала деза: ”хIара тхан кIант юхахьара а, аьрха а ву. Оха бохучуьнга хIара ладугIуш а вац, хIара кхоамза стаг а ву, кад беттарг а ву”. Цул тIаьхьа цуьнан гIаларчу бахархошка иза валлалц цунна тIулгаш кхиссийта. Шайна юкъара зулам иштта дIадаккха. Иза дIа а хезна, берриг исраилхой кхералур бу» (Карл. 21:18-21).

Нагахь и дешнаш тахана кхочушдеш делхьара, вайн динан тобанашкарчу къоначу нахана тIехь и санна долу таIзарш диллина дан дезар дара. Амма и санна долу таIзар дар хIинца дацахь а, вайна хIетте а го дуьхьало еш долчу адаме Делан хьажар цхьатерра хилар, иза буьрса а, хийцадалар доцуш а ду. Вай бунт кхоллаялийта ца еза вешан даг чохь, хIунда аьлча иза адам дуьйриг ю.

Ас дIахьедо сайн берашка, шайн даг чохь цхьана а тайпана бунт хилийта ца езарх лаьцна. Уггар а къайлаха йолу цуьнан агIо ю – латкъамаш бар. Цара шайна тIехь хьаькамалла дечу стаге шайн ларам ца хилар гойту ларамаза аьллачу дашехула: «Суна хаза ца хета ахьа суна тIехь до куьйгалла. Нагахь санна со хьан меттахь велхьара, ас кхечу тайпана дийр дара иза». Иштта аларо сий дар дохьу куьйгаллехь волчунна. ХIинца кхетий шу,

хIунда хилира Исраилан халкъо латкъамаш бар а, Дала лур ду аьллачу лаьтта уьш ца кхачийтар а бохучун бахьанах? Цара гIам-гIим дар Дела ца лараран билгало яра, цара иза Мусана тIе хьажийнехь а. Билггал аьлча, Цо дийриг нийса дац, царна дерриг а кхечу тайпана дан луур дара, бохура цара Деле.

Дас-нанас бохург ларамца тIеэцаро инзаре долу дуккха вахар а, декъала дахар хилар а дохьу. Аса дахар хоржур дара, кхел яр а ца хоржуш, иза вайн дегнаш чохь чIагIдала а деза.

## Майрачун-зудчун юкъаметтиг

ХIинца майрачун-зудчун юкъахь хила дезачу Делан низаман тидам бийр бу вай. Йозанаша вайга боху, зударий массо а хIуманна тIехь шайн майранашна муьтIахь хила беза (Эпа. 5:24). И тIедиллар, синца йолчу агIонца доьзна хилла а ца Iаш, вайн дахаран кхечу агIонаш тIехь а схьаэца деза. ПахIала бохура «шайн болчу зударийн майранашка». Кхечу стеган йиш яц шен йоцучу зудчунна тIехь олалла дан, цуьнан майрачун бен. Динан куьйгалхочун динан тобанерачу дахарехь, синца йолчу агIор а бен бакъо яц кхечун зудчунна тIехь куьйгалла дан. Балха тIехь куьйгалла деш волчун, балхаца доьзначунна тIехь бен бакъо яц цунна тIехь куьйгалла дан, юкъараллехь болчу куьйгалхойн – юкъараллин агIор бен яц. Амма вай цIахь долчу олаллех лаьцна аьлча, иза майрачун карахь ду.

ДезткъалгIачу шерийн юккъенгахь со а, сан зуда а цхьана гIалате болчу хьехаман Iаткъамо дIалаьцнера. Оцу хьехамца доьзна Керла Весет яздинарг масех шовинистийн хьажар долу стаг вара, цундела майрачун а, зудчун а юкъахь хила дезачу олаллех лаьцна дуьйцуш, вай и дешнаш ма-дарра схьаэца ца деза, бохура цара. Вайга аьлла, Iийсас Шен валарца цхьатерра мах белла массарна а тIера. Иза билггал бакъ а ду, амма и мах баларо олалла дар дIа ца доккху. И хьехам бахьана долуш, тхан цIахь болу деган машар дIабаьллера. Куьйгалла дар дезачу чекхбалар доцучу къовсамо дIалаьцнера тхо.

Цкъа, доьзалехь кегаре хилар долу масех шо даьлча, ас элира зудчуьнга: «Дала со корта бина дІахІоттийна кху цІенна тІехь, ас иза кхочуш а дийр ду, хьо цунна реза елахь я яцахь. Цу хенахь дуьйна суна гонаха мел дерг диканна дерза доладелира, сан зудчух лаьцна изза олийла ца хиллехь а. Везачу Эло гайтира суна, лидер хиларе терра, аса сан олаллина кІел верг теІон ца везар, иза суна муьтІахь хилийтархьама. Іийсас иза ца до вайца, амма вайн олаллина муьтІахь хила везачо иза тІе ца эцахь, церан баккхийн баланаш лан дезар ду.

Со Делан машарах вуьзира, ткъа Лизас шена тІехь цІеран баланаш дІакхоьхьура. Иза тешна яра, со жоьпазаллин лидер хиларх. Со къона а вара, сан дуккха а кхачам бацарш бара, цундела цо со бехке мел во агІо нийса а яра. Наггахь цуьнан кхерам оццул гучубаларна, буьйсанан юккъехь со самавоккхура цо, ас сайн агІор дан дезарг кхочуш ца до, ткъа ша дан дезачул сов до гІуллакхаш бохург, суна дагадаийтархьама. Аса дерриг Делан кара дІало, олура ас цуьнга, тІаккха юха а сайн наб а еш, ткъа иза вочух лаьцна ойла ярца, юххехь дІасакерчаш Іара.

Лизина ша дІакхоьхьу бала тІехбаьллера. Иза даима синтем байна хуьлура, цуьнан коьрто цкъа а са ца доІура, амма цо гуттара а тхан доьзална тІе цхьа балане дерг дан дезарх лаьцна ойла ечу хенахь, цунна кхин а сов долу бахьанаш карадора, шен синтем байархьама.

Цхьа хан яьлча, шена чохь цо лело мохь лан холчу даьллера цунна. Ванни чохь я душ чохь лийча дезара цуьнан, кІеззиг хилла а, шена хуьлу ницкъ дІабаккхархьама. Цхьана суьйранна, Лиза юха а ванни чохь луьйчуш йолуш, суна ша реза ца хилар цо далхочу хенахь, Дала элира цуьнан даг чу: «*Лиза, хьуна муха хета, Джон дика лидер вуй?*»

Цо сихонца жоп делира: «Вац дера, вац! Сан тешам бац цунах!»

Цо жоп делира: «*Лиза, хьо хила а ца еза цунах тешна. Хьо*

*веккъа Сох тешна хила еза. Хьуна, Джона ма-бохху кхочуш ца до, ша доьзалан корта хиларе терра дан дезарг, аьлла хета. Хьуна айхьа иза гIолехь дийр дара аьлла хета. Хьуна хаалуш долу синтем бар, хьуна ницкъ хилар – уьш доьзалан коьртехь волчунна тIехь хила беза мохь а, Iаткъам а бу. Хьуна иза мохь санна хуьлу, ткъа хьан майрачунна иза, оба санна долу, духар хуьлу. Охьатаса и мохь хьайна тIера*».

Иза цу сохьта дерригенах кхийтира. Олалла дар дезаш волчу майрачо а доцуш, Дала элира цуьнга, хьайн майрачунна муьтIахь хила. ЦIенна тIехь куьйгалла дар беза мохь бара цунна, иза цунна богIуш боцу дела. Дала иза иштта хилийтира, цо шена тIедиллина доцу а, декъала хилар доцу а, шен майрачунна догIу дукъ, ша-шена тIе дилларна. Душан цIа чуьра ара а яьлла, елхарца а, со къинтIера ваккхарца а, масех бутт цул хьалха сан хилла болу деган машар, синтем шена а тIеийцира цо, ткъа тхан цIахь тIаьхьарчу шерашкахь хилла доцу цхьаалла деана дIахIоьттира.

Цу суьйранна Дезачу Сино бинчу хьехамо кхетийра иза, шен майрачо беш болчу сацамна а, харжамна а ша реза йолччу хенахь хилла а ца Iаш, массо хIуманна тIехь а иза муьтIахь хила езарх лаьцна. Иза кхийтира, нагахь Делан тIедилларна иза муьтIахь хилахь, Цо ларъяр хир ду шена тIехь бохучух. Довлурий-ткъа сох цул тIаьхьа гIалаташ? Дера дуьйлура. Дуккха а довлуш. Делахь а, сох гIалаташ довлучу хенахь а, Дала Лиза ларъйора, цунна деган машар а луш. Зуда муьтIахь йолчу хенахь, Делан ларъяран куьг хуьлу цунна тIехь, майрачо нийса боцу сацамаш бича а.

## Сонта я кIелхьарбовлар хилла боцу майранаш

Зударий майранашна муьтIахь хила беза боху тIедиллар, тешар долчу майранийн зударшна бен хилла ца Iа. Кипас аьлла: «Шу а, зударий, шайн майранашна муьтIахь хила. Нагахь

цхьаболу майранаш Делан Даше ладугIуш ца хилахь, шайн дахарх масал а луш, дист а ца хуьлуш, Делах тешарна тIебалабе уьш» (1 Ки. 3:1).

«Шу а, зударий, …» бохучу дешнийн тидам белаш. Кипас оццу хенахь чекхдаьккхинера, нийса боцучу лидершна а муьтIахь хила дезарх лаьцна дерг дийцар. (Цунах лаьцна кхачам боллуш вай дийцира 13-чу коьртехь). ТIаккха цу сохьта изза хьехам бира зударшна а церан шайн майранашца хила езачу юкъаметтигах лаьцна. И аяташ цхьаьнатоьхча, вай иштта доьшур ду:

> Леш, шайн эланашна хила ма-деззара муьтIахь хила, шайца дика а, эсала а болчарна хилла а ца Iаш, шуьца буьрса болчарна а. Ларам бу стеган, нагахь санна бехк а боцуш таIзар ловш иза велахь, Дела вуйла а хууш… Шу а, зударий, шайн майранашна муьтIахь хила. Нагахь цхьаболу майранаш Делан Даше ладугIуш ца хилахь, шайн дахарх масал а луш, дист а ца хуьлуш, Делах тешарна тIебалабе уьш (1 Ки. 2:18, 19; 3:1).

ГIайгIане ду иза, амма бакъ ду: суна бевзинера цхьаболу «Делах тешар долу» майранаш, шаьш лидерш болчу агIор, тешар доцучарал а шайн зударшца кIоршаме болу. Дукхахьолахь тешар доцучу майранашна муьтIахь хила хало хуьлу. Суна юха а ала лаьа: нагахь майрачо Дала бохучунна дуьхьал дерг де бохуш делахь шен зудчуьнга, цо дан ца деза цу майрачо де бохург, амма эсала хилар тIедуьллу цунна.

Кипас ма-аллара, цуьнан эсала хиларо тоьшалла дийр ду майрачунна, цо бечу динан хьехамаша ден долчул а сов. Суна цхьа зуда евза, Делах тешар доцу майра волуш хилла йолу. Цо дуккха шерашкахь динах лаьцна хьехамаш бора цунна, цхьацца брошюраш юьтура цо болх бечу стола тIехь, Делан Йозанаш дуьллура иза дIавуьжучу а, цо садоIучу а меттигашка, журнальни стола тIехь цхьацца динах лаьцна дуьйцу журналаш

дуьтура. Цо шайга хьошалгIа майра, зуда кхойкуш, тешар тIехь чIагIбелла болу майранаш бен ца кхойкхура, цара шен майрачунна тоьшалла дийр ду бохург дагахь.

Цкъа Везачу Эло элира цуьнан даг чу: «*Кхин а мел йийр ю ахьа новкъарло хьайн майра кIелхьарваларна?*»

Цецъяьллачу цо, хьаьттира: «Ас новкъарло йо сан майра кIелхьарваларна?

Ткъа муха?»

ТIаккха Дала кхетийра иза, цо хьехамаш, манипуляциш ечу хенахь, Ша тIедуьллург кхочуш ца до цо бохучух. Дала Кипин Хьалхарчу кехат тIера аят дагадаийтира цунна иштта а олуш:

«*И брошюраш, журналаш, Библи цунна хьалха йиллар а дита, и нах шайга хьошалгIа кхайкхар а дита*».

Цо элира соьга: «Джон, аса цул тIаьхьа сайн цуьнга болу безам гойтура, массо а хIуманна тIехь цунна муьтIахь а хуьлуш, тIаккха цхьа ши бутт баьлча, Цо Iийса шен даг чу ийцира». Цхьана шина дийнахь цаьргахь Iар хилира сан, суна сайн бIаьргашна гира, мел дукхавеза цу стагана Веза Эла бохург.

Нагахь деккъа тешар долуш, Делан Дашо бохучух тешна хиларца, муьтIахь вай хилхьара, вайна тамашийна хIуманаш гур дара вайн доьзалшкахь, вайн кхетамал а сов болу деган машар а хир бара вайн. Олалла дар дезаш а, кхечарна тIехь контроль яр, манипуляциш яр дезаш а болчу лидерша а доцуш, и дешнаш Дала аьлла хиларан ларам сов баккхалур а бац. И дешнаш Цо аьлла вай декъалаллехь хилийтархьама а, вай лардархьама а, ткъа царах цхьадерш вайна кхул тIаьхьа болчу коьртехь гур ду. Баланийн юккъехь вай дохкучу хенахь, Дала лур ду аьллачух теша йиш ю вайн: «*ХIунда аьлча* шуна лерина йолу Сан ойланаш, Суна бен ца хаьа, – боху Везачу Эло. – И Сан ойланаш шуна аьттонна ю, шуна вонна яц, сатийсамах дуьзна хиндерг шуна дIадала лерина ю уьш» (Ярм. 29:11).

## Дуьненарчу Іедалан олалла

Болх барх а, дешарх а лаьцна а Керлачу Весет тІехь вайна цхьацца билггал болу хьехамаш белла. ПахІала яздора: «Лешна а хьеха шайн олахошна муьтІахь хила безарх а, цара олахошна массо а хІуманна тІехь там бан безарх а, уьш олахошна дуьхьал лен ца безарх а лаьцна. Къола а ца деш, тешаме уьш хила безарх а хьеха царна, цара лелош долчу дерригено а вайн КІелхьардохург волчу Делах лаьцна хьехамаш хазийтархьама» (Тит. 2:9,10).

Суна гуттара а хазахета, тешар доцучу хьаькамаша я компанийн куьйгалхоша, шайн белхалошкахула Іийса го шайна сайга аьлча, иза цара динах лаьцна хьехамаш барехула а доцуш, шайна тІе цхьа хала киртигаш хІиттича я шайн леларехь цара Іийсан йолу амал гойту дела а хуьлу. Оцу наха олу соьга: «Цара цкъа а къийсамаш ца бо, латкъамаш ца бо, тІаьхьашха хабарш ца дуьйцу», я «Цара кхечара чул дика болх бо», я «Уьш массарал цІена а, тешаме а белхалой бу». Шайн белхалошкахула хуьлчу оцу тоьшаллашкахула цара тидам тІе бахийтарца ладугІу, ас Іийсах лаьцна дуьйцучуьнга.

ХІетте а, цунна дуьхьал догІург а хааделла суна сайн дахарехь. Цкъа кеманна тІехь волуш, сайна уллохь хиъна волчу стагаца къамеле ваьллера со. И стаг цхьана йоккхачу гІалахь, мехаллина шолгІа меттиг дІалоцуш йолчу таксопаркан олахо хиллера. Оха къамел дора, и къамел со Іийсах тешар долчарна юкъахь динан гІуллакх деш ву бохучунна тІе кхаччалц йолчу ханна тамехь дІадоьдура. ТІаккха иза цІеххьана дІасецира, цул тІаьхьа, хІетталц санна паргІатонца ца далора цунна къамел. Ткъа тхойшиннан дика юкъаметтиг хІоттарна, суна атта дара цуьнга, цІеххьана цуьнан хийцаваларан бахьана хІун ду те хатта.

Цо жоп делира: «Дика ду, ас эр ду хьоьга. Сан компанехь болх беш цхьа зуда яра, иза оцу ахьа буьйцучу “тешар долчех яра”. Цо офисехь бакъахьа а, харцахьа а агІор динан хьехамаш бора, шен а, кхечеран а белха зама а лачкъош. Ша балхара

дӀайолуш, цо, шен долахь йоцу хӀума а схьаэцнера, цу тӀе Германехь вехачу шен кӀантаца телефонехула къамел дарна догӀу бархӀ эзар доллар ахчанан счет йитинера суна тӀехь».

Со чӀогӀа вуьйхира: цу зудчо шех и саннарг далийтар а, къола дар а бахьанехь, оцу офисера белхалошна хӀинца цкъа а луур дуйла а ца хаьа Делан Дош хаза, аьлла. Изза бахьанехь аьллера ПахӀала: «Хьеха царна дуьхьал ца лен, къола ца дан, амма дика тешаме хила безар». Вай ваьш дан дезарг деш, дика болх беш, вайн куьйгаллехь болчара я хьехамчаша хӀоттийначунна а, цара тӀедуьллучунна а вай муьтӀахь хилча, цу тайпана Веза Эла волчу Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан дийна долу тоьшаллаш хуьлу вайх.

Кхечу меттехь ПахӀала яздина:

> «Леш, адамаш долчу шайн элашна массо а хӀуманна тӀехь муьтӀахь хила. Царна шаьш гуш долчу хенахь там бина а ца Ӏаш, Везачу Элах кхоьруш а, догцӀена а лела. Шаьш мел дийриг а доггаха де, адамашна деш санна а доцуш, Везачу Элана деш санна (Ковл. 3:22-23).

Тидам белаш «массо хӀуманна тӀехь муьтӀахь хила» бохучу дешнийн. Ларамe дац, мел нийсо ца лелош ву шун куьйгалхо я хьехамча бохург шуна хетар а, шун цунна муьтӀахь хилар а, ма-дарра аьлча, шу Везачу Элана муьтӀахь хилар санна лору.

ПахӀал-векало кхидӀа а боху: «Дагахь латтаде, Шен халкъана лур ду аьлларг Везачу Эло совгӀатна лур ду шуна. Дала леррина Къобалвинарг баккъалла а аша Шена гӀуллакх деш верг ма ву» (Ковл. 3:24). Нагахь вай йийцинчу оцу зудчунна хиънехьара, билггал аьлча, ша Везачу Элана къола деш хилар, суна хетарехь, цо цкъа а дийр дацара иза. Цуьнан тоам боллуш хаарш а, Делах кхерар а ца хилла.

Кхин дӀа йолчу байтехь ПахӀала боху: «Харцо лелочунна, ша йинчу харцоне хьаьжжина, доггӀург хир ду, *Делан* озабезам бар ца хуьлу». Суна хазахета оццунах лаьцна долчух кхечу

гочдарехь дерг: «Кхоьлина волчу ялхочунна, ша мух-мухха а бинчу балхе хьаьжжина, доггIург кхочур ду. Iийсах тешаш болчарна юкъавогIуш хиларо вон бина болх тIе ца оьцу»[13].

Тешна, оцу зудчо жоп лур дац компанин олахочунна хьалха я дуьненарчу олахошна хьалха; амма цо Везачу Элана а, Цо йийр йолчу кхелана а хьалха жоп дала дезар ду. «Цундела тхуна, догIмашна чохь долуш я царна чуьра кхелхина долуш, Везачу Элана тамехь дерг хилийта лаьа. ХIунда аьлча вай дерриш а Дала леррина Къобалвинчун кхелана хьалха дIахIитта дезаш ду. Вайх хIораммо а ваьш кху дегIа чохь дехачу хенахь динчуьнга хьаьжжина, дика я вон и делахь, *доггIург* схьаоьцур ду» (2 Ко. 5:9, 10).

## ЮКЪАРА ЙОЛУ АГIОНАШ

Дуккха а болчара олу, шаьш ладугIур дац лидершка церан дахарехь дерг, цара бечу хьехамашца ца догIу дела. Амма и санна йолу ойланаш мичара схьа ю те, Далла муьтIахь хиларера я шаьш ечу ойланера? Делан Йозанаш тIехь дерг доьшур вай: «ТIаккха Iийса халкъаций, Шен мурдашций къамел дан волавелира. Цо элира: «Iеламчу нахана а, парушхошна а бакъо елла Мусан товрат-хьехамах нах кхето. Цу тайпана, цара дан деза боххург кхочушде, амма уьш санна ма лела, хIунда аьлча цара парзаш хIиттадо. Уьш кхочушдан чIогIа хала ду. И парзаш нахана тIе а дехкина, уьш цаьрга дIакхехьийта гIерта. Ткъа шаьш пIелг меттахбаьккхина а хIумма дан лууш бац» (Мат. 23:1-3).

Ур-атталла галбовлар долчу, шаьш бечу динан хьехамашка хьаьжжина лелаш боцучу лидершна а муьтIахь хилар тIедуьллу Iийсас. Царна деллачу олалле хьажар тIедуьллура Цо, церан дахаре а ца хьожуш. Уочман Нис яздина:

> «Ма Шена тIе кхераме дерг эцнера Везачу Эло, олаллех лаьцна дерг Ша кхуллучу хенахь! Ма баккхий эшамаш бохьу Далла, Цо дIахIоттийна олалла дар Иза харц веш гайтаро! ХIетте а,

13 Гочдар ингалс маттера (the Message) Ковл. 3:25. — Билгалд. гочдарх.

> юх-юха а йоккхачу майраллица Дала юх-юха а тешамца дlало Шен Олалла. Вайна дуккха а аттаха ду кхерам боцуш олаллехь болчарна муьтlахь хила, Везачу Элана иза дlахlотточул. Ткъа Дела Ша а ца кхераваларна олалла дар адаман кара дала, вайн а йиш яц ткъа кхерам боцуш, цунна муьтlахь хила? Дала кхерам боцуш лидераш дlахlотторе терра, кхерам боцуш царна муьтlахь хилий вай а. Нагахь цхьана хlуманна тlехь царах гlалат далахь, цуьнан бехк вайна тlе божор бац, амма иза лидерийн белшаш тlе бужур бу, хlунда аьлча Везачу Эло дlакхайкхадо: «Хlора адам пачхьалкхана урхалла дечарна муьтlахь хила деза» (Рим. 13:1).

Муьтlахь волчунна, муьтlахь хилар бен ца оьшу; Везачу Эло кхел йийр яц вайна вай гlалатлонца муьтlахь хиларна. И дерриг гlалаташ бахьанехь Цо лидершкара хоттур ду, Цуьнгара и олалла хилла волчу. Муьтlахь ца хилар – иза бунт хилар ду, цунах Дала вайгара хоттур ду, олаллин кlелахь долчу. (Синца доьзна олалла «Spiritual Authoritu by Watchman Nee»).

Иза яздина олаллехь болчаьргахьара нийсо йоцуш ницкъ хиллачу стага. Ткъоалгlачу бlе шерийн ткъе уьтталгlачу а, шовзткъалгlачу а шерашкахь кхечу пачхьалкхийн миссионерийн организацешца доьзна а доцуш, цо Китаехь цхьацца меттигашкахь динан тобанаш кхоьллинера, дуккха а долчу адамаша цуьнан гуламашкахула Веза Эла шайн дегнаш чу эцнера. Цо дечу гlуллакхо олаллехь берш дарбора, тlаккха 1952-чу шарахь иза чу воьллира, цо дина доцу зуламаш цунна тlе а дожош, бехке вира иза. Ша велла дlаваллалц йолу хан оцу набахтехь яьккхира цо, 1972-гlа шо кхаччалц. Амма цуьнан чlогlа Делах кхерар гуш болчу чубоьхкинчарна иза дикачу тоьшаллина дирзира, царах дуккха а болчийн Далла тlеберзар а хуьлуш, цо гайтинчу тоьшаллехула. Цо язъйина книгаш хlинццалц а йоьшу дуккха а долчу адамаша.

## Муха билгалдаккхало билггал долу олалла?

ХІара книга чекхъяллалц йолчу ханна ас шуьца дийкъира, муха билгалбохийла ду билггал хІиттийна бакъ болу лидераш, бохучух лаьцна дерг. ХІинца хІара корта чекхбоккхуш, дика хир ду вай дийцинчун жамІа дар. Адамашкахьара а, дуьненан йолчу агІор а долу олаллаш къастор хала хІума дац. ХІара аят доьшур вай: «Везачу Элан дуьхьа адамна тІехь урхалла дечу Іедална муьтІахь хилалаш: паччахьна, хІунда аьлча цуьнгахь лаккхара Іедал ду» (1 Ки. 2:13). Іедалера долчу даржехь верг – массарна а гуш, пачхьалкхан халкъана хьалха чІагІо йийриг я долуш долчу Іедало цхьана дарже дІахІоттийна волу стаг ву. Иштта хуьлу компанийн куьйгалхой я хьехархой, я директорш дешаран учрежденишкахь болу, ткъа вайна хаьа уьш Іедалан олаллехь буйла.

ЦІен тІехь долу олалла а атта билгалдаккхало. Зуда маре яхча, иза олаллин кІел йолу, майрачо иза ларъяр а, кхабар а догІуш. Доьзалехь бер гучудаьлча, иза ден-ненан олалле долу. Нагахь бер тІеэцна делахь а, цо а ша тІелаьцна долу да-нана лара деза, уьш шен долуш санна. Нагахь приютехь я цхьаммо беран дола дар шайна тІе лаьцнехь, оцу бераша шайна тІехІоттийна берш ларамца тІеэца беза.

Ткъа динан тобанехь болчарна тІе хІоттийна олалла дар билгалдаккха жимма чолхе ду. Делан Йозанаша дІахьедо динан тобанашкахь харцвекалш, харцхьехамчаш, харц- лидераш гучубевр бу бохург; ишттачу адамашна муьтІахь хила ца деза вай. ПахІала ма-аллара: «Ткъа сунтварах лаьцна дийца дийзира тхан. ХІунда аьлча цхьаболу харцвежарий къайлаха тхуна юкъабаьхкинера, Дала леррина къобалвинчу Іийсаца хиларна тхан йолчу паргІатоне а хьаьвсина, юха а тхох леш дархьама. Оха цара бохург ца дира, хазачу кхоан тІехь долу бакъдерг шуьца хилийтархьама» (Гал. 2:4-5). Харц лидераш шаьш-шайн шина тайпана гучубохийла ду. Цкъа-делахь, цара Делан Йозанашца богІуш боцу хьехам бохьу. Лакхахь аьллачуьнца доьзна, ПахІала

хьалхо яздина: «Ткъа оха шуна беанчу хазачу кхоана метта я оха а, я стигаларчу малико а кхин кхаъ бахьахь Делан неIалт хуьлийла царна» (Гал. 1:8). И бахьанехь ПахIала ца лорура иштта болу лидераш, царна муьтIахь а ца хуьлура иза.

ШолгIа-делахь, харцлидераша шаьш-шайн дIахIиттабо динан тобанехь. Дала дIахIоттор Дезачу Синехула хуьлу, тIаккха церан дахаран тидам беш хиллачу олалла долчу къаноша, чIагIбо уьш. Ширачу Весет тIехь и санна дерг гойту Нунин кIант ЮшаI дIахIотторан суьрто. Дала Мусага элира:

> «Шена чохь доьналлин са долуш волчу Нунин кIантана ЮшаIана хьайн куьйгаш тIедахка. Иза, динан дена ЭлиIазарна хьалха а, дерриге а халкъана хьалха а дIа а хIоттавой, царна хьалха урхаллин гIуллакх дарна къобалве. Хьайн олаллин дакъа ло цунна, Исраилан дерриге а халкъ цунна муьтIахь хилийтархьама» (Лел. 27:18-20).

Дала Нунин кIант ЮшаI хаьржира, амма Шен харжам болуш болчу лидершкахула, Мусагахула а, ЭлиIазарехула а, чIагIбо Цо. Оцу наха дуккхачу шерашкахь тидам бора ЮшаIан дахаран. Ишттачу тайпана хуьлу Керлачу Весет тIехь долу дIахIоттор а (Век. 13:1-4).

ПахIала чIагIдора: «ХIунда аьлча ша-шех дозалла деш верг къобал ца во, амма Везачу Эло дозалла деш верг къобалво» (Ковл. 10:18). Шаьш-шайн дIахиттинчу лидерашна муьтIахь хилар кхераме ду. Дала гуттара а чIагIдо динан тобанна хьалхахь стаг Ша дIахIоттор, оцу кандидаташа тешаме хилар гайтича шаьш дечу динан гIуллакх тIехь. Iийсас бехк биллира Тхьайтирера динан тобанерачу нахана, ша-шегара пайхамаралла деш йолчу Изабале хьехамаш а бойтуш, цуьнан харц долчу олаллина кIел уьш бахарна (Довз. 2:20-25). Шаьш-шайн дIахIиттинчу лидерех лаьцна ас динна цхьа книга язъйина, цуьнан цIе ю «*Иштта бохий Везачу Эло?*» Цо дика

гIо дийр ду оцу агIонах лаьцна дерг Iаморехь; цу тIехь дуьйцу динца доьзна долчу олаллехь харцдерг далийтарх а, иштта харц долу олалла гучудаларх а лаьцна.

Вайн билггал долу кIелхьардовлар делахь, Делан лаамехь дерг а лоьхуш, вай дукха атта билгалдоккху динан тобанера билггал бакъдолу олалла. Iийсас аьлла: «Цуьнан лаам кхочушбан лиучунна хиур ду кху хьехамах лаьцна, Делера ду те иза, я Ас Сайгара боху те» (Яхьъя 7:17). Кхузахь коьрта дешнаш ду: «Цуьнан лаам кхочушбан луучунна», бохурш. Вай Делан лаамехь дерг лехча, Цо Дезачу Синехула къастадаран похIма ло. Цунах лаьцна Яхьъяс яздора: Ткъа шу Дала Вазвинчо къобалдина ду, цундела шуна массарна а бакъдерг хаьа» (1 Я. 2:20). Уочман Нис яздина: «Нагахь санна вай билггал Далла муьтIахь хила Iамахь, вай хало а йоцуш къастор ду, хьанна тIехь ду Делан олалла бохург» (синан лакхалле олалла). Нагахь хьуна Дела вовзахь, хьуна олалла а девза, хIунда аьлча Иза а Цуьнан олалла а дIасакъасталур дац.

Дала совгIат до доггаха Иза лоьхучунна а, Цунна муьтIахь волчунна а. ТIебогIучу коьртехь вайна юха а гур ду олаллехь волчунна муьтIахь хилар дуккха а гIолехь дуйла.

КОРТА 17

# СИЙЛАХЬ ТЕШАР

*Вайн муьтIахьаллин барам лекха мел бу,*
*вайн тешар чIогIа ду.*

ХIокху, хIинца тIаьхьарчу, коьртехь вай вешан тидам «тIедеран» гIолехь долчарна, кхечу дешнашца, массо а Веза Воккхачун куьйга кIелахь болчарна юкъабогIучеран, исбаьхьачу совгIаташна а, декъалаллашна а, тIегулбийр бу. Деккъа цIена цхьана гIолехь долчарна лара мегар дара лам хиллал книгаш. Ткъа вай царех цхьадолчарах бен хьакхалур дац, вуьйш аша шаьш шайн сингаттамашкахула а, Дала леррина Къобалвинчуьнца хиларан зедаларехула а дIадоьллур ду.

## ВЕЗА ЭЛА, АЛСАМДАККХАХЬА ТХАН ТЕШАМ

Масех шо хьалха со Iуьйранна 5:30 сахьт даьлча сайн офисеваханера, айса иза хIинца дуккхазза а деш ма-хиллара, доIа дархьама. Амма кху муьрехь, хIинца а доIа дале хьалха, суна Дезачу Синан аз хезира: «*Инжилан Лакас дIаяздина дакъа дIа а деллий, вуьрхIитталгIачу коьртера, пхоьалгIачу байта тIера деша волало*». Синтем барца, ас и меттиг дIайиллира, тIаккха суна сайна и байташ дика евзаш хилар гира. Ас царех ур-

атталла сайн кхайкхорашкахь пайда а эцна, амма цу гІуллакхо сан синтем бар шел ца бира. Дахарера зедаларера суна хІинца, нагахь Дала сайга цхьа байт еша бохуш хилча, иза, аса цу чуьра, сайна хьалха билгалдаьлла доцу, цхьа керла хІума схьаоьцург хиларан маьІна дуйла, хаьара. Хьовсур вай цхьаьна Дезачу Йозанийн кху метте.

Векалша доьхура Везачу Эле: «Алсамбаккхахьа тхан тешам» (Лак. 17:5). Цу Іуьйранна Цо суна гайтинарг таллар кхи дІа дахьале хьалха, аса, адамаша Везачу Эле шайн тешам алсамбаккхар доьхуш хилла хиларан, бахьана гойтур ду шуна. Іийсас хІинццехь велларг денвина хила, тара-м ца ло те? Я, пхи эзар адам масех хьокхамца а, чІерашца а дуза-м ца дина те? Я ловзабаьлла хІорд цхьа дош бен ца олуш, тебина те? ХІан-хІа, хІан-хІа, хІан-хІа кхин цкъа а хІан-хІа! Іийсас цаьрга дуьххьалдІа аьлла: «Шаьш ларлолаш! Нагахь хьан вашас къа латадахь, бехк баккха цуьнгара, амма иза дохковалахь, гечде цунна. Нагахь хьан вашас дийнахь ворхІазза хьуна дуьхьал къа латадахь, амма ворхІазза а хьо волчу а веана: „Со дохковаьлла“, – алахь, гечде цунна» (байт 3, 4).

Ницкъаца гІарадевллачу Іаламаташа меттах ца баьхнера уьш тешам алсамбаккхарх лаьцна мохь бетта. Иза, царна дуьхьал харцо еш лелачарна, дуьххьалдІа долу гечдаран весет дара. И адамаш товратан хьехамашца лелаш а долуш, халахетарна иштттачу тергонца «бІаьрг бІаьрга тІера, церг церга тІера» халахетарна жоп дала марзделла дара. Ткъа Іийсас уьш хІинццалц хезна боцчу некъахула буьгуш бара. ТІаккха и некъ царна мелла а хьекъале боцуш хетара. Делан амалехь лела дезаран весето инзарбаьхнера уьш. Муха далур дара цаьрга иштта хала гІуллакх? ХІара ду-кх жоп: «Алсамбаккхахьа тхан тешам!» Царна хаьара, муьтІахьхилар а, тешар а чІогІа вовшашца дихкина дуйла, — иза, суна кхоччуш керлачу серлонгахь ган, хьалхалаьташ дерг дара.

Алсам болчу тешамах лаьцна церан дехар хезча, Іийсас царна кица дйцира: «Нагахь санна шун тешам жимачу буьрттигал а

белахьара, аш оцу комарийн дитте ала тарлора: „Орамашца схьа а далий, хIорда чу догIало!“ Цо аш бохург дийр дара» (байт 6). Суна суо ша духехь долчух кхеттийла хааделира. Аса хIинца кху байташца хьалха хьехам бинера, тIаккха суна Делан тешарх лаьцна Iийсан хьехам бевзаш бара. Нагахь вай ломе хьала а айалой, хIорда чу босса алахь, тIаккха вешан дагчохь шеко йолуш а ца хилахь, хир ду вайна аьлларг (хь. Мрк. 11:22-24). Башхалла яцара, масалехь ломан метта комарах пайда эцар доцург бен.

Кху дешнашкара иштта къаьсташ ду, тешар хIора стагана цкъа хьалха ялтин бурттигал луш ду. Кхузахь ялта дIадерах а, схьалахьорах а лаьцна Пачхьалкхан агIо юкъайиллина ю: «Делан Олаллех лаьцна иштта кхета мега. Цхьана стага лаьтта хIу тосу» (Мрк. 4:26). Вай кIелхьарадевлла долчу хенахь, вайх хIорраммо а билггал болу тешаран барам схьаэцна бара (хь. Рим. 12:3). И хIуьнан гарехь луш бу, ткъа вайна тIехь долу жоьпалла хIун ду, иза хьалакхиор ду. Иза муха хьалакхуьу? Жоп хIинца герга ду.

## ЯЛХОЧУН ДЕЛКЪЕ ЯРАН ХАННИЙ?

Ас кхин дIа йийшира, амма чIогIа тидаме, тIаьхьа йогIучу еа байто даима а со тупике хIоттаво дела. Со, Iийсас мурдашна, тешар муха алсамдаккха деза, ерзина формулаш луш хилла хиларх дагадан волавелира. Иза, уьш юкъарло йоцуш олаллехь болчарна муьтIахьхила догIучу, дахаран кепе берзо гIерташ вара. ЛадогIийша цуьнан бахьане:

> Масала, шун цхьаннан охуш я жа дажош ялхо ву. Иза арара балхара цIа веача, хьан эр ду аш цуьнга: „Схьавола, хIокху метте агIорвалий, хьайна хIума яа“? Мелхо а, аш цуьнга эр ду: „Суна яа хIума кечъе, юкъ а ехкий, сан гIуллакхе хьажа со йиина а, мелла валлалц, тIаккха – айхьа а яа а яа, мала а мала“. Шена тIедиллинарг ялхочо кхочушдича, цунна баркалла хьан эр ду аш? Ца моьтту суна (Лак. 17:7-9).

Ас даим а хаттар юьхьарлоцура, Iийса иштта сихха кхечу теманашна тIеволуш хIунда хилла те, бохуш. Юьхьанца Цо, орамашца дитташ схьадохучу, тешарх лаьцна бохура, ткъа тIаьхьа цIаьххьана ялхочун леларна тIе дехьаволура. Суна и гIуллакх цхьа маьIна а, логика а йохош хьалхахIуттура, амма цу Iуьйранна со дерригенах а кхийтира.

И байташ юха а, чIогIа меллаша а ешарца, хIун довзийтар дуьллу те Цо сан дагчу, бохуш, сатуьйсура аса. ЦIаьххьана суна хезира: «*Хьан латта лелош волчу ялхочун, тIаьхьара Iалашо муха ю? Хьан жаш дажош волчу ялхочун, тIаьхьара Iалашо муха ю? тIаьхьара жамI муха ду?*»

Цхьана минотана ас ойла йира. ТIаккха со кхийтира: кийча кхача стоьла тIе йиллар. Со, Iийса хIун ала лууш вара, кхийтира. Нагахь ялхочун къахьегаран чаккхенан жамI — стоьла тIера кхача белахь, ялхочо муьлхачу бакъонца делкъе йийр ю, цуьнан хьолан дас хIума яале хьалха? Цкъа хьалха шен болх чекхбаккха ца беза те цо? Дера хIета, беза! Чекхдаьккхина доцу гIуллакх, долийна данне а доцург санна, вон ду. Кха стенна оху, цу тIера долуш дер, дууш ца хилча? ХIета жаш стенна дажадо, нагахь цу тIера тIаргIа а, жижиг а я шура а хуьлуш ца хилча?

Со цунах кхетча, ас кхин дIа йийшира: «Иштта аша а, шаьш *дан деза гIуллакх кхочушдай*, ала: „Тхо хьакъ доцу ялхой бен дац – оха тхайна тIедиллина гIуллакх кхочушдина“» (Лак. 17:10, схьакъастийна авторо).

Цо хIара масал нийсса вайга хьажийра. Ас йоьшучу хенахь, «*дерриг а кхочуш дийр ду*» а, «*тIедиллинарг*» а, боху дешнаш, агIонаш тIера охьалилхинчуха дерг хилира. Iийсас цу ялхочун шен хьоладена долу муьтIахьхилар, вайн Далла долчу муьтIахьхиларца дуьстира. И дарца, Цо, тешар алсамдаккхаран хьокъехь йолу, кхо лараме пункт араяьккхира:

- Тешарна а, олаллехь болчарна муьтIахьхиларна а юккъехь нийса зIе ю.

- Вай ваьшна тӀедиллина хилла дерг, чаккхенга далийча бен, хьала ца кхуьу.
- Билггал бакъдолчунна муьтӀахьхиларан терго — уггаре лараме хӀума ду.

Дезачу Йозанашка а доьрзуш, хӀора пункт даре ер вай.

## ТЕШАРНА А, ОЛАЛЛЕХЬ БОЛЧАРНА МУЬТӀАХЬХИЛАРНА А ЮКЪАРА ЗӀЕ

Хьалхара пункт — тешарна а, муьтӀахьхиларна а юккъера нийса зӀе; цуьнан тӀечӀагӀдар вайна Инжил тӀерачу Ӏийсан тӀемалойн хьаькамца цхьаьнакхетаран исторехь, го. Ӏийса Къапарнаме чоьхьаваьллачу хенахь, Цунна тӀе римхойн тӀемалойн хьаькам веанера, цо Цуьнга, энаша дӀалаьцна волу а, ирча Ӏазап хьоьгуш волу а, цуьнан ялхо товар дийхира. Ӏийсас жоп делира: «ДӀа а веана, Аса товийр ву иза» (Мат. 8:7).

ТӀемалойн хьаькамо Иза юкъахваьккхира:

«Эла! Со хьакъ вац Хьо сан тхов кӀел ван. Ахьа омра дича, сан ялхо толур вара» (Мат. 8:8).

Ӏийса лууш а, тӀаккха хӀинца кийча а вара цу стеган цӀа ваха, амма тӀемалойн хьаькамна ша Ӏийса тӀеэца хьакъ долуш хилар ца хаалора, тӀаккха цо Цуьнга и ца дар дийхира. Цо дуьххьалдӀа Цуьнга Иза Ша волуш волччу меттера, омра дар дийхира, тӀаккха ялхо толур вара, аьлла. ТӀемалойн хьаькамо шен лелар иштта кхетийра: «Иза суна дика хаьа, хӀунда аьлча суна тӀехь лаьтташ а ву хьаькам. Сан сайн карахь а бу тӀемалой. Аса „Валол!“ аьлча, царах муьлхха а ваха веззачу дӀавоьду. Вукхуьнга „Схьавоьл кхуза!“ аьлча, иза схьавогӀу. Сайн ялхочуьнга „Иза де!“ олу, цо и гӀуллакх до» (Мат. 8:9).

Даре дер вай цуьнан лелар. Римхойн легионехь ялх эзар тӀемало вара. Легионна юкъахь, кхузткъа тӀемалойн хьаькам

вара, уьш легионан командирана куьйга кІел бара, церан хІораннан куьйга кІелахь бІе могІарера тІемало вара.

Римхойн офицеро Іийсага, салташа иза лоруш а, цунна муьтІахь хилар а тІаккха, шен рогІехь, иза шен командирана муьтІахь хиларх а, дІахаийтира. Цу кепара, цуьнан командиран агІора тІетовжийла яра, ткъа вукхуьнан Римерчу олаллалера тІетовжийла яра. ДуьххьалдІа аьлча, хІара дара цуьнан дагахь дерг: «Со олаллин кІелахь волу стаг ву; амма сан а ду олалла. Цундела дерриг а ас дан дезаш дерг хІун ду — иза дош алар бен дац, ткъа сан олаллин кІелахь болчара, цу сохьта сан омра кхочушдийр ду».

Цо элира: «Со олаллин кІелахь...» Иза, Іийса, Шен Пачхьалкхан олаллин кІел волу, Делан Лай хиларна къера хилира; цундела цу тІемалочунна, Іийсан синан лакхаллерчу дуьненан стигаларчу сферехь, кхуьнан шен тІемалойн дуьненахь олалла ма-хиллара, олалла дуйла хаьара. Иза, цунна деккъа буьйра дар бен кхин хІумма оьшуш цахиларх, кхийтира, тІаккха энаша лацар, цуьнан салтий «тийна дІахІитта», аьлла, буьйра дечу хенахь, хьалалелхаш ма-хиллара санна, муьтІахьхила дезар ду.

Іийсана и къамел хезча, Цо цецваларца Шена тІаьхьахІоьттинчаьрга элира:

> «Ас билггал боху шуьга, цу тайпана Делах тешар Суна исраилхошна юкъахь а ца карийна» (Мат. 8:10).

Ша лаьттахь даьккхинчу ткъе кхойтта шарахь Іийсана сийлахь тешар я Хих чекхдохучу Яхьъягахь а, я Шен ненехь Маремехь а доцуш, гира. Ца карийнера Цунна иза, тобалар а, Іаламаташ а схьаоьцуш болчу я исраилхойн кІентех цхьанненгахь а, я шийтта мурдашкахь а. Иза, Исраил-мохк схьабаьккхинчарех цхьаъ волчу, римхойн гражданинан, тІемалочун, долахь дара. Цуьнан тешар иштта сийлахь динарг хІун дара? *ГІуллакх стенца дара аьлча, цо кхетамца терго йора олаллехь болчарна муьтІахьхиларна*.

Иза, Іийсас сийлахьчу тешарх лаьцначу, Шен кицанехь

бохуш дерг дара. Вайна делла долу олаллин дакъа, вайн муьтӀахьхиларан нийса пропорци йолуш ду. Вайн муьтӀахьхиларан барам лакхара мел бу, вайн тешар чӀогӀа ду. ХӀинца иза, Ӏийсас, тешарехь хьалакхиа гӀертачу, Шен мурдашка аьллачуьнца дехкийша: «Нагахь санна шун тешам жимачу буьрттигал а белахьара, аш оцу комарийн дитте ала тарлора: „Орамашца схьа а далий, хӀорда чу догӀало!" Цо аш бохург дийр дара» (Лак. 17:6). Ӏийсас аьлла, дерриг а вайна оьшуш дерг хӀун ду, — иза дош алар ду, тӀаккха дитт вайна муьтӀахь хир ду! Хьанна муьтӀахь хуьлу и комар? «ТӀедиллинарг кхочушдина» Волчунна (Лак. 17:9).

## ЧЕКХВАЛЛАЛЦ МУЬТӀАХЬХИЛАР

Ӏийсас шех лаьцна бохуш йолу шолгӀа лараме пункт ю, тешар, вай ваьшна тӀедиллина дерг чекхдаларна тӀедалош хиларца хьалакхуьуш хилар ду. ХӀорш ду Цуьнан ма-дарра долу дешнаш: «Иштта аша а, *шаьш дан деза гӀуллакх кхочушдай*, ала». Кхачам боллуш, ткъа цуьнан дакъа а доцуш, хьолахочун лаам кхочушбаран жоьпалла долуш верг, ялхо ву. ЧӀогӀа сих-сиха вай цхьа хӀума дола а дай, иза чекх ца доккху, дуьххьалдӀа ваьш цуьнга муьлхха а хьашт дайина долу дела. Цкъаццкъа ваьш тӀебохуьйтуш болу ницкъ а, ловш болу баланаш а вайна тӀех беза хуьлий дӀахӀуьтту. Даггара а, тешаме а волчу ялхочо проект чаккхенга ялайо, ерриге халонашна а, хьелашна а дуьхьал. Цо кхаш а лелош, хьоладена шен къахьегаран стоьмаш а бохьий, стоьла тӀе охьабохку. Цуьнан леларо даггара муьтӀахьхилар гойту.

ИбрахӀим тешачеран да, аьлла, цӀе яьккхина ву (хь. Рим 4:11, 12). Цуьнан бераш дацара. ТӀаккха ИбрахӀиман хӀинца кхузткъе пхийтта шо кхаьчча, иза волчу Дела а веана, шегахула хӀара дуккха а халкъийн да хилла дӀахӀуттунволу, кӀант лур ву цунна, аьлла, ваӀда динера. Сатийсаран а, муьтӀахьхиларан а дуккха шераш дӀадевлира, тӀаккха ИбрахӀимна, бӀе шо долуш, лур ву аьлла волу, кӀант велира.

Дала цунна Исхьакхана чӀогӀа тӀера хила магийнера. Церан

безам чӀагӀбеллачу хенахь, Везачу Эло ИбрахӀим зийра, Исхьакх Мориа метте а вигна, иза сагӀина ло аьлла. Дезачу Йозанаша боху: «Ӏуьйранна хьалххе хьала а гӀаьттина» (Дол. 22:3). Билгалделаш, мел сиха муьтӀахьхилира иза. Цхьаболчара Далла муьтӀахьхила я ца хила сацам беш деношкахь а, кӀиранашкахь а, беттанашкахь а тӀаккха ур-атталла шерашкахь а ойла йо. Царна Делах кхерар ца тоьа, иза ду цаьрца сийлахь тешар ца хиларан бахьана. Вашна ваьшка Дела вистхилар ма хиъи, вай цу сохьта цуьнан терго ян еза. Цхьаъ бен доцу тӀетохар хуьлийла ду: нагахь цу гӀуллакхо шена тӀаьхьа дахарехь ладаме хийцамаш тӀеийзош белахь, вай, ваьшна тӀехула дӀахӀиттийна болчу, баьччанашкара тӀечӀагӀдар лехархьама, хьекъалалла долуш хила деза.

Мориа меттиге болчу некъо ИбрахӀиман кхо де дӀалецира. Цу хенан йохалла цуьнан дерригенан дика ойла яран аьтто бара. Нагахь иза юхаверза воллуш велхьара, цо иза билггал хӀетахь дина хир дара. Амма ИбрахӀим иштта ца лийлира. Иза шен кӀантаца цу ломан буьххье хьалавелира, тӀаккха, цаьршиммо цхьаьна дӀахӀоттийначу, сагӀдарх дӀавихкира Исхьакх. Везачу Элан малико иза сацийначу хенахь, цо хӀинца урс хьаладаьхьнера, кӀант верхьама: «Ма велахь кӀант, цунна зе ма делахь. ХӀинца го Суна, хьо Дела лоруш а, Цунна муьтӀахь а вуйла. Суна го, хьайн цхьаъ бен воцу кӀант Сан дуьхьа ахь ца кхоор» (Дол. 22:12).

ИбрахӀим чекхваллалц муьтӀахьхилира! Иза цхьана а минотана ойла керчаш вацара, ур-атталла шен дахарехь уггаре а ларамечу, Делера ваӀда хилла а, сатийсина а тӀаьхье волчу, Исхьакхах валарна хьалха а. КӀантах валарца иза дерриг а даханан маьӀнах вер вара. ИбрахӀима, цуьнан муьтӀахьхиларе гӀертар, сатийсинарг схьаэцарал дуккха а сов хиларан, тешалла дира. Вай цу тӀе вешан дагчохь дахка деза.

*Ва Веза Эла, тхан тӀаьхье а хьалаайахьа!* Цул тӀаьхьа Дала элира:

> Сайх дуй буу Ас, – боху Везачу Эло, – Сан дуьхьа хьайн цхьаъ бен воцу кӀант ца кхоош, ахь иза дина, цундела Ас хьо декъалвийр ву. Стигалахь долу седарчий санна, хӀордан берда тӀехь йолу гӀум санна, дукха тӀаьхье лур ю Ас хьуна. Цара шайн мостагӀийн гӀаланаш схьайохур ю. Хьан тӀаьхьенехула дуьнен чуьра дерриг а халкъаш декъала хир ду. И дерриг а хьо Суна муьтӀахь хиларна дийр ду Ас хьуна (Дол. 22:16-18).

Хьовсийша, иза чекхваллалц муьтӀахь хиларна, ИбрахӀимна а, цуьнан тӀаьхьенна а лур ду аьлларг хӀун дара! «Хьан хӀуьно шен мостагӀчийн гӀаланаш схьайохур ю». Шуна хӀун аьлла хета, хӀунда аьлла Ӏийсас: «Динан тоба жоьжахатин кевне кхочур яц»? Да волчу ИбрахӀиман муьтӀахьхиларо, Ӏийсага Динан тобанна оьшу дерриг а латтадайтархьама, неӀ дӀайиллира. Цуьнан тешаро я муьтӀахьхиларао, хӀинццалц тоьшалла до вайна.

ХӀинца, жуьгташка долчу Дахьийтаран авторо ИбрахӀиман муьтӀахьхиларх лаьцначуьнга, хьовсийша:

> Тхуна лаьара, шух хӀораммо иштта шайн тӀедирзина хилар шаьш чекхдовллалц гойтийла, шун сатийсамаш кхочушхилийтархьама. Мало еш а доцуш, шайн *тешарца а, собарца а лур ду аьлларг схьаоьцучарах шу тера хила* лаьара тхуна. ИбрахӀимна Ша ваӀда дечу хенахь, Дала Шех дуй буура, Шел лакхара цхьа а воцу дела. Цо элира: «Аса хьо декъал а вийр ву, хьуна дуккха а тӀаьхье а лур ю». Собарца хьоьжуш а Ӏийна, Дала шена лур ду аьлларг схьаийцира ИбрахӀима (Ӏеб. 6:11-15).

ИбрахӀим чекхваллалц муьтӀахь вара — цо дерриг а лоьналле лайна. Цуьнан гӀуллакхаш, вай хьалха богӀучу коьртех цхьаннан чохь даре бинчу, паччахь волчу Шаулан леларца дустийша. Цо тӀам тӀе а вахана, цунна тӀедиллина долчух дезткъе ткъаессана процент кхочушдина. Цо, цунна

моьттуш ма-хиллара, гIолехь долчух жимах долу дакъа бен, — ца дитина Везачу Элана. ЖамIехь цо цунна Дала тIедиллинарг чекх ца даьккхина. Арахьара иза чаккхенна гергахь ву аьлла, хеталора, делахь а цуьнан муьтIахь ца хилар дуккха а мах бала безаш хилира. Иза «Хьолахочун стоьла тIе» кхача бохьучу кхаччалц веара, амма цуьнан деган доIанаш, цо секийначуьнгахь карийра. Ша гIуллакх деш Волчун сий даран метта, иза шена делла долчу весетах пайда эца гIоьртира.

Шаул санна, вагарца а, энтузиазмаца а гIуллакхдар дIа а долош, ткъа тIаьхьа, бегIийла доцург а, халонаш а я жамIийн сатийсар дахделча, уьш муьтIахь цахиларе дегаш долу, мел адам ду! Я цара, баьччано белла болчу некъара дайн дIадерза кепаш леха а гIерташ, шайна пайда эцар лоьху. ТIаккха муьлххачу хиламехь а цара шаьш бехказадоху, динан бахьанаш я и санна дерг дага а дахкуьйтуш. И гIуллакх, Шаула Далла сагIина, Везачу Элан дешаца цо хIаллакдан дезаш долу, тоьлла уьстагIий лардарх тера ду. МуьтIахьхилар кхоччуш дацахь, тешар хьалакхуьур дац, иза лагIлур ду!

ИбрахIима сатийсинарг даггара долчу тешарехула схьаэцна, иза цуьнан чекхваллалц муьтIахьхиларехула гина.

Цуьнан тешар а, муьтIахьхилар а вовшахдаккхалуш дацара, иза къаьстташ Якъуба гайтина ма-хиллара (кху байташкахь *гIуллакххаш* бохучу дешан метта аса *муьтIахьхиларан гIуллакххаш* дешнаш дуьллур ду):

> Амма хаа лаьий хьуна, сонта стаг, *гIуллакххашца доцу тешар* эрна дуйла? Шен *гIуллакххашца* Далла хьалха бакъхилла вац вайн да ИбрахIим, шен кIант Исхьакх сагIа доккхучу меттиган тIулгашна тIе а виллина? Гой хьуна, цуьнан тешар *гIуллакххашца цхьаьнадогIуш* хилла, и гIуллакхаш бахьана долуш и тешар кхачаме хилла. Делан Йозанашкахь аьлларг кхочушхилла: «ИбрахIим тийшира Везачу Элах, цундела Цо иза Шена хьалха бакъвина лерира», цунах Делан доттагIа элира. Гой шуна, стаг Далла хьалха *бакъхуьлу шен гIуллакххашца*, тешарца хилла

а ца Іаш.. Цундела, шена чохь са доцу дегІ делла ма-хиллара, гІуллакхашца доцу тешар а делла ду (2:20-24, 26).

ТІаьхьарчу байтехь тешар а, муьтІахьхиларан гІуллакхаш а адаман дегІаца а, синца а дустуш ду. Цуьнан масалехь шуна го, тешар физически дегІаца, ткъа муьтІахьхиларан гІуллакхаш — адаман синца нисдеш дустуш ду. Вайн дуьненахь гайтар хилийтархьама, и ши хІума вовшийн тІедузуш хила деза.

Нагахь сино дегІ дІатасахь, дегІ лийр ду. Са дІадаханчу хенахь, дегІ дендойла дац, са юхадерззалц, иза ЛаІзаран хиламехь хилла ма хиллара. Цу кепара Якъуба, тешар муьтІахьхиларан гІуллакхех доьзна хилар, гайтина. Цундела аьлла цо: «*ГІуллакхашца доцуш* долу хьайн тешар гайта суна, ткъа аса *гІуллакхашца долу* сайн тешар гойтур ду хьуна» (Якъ. 2:18). Тешар билггал бакъ ца хуьлу, нагахь иза муьтІахьаллехь дацахь. Тила ма лолаш, Дезачу Йозанаша къаьстташ ма-бохиц, «*муьтІахьхиларан гІуллакхашца* тешар кхачамалле кхочу!»

Векалша мохь туьйхира: «Веза Эла, алсамдаккхахьа тхан тешар». ТІаккха Іийсас чекхваллалц муьтІахьхиларан гІуллакхех лаьцна дийцира! Сан хьоме ваша я хьоме йиша, хІинца кхетадой ахьа, кху книгин юьхьенгахь ас кху дахьийтаран лараме хиларх а, дІатеттийла ца хиларх а стенна бохура? Вайн заманахь, харцо дІасаяьржачу хенахь, вай дерриш а цу дешнех тасаделла хила деза.

Хила тарло, аша эр ду: «Суна тешар хезначух а, тешна хиларх а хуьлу моьттура». ХІаъ, иза бакъ ду, амма тешаран тоьшалла, даре дарца догІу лелар ду. Цу бахьанийна боху вайга, нагахь вайна дош а хезаш, амма муьтІахь хуьлуш дацахь, вай Іехадаларехь дехаш ду. ТІаккха вайн тешар ма-дарра дац, иза даьсса харц хІума бен дац.

## ТЕШАРЕХЬ ЙОЛУ СИЙЛАХЬ МАЙРАЛЛА

Изза билггал бакъдерг вайна, векало ПахІала деллачу, динан тобанийн гІуллакхдархойн яздарехь го: «Иштганаш а

цкъа хьалха зен беза. Цул тIаьхьа, ала хIума доцуш уьш цIена белахь, динан куьйгалхошна гIо дайта мегар ду цаьрга»[14] (1 Ти. 3:10). МозгIаран гIоьнча баьчча вац, цо кхечуьнан командаш кхочушдо. У. Е. Вайно, грекийн дош дьякон «шен коьртачу маьIнехь — иза *ялхо* ву», боху. Кхин дIа цо яздо, цу дешаца, цхьаннан олаллин кIел верг билгалвоккхуш ву, бохуш. ПахIала боху, мозгIарша нийса гIуллакхдар дIакхоьхьучу хенахь, церан муьтIахьхиларо царна хIара латтадо: «Далла гIуллакх дика деш болчарна лараме дарж[15] а хир ду, Дала леррина къобалвинчу Iийсах тешар шеконаш йоцуш а хир ду церан» (1 Ти. 3:13).

Вай хIинца хьоьвсинчу Iийсан киданца догIуш, ялхошна ши хIума ду лур ду аьлла: Цо цхьаъ охьатаIаво, ткъа важа лакхавоккху (Заб. 74:8); сийлахь тешар, кхоччуш муьтIахь вехаш волчунна ду. Тешар а, муьтIахьхиларан гIуллакхаш а Дезачу Йозанашкахь цхьаьна а, готтачу вовшашца зIехиларехь а хьовсуш ду. ХIорш ду Дезачу Йозанашкара масех масал:

Хьабул кхелхинехь а, шен тешар хиларна, къамел деш ву иза хIинца а (хь. Iеб. 11:4).

МуьтIахьхиларехь гайтина долу ХIанохан тешаро иза Делаца волавалийтира, ткъа тIаккха хьалаваьккхира, цу кепара Iожаллах кIелхьара а валийтира.

Нохьин тешар цуьнан муьтIахьхиларца тIечIагIдина дара, тIаккха цу кепара цуьнан доьзал кIелхьарбаьккхина вара, ткъа къилахь бехделла долу дисина дуьне хIаллакьхилира.

ИбрахIиман муьтIахьхиларехь гайтина долчу тешаро, цунах дуккха а долчу халкъийн да вира.

Юсупан муьтIахьхиларехь гайтина долчу тешаро, цуьнан доьзална кIелхьарбалар деара.

Нунин ЮшаIан а, Килабан а тешаро церан муьтIахьхиларехула царна тIаьхьалонна сатийсина латтанаш делира. Нунин

14 Гочдар ингалс маттера (New Living Translation, Bible). — Билгалд. гочдарх
15 Дика хьал кхечу гочдарехь (Грекийн маттера бакъдолчун керла гочдар). — Билгалд. гочдарх.

ЮшаI тешаме гIуллакх деш вара Мусана, цундела иза цуьнан когаметттаниг хилла дIахIоьттира. Цо керла тIаьхье, шура а, моз а долчу, сатийсинчу лаьтта чоьхьадаьккхина.

РаIаб, нахаца лела зуда, «дина гIуллакх бахьана долуш Далла хьалха бакъхилла, бахкийтина нах тIе а лаьцна, уьш кхечу новкъахула дIа а хьовсийна» (Якъ. 2:25). Цуьнан муьтIахьхиларо дерриг а цуьнан цIа кIелхьардаьккинера. Иза цуьнан даггара тешар хиларан тоьшалла дара.

Хьанатан муьтIахьхиларо а, иза емалйинчу динан дега эсала терго ярна а, иза берах хилийтира, ткъа цуьнан тIаьхьенах волчо шен халкъана самадалар деара.

Шен баьччанна дуьхьалвала цавахьарехь гайтинчу Даудан муьтIахьхиларо цунах Делан дог долу, ткъа Шаулан дог санна а доцу, сийлахь паччахь вира.

Даниалан а, Шадракан а, Мешакан а, Iабди-Наган а муьтIахьхиларо царна Делан а, паччахьан а агIор сийлахь дика хилар деара.

Кхин хIун эр дара ас? Хан тоьар яц суна ГадIанах а, Баракхах а, Шамшонах а, Яптахьах а, Даудах а, Шамъалах а, пайхамарех а лаьцна дийца. Тешар хиларна, пачхьалкхашна тIехь толамаш а бохуш, нийсо а лелайойтуш, Дала лур ду аьлла хIуманаш схьа а оьцуш, лоьмийн баганаш дIа а къовлуш, буьрса цIе а йойуш, ирачу туьрах кIелхьар а довлуш, гIелделча, дегIе ницкъ а богIуш, тIамехь онда а хуьлуш, мостагIийн эскарш а лохкуш, хилла уьш. Тешар хиларна, зударша шайн делла бераш, ден а луш, схьаоьцуш хилла. Цхьаберш, ницкъ а беш, бойуш хилла, амма цара паргIато схьаоьцуш ца хилла, тоьллачу дахарехь шайн дендалар хилийтархьама. Кхечара сийсаздар а, еттар а, буржалш а, набахти а лайна шайна тIехь. Царна тIулгаш а кхуьссура, уьш херхашца хеда а бора, таррашца байа а бойура. Чудаха цIа а доцуш, уьстагIийн а, газарийн а

> кхекхий а хьерчийна, лелла уьш, халонаш а, баланаш а, наха шайна беш болу ницкъ а ловш. Дерриг а дуьненал лакхара болу уьш яьссачу аренашкахула, лаьмнашкахула, хьехашкахула, Іаннашкахула бевлла лелара. Тешар хиларна, Делера баркалла хилла царна, амма лур ду аьлларг схьа ца эцна цара (Іеб. 11:32-39).

Іебархошка Дахьийтаран авторо тешар а, муьтІахьхиларан гІуллакххаш а цхьаьнатуьйхира. Уьш къастадойла долуш дац. Нагахь тешар Іаламаташ схьаэцарна бен делла дацахьара, цуьнан, баланаш а, лаьхкина лелор а ловш, гІум-аренашкахула а, лаьмнашкахула а бевлла лелаш берш цу юкъа бахийта стенна оьшура? И нах хьакъ долуш баьхкина чаккхенга, уьш чекхбовллалц муьтІахь болуш бисина. ТІаккха иза — бакъдолу тешар ду.

Нагахь шу сийлахь тешар хила лууш делахь, чекхдовллалц нийсачу я векалдинчу Делан олаллина муьтІахь хила. Шун тешар шун муьтІахь хиларна пропорциональни ду!

## МуьтІахьхиларан гаранти

Іийсас Шен мурдаш Іамийна йолу, тІаьхьара пункт, муьтІахьаллин терго шена чохь сецорах лаьтташ яра. Цо цаьрга аьллера: «Иштта аша а, дерриге а шайна тІедиллинарг кхочушдича, ала: *тхо цхьа а мах боцу леш ду, тхаьш дан дезаш дерг дина дела*». Вай ваьшца иштта теро ларъечу хенахь, вай автоматически Везачу Элера совгІат хиларна претенденташ хуьлий дІахІуьтту. Шаьш лекхара лоруш берш, эсала хир бу. Олахочо, шаьш шайн бІаьргаш чохь кІезиг беш берш, хьалабохур бу. Якъуба хІара хьехам бо: «Везачу Элана муьтІахь хила, Цо ойур ду шу» (4:10).

Дагчохь лахвина висар — муьтІахьаллина тІера совгІат схьаэца кийча хиларехь висаран маьІна ду. Шен муьтІахьаллехь ша лакхаваккхар, вожарна тІевуьгучу некъа тІехІоттар бохург

ду, ур-атталла хьо муьтIахь хиллехь а. Цу гIуллакхо дерриг а хьо схьалаьцна Iаш хилларг дохадойла ду. Шун, кху книгехула аьллачуьнгахула, хьехарна я Делан Дешана тIаьхьахIиттина гIойла ду, амма иза, шаьш муьтIахьхиларан бахьанина тIекхиъначу, дерригенах довларан дозаллина тIехула ду

Люцифер Делан даьтта хьаькхнарг дара. Иза кхачамаллин мухIарца болгалдаьккхина дара, хьекъалаллах а, хазаллах а дуьззина а долуш. Иза Дала дIахIоттийна а долуш, Цуьнан безачу лома тIехь дехаш а дара. Иза дерриге а некъашкахь кхачамалле дара, цуьнан дагчу куралла йоссалц. Цул тIаьхьа иза стигалшкара дIаэккхийна дара.

ПахIала, олалла дар луш болчана хьехам бора, царех цхьа а «Iийсах тешна дукха хан йоцучу божарех хила ца веза иза, цуьнан даг чу куралла а йоьссина, иблисана санна, иза кхел йина ца хилийтархьама» (1 Ти. 3:6). Везачу Эло тIекхайкхарна шен муьтIахьхиларан бахьана долуш, ПахIале тIедиллина долчух дуккха а дерг кхочушдаделла. Амма иза ехачу хенахь мел веха, эсалаллехь алсам хьалакхуьура. Вайн заманан 56-гIачу шарахь, шен кхоалгIачу доккхачу миссионерски гездарехь, ша Коринтехь кхоьллина йолчу динан тобане цо яздора. Шен лаьттарчу дахаран некъ чекхбала итт я цхьайтта шо дисина долуш, иза хIинца Iийсана гIуллакхдаран дуккха а долу хIуманаш гина волу ветеран вара. ЛадогIийша цуьнан дешнашка: «Ткъа векалех уггаре а кIезигниг волу со-м векал ву ала хьакъ долуш а вац, хIунда аьлча Делан долахь йолу, ерриге а Iийсах тешначийн тоба хIаллакьян тIаьхьаваьлла леллера со» (1 Ко. 15:9).

Хаалой те шуна цуьнан дешнашкахь эсалалла? Цо ур-атталла шех векал ала а ша хьакъ долуш ца лорура. КIел сиз хьакха лаьа суна, иза харц муьтIахьалла дацара. Харц муьтIахьалла долчу стагана, эсалалле хетархьама, муьлхачу политически коррективничу дешнех пайда эца беза, хаьа, амма оццу хенахь цуьнан муьтIахь доцу дог ду. Ишттачу муьтIахьалло харцо а,

Iехавалар а дохьу. Амма стага Дезачу Синан иракарахIотторца яздеш делахь, иза харц цалело! Иштта, ПахIала ша векалех уггаре кIезиг верг вара аьллачу хенахь, цо политически корректни маттах пайда ца эцара, амма даггара муьтIахьхилар гойтура.

ПахIала кхин дIа бохучун тидам бейша: «Амма Делан дика бахьанехь хIинца со волуш верг хилла сох. Ткъа суна лерина Цуьнан дика а эрна ца хилла. Аса цара массара а хьегначул сов къахьегна. (Бакъду, иза аса ца динера, соьца долчу Делан дикано динера.)» (1 Ко. 15:10). «Ас царех массарел дукха къахьегнера!» Совцал цкъа, хIун, ПахIал кхузахь дозалла деш вара? Иштта дешнаш мелла а куралле хеза, амма ма-дарра аьлча иза иштта дац. Цара ПахIалан кхин воьзна хилар дIадоьллу. Цо шен векалех уггаре кIезиг мах хIоттабора, дерриг а цо динарг Делан ниIматца дина хиларна къера а хуьлуш. Цо дика кхетадора, дерриг а иза синан лакхалле тIеккхиънарг, Дала цуна деллачу похIманех схьадолуш дара.

ЧIогIа чолхе ду ша шех «векалех уггаре кIезиг верг» ву боху, дешнаш тIеэца. Цуьнан заманахь санна, иштта Динан тобананерриге историн йохалла вайн замана тIеккхаччалц ПахIал сийлахь векал лоруш ву. Тидам белаш, ша валале цхьа пхи шо хьалха, вайн заманан 62-чу шарахь Эпасхошка Дахьийтарехь долчу, цуьнан дешнийн. Цо Коринтхошка Хьалхара дахьийтар яздинчул тIаьхьа йолчу муьрехь, цо дерриге а шен цул хьалха хилла долчу дахарехь чул алсам дерг кочушдина. ХIара ду цо шех лаьцна аьлларг: «Суна, Делан долахь болчарна юкъахь уггар а лахара волчунна, деллера Делан доккха совгIат: кхечу къаьмнийн нахана Дала леррина Къобалвинчун кIорггера довзийла доцучу хьолах лаьцна болу хаза кхаъ дIакхайкхор а, Дала и къайле кхочуш муха йо адамашна довзийтар а» (Эпа. 3:8).

Масех шо хьалха ПахIала шех ша векалех уггаре а кIезиг верг ву аьллера, ткъа хIинца цо ша берриге а эвлаяэл кIезиг верг ву бохуш яздо! Нагахь цхьаьннан шен керстанийн дахарца а, баьччаллица а кхоччуш йолчу бакъонца дозалла дойла

делхьара, иза ПахIал вара. Делахь а цо Везачу Элана гIуллакх деха мел до, иза кIезиг верг гуш ву шен бIаьргаш чохь. Цуьнан муьтIахьалла кхин дIа а хьалакхуьура. Делан ниIмат цуьнан дахарна тIехь цуьнан шерашца параллельно хьалакхуьуш хилар, бахьана хилла дIахIоттийла дарий и гIуллакх? Цундела-м дац те Дала Шен некъаш тешнахиларца ПахIална, ур-атталла Кипина чул (2 Ки. 3:15, 16) алсам дIадоьллуш хилар? Назмаалархочо аьлла: «КIезиг шаьш хетарш нийсонна тIе Цо берзабо, Шен некъа тIехь лела уьш Цо Iамабо» (Заб. 24:9). Лакхахь аьллачуьнца доьгIна, Мусана Делан некъаш оццул дика бовзаран а, Везачу Эло и бахьанехь шех лаьцна иштта аьлла волу стаг хиларан бахьана хуьлийла дарий те иза: «Ткъа кху лаьттахь мел долчу адамал Мусана ша кIезиг хетара» (Лел. 12:3)? Хила тарло, царна шинненна а, кIезиг болчарна бен дIайиллина йоцу, Делера сийлахь тешар хиларан къайле евзара.

Шен дахаран чаккхенгахь, вайн заманан 64-66-чу шерашкахь, ПахIала ши кехат яздира Тимапига, царна тIехь цо шех лаьцна хIара аьлла: «Дала леррина къобалвина Iийса кху дуьнен чу веана къинош летийнарш кIелхьарбахархьама». И дош бакъ а ду, цунах цхьа а тайпана шеко йоцуш теша а деза вай. Къинош летийначарна юкъахь со массарал а хьалхара ву» (1 Ти. 1:15). Цо шех «Къинош летийначарна юкъахь со массарал а хьалхара ву!», алла. Билгалделаш, цо ца аьлла: «Со хьалхарниг вара».

ХIан-хIа, сийлахь кхиамех дуьзна долчу шерел тIаьхьа, цуьнан даре дар иштта дацара: «ХIара дерриг а ас дина, тIаккха сан сийлахь динан гIуллакхдар хьакъ долуш мах хIоттийна хила деза». Иштганиг а ца аьлла цо: «Ас боккха болх бина, тIаккха векал хиларе терра, къаьсттина лерам баран хьакъ долуш а ву». Цо ур-атталла иштта а ца яздина: «со векалех уггаре а кIеиг верг ву», масех шо хьалха санна. Цо хIара а ца яздина: «Берриге а эвлаяэх уггаре а кIезиг верг». Цо аьлла: «Къинош летийначарна юкъахь со массарал а хьалхара ву».

Дала леррина Къобалвинчуьнца ша Делан бакъахьарниг хиларх кхеташ хиллехь а (2 Ко. 5:21), цо цкъа а Делан ниІмат а, къинхетамалла а гучуьра ца долуьйтура. Ма-дарра аьлча, иза дукха мел веха, Делан ниІматах воьзна вара.

Цуьнан тергоно даим а кхунах лаьцна тоьшалла дора: «Со цхьа а мах боцу лай ву, айса дан дезаш хилла дерриг дина дела».

ХІара, ПахІал вала дукха хан йоцуш яздинчу, кхечу дешнаша кхетадо: «Динан вежарий! Оцу Іалашоне со кхаьчна ваьлла аьлла ца хета суна. Делахь а цхьа хІума кхочушдо ас: сайна тІехьа дерг диц а деш, хьалха долчунна тІекхача гІерташ ву со. Иштта, сан Іалашо ю, къовсамехь санна, Ша леррина къобалвинчу Іийсагахула со стигала тІекхайкхинчу Дала суна лун долчу совгІатна хьалха тІекхача» (Пил. 3:13-14). Хаалой те шуна муьтІахьалла цуьнан дешнашкахь? «Со хІинца а чаккхенга ца кхаьчна, тІаккха со тІекхиънарг, аса тІаьхьа дуьту, яханчу хенахь». Цо, шен кхиамаш, кхоччуш Дала леррина къобалвина Іийса вовза гІертарца дуьстича, хІумма а доцург ду, аьлла. Дагахь латтаделаш, Дала Ша муьтІахь болчарна дІавоьллу! ПахІала аьлла: «Іалашонга гІерта со». Іалашонга гІертарца, иза дуьхьалонашкахула а, охьатеІорашкахула а чекхвийлина. Хьажийначунна тІевоьдуш яккхийчу дуьхьалонех цхьаъ, *куралла ю.*

Нагахь вай Іийсан дахар таллахь, вайна Цо хестор тІе а ца оьцуш, амма Дена тІе хьажош хилар карор ду. Ур-атталла Ша тобинчаьрга а Цо хиллачух лаьцна нахана юкъахь ца дийцар, амма дерриг а сий Далла дІадалар, тІедуьллура.

Цкъа къона хьалдерг «Дика Устаз», аьлла, вистхилира Іийсага кху дешнашца. ТІаккха Іийсас сихха жоп делира, цхьа а дика вац, Дела воцург, аьлла. Делан КІант вацара ткъа Иза? Дика вацара ткъа Иза? Дера, вара! Амма Цо адамера хестор тІе цаоьцура; Цунна Шен Ден сийдар хилар бен ца даьара. ХІетте а Цо хастам беш долу, цхьаъ бен доцург, иза муьтІахьалла дара. Цо аьлла: «Сан дукъ шайна тІеэца, Сох Іама, хІунда аьлча даг чохь Со чІогІа

*эсала а, кӀеда а* ву шуна. Цундела шуна Со волчохь деган синтем карор бу» (Мат. 11:29, схьакъастийна авторо).

Делан безамо даггара муьтӀахьхиларна кхача ло. Вай йоьшу, «Безамо дозалла а ца до, иза кура а ца хуьлу» (1 Ко. 13:4). Куралло шениг лоьху; безамо шениг ца доьху. Дозалла, цунна догӀуш доцчу, муьлххачу а ладугӀуш хиларх ца деша; безамо ша гӀуллакх деш Волчуьнан сийлалла лоьху. Вай муьтӀахь хуьлу, ваьшна деза дела; вайна кхиам хила лаьа, Иза хьалаайина хила лаьа дела. Вай Иза сийлаллехь ган хьогах ду. Хила тарло, цу бахьанина аьлла ПахӀала: «Нагахь санна Делера болу хаамаш баран *похӀма* сан делахь а, ерриге а къайленаш суна евзаш елахь а, мел болу кхетам сан белахь а, лаьмнаш а меттахдаххал тешар сан делахь а, амма сан безам бацахь, со хӀумма а вац» (1 Ко. 13:2).

## ХЬАЙН ХЬАЖИЙНА ХИЛАР КХОЧУШДЕ

Вай вешан Далла стом бохьуш а, толам боккхуш а хила тӀекхайкхина ду; тӀаккха вай Цуьнан некъашца лелачу хенахь бен, вайга баккъал а Цуьнан исбаьхьачу цӀарна сийлалла ца дало. Ас доӀа до, аша хӀара дахьийтар тӀеэцархьама. ХӀокхуьнан шун диканна санна, иштта Цуьнан сийлаллина а гӀуллакхдойла ду. Цуьнан Дашах тешнахилар вайн дилханан ойлаярна лартӀахь доцург хеталойла ду, амма аьлла дац ткъа Цо: «Мелхо а, Далла тамехь дара, оцу наха «сонта» бу бохучу, оха бечу хьехамашца Ӏийсах тешнарш кӀелхьарбахар» (1 Ко. 1:21) Вукху агӀор, вайна го: «ХӀунда аьлча Делан «сонталла» адамийн хьекъалаллал а тоьлуш ю. Ткъа Делан «эгӀазалла» адамийн нуьцкъалаллал а ницкъ болуш ю» (1 Ко. 1:25). Дагадаийта шайна, вай тӀекхайкхина ду «Мелхо а, Дала цу герзашна Шен ницкъ белла, цаьргахула тхоьга гӀепаш хӀаллакьяйтархьама. Мекара ойланаш а, Дела вовзарна дуьхьал лакхайоккху муьлхха а куралла а йохайо оха цаьрца. Муьлххачу а ойланашна цаьрца йийсар до оха, уьш Дала леррина Къобалвинчунна *муьтӀахь* ярхьама» (2 Ко. 10:4, 5, схьакъастийна авторо).

ЛадугІуш хиларна дуьхьало еш долчу ойлаярх, куралла олу. Иза Делан хьехамна духьало еш дІахІоьттина ю. Иштточу ойлаяро Делан Дашехь лаккхара олалла тІе ца оьцу. Дала цу деношкахь сийлахь тешарехь а, олаллехь а, майраллехь а лелаш долу адамаш хьалаойур ду. Уьш, шайх лаьцна, ПахІала иштта бохуш берш хир бу: «Дала леррина Къобалвинчунна шун муьтІахь хилар ма-бохху кхочушхилла даьлча, тхо кийча ду, цунна дуьхьал долчу муьлххачу хІуманна а таІзар дан» (2 Ко. 10:6).

Хенаш йоцца ю, цундела вай эвсаралла йолуш хила деза. Ткъа ладугІуш хиларо вайгахь и жигаралла ларйо. Со хІинцца кІелхьарвалар схьаэцна волчу хенахь, со тоъал жигаралле вара, амма суна ладугІуш хилар ца тоьара, цундела со эвсаралле вацара, айса наггахь дуьххьалдІа зулам дахьаш хиларх дерг-м хьехор а дацара. Амма со хьала мел кхуьу, со, ур-атталла нагахь сан ладугІуш хила гІертаро, нийса хьажийначу вуьгуш хилар даим дац, аьлла, хеталуш хиллехь а, жамІехь цо со хІетте а кхиаме хиларна тІевалавора.

Шун Делаца болу кхоллам, шуна хьалха бу. Аша ладогІа сацам бича, аша кхоллам кхочушбаран пайдехьа харжам бийр бу. Цхьана хІумане а, цхьаьнгга а совцалур дац шу. Дуккха а шерашкахь Даудан дахарехь а, иштта цуьнга терра Юсупан а, Мусан а, Нунин ЮшаІан а, Хьанатан а, Эсиратан а иштта кхин болчу тешаран патриархийн а дахаршкахь серло гуш яцара. Амма дагахь латтаделаш, шайн кхоллам кхочушбинчийн сийлаллин могІа бу, тІаккха иза, вай хІинцца багарбинчарах хотталуш бу. Кху тІаьхьарчу деношкахь, Дала, Цо иштта цу патриархийн спискан юкъа бохкун болу а, халкъашна тІехь кхел ярна вогІун волчу, Дала леррина Къобалвинчунчун гІантана хьалха хиъна Іан сий хила хьакъ дерш а, бохкур бу. Ас доІа до, вай, Сийлахь тІедиллинарг кхочушдийр долчарна, тІаккха и дарца вайн исбаьхьа Веза Эла сийлахь вийр волчарна, юкъахь нисдалийтархьама.

КОРТА 18

# ДЕРЗОРАН КОРТА

*Цуьнан куьйга кӀелахь хиларехь чам боккхучу стоьмо, вай нийсса Цуьнан тойне дуьгу. ТӀаккха вай цигахь Цуьнан шорто йоькъу.*

ХӀара книга, дуьненахь дуьххьарлерчу мар-зудчун, Веза Воккха Нуьцкъалчун куьйга кӀелхьара ара а даьлла, шайна дика а, вон а довзаран Делан арахьара хьоста кароран бохаме сацам тӀеэцарх лаьцначу, хабарна тӀера дӀайолийна. Цара Цуьнан олалла дӀатеттинера, амма вайн церан масалина тӀаьхьахӀиттинчийн охьадегарх а, гӀалатех а лаьцна кхин дӀа а урокаш схьаэцийла ду.

Хьовсур вай юханехьа йолчу агӀор а: Веза Воккхачу Нуьцкъалчун ӀиндагӀехь вуьсучуьнга, сатуьйсуш совгӀат ду.

> Хьуьнан дитташ юкъахь Ӏожан дитт санна, кхиъначу кӀенташна юкъахь ву сан везарг. Цу Ӏожан ӀиндагӀехь хиъна Ӏаш хазахета суна, цуьнан стоьмаш сов мерза ду ас дууш. Цо со той долчу цӀа чу йигира, суна тӀехула йолу цуьнан байракх – безам бу (Илли 2:3, 4).

Цуьнан Iиндагlехь, шен стом мерза болу, дахаран дитт ду лаьтташ. Адамо а, Хьавас а чам баьккхина стом, дилхалахь долчу адаман бIаьргаш чохь тамехь нисбеллера, амма жамlехь цо Iожалла еанера. ТIаккха иза, адаман ойланан диттах чам баьккхинчу, муьлххачу а стоьмана догIуш ду. Вай, Цуьнан тхов кIелахь чам боккхуш болчу стоьмо, нийсса Цуьнан брачни тойне дуьгу. ТIаккха вай цигахь Цуьнан шорто йоькъу.

Кхоччуш хила тарло, хIара книга йоьшуш, аша Iорадаккхаран лазам лайна хир бу. Амма лазам пайденна хуьлу. Цо шина хIуманна тIе гойту: цкъа-делахь, хьан сий хIинца а дийна ду, тIаккха иза Деза Са хаадала хьунар долуш а ду. ШолгIа-делахь, кIелхьардовларан некъ бу — иза дохкодовлар ду. Iорадаккхарна а, емалдарна а юкъахь хьесапе башхалла ю. Иза а, важа а лазамца догIуш делахь а, хьалхарчо арадовлар схьахьедо, шолгIачо арадовлар ца ло. Дохкодовлар а иштта дуьххьалдIа ду, хьекъале а, леларшка а хийцамаш бохьучу, деган хийцадалар санна. Ма-дарра аьлча, ахь боху: «Веза Эла, со сайн хьекъалца лелара, тIаккха сайн тIевирззина хилар эрна хиларх кхийтира, хIинца аса Хьан некъашна муьтIахьхилар хоржу». ХIара, шеца догIуш ахьа дика а, вон а довзаран диттах кхоллаелла дилхалахь йолу ойла дIа а тесна, муьтIахьхиларан новкъа вахаран харжам бу.

ДоIанехь а, ойланашкахь а хьайн дог дIа а деллий, Дезачу Синна хьайн дахарера муьтIахь цахиларан ерриге а меттигаш серлаяха магадехьа. Нагахь хьашт хилахь, кхин цкъа а хьайн хьолана леринчу кортошна тIе юхаверзахьа. Делан Дешо толлийла шун дахар. Цуьнан Дешан серлоно, Делан тIаьхьалонна санна, иштта векалдинчу олаллина йогIу, муьтIахь цахиларан ерриге агIонаш Iорайоху. Къаьсттинчу кехата тIе схьаязъе уьш. Цул тIаьхьа цхьаьна доIа а дина, гечдар а, меттахIиттор а тIеоьцур вай.

*Стигалара Да, Дала леррина къобалвинчу Iийсан цIеран дуьхьа доьху ас, гечдехьа сан ладугIуш цахиларна а, муьтIахь*

*цахиларна а. Со сайн дилхалахь йолчу ойланца вехаш вара, тӀаккха жамӀехь кху тӀехь бунт яр магийна аса*:

(Шайн списка тӀера, Цуьнан олаллин хьокъехь, цу чу нийсса дӀа долу а, векалдина долу а олаллаш юкъа а далош, хӀорра агӀо даре е.)

*Со цу ойланийн а, леларан а хӀорра а агӀонашна дохковолу. Суна геч а дой, сан Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан ЦӀийца цӀанвехьа со.*

*Аса Хьан олаллина муьтӀахьхила Ӏалашо хӀоттийна, тӀаккха со Ахьа сайн дахарна тӀехь хӀоттийначу доьзалан а, граждански а, динан тобанан а, муьлхха светски а олаллина муьтӀахь хир ву. Суна, дешнашца хилла а ца Ӏаш, амма гӀуллакхна тӀехь а Хьайна там бан, ниӀмат лохьа. Сан, эсалаллехь а, муьтӀахьхиларехь а воккхавер лардийр долу, дог хилийтар доху аса. Аса сайн дахар Веза Эла волчу Дала леррина къобалвинчу Ӏийсана лору, тӀаккха муьлхха а бунт дӀа а тосу. Ахьа со Хьайн цӀе мухха а сийлалле ярна тӀекхайкхинехь а, со лаа а лууш, Хьуна тӀаьхьахӀуттур ву. Амин.*

Нагахь иза эшахь, шаьш спискехь багарбинчаьрга юьхьша я кехат яздарца дист а хилий, цаьрга гечдар деха. ХӀинца цхьахьеннан а агӀор бехкедар кхиссаран я иза а, важа а хилам къийсаран хан а, меттиг а яц, амма шуна, иза мел хала делахь а, жоьпалла шайна тӀелаца аьтто белла. Цу гӀуллакхо шу, Делан куьг шун агӀор хин долчу, метте дӀахӀиттор ду.

Баркалла ду, аша, кху дуьненан некъех оццул чӀогӀа къаьсташ болу, некъ харжарна. Вешан ладугӀуш хиларца, вай, вешан исбаьхьачу Паччахьо ехкина Ӏалашонаш кхочушъяр сихдо. Шун муьтӀахьаллина долу совгӀат сийлахь хир ду.

Шу охьаэгарх лардан а, цІена а долуш, доккхачу хазахетарца Шен сийлаллина хьалха хIотто а ницкъ бу Делан. Цхьаъ бен воцучу а, вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Іийсагахула вай кІелхьардохучу а Далла сий а, паччахьалла а, ницкъ а, олалла а хуьлийла, азалера дуьйна а, хIинца а, абаденналц а. Амин.

– ЯхI. 24, 25

ТIаккха дагахь латтаделаш:
**ВЕЗА ВОККХАЧУН КУЬЙГА КІЕЛ** диса!

# ДАРЕ ДАРНА ХАТТАРШ

Нагахь шу хIара книга «Веза Воккхачун куьйга кIелахь» видеоурокашца цхьаьна йоьшуш делахь (ткъа иза исбаьхьа ойла ю!), аса шун жимачу тобанехь хIора кIиранна йолу видеоуроке хьовсар а, хIора уроканна долу хаттарш даре дар а дIахьедо. Видеоурокаша, книги тIехь хьалхахIоттийна йолу, коьрта теманаш юха а олу, тIе а юзу. Иштта, берриге а декъашхошна идеальни вариант видеоурокашка хьовсар санна, иштта книга ешар а хир ю.

Марзо эца!

## Урок 1

*1-ра а, 2-гIа а корта даре бар*

1. Шайна «Олалла» боху дош хезачу хенахь, муха терго йо аша? Цхьана дика долчуьнца дозуш дой те аша иза, масала, дарц долчу хенахь, тхов кIелахь лардарца? Я аша цхьана вон долчух, масала, шайн дахар дохийна волчу, хьаькамах лаьцна ойла йо те?
2. Шайн дахарх лаьцна дагадауьйтуш, «куьйга кIелахь» ца хиларна, хиллачу тIаьхьалонашна тIеIиттаделла хиламаш хиллий те шун?
3. Демократически категоришца ойла ярца, Пачхьалкхан агIонех кхета чолхе ду. Хьежний те шу демократин

фтльтрехула чекх олаллина йолчу Делан Iалашонга? Мухачу кепара Iаткъам бина цу гIуллакхо шун баьччанашца йолчу юкъаметтигашна?

4. ЦIахь йолчу тобанашца хиллачу хиламехь, Дала, сан динан тобанан Iуналхочун куьйгалхошна муьтIахь хила ца лааро, бунт хилар гайтира суна. Шу цецдаьхний кху диагнозо? Кху урокал хьалха, аша муха бакъйиийр яра сан агIо?

## Урок 2

*3-гIа а, 4-гIа а, 5-гIа а, 6-гIа а, 7-гIа а кортош даре бар*

1. Кху урокан юьхьенгахь аса ладогIархошка, царна *«къа»* боху дош хезачу хенахь, шайн хьекъале догIуш долу, дуьххьарлера дешнаш алар, дийхира. ХIара хаттар хезча, стенах лаьцна ойла йира аша? Мухачу кепара хийцаелира шун ойла?
2. Аша цкъа-мацца а кху агIонех цхьаъ – бахам, болх, юкъаметтигаш – Дала шайга де аьллачунна, муьтIахьхиларал лакхара хIоттийний? Аша цу агIонех цхьаъ Далла муьтIахьхиларал лакхара хIоттийча, хIун хилира?
3. Цхьанадекъа ладогIар муьтIахьхилар дац; иза бунт ю. Шу чекхдовллалц муьтIахьхиллачу хиламах лаций дийцийша. Ткъа тIаьхьа, шу цхьанадекъа бен муьтIахь цахиллачу хиламах лаций дийцийша. Стенца дара коьрта къаьсташ хилар, тIаккха цу хиламо шуна Iаткъам а муха бина?
4. Делан Йозанаша, муьтIахь цахилар, бозбунчалла дерриг ду, бохуш, хьоьху (Шам. 15:23). Бозбунчаллан чаккхенан Iалашо стенца ю? Цу билггал бакъдолчо, шу бунте муха хьоьжу, мухачу кепара хуьйцу?
5. Иблисан библехь весет номер цхьаъ: *«Хьайна луъург де», бохург* ду. Иза, Iийсас гайтинчу, масална бIостанехьа ю,

Цо хIара бохучу хенахь: «Аса Сайн лаам ца лоьху, амма Со Ваийтинчу Ден лаам кхочушбо» (Яхьъя 5:30). Аша шайн лаам Делан лаамал лакхабаьккхина дIахIоттийначу, шайн дахарера хиламех лаьцна дийцийша. И муха дирзира шуна? Шайн лаамал а сов Делан лаам лехархьама а, Цунна муьтIахь хила гIертархьама а, хIун далур ду шуьга?

## Урок 3

*8-гIа а, 9-гIа а, 10-гIа а кортош даре бар*

1. Римхошка 13:1-2 вайна го, хIоттийначу олаллина дуьхьалгIертар, Дала дIахIоттийначунна дуьхьало яр ду. Шу муха лелар дара, нагахь Iийсас шайга балхахь, цIахь я социальни гонаха цхьа хIума де, аьлла, дехча? Ткъа нагахь шун куьйгалхочо, тренеро, полицин офицеро я кхечу, олалла долчу стага, шайга изза дар дехча? Аша царна Iийсана делла ма-хиллара, жоп лур дарий?

2. Делан Йозанаша боху: «ХIора адам пачхьалкхана урхалла дечарна муьтIахь хила деза» (Рим. 13:1-2). Грекийн маттахь *«муьтIахь»* бохучу дешах тIеман санна, иштта граждански а лексикехь пайда оьцу. ТIеман доцчу маьIнехь, цу дешо олаллехь болчарна лаа а лууш муьтIахьхилар дIало. Мухачу кепара Делан Дашера кху весето векалдинчу олалле йолу, шун терго хуьйцу?

3. Суна 1992-чу шеран президентски харжаман жамIаш тIеэца чIогIа хала дара. Со депрессин хьолахь вара, тIаккха Веза Эла суна, олалле урхалчаш бахкар Цунна цIаьххьана долу хIума цахилар, дагадаийта дезаш вара. Хиллий те шун цкъа-мацца а, политико догдолуьйтуш хилла йолу, хан? Сан историно пачхьалкхан хаьржина болчу куьйгалхошка йолу шун тергонна Iаткъам мухачу кепара бина?

4. ЕшаI-ЯхIу 1:19 байтехь, нагахь вай лаа а лиъна, муьтIахьхилахь, лаьттан диканах дуур ду, боху вайга. Шун муьтIахь а долуш, амма лаам ца хуьлийла ду, я, лаам а болуш, амма муьтIахь ца хуьлийла ду. Шаьш лаа а ца лууш, муьтIахь хиллачу хиламах лаций дийцийша. Иза, шу лаа а лиъна, муьтIахьхиллачу, кхечу хиламца дустийша.
5. Делан Йозанаша биллам боцчу муьтIахьаллах лаьцна боху, амма биллам боцчу муьтIахьдарх лаьцна а доцуш. Вай вешан баьччанашна муьтIахьхила ца деза, нагахь цара вайга Делан Дашана дуьхьалдерг де бохуш делахь. Цхьамуьлхха а волчу баьччано Делан Дашана дуьхьалдерг де аьллий те шуьга? Шу муха лийлира? ЖамI муха дара?

## Урок 4

*11-гIа а, 12-гIа а кортош даре бар*

1. Делан Йозанаша граждански олалла деш болчарех Делан леш болуш санна боху. Делан леш болчийн муха терго ян еза? Шайн граждански олаллехь болчийн муха терго йо аша?
2. Йилбаз исбаьхьа бехкеврхо ду, амма Iийсас тешаме хиларца доьху вайна тIера. Граждански баьччанийн хьокъехь бехкедархой я дехархой ду те шу? Шу граждански олаллехь болчарех йолчу забаршна тIера дуьйлий? Шун дог, цхьаммо социальни сетишкахь граждански баьччанах вон дерг дуьйцучу хенахь, гIайгIане хуьлий?
3. Вай вешан социальни баьччанаш а, куьйгалхой а, хьехархой а, тренерш а, и берриш а олаллин агIонга хIиттийнарш лара беза, тIаккха, цара Дела хьалхахIоттош волчуха санна, царна муьтIахьхила а деза. СуртхIоттадейша шайна, Iийсана болх беш хилар муха хир дара. Шу шайн хеннахь балха догIур дарий? Аша, проекташ кхочушъеш, «маьIигаш хедор» ярий? Цу гIуллакхо шайн социальни лидершка йолу терго муьлхачу кепара хуьйцу шун?

4. Делан Йозанашкахь къаьстташ йолу доьзалан структура ю. Шуна хетарехь, доьзалехь Дала хIоттийна йолу олаллин структура тIеэца, хIун ду вайна ца магош дерг? Доьзалехь могуш юкъаметтигаш кхоллаялийтархьама, Делах тешна хиларо сацам баре роль ловзайой те, тIаккха мухачу кепара а хуьлу иза?

## Урок 5

*13-гIа а, 14-гIа а кортош даре бар*

1. Делан Йозанашкахь, динан тобанашкара баьччанаш Iийсас Ша дIахIиттош бу, боху (Эпа. 4:11-12). Шайн жоьпаллин агIонца дихкина доцчу гIуллакхашна юкъагIертий те шу? Шуна хетарехь, Iийсас Ша дIахIиттийначу Шен динан тобанерчу баьччанийн терго муха йо?
2. Хьаната шерашкахь берах лаьцна доIа дора. Шуна хетарехь, цо, шен лерам цахиларца терго йинчу, баьччанан сий динчу хенахь, Дала цуьнан доIанна жоп стенна делла?
3. Вай цхьа-муьлххачу а баьччанах лаьцна вон дерг бохучу хенахь, вай Делан хьекъалалла дуьту, тIаккха кхузара догIу, Цуьнан лардаран кIелара довлу. Мареман а, АхIаронан а, Мусан а историхь вайна и билггал бакъдерг го, Марема нийса доцуш Мусана, цо Эфиопера зуда ялорна, критика йинчу хенахь. Аша цкъа-мацца а, Делан хьекъалаллин а, лардаран а гурана дозанал арадевллачу хенахь, халонаш лайний? Муха дара жамI?
4. Шу цкъа-мацца а, шун баьччано, хьекъалалле боцуш хета, сацам тIеоьцучу хьолехь хиллий? Хила тарло, шун баьччанан тоъал хаам хилла хир бац. ЖамIехь хIун хилира? ХIинца теший шу, цу хьолехь шаьш кхечу тайпана лелалург хилла хиларх? ХIун ду шу Iеминарг?

5. Даудан паччахье Шауле йолу терго сий даре а, муьтIахьхиларе а яра, Шаул хьекъалх а ваьлла, иза вен гIерташ хиллехь а. Даудана кхачо а, машар а, ларвар а хилла Делера шен дахарна цу ерриге а чолхечу хенахь. Мухачу кепара сформулировать ялур ю шуьга шайн баьччанашка изза сий даран а, муьтIахьхиларан а терго?

## Урок 6

*15-гIа а, 16-гIа а, 17-гIа а, 18-гIа а кортош даре бар*

1. Вай цхьаалле хилла дIахIиттинчу хенахь, вайна кечдина гIарадалар ду. Iийсас, лаьттахь волчу хенахь, Делан сийлалла гайтира. Стенах лаьцна ойла йо аша, *«сийлалла»* дош хезачу хенахь? Делан гергахь хиларан боккха барам хуьлуш хиларх теший шу?
2. ШавуIот де тIедеача, 120 мурд сов цIа чох цхьааллехь цхьаьна вара. Уьш ойланашкахь а, дагца а, синца а цхьаалле бара. И цхьаалла тахана вайн динан тобанашкахь муха гуш хир дара?
3. США-н арми пхеа кепан эскарех лаьтташ ю. Иза цхьаалле тIеман ницкъ бу, амма церан лелар вовшех чIогIа къасталуш ду. Цу тайпана, динан тобанехь а тайп-тайпана лелар ду. Вай, Дала ваьш дIахIиттийначохь, кхин дIа къахьега деза. Цу гIуллакхо шу хIинца лелаш долчу динан тобанна, шун хьажар мухачу кепара хуьйцу? Шаьш дакъа долчу, динан тобанан гарца лелархьама, кхечу тайпана хIун далур ду шуьга?
4. СуртхIоттадейша, Делан халкъо Цуьнан цхьааллин дагалацам тIеэцча, хIун Iаткъам балур бу вайга гIаланашна а, кIошташна а, халкъашна а. Шайн доттагIийн гонаха а, динан тобанехь я шаьш дехаш долчохь, алсам цхьаалла мухачу кепара кхоллалур ю?

# СИЙННА ДОГIУ ХЬАКЪ

## *Кху дицдинчу диканан ницкъ дIабелла*




Цхьана а Iийсана тIаьхьахIиттинчарах волчунна Делана доза тоха ца лаьа, амма вайх дуккха болчара кхетамаза вешан дахарехь Цуьнан деш-лелаш хиларна доза туху, чIогIа лараме синан лакхалле агIо тергал а ца еш: Сий.

Сий – иза, вайн культурехь, дукха хьолахь, байина кхетам бу; делахь а, шуна кху книгин агIонашна тIехь гург ма-хиллара, иза вайн дахаран массо а сферашкахь Делан пачхьалкх паргIатъяккхаран бух бу.

«Сийнна догIу хьакъ» книги тIехь бестселлерийн авторо Джона Бивера дуьйцу, ларам барна тIекхайкхар тIеэцарца, шу Делан мехала долчун системица догIуш хила дуьйлало, тIаккха Цо шайна билгалдаьккхина долу дерриг а схьаоьцу.

КIорггера библин агIонаш, практикехь гойтучу битамечу историшца цхьаьнатухуш, кху книгано цу дицделлачу дикане керла хьажар лур ду, тIаккха, цул дуккха лараме долу, иза шун дахаран хIора сфере дан гIертар лур ду.

ТIекхочийла ду: MessengerX.com-хь

# ДАЛЛА ГЕРГА ДАХКАР

***Далла гергахь долу дахар***




Делан Дешо юха а юха а, Далла вайца юххера юкъаметтигаш хила лууш хилар, дӀахьедо. Вай Цунна герга догӀучу хенахь, вайна, Цуьнан Деза Са кхузахь хилар уггаре а ницкъ болуш а, дог деттадолуьйтуш а, вай цкъа мацца а лайна хилла долу, хийцалуш зедалар хилар, карадо. Хала ду цхьа хӀума лаар, цуьнан доцуш хилар шуна ур-атталла хууш а дацахь. Халахетахь а, вайх дуккха болчара гуттара а санна долчу хьекъалан динах тоам бо, Далла гергахь хиларан доккхаден сингаттам юххехула а болуьйтуш. Вай Делан возалла тергал а ца деш, вешан дахаран цӀандар а доцуш, Иза тӀеэцархьама, Иза Синца дузург хиларх, сатуьйсу. Делахь а, вай Делаца юххера уьйр хиларна кхоьллина ду. Иза дуьненан Кхоллархочун тамашена тӀекхайкхар ду – дуьххьалдӀа дешнашкахула а, ламасташкахула а геннара Ӏамалъярхьама а доцуш, ткъа, оццул маьӀна долуш а, юххера а тӀекере хилархьама, шуна Цуьнан дог а девзар ду, ткъа Цунна – шуьниг девзар ду.

ТӀекхочийла ду: MessengerX.com-хь

# MessengerX

*Дешаре некъ хIоранна а, массанхьа а*

- **125 меттанашкахь сов маьхза**
- Юххедиллар а, онлайн а санна тIекхочийла ду
- Шун синан лакхалле хьалакхиарна хьажийна хIуманаш
- Шайн историга а, дешаран некъе а хьовса









Messenger дешарна гIирсийн кхоччуш библиотека схьаэца – электронни книгаш а, видео а, аудио хьехамаш а, аудиокнигаш а, Делан Йозанаш а… Хьовса а хьовса, еша а еша, ла а догIа берриге а шайн гIирсаш тIехь.

**MessengerX.com**

Чуяккха кхузахь App Store

Схьаэца кхузахь Google Play

Дерриге а дуьненахь App Store-ехь а, Google Play-ехь а тIекхочийла ду

**Аша мацца а къийсам латтийний хьакамна я баьччанна, шаьш цунна реза доцчу хенахь, жоп муха дала деза, бохуш? Аша мацца а хьаттиний шайга, аша цаьрга ладогӀа деза а дезий те, аьлла?**

Кху юха болх бинчу а, карладаькхинчу а арахецарехь Джона Бивера керлачу тӀахьенна, Дала, олалла делла долчу адамашкахула луш долчу, лардаларан дозанех лаьцна хьоьху. Джона, мостагӀчо вай муха Ӏехадо дуьйцу, вайн билггал бакъдолу хьажийна хилар Дала хӀиттийна болчу баьччанашна генахь карадойла хиларх теша а тешуьйтуш. И дарца цо вайн, Делан долу а, Цо векалдеш долу а олалла къасто хьуьнар харцхьадоккху. Вай хила деззачу кепара баьччаллин терго муха ян еза хьехарца, Джона, олаллин кӀел долчу дахаро вайна тоам латтор а, лардар а, хиндолчунна сатийсар а стенна хьалхахӀоттадо, гойту.

«Веза Воккхачун куьйга кӀелахь» книги тӀехь шуна хуур ду:

- шу кхоччуш бакъ а долуш, амма хӀетте а бакъ доцуш долчу, хьолах муха кӀелхьардовла деза
- Делан Йозанийн агӀор харцонан терго тидаме муха эца еза а, цунна тӀехь толам муха баккха беза а

«Веза Воккхачун куьйга кӀелахь» цӀе йолу книга – иза, дахар хуьйцуш йолу, практически книга ю. ТӀетоьхначу керлачу коьртаца, дийцаре диллинчу хаттаршца, билгалъяьхначу теманашца а цхьаьна, цо гойту мел лараме ду Делан олаллина муьтӀахь хилар бохург а, вайн дахарехь хуьлучу баьччанашца вайн хила еза юкъаметтиг а.



ДЖОН БИВЕР – дуьненаюкъара кхайкхамхо а, бестселлерийн автор а ву, Делан Даше шен компромисс йоцчу тергонца гӀараваьлла а ву. Джон а, цуьнан зуда, Лиза а «Мессенджер Интернэшнл» динан гӀуллакхдаран кхоллархой бу, цуьнан Ӏалашо – вайн дуьне хуьйцуш болу, компромисс йоцу, Дала леррина Къобалвинчунна тӀаьхьахӀиттинарш ирахӀиттор ю. Джон Колорадохь, цӀахь волчу хенахь, шен веа кӀантаца стоьла тӀехь ловзучу карточни ловзарех ловзуш я Лиза шайца гольфах ловза тешо гӀерташ хуьлу.

Мах боцуш чу яккха а, видео хьовса а, **MessengerX.com** кхача

MessengerX

Messenger INTERNATIONAL

ХӀара книга – авторера совгӀат ду тӀаккха ЙОХКА МАГОШ ДАЦ

Алсам хаа лаьий шуна? Кхузахь копи яккха: